# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ**
**общественно-политическэ**
**журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**январь 1 февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ, ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2015

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**Къэжэр Хьэмид.** ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ........ 3
**МафIэдз Сэрэбий.** ЩIакIуэ фIыщIэ. *Повестым щыщщ*........ 12

*УсакIуэ Къагъырмэс Борис илъэс 80 ирокъу*

**Шэвлокъуэ Петр.** Гъуэгуанэ махуэ........ 41
Къагъырмэс Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 47
**Къагъырмэс Борис.** *Усэхэр*........ 50

*ТхакIуэ Жылэтеж Сэлэдин илъэс 75-рэ ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** ГуащIафIэ. *Интервью*........ 61
**Жылэтеж Сэлэдин.** Сэ сылIат... *Рассказ*........ 64
**Жылэтеж Сэлэдин.** *Усэхэр*........ 73

**Прозэ**

**Шинкубэ Бэгърат.** ЖылакIэ. *Роман*........ 79

**Литературэм и илъэс**

**Уэрэзей Афлик.** ГурыщIэм и пшыналъэ........ 113
**Фет Афанасий.** *Усэхэр*........ 115

**Литературэ щIэныгъэ. Критикэ**

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Зи псалъэр щIэщыгъуэ........ 119

**Тхыдэ**

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь........ 123

**Хэхэсхэм я дуней**

**ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.** Хамэ къэрал щыщ шэрджэс цIэрыIуэхэр........ 133

**Анэдэлъхубзэ**

**БакIуу Хъанджэрий.** Лъэпкъым и малъхъэдис........ 145

**IуэрыIуатэ**

Нарт Уэзырмэс и хъыбархэм щыщщ........ 157

**ТхылъыщIэхэр**

**Тембот Санитэ.** Тыгъэ гуапэ........ 161

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз........ 166

*ТхакӀуэ, щӀэныгъэлӀ МафӀэдз Сэрэбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*



# ФӀыщӀэ жыг зыхуэфащэ



МафӀэдз Сэрэбий щӀэныгъэлӀ фӀэрафӀэт икӀи тхакӀуэшхуэт.

МафӀэдзым къыщӀэнащ этнографием пщӀэ лъагэ щызыгъуэта къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщӀафӀэхэр. «Очерки трудового воспитания адыгов», «Межпоколенная трансмиссия традиционной культуры адыгов», «Адыгэ хабзэ» тхылъхэр, нэгъуэщӀхэри.

Апхуэдэу МафӀэдзым и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀащ лъэпкъ тхылъеджэм куэд щӀауэ фӀыуэ илъэгъуа повестхэр («ЩӀакӀуэ фӀыцӀэ», «Щхьэц нэпцӀ», «КъафӀэхъу», «Шыдыгъу», «Нэчыхь», «ЛӀыгъэ», «Мыхъур», н.), романхэр («Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ»).

МафӀэдз Сэрэбий Хьэжмэстафэ и къуэр Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1935 гъэм январым и 23-м къыщалъхуащ.

1949 гъэм къуажэ еджапӀэм классиблыр къыщеухри Сэрэбий щӀотӀысхьэ Налшык дэт педучилищэм. Абы иужькӀэ я къуажэм пэщӀэдзэ классхэм щрегъаджэ. АрщхьэкӀэ щӀэныгъэм зи нэ къыхуикӀ щӀалэм, зы илъэс нэхъ дэмыкӀыу, Налшык егъэзэжри, и еджэным пединститутым щыпещэ.

Пединститутым (1957 гъэм къыщыщӀэдзауэ университетщ) щыщӀэса илъэсхэм Сэрэбий дехьэх адыгэхэм я блэкӀар, я хабзэр, я щыӀэкӀэ-псэукӀэр джыным. А зэманым а Ӏуэхугъуэхэм ехьэлӀауэ къэхутауэ, тхыжауэ щыӀэр мащӀэ дыдэт. ИкӀи Сэрэбий зэхуихьэсыжу, итхыжу щӀедзэ ди адэжьхэм къащӀэна фӀыгъуэ-налкъутхэр. Псом хуэмыдэу а Ӏуэхум нэхъ хэкъузауэ йолэжь 1969 гъэм къыщыщӀэдзауэ –

Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым ува нэужь.

Миклухо-Маклай и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтым МафIэдзым и кандидат диссертацэр 1974 гъэм щыпхегъэкI. А лэжьыгъэр зытеухуар адыгэхэм сабийр гъащIэм, псэукIэм зэрыхуагъасэзэрыхуаущий щIыкIэрт.

ИужькIи а темэр нэхъ бгъуфIэу икIи нэхъ кууүэ едж МафIэдзым, и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжани дунейм къытохьэ. 1989 гъэм, къыкIэлъыкIуэ диссертацэр пхегъэкIри, Сэрэбий къыфIащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор цIэр.

МафIэдз Сэрэбий емызэшыжу адыгэ лъэпкъым хуэлэжьащ. ЩIэныгъэм, культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ абы тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Къэрал саугъэтыр.

* * *

Адыгэхэм пасэ зэман лъандэрэ зэрагъэпэща хабзэр, дуней лъагъукIэр, лIэщIыгъуэкIэрэ къадэгъуэгурыкIуа Iуэху зехьэкIэр, – а псори къыщызэщIэкъуэжа кодексыр, Адыгэ хабзэкIэ зэджэжыр – ар икъукIэ темэ абрагъуэт. ЩIэи гъуни зимыIэж жыхуаIэм хуэдэт. Сыт хуэдэ къэхъукъащIэми екIурабгъурэ бгъэдыхьэкIэрэ къызэрыхуагъуэтыным хущIэкъурт ди япэ итахэр. ГъащIэм къыщыхъуртэкъым абыхэм акъылкIэ къамыпщытэ, хьилмыкIэ зэпамышэч: сабийр къыщалъхуа дыдэм къыщыщIэдзауэ (къалъхуагъащIэр быдз езыгъэфэну цIыхубзым и быдзыщхьэр инрэ цIыкIурэ зэхагъэкIырт икIи абы мыхьэнэ иIэт) ар зыхуамыгъасэ-зыхуамыущий щыIэтэкъым, мамыр гъащIэ е зауэ хуэIухуэщIэ ирехъуи... А псори зыми гу лъимытэу къэнауэ пхужыIэнкъым. АрщхьэкIэ гупсэхуу зэпэплъыхьауэ, я системэр къахутауэ зы Iуэхугъуи щыIэтэкъым. МафIэдз Сэрэбий а къалэн мытыншыр езым и пщэ делъхьэж. Ар зэщIа хъуным къэмылэнджэжуи яужь итщ.



«Анэдэлъхубзэри лъэпкъ хабзэри сабийм хуэдэщ, – жеIэ МафIэдзым. – ЗэлIэлIэн хуейщ. Сабийм ещхьым и закъуэкъым. Ар сабийм, щIэблэм къыдохъур, абы и гъусэщ, щыжейм дэжейуэ, щыджэгум дэджэгуу. Апхуэдэурэ гущапIэм къитэджыкIыу, балигъ гъащIэм къыхыхьа, а балигъхэм я псэукIэр, зэхэтыкIэр зыхэзыщIа, зыхэзылъхьа бзэмрэ хабзэмрэщ лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр, хьэл-щэн дахэ, нэмыс, узыщыгугъ хъун культурэ нэсу къыщIидзыр. Абы зиужьу, зиузэщIу, зиуткIэпщIурэ нэхъри йофIакIуэ, нэхъ къулей, нэхъ екIу, нэхъ ещхь мэхъу. Арыншамэ, сыт хуэдэ ежьужьри къыхэпшахъуэмэ, ар дэри къытфIэмыIуэхумэ, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ я цIэр къытхуэнэу, я щхьэр тфIэкIуэдыныр бетэмалщ».

Пэж дыдэу, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI фIыгъуэналкъутхэр кIуэрэ пэт зыкIэрыдгъэхуу дгъэкIуэд зэрымыхъунур, апхуэдэ къытлъыкъуэкI нэужь, лъэпкъыу дыкъызэрымынэжынур хьэкъыу зыпхыкIа цIыхут «Адыгэ хабзэр» зи IэдакъэщIэкIыр.

Адыгэ хабзэ жыпIэмэ, абы Iуэхугъуэ куэдыщэ къызэщIеубыдэ. МафIэдзым и тхылъыр нэхъ зытриухуар абыхэм ящыщу нэхъ щхьэпэу къилъытэхэрщ.

Сабийм цIыху нэс къищIыкIыныр, и адэ-анэм, къэзылъхуа лъэпкъым яхуэфащэу къэтэджыныр куэдкIэ елъытащ ар зэрагъасэ

щIыкIэм, абы хуагъэлъагъуэ щапхъэхэм. Еджагъэшхуэхэм, тхакIуэхэм, цIыху пэрытхэм я мызакъуэу, гупсысэ зиIэ дэтхэнэ зыри нобэ ирогузавэ глобализацэм къыздихьынкIэ хъуну насыпыншагъэм. Тхылъ къеджэ зи хабзэхэр щыгъуазэщ тхакIуэ гъуэзэджэ Айтматов Чингиз «манкуртизм» зыфIища тхьэмыщкIагъэм. А проблемэми езым и еплъыкIэ Iущ къыхуегъуэтыж МафIэдзым. Абы и IуэхукIи къэхутакIуэм тегъэщIапIэ хуэхъур адыгэ хабзэрщ: «дзадзум нэхъыфIу зыщиужьыр, зыщиузэщIыр езым къыдалъхуа, и анэр зыхэхъукIа, зыхапIыкIа, зэса гъащIэрщ, псэукIэрщ. Хамэ псэукIэм сабийр хэхъукI щхьэкIэ, и зэфIэкI псори щызэIуихыу зыщиужьыркъым, зыщиузэщIыркъым. Зи бзэр зыщагъэгъупщэ сабийм фIэкIуэдыр а бзэм и IэфIым, и дахэм и закъуэкъым, атIэ абы и гупсысэкIэм, и акъылым сэкъат иIэ мэхъу, балигъыпIэ иува иужькIи апхуэдэр адэмыгугъэм иутIыпщыркъым. Нэхъ Iеижыр аращи, абы я нэхъыбэр дунейм хуэгуитIщхьитIу, сытри къафIэмыIуэхуу, зыхыхьэ-зыхэт цIыхум псэхупIэ ирамыту, къынтIэкъынтIэрэ уIурыIэбэну Iэмал имыIэу, абы щыгъуэми езыр зыхуейр имыщIэжу, фыгъуэнэду къонэ».

А псори къилъытэ хуэдэ, Iущу гъэпсат адыгэ унагъуэхэм я псэукIэм и къызэгъэпэщыкIэр. Сабийм ирагъащIэрт и адэм и адэжыр, абы и адэжыр... апхуэдэурэ ебланэм нэс. Ар зымыщIэр (балигъ хъуа нэужькIэ) щыхьэту къащтэртэкъым, къызыхэкIар ищIэжыркъым, жаIэрти.

МафIэдз Сэрэбий и тхылъым зэкIэлъыкIуэу къыщыIуэтэжащ адыгэ унагъуэм щызекIуэу щыта хабзэхэр. Абыхэм укъуэдияуэ тепсэлъыхьыпхъэт. Ауэ мыбдеж, кIэщI дыдэу нэхъ мыхъуми, сэ сыкъызытеувыIэнур Iуэхугъуэ зытIущщ (абыи щхьэусыгъуэ иIэщ).

Псэм япэу. ЗанщIэу зыкъэзумысыжынщи, сэ сытхыдэджкъым икIи сыэтнографкъым. А щIэныгъэ лIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ куэд сщIэуи къысщыхъужыркъым. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ сэ сыкъызэджа мащIэмрэ зыхэсщIыкI нэхъ мащIэжымрэ къыхэкIыу адыгэхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэ телъыджэ дыдэм и цIэ къизмыIуэу хъунукъым (нэгъуэщI лъэпкъхэм апхуэдэ хабзэ къадекIуэкIыу гу лъыстакъыми). Сэ зи гугъу сщIыр адыгэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ щIалэ цIыкIухэмрэ зэрапI-зэрагъасэ щIыкIэм пасэ дыдэу (а цIыкIухэр илъэси 3-4 ныбжьым щит зэманым къыщегъэжьауэ) игъуэт зэщхьэщыкIыныгъэрщ, хъыджэбз цIыкIухэм лъагъэс гулъытэ хэхарщ.

«Хъыджэбз цIыкIухэр дэбдзейуэ ядэртэкъым, абы сабийр, хъыджэбз цIыкIур дырийпсырий ещI жаIэрти, – етх МафIэдзым. – Хъыджэбз цIыкIухэм гъуэншэдж, бостей цIыкIу щатIагъэрт, щIалэ цIыкIухэм я ныбжьыр илъэсиплIи, нэхъыби хъуухукIэ пцIанэ цIыкIуу къакIухь хъу пэтрэ. Хъыджэбз цIыкIухэр сыт щыгъуи нэхъ ягъафIэрт, емыубзэу, ауэ щытхъуу, фIыкIэ псори кърагъэщIэну хэту. Абыхэм загъэщIагъуэкIи, загъэпагэкIи ауан ящIыртэкъым. ЩIалэ цIыкIухэр тIэкIу къуейщIейми, зэранми, псынщIэми ядэрт. Ауэ апхуэдэ хуитыныгъэр илъэситху-хы хъуа нэужькIэ зэриухынур щагъэгъупщэртэкъым».

Апхуэдэу, бгъэщIагъуэкIэ пхуэмыухын хуэдизу, гупсысэрэ акъылрэ хэлъу гъэпсат адыгэ сабийр зэрагъасэ щIыкIэр, и ныбжь елъытакIэ абы зэрыхущыт, кIэлъызэрахьэ хабзэхэр. Еджагъэшхуэм гупсэхуу къытхуеIуатэ адыгэ щIалэ цIыкIухэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ зэрапI-зэрагъасэ Iэмалхэм зэщхьэщыкIыныгъэу яIэр

къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр, IупщIу, нэIурыту ди пащхьэ кърегъэувэ адыгэ гъэсэкIэ системэр зэрызэхэт-зэрызэхэлъ пкъыгъуэхэр.

ЕтIуанэу. Уэщыуэну къыщIэкIынкъым, цIыхухъур зыхуэдэр, хэбгъэзыхьмэ, абы цIыхугъэу хэлъыр здынэсыр наIуэ къыщыхъур цIыхубзым хуиIэ гулъытэмрэ хуищI нэмысымкIэщ къызэрыпщIэнур жыпIэмэ. Абы и лъэныкъуэкIи ди япэ ита Iущыжьхэр узыдэплъеин хуэдэт.

ЩIалэм хъыджэбзым и щIыхьыр ихъумэу, цIыхухъур цIыхубзым къыщхьэщыжу – апхуэдэт адыгэ хабзэр. Ауэ езы хъыджэбзхэми (цIыхубзхэми) я къалэн яIэжт. «...хъыджэбз цIыкIухэри хуагъэIущырт икIи хуаущийрт гуакIуэу, гуапэу, гу щабэу, Iэ щабэу къэтэджыным, я адэ, я дэлъху, дэтхэнэ зы цIыхухъуми пщIэ хуащIу, нэмыс кIэлъызэрахьэу...»

Адыгэ хабзэм, нэгъуэщI лъэпкъ гъэсэкIэ лIэужьыгъуэхэм къащхьэщыкIыу, мыпхуэдэ нэщэнэ дахэ хэлъщ: ар – адыгэ щIалэм (цIыхухъум) хъыджэбзым (цIыхубзым) – адыгэ фащэр и уардагъэкIэ адрей лъэпкъ фащэхэм къазэрыхэлыдыкIым ебгъэщхьыну – хэIэтыкIауэ пщIэрэ щIыхьрэ, гулъытэрэ кIухьэнрэ зэрыхуищIырт. ИкIи МафIэдз-къэхутакIуэм и тхылъым къыщыдогъуэт абы и щыхьэт куэдыкIей.

Ещанэу. Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ укъыщеплъми захуагъэм тету гъэпса адыгэ хабзэм и нэщэнэ нэхъ гурыхь дыдэу къыщIэкIынущ абы зыгуэрым лейуэ зыдимыгъэшу, адрейр хуэмыфащэу имыгъэикIэу, псори зэхуигъадэу зэрыщытар. Абы ауэ къызэрымыкIуэу лъагэу иIэтырт а кодексым и Iулыджыр. Ар псоми ткIийуэ, ауэ щыхъукIи захуэу яхущытт, накIэнэщхьагъэ химылъхьэу дэтхэнэ зыми суд захуэ трищIыхьырт. «Пщым я закъуэтэкъым, – дыкъыщоджэ МафIэдзым и тхылъым. – Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ зы уэркъми, зы лъхукъуэлIми, зы адыгэми гъэщIэгъуэныщэу, щыцIыкIум и деж къыщыщIэдзауэ, зэхигъэкIырт езым и щхьэм хуэфащэмрэ хуэмыфащэмрэ. Ар зымылъытэм, ар къызыфIэмыIуэхум, зи щхьэ пщIэ хуэзымыщIыжым адыгэхэм хуагъэгъуртэкъым икIи жагъуэу зрагъэцIыхужырт».

Апхуэдэ Iуэху зегъэкIуэкIэм утету, абы уемыбакъуэу упсэууэ щытмэ – ухэтми – лей къыптехьэнутэкъым. Е, псалъэм папщIэ, социальнэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу гъащIэм къыщыплъыса увыпIэр (е тIысыпIэр) икъусыкъужкIэ лъагэми, уи ищхъэрэкIэ къыщытым (е къыщысым) лей епхыну Iэмал къуитыртэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, адыгэ хабзэр, пэж дыдэу, захуагъэм хуэлажьэ, дэтхэнэ зы цIыхуми цIыхуу зыщибжыж, зыщилъытэж дуней къыхузэIузых кодекст, конституцэт.

ИкIэм-икIэжым, мыпхуэдэу жысIэнщ: мы дунейм цивилизацэ зэрыщыIэрэ адыгэ хабзэм хуэдэу конституцэ тэмэм нэгъуэщIыпIэ къыщагупсысауи нэгъуэщI зы лъэпкъ гуэрым къыдекIуэкIауи къыщIэкIынукъым. Апхуэдэ гупсысэм ухуокIуэ МафIэдз Сэрэбий и тхылъым ущыщIэджыкIкIэ.

Мыри щIызгъужынут. МафIэдз Сэрэбий кабинетым къыщIэмыкI еджагъэшхуэ зыфIащхэм ящыщакъым. Езыр зыщыгъуазэр адрейхэм я деж нихьэсын, езым ищIэр дэтхэнэ зыми хуиIуэтэн мурадкIэ, Сэрэбий къимыгъэсэбэпа Iэмал (радио, телевиденэ, н. къ.) щыIэжу

къыщIэкIынкъым. МафIэдзым ди прессэм къыщиIэт псалъэмакъхэр цIыхухэм сэбэпышхуэ яхуэхъурт – ди япэ ита ди адэжьхэм къытхуаугъуея фIыгъуэр хъума хъун, абы кIуэрэ пэт зы мышу гуэр къыхэмыщхьэрыуэн папщIэ. ГъащIэ зызыхъуэжым, зэман екIуэкIым зыгуэркIэ къемызэгъыж гуэр щыIэми, е, сэ сщIэрэ, нобэрей гъащIэм къыхэхъукIауэ, щIэуэ, цIыхур зыхуейуэ зыгуэр къэунэхуми, – а псоми бгъэдыхьэкIэ узыншэ къахуигъуэтыфырт Сэрэбий икIи, ешрэ зыгъэпсэхурэ имыIэу, и гупсысэр цIыхухэм я деж нихьэсырт.

Сэ иджыпсту сыхуейкъым зы тхыдэджи, зы этнографи и жагъуэ сщIыну. Ауэ щыхъукIи псоми зэхахыу жызоIэ: МафIэдз Сэрэбий зэрытхэмытыжрэ а псалъэмакъ щхьэпэм ди прессэм щыпичыжащ, ди щIэблэр нэхъ тэмэму гъэса хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэри нэщIыбзэщ.

* * *

1968 гъэм дунейм къытохьэ МафIэдз Сэрэбий и япэ повестыр – «ЩIалэгъуэм и зы гъуэгу» зыфIищар. ЩIалэщIэм и IэдакъэщIэкI тхыгъэм гу къылъатэ. Пэмыплъэххауэ, абы зэхех тезыгъэгушхуэ щытхъу псалъэ. Ауэ авторым къыхужаIахэм пэжу хэлъыр абы адыгэбзэр фIыуэ зэрищIэрт, нэгъуэщIкIэ повестым ущIытепсэлъыхьын щыIэу къыщIэкIынтэкъым. ИкIи абы щхьэусыгъуэ иIэт: Сэрэбий илъэс зыбжанэ хъуауэ «къезыхуэкIыр», жэщым имыгъэжейуэ, махуэкIи хъарпшэру и нэгум къыщIыхьэу ар къэзымыутIыпщыр адыгэ лъэпкъым и блэкIа хьэлъэрт. Арат МафIэдз-тхакIуэм темэ нэхъыщхьэ хуэхъуну къыхуиухар.

Псыр ежэхыурэ блэжми, нэпкъхэр я пIэм къонэ. А нэпкъхэм, бгыхэм, мэзхэм, губгъуэхэм я нэгу щIэкIар хуэсакъыу яхъумэ – ар нэсу зыхэзыщIэн цIыху гу пцIанэ, а зыхищIари гъэхуауэ къызэриIуэтэжын Iэмалрэ Iэзагъэрэ къызыкъуэкIын тхакIуэ къалъхуным пэплъэу. МафIэдз Сэрэбий апхуэдэ цIыхуу, апхуэдэ тхакIуэу къыщIокI. ИкIи 1974 гъэм къыдокI «ЩIакIуэ фIыцIэ» повестыр – Кърымымрэ Тыркумрэ къикI зэрыпхъуакIуэхэр къэбэрдеищIым къиужьгъэрэ лей щалэжьу, мамыру псэу цIыхухэр гузэвгъуэ хадзэу, я хьэсэхэм лыгъэ ирадзу, я Iэщыр ирахужьэу щыщыта лъэхъэнэм и зы пычыгъуэ хьэлъэм теухуар.

«ЩIакIуэ фIыцIэ» повестым къигъэлъэгъуэжыр зэманкIэ зытехуэр XVI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэрщ.

Адыгэр зэи тыншу псэуакъым. ПсэукIэ ямыщIэуи щыттэкъым – ямыгъэпсэууэ арат. Абы и зы щыхьэтщ МафIэдз Сэрэбий и повестым щытлъагъури.

Гухэхъуэт псыежэхым и IуфитIым етIысэкIа адыгэ къуажэ цIыкIухэм удэплъэну. Унэхэр мыин дыдэми, пщIантIэхэр Iэхуитлъэхуитт, я псэуалъэхэр щхьэж здэщытыпхъэм щытт, я жэмхэр, яшхэр щаIыгъхэри, я мэкъуэщхэри апхуэдэт. Я хадэ тIэкIухэри къабзэ дыдэу зэрахьэрт. Жыг зыдэмыт пщIантIэ къыпIэщIэлъагъуэртэкъым. Уэрамхэми гъуэгухэми егъэкIэкIат къыпцIейхэр, пхъэгулъейхэр, шэдыгъуейхэр...

КIэщIу жыпIэмэ, екIуу псэурт ди япэ ита ди адэжьхэр, лажьэушхэжу, хамэ мылъку щымыгугъхэу, я гъунэгъу лъэпкъхэм мамыру

ядекIуэкIыфу, къэзыцIыху лъэпкъхэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу. Къыдэплъейхэри щыIэу.

АрщхьэкIэ... куэдрэ апхуэдэу уагъэпсэунти!.. Арыххэу, ди лъахэм къозэрыхь хамэщI къикIа зэрыпхъуакIуэхэр.

ИкIи, апхуэдэхэм деж хабзэ зэрыхъуауэ, я щIыналъэр яхъумэжыну адыгэхэр зэкъуоувэ (къуажэпщ Иналыкъуэ Бибей и деж къыщыщIэдзауэ къызэрыгуэкI вакIуэлI Щэбэтыкъуэ деж нэсу).

ТхакIуэм нэIурыту дегъэлъагъуж хамэ мылъку щыгугъыу дищI къиужьгъа бийхэмрэ я хэку яхъумэжу абыхэм япэщIэува адыгэлIхэмрэ я зэхэуэ гуащIэр. ЯIэщIэукIар яIэщIэукIауэ, псэууэ къэнар щхьэхьу щIэпхъуэжауэ, – апхуэдэу еух зэмыджахэм къыдащIылIа зауэр.

Гукъинэжщ лIакъуэлIэш Жанболэтрэ кърымыдзэр къытхуэзыша хъаныкъуэмрэ щIакIуэкIапэ щызэдытеувэ теплъэгъуэр. Абдеж адыгэ щIалэм щегъэлъагъуэ езым хэлъ лIыгъэри и лъахэм кърит гушхуэныгъэри. Хэбгъэзыхьмэ, мыр зауэлIитIым щхьэж и лIыгъэр щигъэунэху зэпэщIэувэныгъэ мыхъуу, атIэ дзитI (е лъэпкъитI) щызэпэувым деж зи хэку зыхъумэжыр абы къытеуа нэжэсым текIуэн зэрыхуейм къыхуезыджэ гимн хуэдэу къыпщохъу.

АрщхьэкIэ зэман докI, зэрыжаIэщи, къокIэрэхъуэкIри, Жанболэт хахуэр гъэру тэтэрхэм яIэрохьэ.

Мэт-Джэрий хъаныжьым, дауи, щыгъупщэжатэкъым Жанболэт дыджу къызэрещхьэкIуэгъар (и къуэм и щхьэ пыупщIар къэпым илъу хуригъэхьыжат). ИкIи а бзаджэжьым къегупсыс адыгэ щIалэм нэхъ къытехьэлъэну тезырыр: «Шэрджэс щIалэр бэзэрым евгъашэ. КъыщIэкI и уасэщ. А сэ слъагъум дежкIэ сыт хуэдэ ажалым нэхъри нэхъ хьэлъэщ псэууэ, и хэку пэIэщIэу и гъащIэр ихьмэ!»



ИкIи ар щыуатэкъым: бгитI зэхуакур зи уэтэрыпIэу, джабэ нэкIур зи хъупIэу, тIэкIу зиIэтмэ, уафэ нэзыр дамэкIэ щIиIыгъэу, жэщкIэрэ дэлэлыншэу вагъуэхэр зи уэршэрэгъуу къекIуэкIа къуршырысым апхуэдэ напэтех иупэсыну – хьэпсым гъэру щыпIыгъыну, абы къипшу, мэлым хуэдэу, къакIуэр и уасэу бэзэрым щыпщэну!.. Абы нэхъ хьэлъэу сыт щыIэт?

Дауи, Жанболэтщ мы повестым узыщрихьэлIэ персонажхэм ящыщу нэхъ гукъинэжыр. Ауэ Жанболэт и мызакъуэу, Бибей, Щэбэтыкъуэ, Мамсыр, Къанлы сыми щIэх пщыгъупщэжыркъым – щхьэж и хьэлщэнрэ и псэлъэкIэрэ иIэжщи.

«ЩIакIуэ фIыцIэм» и мыхьэнэр абдежи къыщыувыIэжыркъым. Ар наIуэ къыпщащI а повестым къыкIэлъыкIуа романитIым («Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ»).

«ЩIакIуэ фIыцIэр» итхын папщIэ МафIэдзым къиугъуеят архив документу, дэфтэрыжьу куэдыкIей; IуэрыIуатэми щымащIэтэкъым лъэпкъым и нэгу щIэкIа къэхъукъащIэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа гъыбзэхэр, уэрэдхэр, псалъэжьхэр.

А псор зэригъапщэу, зэпилъыту, иджу щIедзэ МафIэдзми, и щхьэр иубыдыжын хуей мэхъу: апхуэдизкIэ абрагъуэт икIи гукъутэт абы и нэгу къыщIыхьар – и лъэпкъым и тхыдэр, нэпсрэ лъыпскIэ гъэнщIар, ауэ щыхъукIи къуэгъэнапIэм щыгъэпщкIуауэ, тIупхым иджыри къыкъуэмыкIауэ къэнар...

Цивилизацэ лIэужьыгъуэу тхыдэм ищIэжхэм, лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам фIыуэ хэзыщIыкI адыгэ щIалэм гущIыхьэ щохъу

блэкIа къулей зиIэ, абыи уасэ лъапIэ дыдэ щIэзыта и лъэпкъым иджыри лей къызэрытехьэр – езым хуэфащэн пщIэ тхыдэм ауэкъудеи зэрыщимыгъуэтар. Зи хабзэрэ зи IэужькIэ лъэныкъуэ псомкIи къыщацIыхуа, зи фащэр лъэпкъ Iэджэм къащта, куэд лъандэрэ плъакIуэ зыхуащIу щыта лъэпкъым и лъэужьыр хэгъуэщэжыпэным нэсын щхьэкIэ – сыт хуэдэ трагедие шынагъуэ абы къылъыкъуэкIар икIи сыт хуэдэ щхьэусыгъуэхэм ар къахэкIынкIэ хъуа?

МафIэдзым фIыуэ къыгурыIуэжырт а упщIэ хьэлъэхэм я жэуап мытыншхэр къыщилъыхъуэну «губгъуэшхуэм» и повестымкIэ гъунэ щрилъа къудейм зэрыфIэмыкIар. Ауэ пэжыр пэжщ – «ЩIакIуэ фIыцIэр» укъэзымыгъэпцIэжын щIэдзапIэт; адыгэхэм я зэхэтыкIэм, я жылагъуэ гъащIэм джэлэс хуэхъуж адыгэ хабзэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр икIи здынэс гъунапкъэхэр повестым тэмэму щыгъэбелджылат.

* * *

МафIэдз Сэрэбий и романхэм пэжу къагъэлъэгъуэж XVIII лIэщIыгъуэм и кIэухымрэ XIX лIэщIыгъуэм и япэ плIанэмрэ адыгэ лъэпкъхэм я псэукIэу, я зэхэтыкIэу, я дуней тетыкIэу, я хьэл-щэну щытар, а илъэс 30-35-м къриубыдэу ди щIыпIэм щекIуэкIа къэхъукъащIэ нэхъ инхэр, ди адэжьхэр къатепсыха бэлыхьхэм къазэрыхущIэкIар. МафIэдзым и романхэм къалэну щызыхуигъэувыжат адыгэхэм удэзыхьэх цIыхугъэу, дахагъэу яхэлъар, щыхуейм деж лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызыкъуахыфу, зэрылъагъукIэ-зэрыIыгъыкIи ящIэу, хабзэ екIу яIэу къызэрыгъуэгурыкIуэр гъэхуауэ къытхуиIуэтэжыну. Абы къыдэкIуэу тхакIуэм ибзыщIыркъым адыгэхэм къадекIуэкI хьэл-щэн гурымыхьхэри, абыхэм лъэпкъым къыхуахь насыпыншагъэри. Си гугъэщ а къалэнитIри мы дилогием фIы дыдэу гъэзэщIа щыхъуауэ.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа цIыху телъыджэхэм я образ гуимыхужу зыкъым икIи тIукъым романхэм узыщрихьэлIэр. Апхуэдэщ Жанхъуэт Кушыкъу, ХьэщIэмахуэ, джэгуакIуэ Бэгъэуш, Джырандыкъуэ, Билъостэн сымэ, нэгъуэщIхэри.

ИкъукIэ гугъусыгъут пщы-уэлий Жанхъуэт Кушыкъу зыIуува IэнатIэр. Кушыкъу, и насыпыншагъэти, и уэлиигъуэр Ермоловым и тетыгъуэм техуат. Узижагъуэм иушэч а лIы щыпкъэм и гум щызэригъэзэхуамрэ псэкIэ игъэвамрэ! Зы лъэныкъуэкIэ – зэрылъэпкъыу уэ къыпщыгугъыу, уэ къоплъу; нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – зыми ухуимытыжрэ къыпхуащI уи унафэу. «Маржэ!» жыпIэ закъуэмэ, илъыну хьэзырхэри щыIэу, абы лъэпкъкIуэд къызэрикIынум емыгупсысыххэу... Псоми уагъэкъуаншэу... Ари зыхуэбгъэшэчрэ къэкIуэнум уегупсысу... Ижь-ижьыж лъандэрэ щхьэхуитыныгъэм зи гъащIэр куэдрэ мыгупсысэу щIэзытыфу щыта лъэпкъым щыщу къэнэжа мащIэр пхъумэн щхьэкIэ, нэгъуэщI Iэмал къыпхуэмынэжауэ, щхьэщэщIу улъаIуэу, уIэжьэгъу зэпыту...

Гуимыхужщ пщы ХьэщIэмахуи. И дуней тетыкIэм йокIуж абы и кIуэдыкIэри. Жыг къудамэм тес бзу цIыкIур къригъэлын щхьэкIэ, абы езым и гъащIэр хелъхьэ – и лъахэм и фэ а бзу хей цIыкIум ирелплъри.

ХьэщIэмахуэ и трагедиер лъэпкъым и трагедиещ. Адыгэхэр псэурт хабзэ щхьэкIэ нэгъуэщIыпIэкIэ щеплъэкIыж щымыIэу. Я щхьэ унафэ

екIуу зэрахьэжу, нэхъыжьым хуэфащэри нэхъыщIэм лъысри ящIэжу, хеймрэ мысэмрэ зэхагъэкIыфрэ суди тращIыхьыжыфу. ПцIы хэлъкъым ХьэщIэмахуэ генерал Бибиновым ириудэкIым: «Фэ ди лъахэ фыкъихьэн и пэкIэ дэ дызэгурыIуэжырт, ди хабзэ тIыгъыжт, хьэжьвакъэжьышхыр шынэрт е укIытэрт цIыхум и нэмыплъым щхьэкIэ. Мышынэмэ, мыукIытэмэ, зыхэтхурт. Иджы ахэр фи деж нокIуэ, цIыху гъуамэу щыIэр фи джабэ щIывогъэтIысхьэ, факъыщхьэщож...» Колонизаторхэм ирагъэкIуэкI политикэри ар щIрагъэкIуэкIри фIыуэ ящIэжырт. Уэ уаIэтыну, уагъэлъэпIэну, уи дахэр ягъэпIиину къэкIуатэкъым ахэр – къыптеувэу, ухаутэу, щIым щыщ уащIыжу езыхэр зэрыхуейм хуэдэу щыIэну къэкIуащи, я къалэн ягъэзащIэ. Аращ езы урыс пащтыхь дыдэм тхьэусыхафэ хуатхми, лIыкIуэ ягъакIуэми, зыри къыщIимыкIыр. Адыгэхэр хъупIэншэу къагъанэ. Я гъавэм мафIэ къыщIадзэ. ХъуэжщIэж е нэгъуэщI къагъэхьэрычэтынути, дэтхэнэм ухурикъун, дапщэ къэбгъэхьэрычэтыфын?..

А псом къикIыр фылIэ жиIэу аращ, фыпсэу жиIэу къикIыркъым. А политикэ укIытэншэр щIэхъумэ хэмылъу къраIуэкIыпэ пщы Уэнджырокъуи: «Мы бгырыс IумпIейхэм я бийр дэрауэ къащохъур. Щоуэ. Мыбы я бийр я щIыпIэ дахащэрщ. Мыр лъыр щIэбгъажэ хъун жэнэт щIыналъэщ. Мыр уи нэр къижу, нэгъуэщIым Iэрыбгъэхьэныр хьэдэгъуэдахэщ. Псом нэхърэ нэхъыфIыр арат, ерыщ емыкIуэхэу дэ яхуэдгъэлъагъуэ, ди къэралышхуэм и щIыпIэ гуэрым Iэпхъуэхэрэ мыр дэ хуит къытхуащIамэ. ИтIанэ езыхэм я щхьэ хамылъхьэу, дэри ди щхьэ мыузу...»



Пэжщ, фIы къытхуахьакъым а къэкIуахэм, апхуэдэ муради яIакъым. ДиIар, къыддэгъуэгурыкIуэу щытар зыгъэпудынрэ хэзыгъэкIуэдэжынрэщ къытхуахьар. Ауэ, алыхь хужыIэу жыдвгъэIи, дэ езыхэри чэщейщыкъуу дылыдыжу, дахэрэ фIыуэ дызэхэту, Iей къыткIэрымыпщIэу, ди хабзи, ди зэхэтыкIи, ди хьэл-щэни узэхъуэпсэн защIэу адыгэхэр дыщыта хьэмэрэ... дагъуэ гуэрхэри диIа? ЖыIэпхъэщ адыгэхэм къыздрахьэкI я мыгъуагъэхэми тхакIуэм и нэр зэрыхуимыуфIыцIыр: «...адыгэхэм я хьэлыжьщ зым адрейм дзы фIищыныр, зым и лIыгъэ адрейм фIэмылIыгъэу щыдыхьэшхыныр. Апхуэдэу, адыгэ псори зэгурыIуа нэхъей, къэбэрдейхэм щхьэщытхъурэ пцIыупскIэ къоджэ, беслъэнейхэр псом я дежкIи щхьэхуэфIщ, бжьэдыгъухэр щхьэхуепщэщ, кIэмыргуейхэр щхьэхуещэщ, шапсыгъхэр щхьэдыкъщ, натхъуэджхэр щхьэпсщ, хьэтыкъуейхэр щхьэхуэпсалъэщ, жанейхэр щхьэгъавэщ. Аращи, йокIуэкI. Къуажэ нэгъунэ дзы яIэщ, хэт и напэ къэнжал тебзащ, хэт ептар къуитыжыркъым, хэт Iэнэежэщ. Псоми я зэхуэдэр сыт жыпIэмэ, щхьэзыфIэфIыгъэ, пагагъэ, ерыщагъэр аращ».

Ауэ псом нэхърэ нэхъ напэтехыу адыгэхэм сыт яхэлъар жыпIэмэ, – езыхэр зэгурымыIуэжу, зэмызэгъыжу, лIакъуэхэр зэщыхьэжрэ хамэ лъэпкъхэри къызыдагъэщIын щхьэкIэ Iуэхум къыхашэу... апхуэди къэхъуащ.

ИтIани... дызахуэр пэжмэ, апхуэдэ зи тхыдэм къыхэмыхьа лъэпкъ къэтлъыхъуэну дыхуежьэмэ, дыхьэшхэн дымыхъуну пIэрэ? Аракъэ езыр лъэпкъхэр къызэрекIуэкIыр! Зэшхэр власть щхьэкIэ зэрыукIыжу, къуэм и адэр IэщIэкIуэдэжу, фызым, и щIасэгъухэр зыдигъэIэпыкъуурэ, и лIыр иукIыжу, итIанэ пащтыхь тахътэр езым зыIэригъэхьа нэужь,

напэншагъэ къыдэзылэжьахэм къулыкъурэ мылъкукІэ яхуэжумарту... Ауэ щыхъукІэ, адыгэхэри, адрей лъэпкъхэм яхуэдэу, зыгуэрурэ къызэтенэнт...

НэгъуэщІт адыгэхэм къапэплъэ шынагъуэр. Мис ар дыдэрщ МафІэдзым и романхэм щытлъагъужри.

Дызэрыщыгъуазэщи, бгырысхэм (адыгэхэри абы яхэту) я дунейр жыхьэнмэ дыдэ щыхъуар Ермоловыр Кавказым къэкІуа нэужьщ (1816). Пщы-уэлий Жанхъуэтым моуэ кърепэсыф а генерал Іэлым: «Фэ фи хабзэ кІуэдакъым. Фэ фи хабзэр сэ сщІы унафэрщ!» КІуэцІрыкъуэжьым и Іуэху зехьэкІэри и псэлъэкІэм ещхьт.

* * *

Мыпхуэдэми гу лъумытэу къэбгъэнэныр захуагъэкъым. Урысыдзэм хэту Кавказым къэкІуа псори зэрыпхъуакІуэрэ хьэщхьэрыІуэу къигъэлъагъуэркъым тхакІуэм. Абы и лъэныкъуэкІэ романхэм я пщІэр куэдкІэ къеІэт Бибиковым хуэдэ персонажым.

Мы генералым куэд щІауэ Кавказым къулыкъу щещІэ икІи адыгэхэм я зэхэтыкІэм, я хьэл-щэным, я хабзэхэм набдзэгубдзаплъэу кІэлъоплъ. ГъэщІэгъуэн къыщыхъун куэд яделъагъу абы адыгэхэм икІи тІэкІу-тІэкІуурэ пщІэ яхуищІ мэхъу. Ар хэтщ хъийм икІа Ермоловыр къыжьэдикъуэну: «Алексей Петрович, адыгэхэр цІыхущ, пщІэрэ щІыхьрэ зыхуэфащэ цІыху. Мыхэр французкъым, ди лъахэ ипхужыну. Мыхэр Арысей цІыхущ, уэри сэри тхуэдэу, я щІыналъэ щыпсэужу».

АрщхьэкІэ тенджызым дежкІэ сыт зы ткІуэпсыр!



* * *

БлэкІам теухуауэ тхылъ щІатхыр нобэ псэу цІыхум ар зыгуэркІэ сэбэп хуэхъун щхьэкІэщ.

Псори зэлъытыжар тхылъыр зи ІэдакъэщІэкІыр зыхуэдэрщ. Ар цІыху Іущмэ, жыжьэ плъэфмэ, и гупсысэм куэд къызэщІиубыдэмэ, абы и Іэужьыр пщэдеи псэунущ.

Сэрэбий апхуэдэ цІыхут, щІэныгъэлІ нэст, къэхутакІуэ емызэшыжт, тхакІуэшхуэт. Абы и зы сатырри, и зы псалъэри захуагъэм къыпкърыкІащ, пэжыгъэкІэ псыхьащ, цІыхугъэм къегъэнэху.

МафІэдз Сэрэбий 2007 гъэм дунейм ехыжащ. Ауэ абы къыщІэна тхылъхэм нобэ дэ ФІым дыхуагъэІущ, Дахэм дыхуаущий. Пщэдей псэунухэми апхуэдэ фІыгъуэр къазэрыхуэщхьэпэнум сэ шэч къытесхьэркъым.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**



МАФIЭДЗ Сэрэбий

# ЩIакIуэ фIыщIэ

*Повестым щыщ пычыгъуэхэр*



Уэс пасэ къесу, гъэм щинэжа яфIэщIу цIыхур щыгузэвам къыщыщIидзэри, дунейм зиублэрэкIат. Махуэ и хьэдэгъуэдахэ къэхъурт. Псори нэхъеиж екIуащ Бибей лIа нэужь. Къанлы кIуэгъужэгъу къэзыщIа кърым тэтэрхэр иджы аузым дэз хъуат, унагъуэ я хьэщIэ яIэт. Иналыкъуэхьэблэ мызыгъуэгукIэ кърамыкуами. ХьэщIэр тхьэм и лIыкIуэщ, жаIэурэ зи дзэ шы адыгэхэм я хабзэр ямыгъэпудын щхьэкIэ зашыIэрт, ауэ абы я хьэщIэхэр шха иужькIэ бжэм еплъхэм ящыщтэкъым.

Жанболэт зэрежьэрэ и хъыбар зэ фIэкIа къэIуакъым. Ари уи псэр зыгъэшынэт – Жанболэт уIэгъэ хьэлъэу сонэхэм я деж щыIэт. Фэ зэрытетымкIэ, ар Темболэт игъэщIэгъуакъым, кIуэуэ и Iуэху зыIут зригъэщIэнуи гупыж ищIакъым. Зи адэр щIэзылъхьэжу зеиншэ хъурейуэ къэна ГупымыкI уи Жанболэти, уи Темболэти – зыри къыфIэмыIуэхуж хуэдэт. Хъыджэбзыр махуэ псом унэм къыщIэкIыртэкъым, псалъэртэкъым.

Зэгуэрым абы и деж Къанлы щIыхьащ.

– ГупымыкI, уи гузэвэгъуэр ди гузэвэгъуэщ, ауэ апхуэдэу ущыс хъунукъым. Дауэ щымытами, уэ пщы унагъуэ урапIыкIащ. ЦIыхухъу фи лъэпкъ щимысыжкIэ унафэр…

– Сыт узыхуейр, Къанлы?

– Сызыхуейр мыращ. Ди уэркъхэм уи деж сыкъаIуэхуащ…

– Сыт зыхуейхэр?

– Зыхуейращ… Кърым хъаным ди Iей зэрихуэркъым. Саугъэт

лъапIэ зримыта лIакъуэлIэши…

– АдэкIэ…

– … Мэт-Джэрий иджы дыдэ лIыкIуэ къытхуигъэкIуащ… ЖиIэр мыращ: фэ къызэфткIэ сэ сыщIэскъым. Ауэ сэ сыкъэралыгъуэщ, пащтыхь нықъуэкъуэгъу сиIэхэщ, хамэ къэралыгъуэхэм зыкъыздащI… Си мэсхьэб… си жыIэ едаIуэ, си IупэфIэгъу, къикIыу аращ… си мэсхьэб фызэрыщIэтым и щыхьэту, унащхьэ чэзууэ унагъуэ къэсыху мэш Iэбжьыб зырыз илъэс къэс…

– Къанлы, угубзыгъэ уэ? – жиIащ ГупымыкI хэгупсысыхьу, – хьэмэрэ Мэт-Джэрий делэу уи гугъэ?

– СыщхьэлъащIэщ жыпIэу къызумыпэсын къызумыпэс! Сэ…

– Уэращ! Уэ пхуэдэхэрщ дэ ди унагъуэбжэр худэзыгъэщIыжыр! ЩIэкI! ЩIэкI, зызумыгъэлъагъуу!

Абы иужькIэ Къанлы Щэбэтыкъуэ деж екIуэлIащ. ЛIыжьыр губзыгъэт, акъылрэ сэламкIэ ущыгугъ хъуну – сыт къыхуримыгъэкIуэкIами, Къанлы Щэбэтыкъуэ хутечакъым. Абы и пIэкIэ жиIащ:

– Уи пэшэгъу-пэщIэщIэгъухэм, Къанлы, кърым тэтэр фи хьэщIэщым щIэсхэрщ жыхуэсIэр, нэмыси асыли ябгъэдэлъкъым. Мы езыгъэзыхым, кIуэ уэ сщIэркъым, армыхъумэ, абыхэм хьэщIэкIэ емыджэ дэскъым. АтIэ ущыхьэщIэкIэ зы мардэ гуэри пщIэ хъунти! Аращ а уи лIыкIуэм схужепIэжынур. Мэт-Джэрий факъырэмэ, факъырэIусу Iэбжьыб зырыз зэхуихьэсу…

– Уа, фыкъызыкъуэгушхукIырщ сымыщIэр! Мэт-Джэрий тыркур и телъхьэщ, и гъунэгъуу абы…

– Дэ дыщIэувэнукъым абы и бэракъ! Дэ дыадыгэщ!

– Адыгэжь мыгъуэ – шыгъурэ пIастэрэ!

Къанлы Щэбэтыкъуэ и деж къыщIэкIыжри, зэрыхуейуэ лIыкIуэм жэуап иритащ. Мыгувэу шу IэрамэфI и гъусэу лIыкIуэм къигъэзэжри, Иналыкъуэхьэблэ нэмыщIа адрей къуажэхэм унагъуэ къэс ху Iэбжьыб зырыз къыхихащ, ар гуэн щхьэIухъушхуэхэм ирикIутэри Къанлы и деж щигъэуващ. Езы лIыкIуэм и гъусахэр къигъэнащ, Къанлы зыщIигъури ежьэжащ.

А псори дыхьэшхэнт, кIэн джэгум хуэдэт. Ауэ жагъуэ ябгэри гувакъым.

ЩIымахуэпэ мазэр екIуэкIырт. Гъэм щинэжауэ зэрытешыныхьам тету дунейр уэсыншэт, хуабэт, уэтIпсытI, пшагъуэ иIыгъырилэу. Апхуэдэ зы пщыхьэщхьэ ГупымыкI и деж хьэчэхьэпсэу Нэгурэш дахэ къыдэлъэдащ:

– Ди гуащэ хужь, ди тхьэшхуэм хьэтыр иIэмэ! – Нэгурэш дахэ унэлъэгум иукIуриящ. – Си напэр, си напэ тIэкIу мыгъуэр!

Унэ кIуэцIыр кIыфIти, ГупымыкI Нэгурэш илъагъуртэкъым IупщIу. Ауэ тхьэмыщкIагъэшхуэ къызэрыхъуам игъэщтауэ ар кIэзызырт.

Уэздыгъэ къахьащ. ГупымыкI и нэгу къыщIэувам и гур Iэпихри тахътэмкIэ етIысэхащ. Нэгурэш дахэр дэнэ щыIэжт? Абы и нэкIур зэхэфыщIат, Iэгуэ зытехуэн псоуэ и щыгъыным хэлъыжтэкъым. Аслъэнбэч мыгъуэм щхьэкIэ иуIэжауэ щыта и бгъэ тIэкIур лъыпсыр къежэхыу къаплъэрт.

– Нэгурэш! Нэгурэш тхьэмыщкIэ, сыт къэхъуар? Къэвгъэтэджыт,

– жиӀащ ГупымыкӀ, пщӀантӀэдэт Исмэхьил сымэ захуигъазэу. – Нэгурэш, сыт къэухъу?

ГуӀэр зэрихьэу Нэгурэш гъырт. ИтӀанэ абы жиӀащ:

– Лажьэ ябгэр зыхуэкӀуэн! Ди тхьэшхуэм и нейр зыщыхуэнхэ! Сытым фыкъытхуиухьыт! Дэнэ фыкъиукӀыт.

– Нэгурэш, хэт ар?

– Къримхэр! Тэтэрхэр! Сэмэн мыгъуэжь гущэр зыхуэсщӀынхэр! Сахьащ! Сашхащ! Ар абы я Ӏэтащхьэ! Ди хьэщӀэр! Хьэм яшхыжыныр! Тхьэмахуит хъуауэ нащхьэӀущхьэ къысхуищӀми, сымылъагъу зысщӀурэ… ИтӀанэ къыщызикум, и Ӏэ бэлагъыр пызгъэвыкӀащ! Хъарзынэу пэрыӀэбэр сӀыгът! Къызэрысхэмызэгъэнур къищӀа… нобэ шэджагъуэм и ныбжьэгъухэр и гъусэу ди хьэщӀэщым нигъэзэжащ. Бом кӀуэри и шым еплъащ. Арати, хьэщхьэрыӀуэм и сэмэнхэм яжриӀащ: «Мы куэпэчым къилъхуа куэпэчыр адыгэ щылъху хуэдэкъым! Си шыр махуищ хъуауэ Ӏусыншэу бо нэщӀым щӀигъэтщ! Сыт мыбы хуэфащэр?» Зы къахэжаныкӀри жиӀащ: «Зиусхьэн, дэ къэдгъуэтынщ абы хуэфащэр! Мыдэ ди ӀэмыщӀэ къилъхьэ, хуит дыхуэщӀ. Уэ абы урихьэщӀэ щхьэкӀэ, дэ…» Иджы мис! – зэфӀэлӀам ещхьу Нэгурэш ехуэхыжащ.

– Исмэхьил, – жиӀащ ГупымыкӀ, – Щэбэтыкъуэ дадэ къысхуэшэ, псынщӀэу.

Щэбэтыкъуэ гувакъым, Ӏуэхур зыӀутыр къыщищӀэм, абы и гъусэу къэкӀуа НэфӀо жриӀащ:

– Жэи бгы гъуанэжьым мафӀэ щыщӀэгъанэ!

Ар Иналыкъуэхьэблэ дэсхэм я нэщэнэт, Ӏуэхушхуэ, Ӏуэху пӀэщӀэгъуэ щыщыӀэм и деж жэщым гъуо сыт хамыгъэхьэу, ГупымыкӀ ӀэщакӀуэу зыщигъэсэну и гугъа бгы гъуанэжьым мафӀэ щыщӀагъанэу. Ар жылэ къэдза куэдми ялъагъурт, къикӀри ящӀэрт – нэсын хуейщ бгы гъуанэжьым, Ӏуэхушхуэ къэхъуащ, Ӏуэху пӀэщӀэгъуэ, зыри зыщымыплъа.

Жэщыр и зэхуэдитӀ щыхъум бгъуэнщӀагъыжьым щыблэ мафӀэр нэхъ щыужьыхыу хуежьат. Ари гурыӀуэгъуэт Щэбэтыкъуэ дежкӀэ. ЦӀыху уэр къызэхуэсащ. НэфӀо мафӀэм пхъэ трилъхьэжыркъым. Нэхъыжь гуэрым къекӀуэлӀар игъуэу ебж, иджы Ӏуэхур зыӀутыр ящӀэмэ я гуапэщ.

ГупымыкӀрэ Нэгурэш тхьэмыщкӀэмрэ къызыкӀэригъэхури, Щэбэтыкъуэ бгъуэнщӀагъым щӀыхьащ. Абы лӀыжь, щӀалэми зы щэ нэблагъэ щызэхэст, нэщхъейхэу, гумызагъэ псалъэмакъыншэхэу. БащлъыкъкӀэ и нэкӀур гъэпщкӀуауэ бгъуэнщӀагъ пхащӀэ дыдэм зылӀ псоми япэщхьэхуэу дэтт, Ӏуэху ямыщӀмэ зэригуапэр и щытыкӀэ псомкӀи къиӀуатэу. Щэбэтыкъуэ утыкум щызэтеувыӀэри жиӀащ:

– Ди нэхъыжьыфӀхэ, ди щӀалэгъуалэ! Фыкъедджэн щӀэхъуа Ӏуэхур анэ быдзышэкӀэ къуэш схуэхъуа, нобэ къытхэмытыж Иналыкъуэ Бибей, ди пщыщхьэ махуэм и хъыджэбз цӀыкӀу ГупымыкӀ, си къан хъыджэбзым и лъэӀущ. Фэ фощӀэ, фыщыгъуазэщ абы и фащэ нэщхъеягъуэ гуэрыр зэрыщитӀэгъэжам. Яужьрей нэщӀэбжьэр дэ псоми ди зэхуэдэщ. Дыгъуасэ хуэдэщ ди лъэпкъхэр лӀы губзыгъэкӀэ, лъэпкъыбзэкӀэ дызэджэу щытар щыдгъеижар! Дэ унагъуэ, благъэ, бын, ныбжьэгъужэрэгъухэр диӀэщ. Ди гъащӀэм щытлъагъу насып, дуней насыпщ ар! Ауэ ГупымыкӀ и адэм щӀыгъуу и гуфӀэгъуэ псори щӀилъхьэжащ. ИтӀанэми а псор ӀэщӀыб ищӀауэ, хъыджэбзыр и адэ Бибей ещхьу дяпэкӀэ ди щхьэ илъым, ди сабийхэм я гъащӀэм кърикӀуэнум йогуп-

сыс! Ар езы ГупымыкI къывжиIэнщ. Хъыджэбзыр мыдэ щыIэщ.

Щэбэтыкъуэ щIэкIыжри ГупымыкI къыщIишащ. Абы щхьэтепхъуэ телъу Нэгурэш тхьэмыщкIэри ящIыгъут. ГупымыкI къащыхыхьэм, цIыхур нэхъ зэлъыIукIуэтащ.

– Си адэ и ныбжьэгъуфIхэ, лъэпкъхэм я щIалэ пажэхэ! СэкIыхьлIыхь зысщIынкъым, ауэ яужь зэманым си гущIэр къизысыкI гуэрхэм фезгъэдэIуэнщ, емыкIу сыкъэвмыщIмэ! Си ныбжьэгъу хъыджэбзхэм я нэгу зрагъэужьу, гугъэ дахэ щаухуэ гъэхэр сэ си нэпс къудамэ мыгъущу есхьэкIащ. Ди хуитыныгъэ щхьэкIэ зи гъащIэр зыта си дэлъху закъуэм и гуауэм си анэри ихьащ. Си адэр зэрыслъагъум, ар зэрыдигъусэм сигу уIэгъэр игъэжэпхъатэкъым, аргуэру гуIэгъуэр къыщыслъысам. Сэ япэ зизгъэщынт, ар зэзмыгъэлъагъун щхьэкIэ. Ауэ ажалыр… Иджы сэ сызеиншэ къабзэщ, – ГупымыкI и гур къызэфIэзэрыхьащ, мыпсэлъэжыфу. – Тхьэшхуэм фIэфIт а си нэгу щIэкIа псом сэ сыкъелыну! – щIегъу, и гур пыткIуми, ткIийуэ зызэтреубыдэжри хъыджэбзым.

– Фигу къызэвмыгъабгъэ, ди тхьэмадэфIхэ! ЕмыкIу сыкъэвмыщI, ауэ сэ си гъащIэр ди хэку щхьэузыхь хуэсщIыныр сыкъэзылъхуахэм къащIэна уэсятщ, си псалъэ тащ… Борэныр зытекIуа сыжыгей пщIащэ закъуэми, сэ а уэсятыр зэрысхузэфIэкIкIэ, си къару къызэрихькIэ, къызэритIэскIэ згъэзэщIэнщ! ЕмыкIу сыкъэвмыщI…

Нэхъыжьхэм зы тхьэмадэ къахэкIуэтащ. Ар Къанлыкъуей щыщт.

– Си хъыджэбз цIыкIу, – жиIащ абы, – дэ зэи тщыгъупщэнкъым уи адэ и ныбжьыр! Абы и щыхьэт ирехъу ди хэку нэгъуэщI лъэгущIэтын зэредмыгъэщIынур! ЩIы унафэ! Ар уи адэ и псалъэщ! Сэ апхуэдэу жысIэну си ныбжьым хуит сещI! Арат иджы къэмыхъужар ху Iэбжьыгу… ЖыIэ мыдэ! Мис псори къыппоплъэ!

– Си адэ хуэфщI щIыхьымкIэ, абы и хьэдащхьэ мыбдеж къызэхуэсам зэрывгъэлъапIэмкIэ сэ сышэчкъым. Фэ абы и быным хуэдэу фыкъилъэгъуащ. Си адэм и гъусэу куэдым фи нэгу щIэкIащ ди щIыналъэм тэтэрхэм кърахьа хьэзабыр. Абы ищIэрт бийм хущIэпчэ нэхърэ зауэ хэмыкIыу епхьэкIми зэрынэхъыфIыр! ИкIи лIэхукIэ и щхьэ яхуигъэтIылъакъым. Ауэ ар лIащ. Иналыкъуэхэ лъэпкъыжкъым. Си адэм и шу гъусэу щыта лIакъуэлIэщ, уэркъ куэд, сэ абы сытешыныхьыркъым, а си насыпыншагъэм, ди насыпыншагъэм игъэгуфIащ. Арати, фолъагъупэ! Кърым хъаным и дежкIэ зрагъэбащ. ЛIыгъэкIэ зэрытпимыхынуIар фIыуэ зэзыгъэщIа хъанри бзаджагъэ къытхуеуащ. Феплъ. Тхуэмыхьыну, дигъэхыщIэу къытпиубыду щыта къалэным и пIэкIэ ху Iэбжьыб зырыз! ЛIыгъэ яхэльми, хьэрэмыгъэ зигу имылъ ди цIыху куэд абы къигъэпцIащ, языныкъуэхэми хуейуэ зыкърагъэгъэпцIащ! Саугъэт, тыгъэ лъапIэхэмкIэ абы ди уэркъ куэдым я напэр ищэхуащ, ахэр зришэлIащ, зыщIишащ. КъафIэщIагъэнщ: Мэт-Джэрий къалэн хуэзыщIэр дэракъым, атIэ езым дэ къытхуещIэ! Мэт-Джэрий хуейр дэракъым, атIэ езыр дэ къытхуейщ! Абдеж къыщежьагъэнщ ди насыпыншагъэр! Ди лIахэм я къупщхьэм трашIыхьа Бахъчисэрай ди уэркъыжьхэр дэз хъуащ. Ахэр тэтэрхэм яхэгъуэщэжащ, яхэшыпсыхьащ. УегуакIуэмэ, ди фащэр зрамыпэсыжу тэтэр хьэжысарыкъхэр ящхьэрыгъщ… Хэт Мэт-Джэрий и Iэпыдзлъэпыдзщ, хэти и хьэиху-бжэхуэщIщ! Хъанри зыхуеиххэр арати, бэлэрыгъакъым. Iулъхьэ къыщеIыпхкIэ, зыгуэр хуэщIапхъэщ. Мэт-Джэрий абы япкърихащ дэ къуажэ дапщэ дыхъуми, шу дапщэ дгъэшэсыфынуми!

ЗигъэIэсэ, зигъэбзэIэфIурэ абы ди хэкур зригъэцIыхуащ, ди тIасхъэ псори щIихащ, ди хабзэ зригъэщIащ, ди зэуэкIэ щыгъуазэ хъуащ икIи залымыгъэ лъэпкъ хэмылъу диубыдащ. Диубыдащ, дызэплъэкIыудыкъызэплъэкIыжыху. Феплъ Къанлы. Ар ди хэку исми, зигъэадыгэ щауэми, Мэт-Джэрий и хьэрис-кхъуэрис фIэкIа зэрихуэркъым. Абы дэплъейхэр уи напIэр пIэтыху нэхъыбэ мэхъу, мэбагъуэ! Хъаным и зауэлI-сэмэнхэр ди IупэфIэгъущ, ди хьэщIэщ хуит яхуэтщIащ, ди хьэщIэ лъапIэхэщ! Сыт, ди зэран лъыхъуэхэркъым, лей къыдахыркъым. ХьэщIэхэщ. Нобэ-пщэдей щхьэкIэ ди напэр, ди адыгэ хабзэр ткъутэн! Аращ ди гугъар! Догъашхэ, догъафIэ, махуэ и хьэщIэныш яхудоукI! Ари мащIэщ: мэл зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкIэ, жаIэри зэхрагъэхауэ, бжэнышIэл нэхъ къащтэ ди хьэщIэхэм! А псори щекIуэкIым Жанболэт къытхэтакъым. И хъыбар къэIуар фэри зэхэфхащ. Иджы абы и щхьэ кърикIуари тщIэркъым. Ауэ абы дежьэж хъунукъым! Мис тэтэрхэм, Мэт-Джэрий и сэмэнхэм я Iэсагъри, я зэран мыщIагъэри! Мис! – ГупымыкI и Iэр щхьэтепхъуэ зытелъ Нэгурэш дежкIэ ишияш. – Зытех, Нэгурэш, а хъыданыр! Уи тхьэмыщкIагъэм дэ къыджиIэн хуейщ хэтса жылэм къикIыкIа бэлыхьыр! Ар иджыри къикIыкIа къудейщ Мэт-Джэрий и сэмэнхэм етха хьэщIагъэм. Феплъ, феплъ, си псэр зышхынхэ, мыбы! Феплъи, жыфIэ яхуэдгъэгъунумрэ ящIэдгъэкIуэнумрэ!

Нэгурэш тхьэмыщкIэр щалъагъум куэдым я бзэгур яIу щагъэджащ.

– НэхъыжьыфIхэ! Нэгурэш и адэ иIэжкъым, и дэлъху къыщхьэщытыжкъым. Ар зеиншэу нобэ тегушхуэгъуафIэ ящIамэ, пщэдей… Аращ сепIэщIэкIыу фыщIэзгъэпIейтеяр! Апхуэдэу дыщысмэ, ди Iэхъулъэхъур хьэзыр ящI! Тэтэрхэмрэ дэрэ зэш дыхъунукъым. Ахэр дифI лъыхъуэмэ, мис фолъагъупэ!

– Ажалщ абы яхуэфащэр!

– Ди лъэпкъ напэ щхьэкIэ!

– ФIэдбзынщ, я кIуэцIыр къитхынщ, дгъатхъэ-дгъашхэу удэфахэм.

– Дыгъэу къытхэпсэр ди Тхьэшхуэм и нэрщ!

– Ар ункIыфIынкъым!

– Тэтэрхэм ялъ!

– Сэмэнхэм ялъ!

Псори зэрыгъэплъат. Абы зы дакъикъи заIэжьэну я мурадтэкъым. Унафэ ящIащ къуажэ-жылэхэм пхъэр яутIыпщыну: фи тэтэр хьэщIэхэм я псэр икIэщIыпIэкIэ вгъэн! Зыми хьэуэ къыхигъэкIакъым. Ауэ бащлъыкъкIэ зи нэкIу гъэпщкIуа лIым жиIащ:

– НэхъыжьыфIхэм фи унафэр хабзэщ. Ауэ, хъунумэ, зэ фызэтеувыIэт.

– Хэт ар?

– Гу хьэлэл пкIуэцIылъмэ, уи нэкIур щхьэ бгъэпщкIурэ?

– … Фэ фи хьэщIэ, хьэщIэ, къывгурыIуэрэ ар? ФукIыжыну аращ. Ар зыщIэм Тхьэшхуэр къебгащ!

– Ар зи макъ Жанболэтщ! – кIиящ Темболэт.

– … Абы дэ ди Iэлъэ хуекIуэнкъым! Ди дунейм ехыжахэми къытхуагъэфэщэнкъым!

– Жанболэт! Жанболэт! Сэрмахуэ! – Щэбэтыкъуэ абы зыхуидзащ, Темболэти ежэлIащ.

Сыт хъуэпсэгъуэр иIэу еплъат абыхэм ГупымыкI! А хъуэпсэгъуэ

иным ГупымыкI бгъуэнщIагъым къыщIихуащ. Арыншамэ, Жанболэт бгъэдэлъэдэнурэ зридзынут, IэплIэ, ба хуищIынут, зрикъузылIэу, зыщимыгъэнщIу.

– ЩIэпхъаджэ тIуащIэм дыщыпхъумаи!

– ЖыIэ, щIалэ махуэ, дауэ тщIымэ нэхъыфI? – зэхихащ яужьу ГупымыкI, щхьэхьу ежэжьам. Хъыджэбзым дэнэ щищIэнт абы къащыпэплъэ гузэвэгъуапцIэр? «ЩIалэ махуэр» абы и бзэгупэм пылът, я куэбжэпэ дэлъэдэжрэ пэт щIакIуэ фIыцIэм и щIагъ щыщIэджэрэзами.

* * *

ГупымыкI жеямэ и пщIыхьэпIэ кIапэ къыхэмыхуэнур къыщыщIащ. Ар Бахъчисэрай, Мэт-Джэрий и щыхьэрым къыщыхутат. Махуэ шэджагъуэу къалэм къыдыхьами, ГупымыкI Бахъчисэрай щызэпащэ Iуэхухэми хуэдэу, псы фIей цIыкIур щежэх къуэм зэрыдэсымрэ мэжджыт лъагэхэмрэ фIэкIа хилъагъукIа щыIэтэкъым. Япэ тхьэмахуэ зэхуакум ГупымыкI и нэпсхэрт и тегъэупIэр. Хъаным и унэIут зы цIыхубз дахэшхуэ фIэкIа абы и деж щIыхьэртэкъым. Арат шхын къыхуэзыхьри, IуэхутхьэбзащIэу иIэри. Ар зэ зэпащIыкIыу чыбжьэкIэ зэтрапхэжам ещхьт. И щIыбымкIэ упытIысхьэмэ, уиIыгъынт, и гупэмкIэ ущIэувэмэ, уэшх къыптешхэнтэкъым. Зещатэу пшэрт, тIатIэшхуэт, абы ещхьуи псэлъэрейт, гу щабэт. ГупымыкI фызыр икIи дэгъырт, икIи дэгушыIэрт, сыт жиIами, щIигъэкIэрэхъуэжырти, хъыджэбзыр цIыху насыпым, цIыхубз гъащIэм хуигъэIущырт.

– Аращ дэ къытхуигъэщIар. Уи дахагъ тIэкIур умыгъэункIыфIыж, си хъыджэбз цIыкIу. Нэпсыр шыугъэщ, абы напэр ехул, егъэукъуей, жьыгъэм хуэзышэ лэдэххэр лъагъуэ цIыкIум ещхьу пхреш. Дахагъыр гъатхэ пасэ пщэдджыжь пшэплъым хуэдэщ. Абы хуэсакъын хуейщ. Ар пщэдджыжь къэс зэхуэдэкъым. Гъатхэм зы пшэплъщ, гъэмахуэм нэгъуэщIщ… Бжьыхьэм, щIымахуэм… Гъатхэ пшэплъым къебгъэхъыфам, щIымахуэ уэсыр къыптехэми, уиIыгъыфу уи гъащIэр пхуэухуэмэ… Аращ, си псэ, цIыхубзым дахагъыр зэрищIынур, къызэригъэсэбэпынур. Ар мылъкушхуэщ. Умыгъ, зумыфыщIыж. Хэт итIанэ ди тепщэ, ди тхьэпэлъытэ Мэт-Джэрий зэбгъэплъынур? Мазэр ара? А мазэ жыхуэпIэр гъуаплъэ фалъэжьщ, уэ уэлъытауэ. Умыгъ, умыгъ, си псэ тIэкIур зышхын. Уи нэхэр плъыжь хъунщ. Уэ угубзыгъэщ, удахэ ырщ! Аджыдэ сэ сщIэр сщIэуэ уи пIэ сыкъыихутэжыну! СлIот Мэт-Джэрий! ЛIыжь хъуащ, ар IэфIагъ, щабагъ фIэкIа зыми хуеижкъым. Ахьей, и гур пхъэрэ, хъуапсэрэ, ауэ… Уэрмыри хъан гуащэу щытыныр къызыхуигъэщIар! ЖагъуэлI щыбгъуэтми, нэхъыжьыIуэу, нэхъ къулеиIуэу зэгъэгъуэтын хуейщ. ИтIанэ зыми уримыхулIэу, уи гум и хэдэр, уи Iэпэ зыхуэпщIыр пIэщхьагъ пхуэщIыжынущ. АтIэ, уи хэку укърашащ, атIэ, уи щIыналъэ упэIэщIэщ. Ауэ ар сытым щыщ, уэ узэрыпсэунум елъытауэ! Дыщэ-дыжьынкIэ уиблэнущ, фомрэ тхъумрэ IукIэ бгъэзынущ! Апхуэдэ насыпщ цIыхубзу дунейм тетыр зыщIэхъуэпсыр! Алыхьышхуэм зыр пхузэхуищIри, мыдрейр къыпхузэIуихащ. Уемылъэпауэ абы, си дыгъэ нур! Сэри зыгъэ зы зэман псалъэ пэж къызжиIат – уигу сыкъэкIыжмэ, зы щхьэфIэпхыкIкIэ си цIэ къипIуэнщ! СлIо щIалэ IэщхьэпцIанэ удэкIуэкIэ?! Уи дуней гъащIэр щIэщIауэ, епIыркъешыркъыу, дэгъэзеигъуэу пхьынщ! Лъагъуныгъэр – ар икIи фащэ-

къым, икIи щапхъэкъым! Узыхуей бгъуэтмэ, лъагъуныгъэр къэбгупсысыж хъунущ, узэрыфIэфI дыдэу, узэрегуакIуэм ещхьу!

ЦIыхубзышхуэм ГупымыкI зы псалъэ пидзыжыртэкъым. Ар щымыгъым гупсысэрт, гупсысэрт, гупсысэрт, щымыгупсысэм гъырт.

Зэгуэрым цIыхубзым жиIащ:

– Иджыри къэс уи нэпс зэрымыгъущар, хъаныр къыщызэупщIым, схуэмыбзыщIу жесIати, сыIэщIэкIуадэ пэтащ. НэгъуэщI мыхъуми, сэ къызэплъ… къысщысхь, си сабийхэр зеиншэу къыумыгъанэ! Абы си щхьэр пилъэнущ, тIэу еплъынукъым. Сытым ещхь Жанболэт жыпIэу зыщIэпшхыжыр! Нэгъэсауэ пэрмэн зимыIэщ, мэзылIщ!

ГупымыкI къыщылъэтащ. Абы жьыр къыпиубыдауэ псэлъэфыртэкъым.

– Узыхэмытын ухэмыту, – жиIэрт адэкIэ фызым, – сэ къызэдаIуэ. А уи куэншыбэр щыдгъэх, зы махуэ тIощI хуэдэкIэ укъыспэрымыуэу сэ къыпхуэсхьыр шхы, сызыкIэлъыгъэIэбэ… Уи бгъэ цIыкIухэр псы зыщIагъэлъадэ удз дахэу къыхэлъэтынщ, къэщхьэлъэнщ, уи нэкIум лъы къыщIэувэжынщ… А уи Iэпкълъэпкъыр, а уи шхужь дахэр… Псори, псори зызэрыпщIынур сэ бжесIэнщ. ИтIанэ уэ къыппэувыфын мы хъан-сэрей къыдашакъым икIи къыдашэнкъым! Уи нэ фIыкIэ илъагъу ди Мэт-Джэрийрэ тырку сулътIанышхуэ Сэлимрэ зэщыбгъэхьэжынкIэ…

– Уэ… уэ, – икIэм-икIэжым къэпсэлъащ ГупымыкI, – Жанболэт дэнэ щыпцIыхурэ?



– Мыр зэгупсысыр! Къашащ дыгъуасэ Iэпхлъэпхыу! Къанлы сигъэлъэгъуащ, фи хъыбари сригъэдэIуащ… Абы ищIар цIыху ищIэн, сымыгъуэзэрабгт! Фи хэкур зэщIигъэстри, хъаным и сэмэн хахуэхэр зэтраукIащ.

– Пэжуи? – ГупымыкI фызышхуэм зришэкIащ. – Пэжу жыпIэрэ? АтIэ иджы си хэку тэтэр сэмэнхэр исыжкъэ? Си хэкур щхьэхуит?

Фызым ГупымыкI иригъэкIуэтащ. А тIур дзэл жыг къуабэбжьабэжьрэ щиху лантIэ дахэрэ хуэдэу зэпэщытт.

– Исыжкъым, исыж, – жиIащ цIыхубзышхуэм губжьауэ. – Ауэ уэ сыт, тхьэмыщкIэ?! Уэ уцIыхубзщ! Уи хэку, уи щхьэхуит кIуэда? Хьэмэрэ…

– Ди Тхьэшхуэ! Ар сыт насып! Жанболэт! Жанболэт щIалэ махуэ!

– Жанболэт, щIалэ махуэми, иджыпсту уэ урилажьэкъым! Ар хьэпсым исщ! Мэт-Джэрий апхуэдизкIэ губжьащи – къаплъэн шынагъуэр зырикIщ! ТIум я щхьэ пилъа щхьэкIэ, уIурыIэбэ хъуркъым.

– Сыт, тIу? Жанболэт…

– Хьэуэ мыгъуэ! Арамэ, удэкIуэтэнти… и дзэзешэ фи хэку щыIахэщ! Къэрабгъэу… щтапIэ… ауэ а и щытыкIэр и щытыкIэмэ, Жанболэтри бжэгъу папцIэм фIэтIысхьэну къыщIэкIынщ!

– Бэяу! ЗэтепIэ уи жьэр! ЩIэкI! ЩIэкI! Зызумыгъэлъагъуу! – ГупымыкI Iэл къэхъуауэ цIыхубзышхуэм ебгъэрыкIуащ.

А жэщым ар зэмыгупсысарэ абы зэпимылъытарэ къэнэжатэкъым. Ауэ псори Жанболэт и псэр къызэрыригъэла хъунум ирихьэлIэжырт ГупымыкI. Абы шэч къытрихьэртэкъым хъаным дэкIуэмэ, Жанболэт зэраутIыпщыжынум. Ауэ а гугъэм ГупымыкI щышынащ, итIанэ ирихужьэжащ. Ерыщагъщ, бытагъщ, лъагъуныгъэщ Мэт-Джэрий текIуэнур! Ар Жанболэт хэлъщ! Ди Тхьэшхуэ, си анэ лъапIэ, сэри сыв-

мыбгынэ!

Куэд щIауэ а жэщым хуэдэу ГупымыкI жейм езэгъатэкъым. Дунейр фIэщIэщыгъуэу, гъащIэр фIэдахэу, фIэIэфIу ар пщэдджыжь дыгъэпсым къигъэтэджащ, зитхьэщIащ, зыкIэлъыIэбэжащ.

Дыгъуэпшыхь Iэл хъуауэ щIихужа фызым иджы ар пэплъэрт, апхуэдиз махуэхэмрэ жэщхэмрэ щигъэкIуа Мэт-Джэрий и хьэщIэщ лъапIэхэм ящыщ зым и блынджабиплIыр зэпиплъыхьу, ар игъэщIагъуэу. Дыщэ-дыжьыну щIа жыг нэпцIхэр мыбы щIэтт, унэлъэгум псы гъуджэ хэщIыхьащ, абы вагъуэ, мазэ нэкъыфIэщIхэр кьощ. Унэ блынджабиплIым щыр абджыпс зэмыфэгъукIэ гъэщIэрэщIащ, дэнэ дежи удз гъэгъарэ пхъэщхьэмыщхьэ дахэшхуэ уи гурыIупс къэзыгъажэхэмрэ зэрыт, зэрылъ фалъэшхуэхэм, щыкъу лъапIэхэм я сурэт хэщIыхьащ. ПлIанэпэхэм хьэкIэкхъуэкIэхэм: дыгъужь и дзэлыфэр тIауэ, щыхь, мыщэ, аслъэн, нэгъуэщI Iэджэм я фэхэр пыпхэ щIауэ дэтщ. Унащхьэри, щхьэгъубжэ кIуэцI, бжэхэри тхыпхъэщIыпхъэ гъэщIэгъуэнщ. ДэнэкIи алэрыбгъурэ арджэн Iугъэщыгъэрэщ. А фIыгъуэ псом ГупымыкI занщIэу къызэрыхагъэтIысхьам мурад пыухыкIа иIэт, ауэ нышэдибэ хуэдэу ар зыми еплъакъым. Пыпхэ ящIа бжьэу дахэм Iэ дилъэу ГупымыкI зыгъэхьэщIэ цIыхубзышхуэр къыщIыхьащ. Ар щтэIэщтаблэт, дыгъуэпшыхь лъандэрэ гущтэ ищIауэ. Хъыджэбз дахэр щынэ IэрыпI игугъати – щыуащ. Нэгъэсауэ гуащэ ткIий хъунщ ар! ЖимыIэн жиIауэ пIэрэ, Мэт-Джэрий бзэгу хуихьыжмэ, щIыр IэгупсэкIэ къригъэгъэзэнщ. Ар зи дахагъым и псалъэ Мэт-Джэрий емыдаIуэу къэнэнкъым. Ем зэрихуэу къигъэхьеят Жанболэт и Iуэхур! Иджы аслъэныбз жейр къигъэушащ.

Фызым гуфIэжу ГупымыкI пежьащ.

– Къысхуэгъэгъу, дыгъуэпшыхь уи жагъуэ сщIащ! Сэ си щхьэр узмэ, уэ сыт уи лажьэт?

– Ягъэ кIынкъым, си хъыджэбз цIыкIу, – зэрыхузэфIэкIкIэ гу щабэу, бзэ IэфIу жиIащ фызым. – Схуэфащэу къызжепIащ, си гуащэ хужь, схуэфэщэпсу. ЦIыхум и мыIуэху зэрихуэн хуейкъым. Уи мыIуэху зепхуэмэ, уи щхьэ баш къихуэнщ, жаIэ. Ар уэращ къысхуэзыгъэгъун хуейр. Сэ сыцIыхубз тхьэмыщкIэщ…

– КъызжеIэт, уэ дауэ укъэкIуа мыбы?

– Ар кIыхьщ, си дахэ. Сэракъым мыбы къэкIуар, сэ мыбы сыкъыщалъхуащ. Си анэр гъэру Къафэ къалэм къыщищэхуат си адэм.

– АтIэ адыгэбзэ…

– Уэ тэтэрыбзэ дауэ зэбгъэщIа?

– Сэ си адэм нэгъуей къуэнакъхэр иIащ. СыцIыкIуу абы я къуажэ сашэу щытащ. УцIыкIуу зэбгъащIэр гум кьонэ.

– АтIэ. Мывэ джафэм сабэ тепкIутэрэ уепщэмэ, къытенэIаркъым, мывэ фэрэкIнапэм… Сабийм и гур жьымрэ псымрэ ямыгъэжа мывэ фэрэкIнапэм ещхьщ. Хъунщ, тIасэ, сэ иджыпсту узэдзэкъэн къыпхуэсхьынщ.

ЦIыхубзышхуэр жьы гуэр къыщIэувауэ, жану щIэкIащ. Ар пIащIэрт и хъаныр, и тепщэр игъэгуфIэну, хэт ищIэрэ иджыри жыщ, къамыгъэгубжьауэ ирихьэлIэмэ, и нэфI къыщыхуэу гуфIапщIэ къыхуищIынкIи хъунщ.

Сыхьэт дэкIатэкъым ГупымыкI «къызэрыпсэужам», ар зэрымыгъыжым и хъыбарыр хъан-сэрейм и пщIантIэшхуиплIыми дэкIыу

уэрамхэм, бэзэрым щынэсам. ЦӀыхубзышхуэр темыгушхуащэурэ ГупымыкӀ елъэӀуащ къызэрашэрэ унэм щӀэмыкӀа хъыджэбзыр къыщӀишыну, жыг хадэхэр, удз гъэгъа щыгъэкӀа хьэсэхэр зригъэлъагъуну. ГупымыкӀ хьэуэ къыхигъэкӀакъым. Мэт-Джэрий лъытапсытауэ псэуртэкъым, абы иӀэт узэплъыни, бгъэщӀэгъуэни. Абы и жыг хадэр жэнэт плӀанэпэу гъэщӀэрэщӀат, жызумей зэгъэкӀэкӀа гъуэгухэр, гущхьэ къытет хуэдэ, жьауапӀэт, дахащэт. Адэми мыдэми бжьамийхэм псы къарыжырт, драутхейрт, зэбграпхъырт, дыгъэпсым лэгъупыкъу ящӀу, аслъэн, къаплъэн зи жьэ ущӀахэм псыр къаӀурекӀыкӀ, сэх иным зезышэкӀа блапцӀэшхуэми псы къыӀурож. Дахэщ псори, нэр щыджылу. Апхуэдэхэр игъащӀэм ГупымыкӀ илъэгъуакъым. Ауэ куэдрэ уздеплъмэ, зэшыгъуэщ. Дэтхэнэ зы жыг цӀыкӀури, зы удз тхьэмпэри езы ГупымыкӀ ещхьу гъэрыпӀэм ис хуэдэщ, мэжджыт мухьэрэбхэм къиувэу кӀий-гуо муӀэзинхэм едаӀуэу.

Махуищ жыг хадэр къызэрикӀухьам, ГупымыкӀ, сыщӀэкӀащэрэт иджыри жимыӀэжу, псори ӀэщӀэужэгъуат. АтӀэми ар зытеплъэ мыхъур мы махуэ ар «къызэрыпсэужрэ» зызэкӀэщӀаш-зызэблашу хъаным и къэфакӀуэ абы и зэш тезыгъэухэрт. Пэжт, ГупымыкӀ зыри зэран къыхуэхъуртэкъым, ар еплъми емыплъми хъыджэбз ныкъуэпцӀанэ цӀынэжьхэм, цӀанлъэжьхэм (ГупымыкӀ абыхэм еӀэбатэкъым, ауэ зэрыцӀынэжь, цӀанлъэжьхэм шэч къытрихьэртэкъым) зызэкӀэщӀашырт, шым хуэдэу дэлъейрт, къелъыхырт, мыукӀытэу я шхужьхэр ягъэхьэжэрт, блэм хуэдэу заӀуантӀэрт, зашантӀэрти щӀэжыжхэрт.



А махуищми ГупымыкӀ и деж Мэт-Джэрий къэкӀуакъым. Ауэ хъыджэбзыр абы пэплъэрт. ЖриӀэну-къыжриӀэжынухэм егупсысырт. ЦӀыхубзышхуэм и хъыбархэмкӀэ Жанболэт хьэпсым ист.

Тырку ичынды нэсауэ ГупымыкӀ и деж фызыр къыщӀыхьэжащ.

– Алыхьу зи нэмэз зыхуэсщӀ, жысӀэмэ бдэнкъым, ауэ арэфу къуаншэкӀэ а Жанболэт, – къърикӀутащ абы.

ГупымыкӀ и щхьэфэцыр тэджащ.

Сыт къэхъуар? – жиӀащ абы.

– Иджыри зыри къэхъуакъым. Ана, къаплъэныр къызэпхъуэркъым, жыпӀэу абы удэджэгу хъун? Лъэхъуэщым и тетым… Абырэ сэрэ ди щӀалэгъуэм… Аращ сытми… сэ схуэдэ цӀыхубз дунейм темыту жиӀэрт. Иджыри къысхуэӀейкъым. АтӀэ абы щэхуу, зыми ямыщӀэу сыкъригъэдэӀуащ, дыгъуасэ жэщ и гурыфӀ къикӀауэ сызэщӀиубыдэри… СызэфӀищӀыкӀырт… АтӀэ жиӀэр аращ: Жанболэт, жи, хъаным и дзэм хигъэхьэнут, дзэзешэ, уегуакӀуэмэ, ищӀынут! Схутечыркъым, жи, сызыхигъэзагъэркъым! Иджы, жи, ар имыдэмэ, е тырку сулътӀаным иритынущ, е и щхьэр пилъэнущ. Сыту щӀалэ делэ! Апхуэдизу уерыщ хъун?! Мэт-Джэрий, жи, и чэнджэщэгъухэм щӀалэр яукӀмэ нэхъ къащтэ, трагъакӀуэ! Ауэ, жи, ихауэ жызыӀэн зы фӀэкӀа къахэкӀатэкъыми, жи, ар дыгъуасэ мыхъу вэсэмахуэ лъэхъуэщым нрагъэшащ, жи!... Ар пэжщ, ГупымыкӀ, ар пэжщ. Мэт-Джэрий ар и хьэлщ. Псоми ечэнджэщынщ, псоми жаригъэӀэнщи, е игъащӀэкӀэ зэрамыгугъауэ ищӀынщ, е игу иримыхьын къызыжьэдэкӀар лъэхъуэщым иридзэнщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ фӀэфӀыр псоми мыр хужьщ жыхуаӀэм щхьэкӀэ хьэуэ ар фӀыцӀэщ, япигъэуву, апхуэдэуи ищӀынырщ!.. ГупымыкӀ дахэ, зыгуэру Жанболэт къытегъэхьэ! ЯукӀынущ щӀалэр! ЯукӀ нэхърэ нэхъыфӀкъэ? Абы нэхърэ мынэхъыфӀ щыӀэкъым. Нэгъабэт ар, хьэмэрэ абы и щыпэгъэрат...

Мэт-Джэрий и адэм и ныбжьэгъушхуэу щытащ... Зы дзэпщ... Мис а фи деж нэкIуауэ щыта хъаныкъуэ Ахьмэт-Джэрий мыгъуэ... Я хьэдрыхэ тIуми тхьэм фIы ищI. …АтIэ Ахьмэт-Джэрийр а дзэпщым игъэIуща, зыгуэр жриIа, хъаныгъуэр щхьэ умыубыдрэ, жиIэу! ЩIалэр кIуэри и адэм бзэгу хуихьыжащ. Арати… Абы бзэгу яхьыжыну ищIа? Езы Мэт-Джэрий и адэр… Аращ сытми уIэгъэ мыхьэнэншэм илIыкIат. Ягъэхъыбарат абы Мэт-Джэрий зыгуэрхэр хигъэлIыфIыхьауэ… щхьухькIэ. А псор щIыжысIэр, а лIыжь мыгъуэрт… тхьэмыщкIэ… Мэт-Джэрий и лъабжьэм зыщIигъэджэрэзауэ къипщэпщыхьырт: «Сыщыуащ, сыщыуа мыгъуэщ си жьыщхьэ, ауэ сумыукI! Хьэжьым хуэдэу убанэу мо куэбжэ къыдыхьэпIэм деж щылъ къызжепIэми, сыщылъынщ, сыбнэнщ, ауэ сумыукI». ИтIани и щхьэр теIущIыкIыпIэм тралъхьэри… Нэгъабэщ ар. Абы иужькIэ кIэщIу Ахьмэт-Джэрий фи деж нигъэкIуат… А псор къыщIезгъэкIуэкIыр… ГупымыкI, Жанболэт зыгуэр хуэптхамэ…

– Сэ тхэкIэ сщIэркъым, Жанболэти къеджэфыркъым… КъимыдэкIэ, Жанболэт сэ къызэдэIуэнукъым, – жиIащ ГупымыкI, плъыжь къэхъуурэ.

– Дунейм сыт Iэмал. АтIэ уэ Мэт-Джэрий къодэIуэнущ, елъэIу Жанболэт щхьэкIэ… МэзылIщ, жысIами…

Абы хэту ГупымыкI зыщIэс унэм куэсэ зэрамыщIэжу ин къыщIыхьащ. Ар Мэт-Джэрий и щхьэхъумэхэм ящыщ зыт. Щхьэхъумэм зэрыIуплъэу, цIыхубзышхуэр хьэщIэ лъапIэ куэд лъандэрэ зыпэмыплъар къокIуэ, къэсащ, жаIэу фызхэм хъыбар щрагъащIэм и деж Iэрпхъуэр хъууэ зэрызэплъыж, я щхьэц, я щхьэфIэпхыкI, я бостей зэрепхъуэм ещхьу, зыкIэлъыIэбэжри умэзэхащ. ГупымыкI нэщхъейуэ утыкум кърингэри. Куэсэм къикIу щымыIэу бжэщхьэIум пэмыжыжьэу лъэныкъуэкIэ текIуэтри къызэтеувыIащ. Мэт-Джэрий къыщIохьэ. Абы яужь нэгъуэщI зылI абрагъуи итщ. Ари щхьэхъумэщ. УнэIут фызым Мэт-Джэрий щхьэщэ хуищIащ.

– КъакIуэ, зи фIыщIэкIэ дыгъэр къытхуепс…

Хъаным Iэ ищIри, цIыхубзышхуэр щIэтаи-щIэмытаи – бзэхащ. ГупымыкI нэбгъузкIэ къыщIоплъ. Абы и гур къолъэт, и фэр пыхьэ-пыкIщ. Мэт-Джэрий жыхуаIэр апхуэдэутэкъым ГупымыкI и нэгу къызэрыщIигъэхьэр. ЛIышхуэу, нэкIэ пыджэу, зэплъар кIуэцIрисыкIыу… Абы и пIэкIэ илъэс хыщIхэм нэсагъэну лIы гъур цIыкIущ ГупымыкI и деж къыщIыхьар. Ар фагъуэщ, жьакIэ цIырхъ тетщ, нэгъуейнапIэщ. ГупымыкI илъэгъуахэу щыта дэтхэнэ зы нэгъуейми мыбы и щыгъыныр щытIагъи – хъанщ! Нэгъэсауэ хъанщ, тетышхуэщ! Дауэ мыбы и фIыщIэкIэ дыгъэр къызэрепсыр? Сыт апхуэдизу цIыхур игъэгулэзыну мыбы хэлъыр? Фэкъым, щхьэкъым. ГупымыкI хъаным и щхьэхъумэхэмрэ езы Мэт-Джэрийрэ зэригъапщэри, и дыхьэшхын къэкIуащ. «Щымыхъужми, сыкъыщадыгъуми, лIы хуэдэлI сыкъыхуахьамэ», – жиIащ абы игукIэ. ГупымыкI и мурада псори икъутэжащ. Хъаныр щимылъагъум, Жанболэт мыбы къашауэ къызэрищIэрэ, ГупымыкI и гугъат хъаным дзыгъуэ-джэду тIэкIу дэджэгуну, зытримыгъэгушхуащэу дэгушыIэну. Ауэ иджы. Хьэуэ, хьэуэ! Жыжьэрэ гъунэгъуу зыбгъэдигъэхьэнкъым. ГупымыкI илъэгъуа щауэхэр апхуэдэкъым. Хьэуэ!

– Еблагъэ, дыгъэр фагъуэу дэзыгъэлъагъу тхьэIухуд! – жиIащ хъа-

ным дэгу-дэгуу, кхъуэщыным къипсэлъыкI хуэдэ. Абы и псэлъэкIэр и фэм зэребгъэщхьын щыIэтэкъым. Мэт-Джэрий арат хэлъыр – и макъ шынагъуэр! ГупымыкI къэшынэжащ.

– Сытым укъытхуихьа, жысIэну… укъытхуэзыхьар сэ сощIэ! Сытхэр уи узыншагъэ? Къысхуэгъэгъу, Iуэхум сыкъыдэмыхуэурэ…

– Еблагъэ куэд ухъу, хъан, – жиIащ ГупымыкI Iэдэбу.

– Уигу ирихьрэ си щыхьэрыр? Си хьэщIэщхэр? Уи жагъуэ ящIыркъэ си унэIутхэм?

– ФIыщIэ пхузощI, хъан.

Хъаныр пыгуфIыкIащ. ЩIэращIэт хъыджэбзыр, дахащэт. КъинэмыщIарауэ нэмыс хэлъщ, зипIытI-зихузыркъым, Iэлу адэ-мыдэ зыдиудыгъуэркъым.

– Берычэт бесын, къызжоIэр, ы? – Мэт-Джэрий кIуэтэну зигъэхьеящ. – Си хьэщIэ лъапIэм…

– АдэкIэ укъызбгъэдэмыхьэ, хъан, – жиIащ ГупымыкI, лъэбакъуэкIэ икIуэтри. – Сэ, пэжу, Iэщэ сIыгъкъым, си Iэбжьанэ къудей ирипызупщIыну лэныстэ къысIэрагъэхьэркъым, ауэ, уи фIэщ щIы, Iэ спыткIэ, дзэ сIуткIэ. Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ, е уи нэр исщIынмэ, е уи псэр хэсхынмэ!

Мэт-Джэрий зэтеувыIэри, и щхьэхъумэхэм еплъащ. А тIум зыкърачат хъыджэбзыр яIуэнтIэну, арщхьэкIэ хъаным Iэ щищIым сабырыжахэщ.

– Iэпщэрыбанэм дыхуекIуакъым, хъыджэбз дахэ! Уи Iэ цIыкIухэри уи щынэдзэ дахэхэри умыгъэуз. Сэ уэ IейкIэ уи ужь ситкъым.

– СощIэ, хъан, ауэ бжесIар пэжщ. АбыкIэ си Тхьэшхуэр щыхьэтщ… сэри фIыкIэ фи ужь сызэритымкIэ!

– Ар сыту?!

– Зи сытращ, хъан. Мазэ нэсауэ сызыщIэс мы уи хьэщIэщым зы кIэртIоф уэздыгъэкъым щыблэр!

Мэт-Джэрий и фэр пыкIащ. НапIэзыпIэм абы и нэгу къыщIохьэ и щыхьэрыр мафIэсым зэщIищтауэ. Куэсэхэр шынауэ хъаным къоплъ, щIэмычэу я нэхэр ягъэупIэрапIэ.

– … Ауэ щыхъукIэ, мы уи щыхьэрыр сэ сиIа хуитыныгъэмрэ зы кIэртIоф уэздыгъэрэт зыхуейр, хъан. Сэ ар сщIакъым. Сэ цIыху, лъэпкъ сакъыхэкIащ. Сыщалъхуа хэку, абы и цIыхухэм я напэ, я хабзэ дахэ! ФIыщIэ яхуэщI абыхэм, хъан! Ар си жьэ къемыкIуэхэу, дрезгъэлыпщIеифынут псори. Иджы… сыбукIынумэ, сыукI, хъан, ауэ екIэ си ужь укъихьэу… Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ! Ар си тхьэлъанэщ! Мис мы куэсэхэм зэхах…

– Ахэр дэгущ! – жиIащ Мэт-Джэрий. – Абы зэхахынури ящIэнури си IитIымкIэ згъэлъагъуэрщ! Догуэ, хъыджэбз пагэ, мы си къулеягъым уезымыгъэплъ Жанболэт сукIмэ…

Хъаныр хущIэплъу и нэ цIыкIухэр ГупымыкI триубыдащ. Хъыджэбзыр мамырт, ауэ абы и мамырагъыр толъкъун укъубеяр зыщхьэщыт хы лъащIэм ещхьт…

– … Дауэ хъуну Жанболэт сукIмэ? Псоми абы сытрагъэгушхуэ! Жагъуэгъу куэд иIэщ! Къанлы скIэрыкIыжыххэркъым!

– УзэрегуакIуэщ, хъан! – жиIащ ГупымыкI. – Абы и унафэр си деж къэсакъым. Ауэ акъыл зиIэ абы утригъэгушхуэнкъым.

– Уэ акъыл уиIэщ, аркъэ?

ГупымыкI хъаным IупщI дыдэу къеплъа мыхъумэ, жэуап къритакъым.

– ГурыIуэгъуэщ, – жиIащ хъаным. – Ауэ мы зыр си гъэщIэгъуэныпIэщ: Жанболэт хьэпсым щIэсщ, уэ си хъугъуэфIыгъуэм ухэсщ! ТIуми… КIуэ, уэ аращ, уи ныбэ изщи, упэжщIэкъущ! Ауэ Жанболэт! Ар зыгъэерыщыр къызгурыIуэркъым! Абы и пэж, нэмыс, напэ къэт? МэжалIэр ерыскъыщ зыщIэбэнын хуейр! И ныбэ из зэрищIын! Ар гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэщ! ЯпэщIыкIэ уи ныбэ нэщI, итIанэ… КъызгурыIуэркъым фи лъэпкъыр! Къанлы хуэдэхэр цIыхущ, былымкIэ, мылъкукIэ нэпсейхэщ. Я фейдэ хэлъмэ, уи анэ укъэзылъхуам и быдзитIыр къыщIэупщIыкIи къысхуэхь…

– Къанлы цIыхукъым, адыгэкъым! – ГупымыкI и макъым нэхъ зригъэIэтащ.

– АтIэ си къуэм и щхьэр къысхуезыгъэхьыжа Жанболэт…

– Зи щхьэ къыпхуахьыжа уи къуэм си дэлъхур хьэдэгурышэу…

– Хъунщ, а псори блэкIащ! Зауэ щыхъукIэ, зыгуэри хьэдэгурышэщ, зыгуэри яукI! Жанболэт и псэр уи IэмыщIэ изолъхьэ иджы… Арэзыныгъэ хэплъхьэрэ – къэзгъэнэнущ, хьэуэ…

– Хьэуэ, хъан, хьэуэ! Гугъэ нэпцI умыщI. Жанболэт и гъащIэр си Iуэху къыщепхакIэ, си ажалри абы пыщIа ирехъу! Сэ… сэ…

– Уэ упсэунущ!

– Сыпсэунукъым! Си IитIкIэ си псэр…

– Уи IитIыр езгъэпхынщ! – Мэт-Джэрий зигъэкIэрахъуэри щIэкIыжащ. Япэу ГупымыкI и гум къэкIар Жанболэт щыIэжкъым, хэхыж уи псэр уи IитIкIэ, жиIэу арат. АрщхьэкIэ зыщIэгупсысыкIыжащ, и анэ, и адэ, я лIахэм я деж и гур жащ. Абы ГупымыкI щабэ ящIащ, къызэтрагъэувыIащ. «Си IэкIэ згъэныж си псэр ди лIахэм зыбгъэдагъэхьэнукъым», – Iущащэу жиIэщ ГупымыкIи, мы яужьрей махуэхэм и нитIым къемыкIуэжа нэпсыр кърикIутащ.

А махуэм ещхьу къыкIэлъыкIуэхэри кIуащ ГупымыкI зызыхуигъэхьэзыра, зыпэплъэ хъыбар бзаджэр – Жанболэт щыIэжкъым – къыщIэмыIуэурэ. Пщэдджыжь къэс азэн джэн муIэзиным зэриухыу, ГупымыкI и деж къыщIыхьэ цIыхубзышхуэм хъыджэбзыр щтэIэщтаблэу еплъырт, мис иджыпсту къызэщыхьэкIуэнущ, жиIэу. АрщхьэкIэ фызым кърigъэкIуэкIыр нэгъуэщIт. ГупымыкI хъаным и зы гъэрэм зэрыщIагъэтIысхьам хъан-сэрейм дэт псоми кърахат адыгэ хъыджэбзыр IурыщIэ хъууэ, ар Мэт-Джэрий и щхьэгъусэхэм яхыхьауэ. А хъыбар нэпцIыр пэжу къащигъэхъуну хъаныр пщыхьэщхьэкIэрэ ГупымыкI и деж щIыхьэрт. А псор фIыкIэ иухынукъым. Арат ГупымыкI зи сабийм хуэдэу фIыуэ зылъагъу хъуа цIыхубзышхуэм игу щIэгъур. Фызышхуэр иригузавэрт ГупымыкI и дахагъыр зэрыкIуэщIынум, ар арэзы щIэмыхъум. Хъаным зэ пщихьынщ, тIэу пщихьынщ, итIанэ… Мэт-Джэриймi ар игъэщIагъуэрт. IэпэдэгъэлэлыIуэ ищIащ абы адыгэ хъыджэбзым и Iуэхур. ЩищIалэгъуэми ищIэжыркъым иджы хуэдэу цIыхубз щхьэкIэ гупсысэгъуэ хэтауэ… Догуэ, и жьыщхьэ лъагъуныгъэ жыхуаIэр къыхуэкIуа? ИгъащIэм зэмыгупсыса Iуэхугъуэхэм щIэгупсыс хъуащ. Тепщэныгъэу, залымыгъэу иIэ псори хъыджэбзым зэрыIуплъэу фIокIуэд. Апхуэдизуи ерыщыфэ теткъым адыгэ хъыджэбзым. ИтIанэми бгъэдыхьэпIэншэщ. Лей ирихыну, залымыгъэ хуекIуэну езы Мэт-Джэрий тегушхуэжыркъым. Ар зы-

хуейр зыкъыхуагъафIэу, зыкърашытIылIэу къеубзэрэбзэнырти, дэнэ? Аркъудей фэ теткъым зэгуэр хэшэну. Ди дин къудей къищтэркъым. Нэмэзыбзэ иригъэщIэну, нэмэз уахътитхур иригъэщIыну зыжриIа цIыхубз тхьэмыщкIэм иджы дыдэ лъы нэпскIэ зитхьэщIащ. НэщI мазэм ефэндышхуэм и псалъэкIэ дыгъэр къыщыщIэкIым щыщIэдзауэ къухьэжыху дзэкъэгъуэ Iуагъэхуакъым, итIанэми нет къищтэу зы нэщI махуэ къригъэзакъым.

Къурмэн махуищым Бахъчисэрай зикъутэжыпэрт. Ар гуфIэгъуэ тIуащIэт. Тыркудзэм щIыгъуу Мэт-Джэрий и сэмэнхэр хьэмшэрийхэм ятекIуауэ хъыбар къахьащ. Абы щхьэкIэ тхьэлъэIуу ящIар, мулиду екIуэкIар! АрщхьэкIэ зы цIыху закъуэ къэнащ Бахъчисэрай и гуфIэгъуэм хэмыту, хэмыплъэу! Ар ГупымыкIщ.

– Ди текIуэныгъэр пхуэзгъэфащэмэ, сыт жыпIэнт? – Мэт-Джэрий абы щеупщIым, ГупымыкI жиIащ:

– Берычэт бесын! БжесIауэ щытарщ!

Мэт-Джэрий къызэщIэплъауэ ГупымыкI зрипщытат, ауэ яужь зэманхэм хъыджэбзым дзыхь къыхуащIа мастэ-Iуданэ, хэдыкIхэм лэныстэр къахипхъуэтащ. «Си гъэрыпIэм ис хъыджэбзым си гур гъэру иIыгъщ!» – зиумысыжащ Мэт-Джэрий.

* * *

Бахъчисэрай жейм хэтщ. Мэжджыт лъагэхэм я щхьэр мазэм егъэнэху. УIэбэу къипщыпыкIын хуэдэ, уафэм вагъуэхэр изщ. Мэт-Джэрий и къалэр мамырщ.

Къулъшырыфу къещIэкIа хъан-сэрейм щхьэщыт чэщанэхэм хъаным и жэщ плъыр, къэрэгъулхэр щызэподжэ зэзэмызэ. Пшэ гуэрэн цIыкIум къыкъуэкIыжа мазэм Iуащхьэ лъагэм тет чэщанэмрэ абы хуэкIуэ цIыхуитIрэ къигъэнэхуащ. Зыр лIы есщ, гушхуауэ мэбакъуэ, адрей нэхъ зыIэщIэлъым IункIыбзэрэ финар щIэгъэнарэ иIыгъщ. Къэрэгъули плъыри абы я гугъу ящIыркъым. Ахэр Iуащхьэм тет чэщанэм щIыхьащ. ПкIэлъей IэслъэсымкIэ щIыунэм йох. IункIыбзэр лъэхъуэщхэм я тетым Iуихри икIуэтыжащ. Мэт-Джэрий Iэ ищIащ, ар хуит зэрыхъужар къригъэкIыу. Езым хьэпс гъущIыбжэжь улъияр ирегъэузэщIыкIри щIохьэ. Мыр Мэт-Джэрий и бий шынагъуэхэр щиIыгъ хьэпс щэхущ. Мывэу къищIыкIащ, щIыIэщ, псыIэщ. ЦIыху зырызу зыщIэс гъуэмбырэщхэу зэпрыхукIащ, язынykъуэхэм гъущI хъар хэлъу щхьэгъубжэ тIэкIу пхыгъэмбащ, адрейхэм дагъэ фам ипI хьэнэфий уэздыгъэ щIэтщ. Мэт-Джэрий зыщIыхьам щхьэгъубжэ хэльтэкъым. Финар нэхур хъаным хьэуазэм хэлъ Жанболэт трыригъэдзащ. Гъэрыр шынагъуэт. ЖьакIэ фIыцIэшхуэм абы и бгъэр зэхуищIырт, и нэкIу фагъуэр щхьэц кIырым къыхэщырт.

ЯпэщIыкIэ Мэт-Джэрий игъэщIэгъуащ Жанболэт зэрыжеифыр, итIанэ ар шынащ мы псэууэ щIатIар, жиIэри. «Сэращ мыр зыIэщIэлъыр, си IэмыщIэ къихуа гъазэ иIэкъым», – сэро и псалъэхэр мы хьэпсым и дэтхэнэ плIанэпэхэми къыдэщ хуэдэт. Мэт-Джэрий и щхьэ хуэпсэлъэжу Iущэщащ. Жанболэт къызэщоу. И нэкIум илъ щхьэцыр иридзэкIщ, зыгуэрым щIэбжьахъуэ хуэдэуи, Жанболэт Iэдэбу къэпсэлъащ:

– Ухэт уэ? Си хьэдрыхэ пщIыхьыр щхьэ пкъута?

Хъаныр къэскIащ. Япэу абы игу къэкIар зищтэу къыщIэжыжынырт, ауэ дзыхьмыщIу, Iэнкуну жиIащ:

– Сэ сыхэтми, уэркIэ зэхуэдэ си гугъэщ. Ауэ къыпхуэсхьа хъыбарым…

Жанболэт и Iэхъулъэхъухэр игъэпсалъэу къызэфIэуващ, и нитIыр лыду хъаным лъэбакъуэ хуеч:

– ХъыбарыфI къысхуэпхьауи?! СэркIэ иджыри хъыбарыфI щыIэщ! Уэ улIыукIщ! Аракъэ? Си ажал къэпхьащ! Ар сыт насып! Ди тхьэшхуэм сызэрелъэIуар къысхуищIащ! Мы Мэт-Джэрий хьэпс зыфIища кхъэм зым и хьэдэкъым щIэфыхьар! Сэри абы я щхьэ къупщхьэм пIэщхьагъ щысщIат! – Жанболэт и Iэхъулъэхъухэр зэрегъэшх. – Мыбы хъан залымым епхъэшэкIа зыкъым яхьар! Сэри лIы и лIэкIэ ажалым пэIуджэ сащIащ. Иджы… ди Тхьэшхуэ! Мы дунейм тетщ захуагъэ! Уэ сыщIэпшынурэ… зы жьы Iурыуэгъуэ, зэ зыплъыхьыгъуэ къызэптынкъэ? А жьыр си хэку кърихунущ, си лъахэ вагъуэхэр… сэ, дауи, жэщущ сыщыбукIынур, иджыпсту жэщкъэ? НакIуэ, сэ сыхьэзырщ!

Мэт-Джэрий зигъэхьеякъым.

– Гъэрыр ущыуащ, – жиIащ абы. – Сэ сылIыукIкъым. Къыпхуэсхьари ажалкъым, атIэ гъащIэщ, щхьэхуитыныгъэщ!

Жанболэт икIуэтри, жыглыцым щIигъэна мывэ блыным зригъэщIащ. ИтIанэ хуумыгъэфэщэну ткIийуэ жеIэ:

– Щхьэхуитыныгъэр пщылIыныгъэкIэ сигъэхъуэжыну армырауэ пIэрэ хъаным аргуэру къыщIысхуигъэкIуар?! Си напэр имыуасэу пIэрэ абы къысхукъуигъэплъ гъащIэм? Хъаныр зыхуитыр мы хьэпсырщ! НэгъуэщIкъым! Си напэр, си лIыгъэр, мыбы силIыхьми, сэращ зейр! Ар сэ си фащэщ! Лъы IэмпIэ сщIэтуи зэстыни зэсхъуэжыни щыIэкъым, куэд щIауэ сагъэIулэми!

– Сэ сыкъыщIэкIуар уэ иджыри къэпщIакъым, – жиIащ Мэт-Джэрий и щхьэр къиIэтри. – Ар икIи гъэщIэгъуэнкъым: гъэрыпIэм ис хамэщI ныбжьэгъу щылъыхъуэркъым икIи щыпэплъэркъым. Дэнэ? Пэжщ, тхьэмыщкIэ, пэж. Уэ ныбжьэгъу къэбгъуэтащ. Ахэр хьэзырщ хуит уащIыжу, уи хэку уаутIыпщыжыну! Иджы уарэзы хъыбарымкIэ?

– Ужин уэ, хьэмэрэ умелыIыч? Щхьэхуитыныгъэм, насыпым я хъыбар си деж цIыхум къахьэсыфынкъым. Зэ жыIэжыт! Сэ сыщхьэхуитмэ, си лъахэ слъагъужынщ! Сэ нэгъуэщI сыхуейтэкъым! Си хэку, фIыщэу слъагъу, си хэку! Сэ уи деж нэзгъэзэжынущ, услъагъужынущ! СыщапIа губгъуэхэр! Ди къуршыжьхэр! Мэзыжьу зи жьауэ сыщIэхъукIа, си щIалэгъуэр хуиту, насыпыфIэу щысхьа си лъахэ! Дапщэрэ къэхъурэт мы бэным сыдэсу къуршыбгъэ лъэщхэм я макъ си тхьэкIумитIым къыщиIуэ! Абдеж лъэгуажьэмыщхьэу, оу, си лъэпкъ пагэ, къысхуэгъэгъу!.. Сэ лъэгуажьэмыщхьэу къэрэгъулым селъэIурт сылIа иужькIэ къемыхьэлъэкIыу си хьэдэр а къуанщIэ лъэщхэм яхуидзыжыну! Си гугъэт а уэшхуэр зи щапхъэ, хуитыныгъэм и бын къуршыбгъэ дахэхэм сэ сагъэщIэхъункъым, си зы къупщхьэ нэхъ мыхъуми, си хэку нахьэсыжынщ жысIэу. Ахэри сэ схуэдэу ди къурш щхьэ лъагэхэрщ зыпIар! Дэ дызэшщ, дызэрошIэ… Иджы сэ сыщхьэхуитщ, си лъахэ згъэзэжынущ! Абы и акъужь къысщIихунущ, и уафэ къащхъуэ сиплъэжынущ! Си гъащIэр абы и щхьэлъэпIагъым щIэстынщ, сылIэмэ, си хьэдэр абы щыщIалъхьэжынщ. Оу-у, ди Тхьэшхуэ! АркъэнкIэшым сытесу шы емылыдж… – Жанболэт и нэпс къекIуащ. Абы и нэгу къыщIидзэжащ

мы бэлыхь псом щыхэхуа махуэр. АркъэнкIэш аркъэн, шы мыгъасэ… Зауэм и гуащIэгъуэу Жанболэт и пцIэгъуэплъыр щIаукIыкIат. Япэ къыпэщIэхуа шым зридзри, Жанболэт хъаным и сэмэнхэм я дзэзешэр щIигъэIат. Псоми яхэжауэ Жанболэт аркъэн кърадзащ. Бетэмал, шыр аркъэнкIэшу къыщIэкIынт, зэщIэувыIыкIащ. Ар пцIэгъуэплъырауэ щытамэ, аркъэн къэзыдзар Жанболэт къихьынт. Е жэрыжэм зэрыхэту, е игъэкIэрэхъуарэ аркъэным ирижэу. Абы и пIэкIэ езыр шым трачри чачэу иралъэфэжьащ. ИтIанэ…

Жанболэт ину щэтащ.

Мэт-Джэрий сын гъэжам ещхьт. Абы и щхьэм Iэджэ гупсыси къэкIат, ауэ псом япэр и гъэр щIалэр, сыт хьэзаб темылъами, зэрыбыдэрт, абы и хэку хуищIа лъагъуныгъэшхуэм зыри пэмылъэщауэ, зэрыригушхуэрт, зэрыripагэрт. Гъэрым апхуэдиз нэмыплъи хэлъщ. Лъагъуныгъэрэ нэмыплъу зэпэгуэшащ Жанболэт и гъащIэр. ЦIыхум и щхьэр зыгъэлъахъшэ гуэри абы я зэхуаку дэткъым. Апхуэдэр е псэун, е лIэн – аращ. Зи къарур ин! Мэт-Джэрий къурIэным и зы сурэ игу къэкIыжащ: «ЦIыху цIыкIу, уи щхьэр бгъэлъапIэкIэрэ, Алыхьым и цIэр уоIэт. Абы псори къигъэщIащ. Уэ пщIэфымкIэ ар щыхьэтщ. ЗылъэкIи зылъэмыкIи, фщIар фи фащэу, Алыхьым и пащхьэ фиувэжынущ. Ар хейщIакIуэщ».

– Дапщэщ сэ хуит сыщыхъужынур? – жиIащ тэлай дэкIауэ Жанболэт.

– Ар плъагъуркъэ, – Мэт-Джэрий мэгупсысэ, – хъаным и деж Бибей и пхъур щыIэщ.

– ГупымыкIи?

– ГупымыкI.

– ГурыIуэгъуэщ иджы. Хьэуэ, – жиIащ Жанболэт, – апхуэдэ уасэкIэ сэ си щхьэхуитыныгъэ къэсщэхужыфынкъым. Хъанми сэ щауэкъуэт сыхуэхъункъым. СызыхуэкIуэжым сыт къызжаIэн? Хьэмэрэ пхъуантэм сыдэсу си гъащIэр схьын? Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, хъаныр си арэзыныгъэ къыщIоупщIэ. Ауэ щыхъукIэ… Хьэуэ. ГупымыкI сэ фIыуэ сольагъу! Си арэзыныгъэ хэлъу ар хъаным схуетынукъым! Ар къызогъанэри… Хьэуэ, – Жанболэт и хьэуазэпIэм гъуэлъыжащ. Мэт-Джэрий зи жагъуэ ящIа цIыхуу, нэщхьей хуэдэу зещI. Абы фIэфIт, дихьэхырт и гъэрыр адэкIи игъэунэхуну. Бий фIэкIа ныбжьэгъуи, жэрэгъуи, лъагъуныгъи зимыIэ хъаныр нобэ теуащ. «Си гъащIэм нэхъ гуакIуэу, нэхъ дахэу хэлъа дакъикъэхэм ящыщщ иджыпсту», – и фIэщу зыжриIэжырт Мэт-Джэрий.

– Догуэ уэ ухэлIыфIыхьамэ, ГупымыкI арэзы хъуну уи гугъэж? – жиIащ абы хъуэр хэлъу.

– Си хьэтыр, жысIэми… Кърым хъан Мэт-Джэрий къызогъанэри, си хьэтыр жысIэмэ, ГупымыкI хьэщхьэвылъэм дэкIуэнщ, – Жанболэт и фIэщу жиIащ. – Иджы абы шэч къыщIытезмыхьэр… ГупымыкI ещIэ сэ си гъащIэр кIыхь-кIэщIмэ, апхуэдэу сызэремылъэIунур!

– ДумыгъэщIэхъу, – жиIащ Мэт-Джэрий, дыхьэшхыурэ. – Сэ сы-Мэт-Джэрийщ, Жанболэт. Щылъ, укъэмытэдж! Иджы, Жанболэт, сэ сызыхапIыкIар бзаджагъэрэ нэмыплърэщ! Сызыхэтхэр е напэншэщ, е IуитIбзитIщ. Зыкъым сэ си псэм къыхузэпещэр. Абыхэм аслъэну забжыж! Ауэ ящIэркъым аслъэным нэхъ хьэлъэу уеуэхукIэ нэхъ IурыщIэ зэрыхъур! Аслъэн гъэсар хьэм нэхърэ зэрынэхъ Iэсэр!

Жанболэт игъэщIагъуэу Мэт-Джэрий къеплъащ.

– Догуэ, Мэт-Джэрий, укъыщIысхуэкIуам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIи! КъызэрызгурыIуэмкIэ, уэрэ сэрэ дызэбгъэкIужынут. ПщIэрэ уэ уи сэмэнхэм си хэку щащIар? Плъэгъуа сабий шы лъабжьэкIэ яутэу, уи нэгу къыщIэбгъэхьэфын тхьэм и щIасэ хъуа лIыжьыр ажэ щхьэгуэжьым хуэдэу жьакIэкIэ кърашэкIыу? ЦIыхур, хъан, дэзыхьэхым и гъэрщ. Ауэ абы яхэлъщ фIыщIэ щIахуэпщI хъун! Ар и хэку, и цIыху яхуищI лъагъуныгъэрщ, залымыгъэм, и хабзэ, и псэукIэ зэхэзыкъутэну яужь къихьам зэрызыдимыгъэшырщ! И хэку и бийм ирипэс нэмыплъырщ! Аслъэныр пхуэгъэсэнщ узэрыхуейуэ, хъан! ЦIыхур… сэ цIыхурщ жыхуэсIэр… и лIыгъэкIэ псыхьащ! Абы аслъэныгу кIуэцIылъмэ, – аслъэнщ, гъасэ! Дыгъужьыгу кIуэцIылъмэ, – дыгъужьщ, гъасэ! Бажэр – бажэщ, тхьэкIумэкIыхьыр – тхьэкIумэкIыхьщ – гъасэ ахэри! Ауэ цIыхум цIыхугу кIуэцIылъмэ! Ар цIыхущ, абы лей къыуихынкъым, епщIаи къыпщIигъэкIуэнкъым!

– Си къуэм и щхьэр…

– Уи къуэм и щхьэм уэ ухуеижтэкъым, Мэт-Джэрий!

Хъаныр гъэрэщым къыщIэкIыжащ. «Ещэн, ещэн тIури джунузхэм! Ещэн, си натIэм ихын», – и щхьэ щыджэрэзу Мэт-Джэрий къызэришэрэ илъэс мыхъуа и фыз нэхъыщIэ Заирэ дахэ деж щIыхьащ.

Заирэ ныкъуэзытIэщIу гъуджэм кIэрытт. Ар бгы псыгъуэт, и шхужьитIым еплъагъулIэмэ, плIэ Iуzэт, и лъакъуэхэр гъумт, захуэт. Тырку сультIаным зригъэщхьу, Мэт-Джэрий лъакъуэ гъум фIыуэ илъагъурт.

Узыншагъэрэ зэIузэпэщкIэ къыщыпкIыу гъэнщIа и Iэпкълъэпкъыр блэм хуэдэу иIуантIэу Заирэ Мэт-Джэрий къыбгъэдыхьащ. Ар хъаным и къэкIуэныгъэм щыщыгуфIыкIыну зэманыр зэрыблэкIрэ куэд щIат. Нэщхъейт. Адрей жэщхэми ещхьу, Заирэ игу зэщыуэхункIэ и лIым пэплъэри, щымыгугъыжу и шыгъушыпсыпIэ хэгъуэлъхьэжыну зигъэхьэзырат.

– Сыт къэхъуар, Заирэ? – жиIащ хъаным, и фыз гъэфIэныр зэрыгущIыIэр и нэ къыфIэнауэ.

– Зыри, – жиIащ цIыхубзым, и напIэхэр игъалIэри.

Мэт-Джэрий и щхьэгъусэр и бгъэ щIикъузащ. Абы и натIэм IупэкIэ йоIусэ. «Аращ, кIэ иIэщ лъагъуныгъэм. Седжакъэ, уи натIэм ба… Си насыпым нэхърэ нэхъыбэкIэ сэ щхьэ сыпсэуа?» Заирэ къыщиудащ. Ар магъ, гуащIэу, гуIэу. Псалъэхэр и тэмакъ тена хуэдэ, фызым жиIащ:

– Сыту сынасыпыфIат! Iэуэ къыздэплъэм сыдэумэзэхыу… Абы щыгъуэ щхьэ сымылIарэ? Иджы гъыбзафэр згъэшу нэху къыстощхьэ! Нейхъэрэт, сыт щIа? Сыт щIа? Си закъуэ…

– Заирэ, Iуэху…

– Си пщышхуэ, си тепщэ, си псэр къурмэн щхьэузыхь зыхуэсщIын! – Заирэ гуапэу, быдэу Мэт-Джэрий зришэкIащ, и нэпсхэр джэшым хуэдэу къелъэлъэхыу, – сэ уэ уи IэмыщIэ силъщ, сэ уэращ нэкууи напIэуи сиIэр, ауэ си гур къыумыгъапцIэ! Япэхэми щыIащ шынагъуэ! Ар дэ зэдэдгуэшырт! Япэхэми Iуэхум уэ си бгъафэм ущIашырт. АрщхьэкIэ укъэпIащIэу… АбыкIэ сэ сынасыпыфIэт, си гъащIэр изт! Сэ сыцIыхубзщ! Уи IэфIагъ фIэкIа, сыузыншэхукIэ, сыдахэхукIэ жысIэркъым. ИтIани уэ псоми сыщIэбгъэдэIурт, сыбгъэгуфIэрт, сыбгъэинырт! Абы сэ хэсщIыкIарэт, джунузхэр къобзэджэкIыну хэта-

ми, Истамбыл и жагъуэ пщIами, Арысейм уатегуплIами! Ауэ сыумэзэхауэ, си тепщэр зэрыакъылыфIэ, зэрылъэщ, зэрыдахэ жысIэу сэ а псом сыщIэдэIурт, нэхъри нэхъыфIу услъагъуу!.. ИтIанэ адыгэхэр! Зи цIэ зэхэзмыхыжын адыгэ IумпIейхэр! Оу-у, ди Алыхьышхуэ! Узыфейм, емынэм, талом щхьэ иумыгъэхьрэ ахэр! Мы си гум, мы си псэм бампIэу къыдалъхьар…

– Заирэ! Заирэ дахэ! Сыт жыпIэр? Си гъэр хъыджэбзыр…

– Аращ, аращ а щыблэр зэуэныр!

– Дауэ? Заирэ, абы и Iуэхур узэрыхуейуэ…

– Пылъэ и щхьэр! Хьэтыр уиIэмэ, пылъэ! – Заирэ и нэ пIащэшхуэхэмкIэ Мэт-Джэрий еплъащ, елъэIуу.

– Бзылъхугъэм и щхьэ пыплъэну Аллахьу тэхьэлам фIэдурыскъым, – гушыIэрт Мэт-Джэрий.

– Шы емылыджкIэ зэкIэщIегъэтхъ! – и фIэщт цIыхубзым.

– Абы зинэ ищIакъым, Аллахьу тэхьэлам фIэкъабыл хъункъым.

– Сэ щхъухькIэ…

– Сэ лIыукI и гупэ сыгъуэлъыжыфрэ? – сэмэркъуом дихьэхырт Мэт-Джэрий.

– АтIэ ещэ джунузхэм…

– Догуэ уи унэIуту…

Заирэ мэгупсысэ. Ар къэгуфIэжащ. Мэт-Джэрий абы и нэпсхэр илъэщIри ба хуищIащ. И Iупэхэм. Лъагъуныгъэм, бам хуащIа Заирэ и Iупэ дахэхэм.

– Си Заирэ дахэ, си Заирэ бажэ! КъапщтэрэунэIутыр? Куэдрэ ухэмыплъэ, сыщIегъуэжынщ! – и гурыфI къызэрикIам тетт хъаныр.

Заирэ насыпыфIабзэу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

– Ар сыт щхьэкIэ? – игъэщIэгъуащ Мэт-Джэрий.

– Си деж укъакIуэмэ, ар нэкIэ къэплъыхъуэу… Бадзэ и дзапэ узылъэщ, сыхуейкъым.

Хъаныр дыхьэшхащ.

– Си Заирэу джэдум хуэдэ, умышынэ. Гъэр пщащэми, гъэр щауэми пщэдей сапыкIынущ. Хъунщ ар. Мэт-Джэрий жыхуаIэр абыхэм иджыри ящIэркъым! ЗакъезгъэцIыхунщ! – Мэт-Джэрий ябгэу жиIащ.

– Армырати хабзэр! СлIо ахэр? Хабзэкъым, бзыпхъэкъым. ХьэкIэкхъуэкIэм хуэдэу нэмыси-асыли яхэмылъу мэзым, къуршым исхэщ! Iимани дини ящIэркъым. Хьэндыркъуакъуэ нэгъунэ яшхыу жаIэ, уегуакIуэмэ! – бзэрабзэрт Заирэ, игъащIэм зэхимыхахэри къыжьэдэужьгъыкIыу.

Мэт-Джэрий аргуэру пыгуфIыкIащ.

– Си жагъуэгъущ жыпIэу пцIы ятумылъхьэ! Хьэндыркъуакъуэ зышхыр ахэр аракъым. Iимансызхэр пэжми.

– Аращ, ди Алыхь дотэ! – и гур къызэрыгъуэтыжыпауэ псалъэрт Заирэ.

– Аракъым! УмыщIэ умыIуатэ!

– НытIэ хэт? Хэт? Плъагъурэ? – Тырку сулътIанышхуэм нэхъыфI дыдэу илъагъу пэщэм ипхъу Заирэ цIыхубз Iэсэхэм ящыщтэкъым. Абы и гужьыр илът иджыри.

– Аракъым жысIащ! – Мэт-Джэрий и макъ шынагъуэм Заирэ дэумэзэхащ. – Хьэндыркъуакъуэ ямышхми, абы яшхын ягъуэт! Шхынрэ хьэщIагъэкIэ абы ядэбгъуэн щыIэкъым. Ауэ IумпIейхэмэ…

– Адыдыд! Щхьэ ямыщIэжрэ абы зызыпашэр!

– Пагэ я куэдщи! Пагэхэщ зэрыщыту.

– Я пэр щIым яхущыхуамэ, сыкъащIэнт пагэ! Уи щIалэ хъарзынэр зыIэщIалъхьащ. Абы щхьэкIэ хъунт а Жанболэт жыхуэпIэр бжэгъум фIэбгъэтIысхьэ! СыкъищIэнт итIанэ, – Заирэ абы щIытригъэчыныхьыр Жанболэт яукIмэ, ГупымыкI зиукIыжыну зэхихати арат.

Мэт-Джэрий ней-нейуэ и фызым еплъащ.

– Ари уи мыIуэхущ! УкъызэрыкIа хуэдэ! Ахьмэт абы ямыукIами… гъащIэшхуэ зиIэхэм ящыщтэкъым. Бийхэм ущыIущIэ и пIалъэщ. Абы ар ищIакъым, япэ зэрыIуууэу и щхьэр фтреящ. Зыхуэмыщ уэщыкI и Iыхьэщ. Ауэ мы Жанболэт. IупэфIэгъу къэсщIыфамэ… Мис апхуэдэкъуэ зиIэм ухуей-ухуэмейми уехъуапсэ хъунут… Абы и щхьэм и лъэпкъ псор телъхьэ къысхуищIыфынут сэ… Гъэш зыщыбэм цIыхур щыбейщ. Абы Iэщышхуэ яIэт, къулейхэт, – и щхьэ хужеIэж Мэт-Джэрий.

– Биижь благъэ пщIынуи.

– Хъунщ. Сешащ. Биижьыр ахэр аракъым. Биижьыр нэгъуэщIыпIэщ здэщыIэр. Арат сэ абы сащIыхуейри. Шууейхэщ, шыщхьэмыгъазэхэщ.

«ТхьэмыщкIэ, узыщысхьыжыркъым, уи щхьэ уеплъыжыркъым. Уи вакъэхэр щызгъэхыт. Уи лъакъуэхэр пхуэстхьэщIын, псы хуабэм хэбгъэувэн?» – къэгуфIэжыпат Заирэ, лъакъуэ гъум и пщышхуэм «сешащ» щыжиIам. Ар мыдрей псалъэхэм едэIуэжакъым. Гъэр хъыджэбзым и насып текIуа фIэщIыжу, езым иджыпсту жиIэ псори нэгъуэщIым хъаным къыхуищIэу зэхихмэ, зэрылIыкIынур, и ажалыр зыхэлъыр ара къыщыхъужу, Заирэ тас-къубгъан къещтэ, Мэт-Джэрий и лъакъуэхэр хуетхьэщI. Фызым тIуанэ къытращIауэ зэхих нэхърэ, и псэр и IэкIэ хихыжмэ нэхъ къищтэнут. Езыр тIуанэ зытращIа физ нэхъыжьхэм зэрызамылIэжар игъэщIагъуэрт. Ахэр зэгуигъэпырт, IупщIэ яхуищIу, сытри ярипэсу. Абыхэм ещхьу Заирэ къэнэжынуи! ЗыщIэнэкIа псори къыпекIуэкIыжынуи! Ар Алыхьым иухакъым. Япэ махуэхэм, ГупымыкI  къыщашам, абы игъэвар. Пщыхьэщхьэ къэсыхукIэ, пщэдджыжь къэсыхукIэ адыгэ хъыджэбзым и унэIут фызышхуэр IупэфIэгъу къищIарэ псори жригъэIэу, еубзэу, зыгуэрхэр ириту. Iэрымылъхьэу зыми зыри къыпхуащIэнукъым. ПщIэншэ уадэ Iэтыгъуейщ. Хьэщхьэвылъэ хуэдэ, а фызышхуэри бзаджэт. ГупымыкI жыхуаIэ а блащхъуэжьейм зыгуэр иригъэшхамэ, зэфIэкIати, ириIуэкIириIуэкIми мыхъуу иджы къэсащ. Куэду фIыкъэ атIэ иджы! Хъаным езым си деж къигъэзэжащ. Адыгэ хъыджэбзыр Iей хъууэ аращ фызышхуэм жиIар. Хъарзынэкъэ. Уэдыр Iушэщи, пшэрыр дахэщ. Си хъанми ар къыгурыIуэжагъэнщ.

* * *

Нэмэз ищIауэ мэжджытым къыщIэкIыж пэтрэ Мэт-Джэрий и сэрдэр нэхъыщхьэм жриIащ:

– А шэрджэс щIалэр бэзэрым егъашэ. КIыхьлIыхь хъуащ абы и Iуэхур, Iэпэдэгъэлэл хъуащ. Егъашэ. КъыщIэкI и уасэщ, ауэ нэхъ жыжьэIуэ Iузышын щэхуакIуэ кърегъуэт. А сэ слъэгъуам и дежкIэ сыт хуэдэ ажалым нэхъри нэхъ хьэлъэщ псэууэ и хэку пэIэщIэу и гъащIэр ихьмэ! ЩIым къыхэпча удзыр бгъэгъуи бгъэфи мэхъу. ХамыгъэкIэж

закъуэмэ аращ.

– Джунуз щэхуакIуэхэр кIащхъэ хъуащ бэзэрым…

– Уи фIыщIэкIэ жыпIэркъэ, сэрдэр! – Дыгъужьыр зэбгъасэмэ, жэщ къэс къэкIуэнущ.

– Уи фIыщIэкIэ, уи фIыщIэкIэ, дыгъэр къытхуезыгъэпс!

– Аращ атIэ! Хъунщ, джунузми, румми, фракми Iурыреш, и хьэдэр къуанщIэм къыздрамыхыжын егъашэ!

Мэт-Джэрий, и гъуэгум къыщыхуэзэхэр ехуэхрэ щхьэщэ ящIу, кIуэрт, нышэдибэ къыщIэкIа дыгъэр пэж дыдэу, хуит зыщIар езыра фIэщIыжу.

Сэрдэр нэ лъэныкъуэм жиIащ:

– Зи фIыщIэр ин, джунуз хьэщIэ диIэщ. Ар дыгъуэпшыхь гувауэ къеблэгъати узгъэпIейтеякъым.

– Сыт? Сандуджэр? Джунуз щэхуакIуэ бэзэрым темытыжу жыпIати?

– Хьэуэ, зиусхьэн, мыбы гъэр ищэхуркъым. Мыр тхакIуэшхуэщ. ИлъэситIи щыи хъуауэ, къежьауэ и нэгу зрегъэуэжь, лъэпкъхэр, къэралыгъуэхэр зрегъэцIыху.

Хъаным ар и гуапэ хъуащ. Мэт-Джэрий цIыху губзыгъэхэм, къалэмыр Iэщэу къыхэзыхахэм яIущIэну фIэфIт. Абы езым зы щхьэгъавэ къом иIэщи, набдзэ щащIкIэ нэр иращI. ИтIанэ хамэ цIыхум и псалъэр… Абы Мэт-Джэрий дунейм трегъаIуэ, егъэин, егъэбжьыфIэ. Зы жьэ жьэдыхьэр жьищэ жьэдокI, жьищэ жьэдэкIыр… ИтIанэ Мэт-Джэрий и мыжурэпэр, сэшхуэр, фочыпэр зыхуигъазэр мэгулэз, лъэгуажэмыщхьэ зрагъэуэри, щхьэщэ къыхуащIу къыпожьэ. ГъащIэ нэхърэ сыт нэхъ лъапIэу щыIэ цIыхум дежкIэ. Псори псэуну хуейщ. Псоми ХьэзрэIил бегъымбарым и сэшхуэм хуэмызэмэ нэхъ къащтэ. Ауэ, бегъымбарым зэрыжиIащи, зы джаур фасикъ абы хуэбгъэIущын щхьэкIэ, аллохьу тэхьэлам абы и гур хуэбгъэушын щхьэкIэ, пщIым, тIощIым я щхьэр я дамэм къебгъэлъэн хуей мэхъу. Ар Темыр щIакъуи ищIэрт. Къэралыгъуэ зыIыгъыр цIыху ткIийщ, цIыху залымщ. Мэт-Джэрий абы фIыуэ щыгъуазэщ. ИкIи апхуэдэ хьэщIэхэр къыщригъэблагъэкIэ зыщигъэгъупщэркъым Темыр щIакъуэ. «Зи щIы кIапэ япэу техьам абы ярищIэу щытар пщIэрэ? – жеIэ апхуэдэхэм деж Мэт-Джэрий гушхуауэ. – Псом япэ зыхуэзэ жылагъуибгъур игъэсырт, дэлъи дэси. Илъэс плIыщIым щIигъуауэ зы цIыхухъу къимыгъанэу иукIырт. Илъэс тIощIымрэ плIыщIымрэ я зэхуаку дэтыр Iэщи яримыту и дзэр адэкIэ щыкIуатэкIэ пшапэIудзын яхуищIырт. Илъэс пщыкIух-тIощI зи ныбжь щIалэхэр и щыхьэр Самарканд иригъашэрт, абы щагъасэу зауэлI ахъырзэман хъун щхьэкIэ. Илъэсихым къыщыщIэдзауэ илъэс пщыкIухым нэскIэ хъури бзыри иригъащэрт. Сабий быдзафэхэмрэ илъэситху зи ныбжьыр къэсахэмрэ зэхригъэкIутэрти, губгъуэм дригъэшырт. Апхуэдэу зэгуэр сабийхэр миниблым нызэрыхьэсат. Мо цIырушыру къомым адэ-мыдэкIэ задзу, зэщIэкъугъэу. Темыр и сэшхуэр кърипхъуэтщ, псом япэ иувэри жиIащ: си ужь къэзымыхур ирыреплъыж! ФIэкIаи хэмылъу и шым елъэдэкъауэри – сабийхэр щIым щыщ ящIыжащ. Хьэлъэщ, пэжщ, гуузщ. Ауэ абы дзэр сытым хуэдэу фIыуэ игъасэрэ! Псом ящхьэр аращи, апхуэдэ лъэмыжым зэпрыкIауэ кIуэ Темыр и хъыбар зэрызэхахыу и гъуэгу къытехуэм я щхьэр къыфIолIэ. Ар зэуэкIэщ, Iэзагъэщ».

Мэт-Джэрий апхуэдэ хьэкӀэкхъуэкӀагъэ куэд нэмэзыбзэхэм нэхърэ нэхъыфӀу ищӀэрт. Джунуз хьэщӀэр зыщӀигъэдэӀунум егупсысурэ хъаныр и сэрдэр нэ лъэныкъуэм къыхуеплъэкӀащ:

– Дэнэ щыӀэ а тхакӀуэр? Кърегъаджэ… ЖаӀэр носри, ясэр къокӀ. Уи жагъуэгъужь уиубынри къыпщытхъунри Ӏейкъым. Къеджэ.

– СынодаӀуэ, зи щӀыхьыр ин, ауэ…

– Сыт «ауэр»?

– Тырку сулътӀаным кхъухь къигъэкӀуащ…

– СощӀэ, сощӀэ! Дыхьэзыркъэ псори? Тхьэмахуэ дэкӀмэ дежьэнщ,.

– Ар жетӀат, ауэ дыгувэ…

– Хъунщ, деплъынщ. СлӀо, сулътӀаным и Ӏуэхур Щам лъэныкъуэкӀэ щыӀей сфӀэщӀыркъыми, я щхьэ къытхущытхъужыну ара?

– СщӀэркъым, ауэ Ӏуэху пӀэщӀэгъуэщ, бгъэгувэ…

– Хъунщ, джунуз хьэщӀэм иужькӀэ къевджэ а лӀыкӀуэри. Деплъынщ… ЗэдэщӀэ щӀэхщи, зэдэшхэ ӀэфӀщ, деплъынщ абыи. Ауэ япэм хуэдэу зрилъэфыхьмэ, Ӏыхьэншэ хъуну къысфӀощӀ сэ ар…

Шэджагъуэ мыхъупауэ хъан-сэрейм зы лӀы пшэрышхуэ къыдэкӀыжащ. Хъаным къыжриӀа-жриӀэжахэр игъэщӀагъуэу абы и щхьэр игъэкӀэрахъуэрт. Аращ атӀэ цӀыхур. Бзаджэщ ди зэманыр, цӀыху бзаджэм щахьэмтетыгъуэщ. Зым сабий зэриукӀыфымкӀэ зегъэӀу, адрейм и бынхэр еукӀыж, ещанэм… Мыр сыт пащтыхьхэ? Мыр сыт хьэщхьэрыӀуэхэ? Куэд щӀа анджылыз пащтыхь Генрих VIII и фызхэр иукӀыжурэ цӀэрыӀуэ зэрызищӀрэ. Иджы аргуэру зэхэсхащ Томас Ман и щхьэр пригъэлъауэ. ЙофӀакӀуэ. Хъунщ, мыр хьэкӀэкхъуэкӀэ къэралщ, я хъанри хьэкӀэкхъуэкӀэщ. Анджылызхэм…

Гупсысэгъуэшхуэм хэтыр Джоурджийт, зы гъэ-зы зэман Щэбэтыкъуэ и хьэщӀа Джоурджий. Абы сату Ӏуэху имыӀэми, Бахъчисэрай бэзэрымкӀэ игъэзащ. ЦӀыху щызэхыхьэ бэзэрым, дэтхэнэ зыми, и щхьэ илъ псор имыщӀэжу, абы емыгупсысхэу нобэ и сабий иригъэшхын, и сабий щитӀэгъэн Ӏуэху зезыхуэхэм яхэтмэ нэхъ къищтащ Джоурджий иджыпсту. Мыхэр зэфӀонэ, мыхэр зокӀуж, зыр мэгуфӀэ, адрейр магъ. Псоми я щхьэ Ӏуэху зэрахуэ. Бэзэр, хьэгъуэлӀыгъуэ, нэщхъеягъуэ. КӀуэн хуеякъым Джоурджий хъаным деж. ЦӀыху еру зэрыщыӀэр абы ищӀэртэкъэ? Мы бэзэрымкӀэ занщӀэу къиунэтӀын хуеящ. Сыт щыӀэ бэзэрым, сатум нэхърэ нэхъ гъэщӀэгъуэн? Мыр лъэпкъхэм я зэхэтыкӀэщ, я зэгурыӀуэкӀэщ, я зэдэпсэукӀэщ. Сэ сызыхуэкъулейр уэ узощэ, сэ симыӀэр уи деж къыщызощэху. Акъыл, гупсысэкӀэ дапщэ мыбы щыплъагъур. Яхэтыни бзаджэнаджэ, щыӀэни Ӏэбжьанэ фӀей, атӀэми Бахъчисэрай бэзэрым, Мэт-Джэрий и сэмэнхэм къаугъуейр щащэжым. Ахей яхэт абыхэм хьэжьвакъэжьыщх, ауэ мыбы псэуну хущӀэкъу цӀыху куэди яхэтщ. ЛӀыжьитӀ зэпсалъэрт:

– Ефэндыхэм я гъэщ мы гъэр, дэ гъыным дигъалӀэми.

– Арaщ атӀэ, – щӀегъу адрейм. – Дынебэ-дыкъебэми, дызэребапэу абыхэм ей дыхъунущ.

Джоурджий и щхьэр игъэкӀэрахъуэри абыхэм яблэкӀащ. Ар пӀащӀэртэкъым. Джэд щыкъун и пщӀыхьэгъущ, Мэт-Джэрий жегъэӀэт а псалъэхэр! ЛӀым и гупсысэ хьэлъэ къытеуэжахэр зыщхьэщихун щхьэкӀэ нэхъ цӀыху Ӏувым хэпщхьэрт, ныкъуакъуэу, яжьэхэуэу, къедэмэпкъэуэжхэу. Ауэ зыми зыри и жагъуэ ищӀыркъым. Мыр бэзэрщ.

Куэд илъэгъуащ Джоурджий къызэрежьэрэ, лъэпкъ нэхъыбэ-

жи ицIыхуащ, ауэ ищIам зыкIэ хущIегъуэжакъым. Ар абы щIищIар къэкIуэнурт. Хэт жиIэфын абы и гъащIэр пщIэншэу кIуауэ мы илъэситIым. Хьэуэ. Джоурджий зыхуейр къехъулIащ, апхуэдэу щыщыткIэ, и гугъуехь псори псыхэкIуадэкъым. Абы и щыхьэтщ, гупсэху дыдэ мыхъуами, итха къомыр. Ар гъэщIэгъуэнщ. Езым итха пэтрэ къыщеджэжкIэ иригуфIэу, ирипагэу бгъэдэсщ. Сыт и уасэ тхьэ пэлъытэу зызылъытэ мы Кавказ лъэпкъ къомым я щIэблэм дежкIэ нобэ Джоурджий ищIар. Абы я уэрэдыжьхэр, я хъыбарыжьхэр хъарзынэщ, ауэ а щIыкIэм тету абы я тхыдэр щIэблэм, къэкIуэнум хуахьыфынукъым. Абы яIэт хуахьын, ахэр Мэт-Джэрий и хабзэм, залымым щодыхьэшх. Ауэ а я уэрэдыжь, хъыбарыжьхэр е баш яупсурэ яIэщIэухэм, е уэскIурийм ещхьщ. Япэм щыгъуэ лIыгъэр, хахуагъэр зы жьэм жьэдыхьэм, зы жьэм жьэдэкIыурэ яфIокIуэдыж, гъащIэм хопшэхъуэж, мыдрейм дей зым зыгуэр кIэригъапщIэм, адрейм нэгъуэщI къыхилъхьэурэ шыпсэ дыдэ мэхъуж. Хьэуэ, пщIэншэу къежьакъым Джоурджий. Абы и гугъам и Iэр техуащ икIи насыпыфIэщ. Пэжщ, ар зэрыгупсысэр – лъэпкъ Iей щыIэкъым, цIыхур дэни щыцIыхущ: малъхуэ, мапIэ, и хэку фIыуэ елъагъу. Зыр залымщ, адрейр хьэлэлщ, зыр насыпыншэщ, адрейр Iумахуэщ. ГъэщIэгъуэныпIэу пхурикъункъэ нобэ ар зыбгъэдэса Мэт-Джэрий. Мы щIы хъурейм щыщу зы вакъапхъэ хуэдиз мыхъунум и дзэри, и цIыхури, езыри тесщи, дунейр езым и закъуэ ейуэ елъытэж. Иропагэ и гущIэгъуншагъэм, дэнэкIэ зимыгъазэми, лъырэ нэпскIэ зызэратхьэщIым. Псэлъамэ, зыфIэдахэжщ, зыфIэиныжщ. Темыр щхьэкIэ абы жиIэр плъагъуркъэ? Хьы! Зегъэ-Александр Македонскэ… Муслъымэнхэм абы щхьэкIэ Искандерщ жаIэр. А-а… ИтIани къыгуроIуэ зэрыхьэщхьэрыIуэр. Гу бзаджэщ, щысхь зымыщIэщ. Аращ и Iэщэр. ИбзыщIыркъым: цIыху нэхъыбэ зыукIыр нэхъыбэрэ щIэблэм ягу къокIыж, лъэпкъ нэхъыбэ зыгъэпIейтейр лъэпкъ нэхъыбэм ягу илъщ… Тепщэныгъэ, тепщэныгъэ. ЛъэкIамэ, псори и сарыкъым щIиIубэнти еплъу, гуфIэу щысынт, дыгъэр игъэункIыфIынт, гъащIэр итхьэлэнт. Ауэ неIэмал. ФIэщщIыгъуейщ а слъэгъуа шэрджэсхэр уэ IумпIафIэ пщIыфыну. Догуэ абы жыхуиIа шэрджэс щIалэр… Тхьэусыхащ зы шэрджэс щIалэрэ зы хъыджэбзрэ IурыщIэ хуэмыщIу. ЩIалэр дзэзешэу къиштэнут, хъыджэбзыр – щхьэгъусэу. ТIури хутечакъым. ИтIани лъэпкъ псо… Ар фIэщ щIыгъуафIэкъым, тырку къару къыхыхьэми. ЩIыгъуафIэкъым, мыдрей уи ипщэ гъунэгъу зызупщытхэм уазэрытемыкIуэнум ещхьу. Сожьэри, къуентхъ къызощI жыхуэпIэр аракъым. Фи щэджыр фэзыгъэIуэжу мы тенджыз тIуащIэм фыкъыдэзыхуэжар ахэр аракъэ? ИтIанэми, сэ къызэрызгурыIуамкIэ, зыбогъэхьэзыр. Пэжщ, Генуерэ Венециемрэ мыбы я Iуэху щымыIэж пщIащ, абыкIи зыкъысхуэбгъэлIыфIащ, ауэ…

Джоурджий хэгупсысыхьауэ здэкIуэм зыгуэр лъэщу къыжьэхэуащ. Ар лIищым къахурт: «Фубыд, фубыд!» – жаIэурэ кIийуэ. ЦIыхур зэхэукхъуат. Къэхъуар имыщIэу Джоурджий лъэныкъуэ зригъэзри даIуэу щIидзащ:

– Яш идыгъуауэ къацIыхужащ, – жиIэрт зым.

– Шыкъым, жэмщ, – жиIащ адрейм. – Мес, жэмри кIэрыутIыпщ хъуауэ тетщ. Абы и бзаджагъэр плъагъуркъэ? Жэмыр зейм къаримыгъэцIыхужын и гугъэу, и бжьакъуэхэр зэблишат…

– Ар дауэ?

– Дауэ? Дауэ? Дыгъум къамыгупсысын щыIэ? – Жэмыр къадыгъу, къадыгъури и бжьакъуэхэм мэжаджэ пщтыр ираубыдылIэурэ IэтIэлъатIэ ящI, итIанэ зэрыхуейуэ ягъэш. Уеплъмэ, уи жэмыр ара хуэдэщ, ауэ и бжьакъуэхэр ещхькъым.. АрщхьэкIэ мыбыхэм къацIыхужащ…

И щхьэр игъэкIэрэхъуащ Джоурджий. Дыгъу здэщымыIэ щыIэкъым, ауэ апхуэдэ дыгъу… ЛIым и гуфIакIэ тхылъымпIэрэ къэрэндащрэ къыдихащ: «Бахчисэрай бэзэрым. Дыгъу Iэмалшы…», – хигъэхъуащ абы и тхыгъэм. ПыгуфIыкIри, Джоурджий жэм щапIэмкIэ мыкIуэу, гъэр щащэмкIэ игъэзащ. Мыр Iэщ щапIэм къызэрыщхьэщыкI щыIэкъым, ауэ жэм, мэл, шыхэм я пIэкIэ мыбы зэкIэрыпхауэ е я Iэм церп идзауэ щаIыгъхэр цIыхут: щIалэ, хъыджэбз, лIы, сабий илъэсихблым къыщыщIэдзауэ ищхьэкIэ кIуэуэ. Мыпхуэдэ икIагъэм Европэм и къэрал зызыгъэщIагъуэ, цIыхугъэшхуэ, щIэныгъэ хэIэтыкIа зиIэ куэд иджыри хэтт, ауэ Джоурджий и хэкур абы къызэрыхэкIам, куэд дыдэ мыщIами, ирипагэрт.

Нобэ гъэрыр куэдыщэт. Бэзэр щIэлъэныкъуэ псори яубыдрэ жыпIэнт, ауэ ящэмрэ зыщэмрэ елъытауэ къэзыщэхуну зи мурадхэр е Джоурджий хуэдэу къытехьахэр нэхъ мащIэт. Абы къыхэкIыу Джоурджий хьисэп ищIащ: Мэт-Джэрий и Iуэхухэр ипщэкIэ щыIей хуэдэкъым: гъэрхэм я нэхъыбэр цIыху сырыху щхьэц гъуатIэхэщ. Гъэр зыщэхэр абы къыпежэжьащ:

– Сыт хуэдэ ухуей? ЩIалэ? Хъыджэбз?

– Зыри сыхуейкъым! – жиIащ Джоурджий.

– Щэху, хъыджэбз дахэщ. Илъэс пщыкIублщ зэрыхъур! Мыбы и бгыр, и бгъэр, и шхужьхэр плъагъуркъэ?! БлэбгъэкI хъункъым.

Хъыджэбз къыхуагъэщIагъуэр дахэт, пэжу, ауэ Джоурджий абы щхьэпрыплъри, адрей сатырым хэту зы щIалэ гуэр къилъэгъуащ. Абы игукIэ жиIащ: «Си нэр нэжмэ, мыр зыщIыпIэ щыслъэгъуащ». Ар щIалэм бгъэдыхьэри и жьэпкъыпэм еIусащ, адэ-мыдэкIэ игъазэу, сондэджэрхэм зэращI дыдэм хуэдэу, еплъыну. ЩIалэм и щхьэр Iэлу иутхыныпщIри, нэ IейкIэ къеплъащ, Iэхъулъэхъухэр игъэзууэ пIейтеящ.

– Оу, зиусхьэн, мыпхуэдэ щIалэ. ТIэкIу и ныбэ ныкъуэурэ уэд хъуащ, къинэмыщIамэ… Узыншэщ, къарущи, уегуакIуэм вым пэщIэщIэ… – къракIутащ ар зыщэ лIитIым. «Дэнэ мыр щыслъэгъуар? – гупсысэрт Джоурджий. – Дэнэ? Дэнэ?» ЩIалэм зэ набдзэгубдзаплъэу щеплъыжым, Джоурджий къищIэжащ: «Аращ, Бибей, Щэбэтыкъуэ… Жанболэт! Аращ!» Ар зэуэ тегушхуащ.

– Сыт и уасэр?

– Дэнэ ущыщ уэ езыр?

– Джунуз, абы мыхьэнэ гуэр иIэ? – жиIащ Джоурджий.

Гъэрыр зыщэ лIитIыр зэплъыжащ, ди кIэныр къокI, жаIэу.

– Динару, хьэмэрэ дукату къызэрыдэптыфынур? – къэпсэлъащ зыр мыпIащIэу. Абы и фIэщ хъуат мы лIы пшэрышхуэр зэрыщэхуэгъу хъарзынэр.

– Фызэрыхуейуэ, – тегушхуащ Джоурджий.

– Динар минитI, – и нэ мыупIэрапIэу къыщIигъэлъащ лIым.

– Оу-у! – жаIащ ар зэхэзыха гъунэгъухэм. – Апхуэдэ уасэкIэ гъэр зэрамыщэжрэ…

– Ар слIожь? – зигъэгувакъым Джоурджии. – Мыбы псибл Iут?



3 Заказ № 20

Хьэмэрэ… Шэрджэс щӀалэхэр зыгъэлъапӀэу щытар Щам зэрашэрт. Иджы мамлюк щыӀэжкъым. Ахэр Селим къихьщ, къишхщ, дэлъри къыдихри я лъапсэм псы иригъэжыхьыжащ. КъимыдэкӀэ, сэ мамлюк сыхуейкъым, сыщошынэ, – щытхэр дыхьэшхащ, – ауэ щыхъукӀэ, фэри зэрыфщӀэщи, зауэлӀ, шууей умыщӀынумэ, шэрджэс къэпщэхуну дзыхьщӀыгъуэджэщ. Пэжщ, ахэр ӀэщакӀуэщ. Ауэ фи Ӏэщэр вгъэтӀылъ яжепӀэмэ, баш къатщтэу Ӏэхъуэу дежьэжыну жаӀэ? Ахэр къыпхуэлажьэу щӀэптар къапэкӀуэжын дэнэ къыщына, уи щхьэри яхьу хыхьэжынкӀэ, кӀуэжынкӀи хъунущ… Аращ сэ зэхэсхар, хьэмэрэ сыщыуэрэ? СыкъагъэпцӀа? – гушыӀэрт Джоурджий.

Жанболэт зыщэхэм жаӀэнур ящӀэжыртэкъым. ИтӀанэ, зым нэхъ игу къызэрыгъуэтыжри къэпсэлъащ:

– Мыр езы Мэт-Джэрий…

– Ахьа-ахьа, – арат Джоурджий зыхуейр. Абы къицӀыхуат нышэдибэ Мэт-Джэрий зи гугъу ищӀа щӀалэ ӀумпӀейр. – Мис иджы гурыӀуэгъуэщ. Мыбы и гугъу тӀэкӀу сэри сощӀэ. ВжесӀэн? Мы щӀалэр илъэс ныкъуэ енкӀэ хьэпсым исащ. Аракъэ и ныбэ щӀыхуэныкъуари, уэд щыхъуари? Аращ… ИкӀэм-икӀэжым: «Фщэ, къыват и уасэщ, адэ си натӀэ ивгъэкӀ», – жиӀэри… Зым имыпэрмэну лӀэ нэхърэ… Догуэ, сэрдэр нэхъыщхьэм… мис а нэ лъэныкъуэм… хьэмэрэ езы Мэт-Джэрий… ГурыӀуэгъуэщ. Фэри тӀэкӀу къыдэвгъэкӀынут. ГурыӀуэгъуэщ.

Джоурджий сату зыдищӀхэм я фэр пыкӀащ, запӀытӀ-захузурэ я фэм ипщхьэжыным нэсауэ мэшынэхэр: мы бээзрым Мэт-Джэрий и бзэгузехьэ мащӀэ тет, нагъэсыжмэ… Ауэ Джоурджий и макъым нэхъри зрегъэӀэт, ар хъаным и деж зэрыщӀэсам топсэлъыхь. ЦӀыхур къызэхуэжэс хъуащ. Щымыхъужыххэм лӀитӀым я зыр тхьэмыщкӀафэу Джоурджий къекӀуэталӀэри къехъуцэцащ.

– Армыраи хабзэр. Хъаным и жыӀэ ягъэзащӀэмэ фӀыуэ елъагъу. КъимыдэкӀэ, сэ схуэдэ щэхуакӀуэ блэбгъэкӀ хъункъым. Пэжкъэ? Мэ атӀэ, убыд, – Джоурджий ахъшэ ӀэмыщӀэ кърихри, зэщӀэзуэу лӀым и Ӏэгу къиущӀам ирикӀутащ.

– Дызэхуэарэзыщ иджы, аракъэ?

– Зиусхьэн, зыщӀыпӀэ шэн хуеймэ, кхъухьым…

– Хьэуэ, берычэт бесын, ауэ мы Ӏэхъулъэхъухэр…

– Мис ӀункӀыбзэӀухыр, – зыр къэпсэлъат, зыгуэр тӀэкӀу къыхуашиймэ зэрифӀэфӀыр имыбзыщӀу, ауэ Джоурджий зыфӀимыгъэӀуэхуу ӀункӀыбзэӀухыр зыӀеригъэхьэщ, Жанболэт япэ иригъэщри къежьэжащ.

– Си гугъатэкъым мыбы дыщызэхуэзэну, – жиӀащ абы, бэзэр гъунэм шынэсым, бзэмыӀу-бзэмыӀуу адыгэбзэкӀэ.

Жанболэт къэуӀэбжьауэ къэувыӀащ, къызоплъэкӀ.

– Мэуэ къуэгъэнапӀэ зыдгъэщӀи, уи Ӏэхъулъэхъур изгъэх, – жиӀащ Джоурджий.

Жанболэт пщӀыхьэпӀэ илъагъу хуэдэт. Абы и Ӏэблэр яубыдауэ зыщӀыпӀэ яшэ, ар езыри мэпӀащӀэ. Ӏэдэм дэлъ абы и гур иджыпсту къаутӀыпщынущ, Нэсрэн ЖьакӀэ Батрэз къызэриутӀыпщыжам ещхьу. Хъункъэ атӀэ, зэ ихуэр набгъэщи, тӀэу ихуэр нэфщ. Деплъынкъэ… Жанболэт къагъэувыӀащ. Абы и Ӏэпщэхъур ирах. ЛӀы пшэрышхуэр зэщӀэмытӀэсу хьэмбыӀуу мэтӀыс, Жанболэт и лъакъуэ узхэм йопэщэщ.

– Уэху, хъурқъым. Си нэхэр щоункӀыфӀыкӀ а тӀэкӀу зэрызезгъэзы-

хам щхьэкIэ. Мэт, уэ еплъыт, – Джоурджий IункIыбзэIухыр Жанболэт хуишиящ.

ЩIалэм ар къыIэщIепхъуэт. Жанболэт лъэхъур фIихри, и фIэщ мыхъужу и лъакъуэхэм еплъыжащ, къыдоплъеижри зэрыгуфIэщам щыукIытэжу, Джоурджий и Iэр еубыд, екъуз, ар иутIыпщмэ хьэуам хэт къауцу лъэтэн фIэщIыжу.

– СлIожь, Жанболэт, сыкъэпцIыхужыркъэ? – жиIащ Джоурджий, щIалэм и гуфIэгъуэр зэпиуду.

– Джунуз хьэщIэр… Щэбэтыкъуэ и хьэщIэр уэращ, – жиIащ Жанболэт.



– Сэращ. Джоурджий. Догуэ, мыбы дауэ укъыщыхута? Уэ пхуэдэ щIалэ къудан, щIалэ лъэч, щIалэ шууей… А уи шы тетыкIэр, данэпсыр къызэрыпхьар иджыри си нэгу щIэтщ… Дауэт а уи шым щхьэкIэ Щэбэтыкъуэ зэрыжиIар: лъэдакъэ цыджэ, щхьэщIыдзэ кIыхь… Ара?

– Си шыр ямыукIамэ… Аращ сытми, – пыгуфIыкIащ Жанболэт.

– НакIуэ, – жиIащ Джоурджий. Сыт абы къикIыр? Дэнэ Жанболэт здашэнур? Ар гъэрщ. Иджы ящэхуауэ зыщIыпIэ яшэ. Дэнэ? Жанболэт кIуэрт Джоурджий бгъурыту. Мыр адыгэхэм ди хьэщIами…

– Фи дежхэм я хъыбар… Бибей, Щэбэтыкъуэ, ГупымыкI, – жиIащ Джоурджий, Жанболэт и гупсысэр зэпиуду.

– ГупымыкI Мэт-Джэрий деж щыIэщ… Къидыгъуащ…

– Догуэ, догуэ, – Джоурджий къоувыIэ, хэгупсысыхьауэ. – Аращ, тэмэм. Фэ тIур аращ абы зи гугъу къысхуищIар. ЛIыгъэ фиIэщ. Фи лъэпкъ фрауасэщ. Адыгэшрэ лIы бэшэчрэ зыхужаIэр фэ фхуэдэщ, дауи, Щэбэтыкъуэ сымэ. Догуэ, Жанболэт, Мэт-Джэрий ахъшэкIэ дыхэмызэгъэну пIэрэ?

– Хьэуэ, ухэзэгъэнукъым, – къыгурыIуащ иджы Жанболэт пщIыхьэпIэм зэрыхэмытыр, ар щхьэхуит зэрыхъужар, Джоурджий ахъшэкIэ къищэхужынур зэры-ГупымыкIыр. ЩIалэр гуфIат, итIани зызэтриIыгъэу щIигъуащ: – Дыхэзэгъэнукъым, ауэ ар сэ си Iуэхущ! Щэм я гуащIэр зым и дзэпкъщIэлъу щекIуэкI мы щIыпIэм…

– Уи закъуи?.. Хьэуэ. Сэ сыпIащIэркъым. Си кхъухьыр иджыри щIэх къэсынукъым… Зэ мыдэ накIуи щыгъын гуэрхэр зэдгъэгъэпэщ. УбэлэбанэIуэщ. Зы бащлъыкъи уиIэн хуейщ, псом япэр арауэ.

УкъацIыхужмэ… УмэжалIэуи къыщIэкIынщ.

– Ар Iуэхукъым. Ныбэ гузэвэгъуэ IуэтэжыгъуафIэщ, – погуфIыкI Жанболэт.

… – Зыш уиIами Iейтэкъым, пэжкъэ? Ар дауэ адыгэ щIалэ, шы имыIэу? Хъунщ атIэ. Мэ, зыгъуэгукIэ мыр убыд, – Джоурджий и гуфIакIэм ахъшэ хъуржын цIыкIу къыдихащ. – Мыбы псори ящэ. Уэ зыкъэхуапэ, шы зэгъэгъуэт… Сэ си хэщIапIэ зэ секIуэлIэжынщ. Зыгуэр къэдгупсысынщ… Пщыхьэщхьэ мо мэжджыт гупэм къекIуалIэ…

Джоурджий псори зэпилъытат. Мы щIыпIэхэм къыщыкIуэм, хэт ищIэрэ фэеплъу сигу ирихьын сыхуэзэмэ, къэсщэхунщ, жиIэу абы ахъшэ къыздищтам адыгэ лъэпкъхэм яхэтыхукIэ хэIэбатэкъым. Уеблэмэ псом я хьэщIэщыбжэри хузэIухат, шхыныгъуэу хузэрамыхьэ щыIэтэкъым, ауэ щыхъукIи зы щай Iахыртэкъым. Япэ дыдэ ар зи хьэщIа кIахэ лIыжьыр Джоурджий и нэгум иджыри щIэтт. ФIыщIэ хуищIу ахъшэ щыхуишиям, лIыжьыр кIуэцIрыхуамэ нэхъ къищтэнт, си жагъуэ щхьэ къэпщIрэ, сэ сыадыгэкъэ, жиIэурэ. Джоурджий укIытэжат икIи абы иужькIэ а лIыжьым и чэнджэщыр зэи зыщигъэгъупщакъым: «Ди япэкIэ ущымыуэ, си щIалэ, адыгэм хьэщIэ къыхуэкIуэмэ, мэгуфIэ. Хэгъэрей хуэмыхум и хьэщIэ хьэ ирегъэдзакъэ, ауэ абы нэхърэ нэхъ Iеижщ уэ къызэпщIэну узыхэтар. ХьэщIэм хьэкъ пылъкъым. ХьэщIэр хьэщIэщ. Ар дгъэхьэщIэныр дэ ди хьэкъщ. ЗымыщIэр щIоупщIэ. Иджы къэпщIащи, нэгъуэщI бысыми уиIэну къыщIэкIынщ, тхьэм куэдри удигъэхьэщIэ, сэ сызэрыбгъэукIытам хуэдэу умыгъэукIытэIа. Еблагъэ хэт и дежи, абы иIэр уэр нэхъыфIщ жиIэмэ, ар лъэныкъуэ иригъэзмэ, къэгъэзэжи упцIыупст, лIыжь, жыIи къызэщ!»

Ауэ абы иужькIи Джоурджий Iэджэрэ щыуащ, сакъыну, мыбэлэрыгъыжыну и гугъами. Апхуэдэ къыщыхъуат Щэбэтыкъуэ и хьэщIэщми. Бысым хьэлэлхэу, хамэгу-хамащхьэу уахэтмэ яфIэмыфIу адыгэхэр къыщищIэм, Джоурджий нэшхуэгушхуэу щытыну мурад ищIат. Абы къыхэкIыу Щэбэтыкъуэ и деж щеблэгъам уэрсэрыжьу зэрыцIыхухэри, Iэджэм тепсэлъыхьащ, куэдми и гугъу ящIащ. ИтIанэ Джоурджий хуэмышэчыжу къэтэджри блыным фIэлъ афэ джанэмрэ саур къамэ фIыцIэ хьэлэмэтыщэмрэ зэпиплъыхьу щIидзащ. Уи нэр къыпхутемыхыу дахэт къамэр. Къищэхунт ар Джоурджий. КъепхьэкIынуи хьэлъэкъым. Абы здегупсысым, Щэбэтыкъуэ япэ къищащ:

– СлIо, уехъуэпса?

– Дэгъуащэщ, – жиIащ Джоурджий. – Фи дыщэкI мыхэр зыщIыр?

– АтIэ, Гъуардэ и къамэкIэ зэджэр мыращ, – жиIэри Щэбэтыкъуэ къамэр блыным къыфIихащ. – Мэ, хьэщIэр зэхъуапсэр хьэщIэм ейщ. Убыд. Абы нэхъ тхэмыщIу тхьэм дигъэпсэу.

– Мыр, хьэуэ, – и уасэ жиIэну Джоурджий дзыхь ищIыртэкъым.

– Убыд, жысIакъэ! Убыд!

Абыи къыщынакъым. Щэбэтыкъуэ афэ джанэри залымыгъэкIэ кърищащ. КъыхуигъэгъунЩ ар лIыжьым – Джоурджий афэ джанэр къыхуемыхьэкIыу дыщэ IэпщэхъукIэ сондэджэр гуэрым ирихъуэжащ. Ауэ Бибей «си фэеплъ», жиIэу кърита, дыщэ-дыжьынкIэ щIэгъэна бжьакъуэр абы зэрихъуэжын щыIэкъым, Бибей ипхъу ГупымыкI къезытыжым фIэкIа.

Апхуэдэу гупсысэри, Джоурджий щIегъуэжащ. Сыт щхьэкIэ? Ар

мыхъумэ, абы иритын иIэкъэ? Бибей и унагъуэ къикIа Мэт-Джэрий къыхуигъэнэнкъым. Адыгэхэм къащыхэкIыжым къратауэ, зым нэхърэ зыр нэхъыфIу абы и пхъуантэхэм Iэджэ дэлъщ, дыгъуасэ мыбы къыщысыжам шы-уанэ зэтелъымрэ щIакIуэ фIыцIэ дэгъуэрэ ищэжащ. Ситу ищIыжынт? Хьэуэ, пэжщ а сщIэр. Адыгэхэр апхуэдизу щIэпсэ хьэлэлыр, щIэгуапэр фIы тщIэмэ, фIы дыхуэзэжын, жаIэри аращ. Былымыр, мылъкур къызыхэкIам хыхьэжмэ, насыпщ. Тегушхуащ Джоурджий.

Псом япэрауэ, ешами, абы хъан-сэрейм игъэзэжащ. Саугъэтышхуэ иримытами, Джоурджий дыгъуасэ япэу зыхуэза сэрдэр нэ лъэныкъуэр къихьэхуат. Деплъынкъэ, абыкIэ къыщIэддзэнщ, – жиIащ абы игукIэ, къэрэгъулхэм закъригъэцIыхужу пщIантIэм щыдыхьам.

Сэрдэрыр и пIэ истэкъым. ЩыщIэупщIэм, къыжраIащ: хъаныр пщэдей тырку сулътIаным и деж кIуэну йожьэ, абы и Iуэху зэрехуэ.

Джоурджий гуфIащ. Абы хэту Мэт-Джэрий деж щIэсу ныщIыхьа тутнакъым я нэхъыщхьэм джунуз тхакIуэр къицIыхужри къыбгъэдыхьащ. Абы и нэм щIыIуху телът. Джоурджий игъэщIэгъуащ: мы Мэт-Джэрий и лъахэм хуэдэу зи нэм сэкъат иIэ, хэт щIыIуху телъу, хэт лъэбод трищIауэ, хэти нашэ дыдэу, абы зыщIыпIи щилъэгъуатэкъым. Сыт ар къызыхэкIар? А-а, я щхьэ зэрыхь, ди Iуэху тхузэфIагъэкIмэ….

* * *

Жанболэт гузавэр къыкIэщIэзэрыхьат. Сыт щIауэ пэплъэрэ ар Джоурджий? Зэми щIалэр тегушхуэрт псори къигъанэу ежьэжыну, Iэщэ-фащэ зригъэгъуэту итIанэ лъыщIэжакIуэ Мэт-Джэрий и деж игъэзэжыну. Щхьэхуитыныгъэ абы игъуэтыжар Тхьэшхуэм къыщIритар илъ ищIэжыну, ГупымыкI гъэрыпIэм къришыжыну аращ. Сыт атIэ Жанболэт зыщIиIэжьэр, хъункъэ абы Джоурджий къыхуищIар? ЩIалэр къытричырт шыIэ хэмылъыжу, зыгуэрым хуэпабгъэу. Ар ежьэжащ. ДэкIынур дэкIа иужькIэ къэзужьылыж нэхърэ… КъоувыIэж. Темболэт и адэ Щауей и псалъэхэр: «АдыгэлI и гъусэ къигъанэркъым», – и гум ихуркъым. Къегъэзэж. Пэплъэнщ, ежьэнщ ар Джоурджий. Нобэми пщэдейми сыт я зэхуаку. Жанболэт щыщхьэхуиткIэ, гува-щIэхами, Мэт-Джэрий кърищIар хуигъэгъункъым. Хьэм гъунэ тенэж Жанболэт хъункъым. ИтIани гузэвэгъуэм къыхигъэзыхьырт, щIалэм шыIэр фIигъэкIуэдыну.

Адакъэ япэу маIуэ. Джоурджий къакIуэркъым. Бэзэрым и гъунэгъу мэжджытыжь цIыкIур Жанболэт ехъумэ. Iэуэльауэ къыздиIукIымкIэ щIалэр мэдаIуэ, зэми уафэм дэплъейурэ вагъуэ лыдхэр зэхегъэкI – мор нэхъ цIущ, мор нэхъ фагъуэщ. «БлэкIарэ?» – мэгупсысэ Жанболэт, и щхьэр тригъэужу. А псалъэм щIалэр игъэдыхьэшхащ. Сыту зэман дахэт ар. Абы щыгъуэ Аслъэнбэчи псэууэ, гъатхэу, дунейр щIэращIэу Жанболэтрэ Аслъэнбэчрэ Щэбэтыкъуэхэ я деж дыхьат, ЛIыкIэщI, Щэбэтыкъуэ и къуэ нэхъыжьыр, щакIуэ здашэну. ЛIыкIэщI дэстэкъыми, абы и унэгуащэр къапежьат. Абы хэту махуэ псом гъуэрыгъуапщкIуэ, арыхъ джэгуурэ къэмэжэлIэкъуа ЛIыкIэщI и щIалэ цIыкIур къыдэлъэдэжащ. Ар унэмкIэ щхьэхьу щIэлъэдат, ауэ, псынщIэу къегъэзэж, щIалэхэм къащыукIытэми хуэмышэчыжу, и анэм къохъуцацэ:

– Нанэ щIэскъым. СомэжалIэ, накIуи сыгъашхэ.

– Мыр сыт, на, блэкIIарэ ушхэнумэ! – игъэщIэгъуат фызым.

– Ахей блэкIрэ, – жиIащ щIалэ цIыкIум. – Плъэгъуакъэ, иджыпстуупцIэ Беслъэн блэкIати! Плъэгъуакъэ? Иы?

А сабий макъыр Жанболэт и тхьэкIумэм иджыри ит хуэдэт. БлэкIIарэ? Ахей блэкIрэ. Беслъэни, Аслъэнбэчи, зэманри, Мэт-Джэрии, псори блокI. ГъащIэр блокI, Жанболэт мыбдеж щытурэ.

Нэхущ кIыфI хъуащ. Хьэ банэ макъым нэхъ заIэт. ЦIыхухэр уэрамхэм къыдыхьэу щIадзагъэнщ. Аращ, мес мобыкIэ зы пхоущыкI. Гу кIыргъ Iэуэлъауэ къоIу. Бэзэрым къакIуэу къыщIэкIынщ. ЩIегъуэжа атIэ Джоурджий? Хьэмэрэ Жанболэт и зэранкIэ Iуэху пщхьэмыпэ хэхуа? А гупсысэм щIалэр игъэшынащ. Дэнэ укIуэн? Хэт уеупщIын? Кхъухь тедзапIэм…

БэзэрымкIэ къакIуэ цIыхур нэхъ уэр хъуат. Жанболэт и бащлъыкъыр и щхьэм нэхъ къыфIикъуащ. Бэлэрыгъ мэхутыкъуэ, сакъын хуейщ, жиIэри. Ар ежьэну къытехьэпат, кIуэр-кIуэру къажэ Джоурджий къыщилъэгъуам.

– Оу, Жанболэт, лей уэсхащ, къысхуэгъэгъу. НакIуэт мэуэ, Iуэху щыIэщ, – жиIащ абы, щIалэр иришажьэри.

– Сыгузэвэжат, мыр зыгуэрым си зэранкIэ хэпкIащ жысIэри, – зиумысыжащ Жанболэт.

– Хьэуэ, сыхэпкIакъым. Псори тхьэм узэрелъэIунщ. Псори тэрэзу зэфIэкIынущ. КъедаIуэ. Нобэ, пщыхьэщхьэ Мэт-Джэрий йожьэ. Тыркум макIуэ. Мыращ зэрыщытыр. ГупымыкI и унэIут фызым сыхуэзащ. Абырэ тутнакъым я нэхъыщхьэмрэ. ДызэгурыIуащ, уасэмкIи псомкIи. Пщэдей занщIэу хъунукъым. IэпсынщIэ-лъэпсынщIэIуэщ. ПщэдеймыщкIэ ГупымыкI и унэIут фызыр Мэт-Джэрий и фыз нэхъыщIэ дыдэм и деж, Заирэ жиIащ, макIуэ. МакIуэри, жеIэ: адыгэ хъыджэбзым сыделэ сэ, сэ адрей цIыхубзхэм сахуэдэкъэ, насып сыхуейкъэ, хъаным къигъэзэжмэ, сыдэкIуэнущ, си насыпым щхьэ селъэпэуэжрэ, адрей-мыдрей, жеIэри. А Заирэм езым ГупымыкI и унэIутым тIэурэ-щэрэ къриIуэкIат ГупымыкI щхъухькIэ иукIыну. АтIэ абы щхъухь къыIех. МыдэкIэ ГупымыкI муслъымэнкъым, деуркIэ щIалъхьэну техуэркъым деур. Ефэнды сытым я Iуэхур, ахэр абы хэмыхьэныр тутнакъым я нэхъыщхьэм къещтэ. Абы зыри иригъэкIуэлIэнукъым. ГупымыкI лIам хуэдэу къыдишын и гугъат, ауэ дыщIегъуэжащ. Пэрэнджэ ящыгъыу хъан-сэрейм цIыхубз мащIэ щызекIуэрэ? Хьэдэ хуэдэу пыпхэ ящIынщи… хуеймэ щIретIэ, хуеймэ губгъуэжьым ирыредзэж. Ар езым я Iуэхужщ. ГупымыкI пэрэнджэ щыгъыу, пщэдеймыщкIэ мыхъуу къэбыщкIэж, хъарзынэу мэрем махуэщ, абы зы дин махуэшхуэ гуэри хуагъэзащ, хъан-сэрейм и унэIут фызым къыдешри я деж ешэ. Уарэзы? – жиIащ Джоурджий гуфIэу.

– Сыарэзыт, ауэ…

– «Ауэ» лъэпкъ хэлъкъым. ДызэрызэгурыIуар щестынур ГупымыкIрэ уэрэ фи гъуэгу фытехьэжмэщ. Иджыпсту сакъылэт ястри, гуфIэжхэу сакъыбгъэдэкIыжащ. Мыбы псори ящэ, псори псэуну хуейщ. Мэт-Джэрий къэкIуэжмэ, адыгэ хъыджэбзым Жанболэт зэращар къызэрищIэу зиукIыжащ, жраIэри… Абы щхьэкIэ ГупымыкI Мэт-Джэрий къигъэгугъауэ щытащ. Ар ГупымыкI и унэIут фызым и тхьэкIумитIкIэ зэхихащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, абыи фи адыгэлъ щIэтщ – и анэр шэрджэс цIыхубзщ. Абы дыкъигъэпцIэнукъым. Шэрджэсхэр

Iуэхум тогушхуэ, Iуэху ящIэф!.. ДэнщыIэ-тIэ, шы къэпщэхуакъыми?

– Мыбы шыкIэ сыт щысщIэн? Псым дызэпрыкIыжрэ ди щIы кIапэ дытехьэжмэ…

– Ари пэжщ, ари пэжщ. Хъунщ атIэ, накIуэ си деж. Иныжь жей тщIынщ, – гуфIэрт Джоурджий. Абы зэримыгугъауэ Iуэхур пудыжьу зэфIигъэкIат: зы дыщэ Iэлъын, тхьэгъу цIыкIуитI, зы лэрыпс Iэпщэхъу Щэбэтыкъуэ и афэ джанэр зэрихъуэжар. ЯужьреитIыр иджыри Джоурджий и жыпым илъщ. ИужькIэ, Iуэхур зэфIэкIмэ. Ауэ а Iэпщэхъум тутнакъэщым и нэхъыщхьэр и нэ узыншэ закъуэмкIэ щыIуплъам! Абы щхьэкIэ Бахъчисэрай пхуигъэсеижынум хуэдизт.

Джоурджий жиIа псори пэж хъуат. Ауэ абы и гъэщIэгъуэныпIэм зы къыхэхъуэжащ адыгэхэм щхьэкIэ. Лъагъуныгъэ жыхуаIэр абы и лъэпкъым имыщIэмэ хэт ищIэрэт? Абы щхьэкIэ лIы нэфIэгуфIэшхуэр къытричу ежьэрт Жанболэтрэ ГупымыкIрэ зэрызэхуэзэжынум, апхуэдиз хьэзабым, апхуэдиз зэманым иужькIэ. Ар зыкIэ хэIэтыкIауэ, ину, дахэу Джоурджий и нэгум къыщIигъэхьэрти! IэплIэ зэрашэкIыу, ба зэхуащIу!

Дэнэт? ГупымыкI унэм щIэсу Жанболэтрэ Джоурджийрэ щIыхьат. Хъыджэбзыр къэтэджащ. Абы къэкIуэн хуэдэу зищIат, ауэ Жанболэт къыIуплъэри, и напIэхэр иридзыхащ. Жанболэт Iэдэбу ГупымыкI бгъэдыхьэри Iэр иубыдащ:

– Дауэ ущыт, ГупымыкI?

– Тхьэм уигъэузыншэ, уэ сыт ухуэдэ?

Аращ. Джоурджий тIэкIу и жагъуэ хъужам ещхьт. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ кхъухь тедзапIэм щишэми ар псалъэмакъыншэт, зыгуэрхэр хузэмыгъапщэу, хузэмыгъэзахуэу хэплъэрт. Джоурджий и нэгу къыщIыхьэжат адыгэ лIыжьхэр, къуажэ гуэр. Абы гуIэгъуэ ин къалъысат – Мэт-Джэрий и сэмэнхэр адыгэ щIыналъэ къыщрахужым зы щIалэ ахъырзэман (Жанболэт хуэдэу къыщIэкIынт ари, – жиIащ Джоурджий игукIэ) яукIат. Псори нэщхъейуэ зэхэту зылI щэху дыдэу къэпсэлъащ: «ЩIалэм и адэр къокIуэ». Джоурджий плъэри лIыжьищ зэбгъурыту хьэдэм къыбгъэдыхьэрт. Ахэр апхуэдизкIэ Iэдэбт, апхуэдизкIэ зэпIэзэрытти, Джоурджий сыт имыщIамэ, къыхуэцIыхуакъым а лIыжьищым языхэзу щIалэ яукIар зи къуэр. Ар нобэми Джоурджий къыхуэщIакъым. ЩIэупщIэну фIэемыкIу хъуащ, езым езыр-езыру къыхуэцIыхуакъым. Абы и гугъу Щэбэтыкъуэ щыхуищIыжам, лIыжьым жиIат: «Укъызэрынэжынум утетын хуейщ. Зы лIэ щхьэкIэ, зым зилIэжыфынукъым. Бзылъхугъэр гъыми, бжэми мэхъу, ауэ цIыхухъухэр… Ар емыкIущ, пщIэрэ, емыкIу. ЛIыжьыр щIэлIыжьыр, лIыжь щIэхъуар емыкIу имыщIэну, адрейхэми яримыгъэлэжьыну аращ. Ар гъыуэ, бжэуэ тIысыжамэ, цIыхум сыт жаIэнт? Дыхуейкъым зауи-бани, ди щIалэхэр пхъуантэ дэсу зедвгъэхьэ… ИтIанэ хэкур-щэ? ГъащIэр-щэ? Хьэуэ. Ар адыгэ лIыжь и напэм къемызэгъщ, и къуэм и гъащIэр ихъумэурэ и лIахэм я кхъащхьэр бийм къаригъэтIэщIыжыныр, ар джэгупIэ яригъэщIыныр. Уи Iэр ебдзыхрэ уувыжмэ, ухаутэнущ. Аращ а лIыжьыр гу быдэ зыщIыр. Абы игу быдагъым мыдрей цIыхухэр зэщIегъэбыдэ. Ар къэдзыхэмэ, псоми я пкъыр щIэлIэнущ. ГуфIэгъуи гузэвгъуи зытебгъакIуэ хъунукъым. Укъызэрынэжыну щытын хуейщ».

ГуфIэгъуи гузэвгъуи зытрагъакIуэркъым адыгэхэм я лIыжьхэми

я щIалэгъуали, – жиIащ Джоурджий игукIэ, Жанболэтрэ ГупымыкIрэ якIэлъыплъурэ. ИкIи а тIум Джоурджий кхъуафэжьей къахуиубыду иригъэтIысхьэжыхункIэ зэрызамыщIыни защIакъым, жамыIэни жаIакъым. «Къызэрынэжынум хуэдэу щытхэщ», – гуфIэрт Джоурджий. Пэжщ, ГупымыкI кхъуафэжьейм итIысхьэн и пэ Джоурджий къыбгъэдыхьэри, и нэпсхэр къызэпижыхьауэ, лIы пшэрышхуэ зэщIэмытIэсым ба къыхуищIащ. Гуапэу, мыпIащIэу, щхьэцпэщтагъ лъэпкъ хэмылъу. Джоурджий илъэгъуа псом иужькIэ ар гъэщIэгъуэн щыхъуащ. Абы игу къэкIыжат зы гъэ зызэман ГупымыкI и Iэм ба хуищIыну зэримурадар, ар абы къызэремыхъулIар, ГупымыкI и Iэр абы зэрыIэщIичыжыгъар. Арат: «Шэрджэс хъыджэбзхэм ба яцIыхуркъым, ахэр Iэлщ, мэз бжэнхэм хуэдэу. Ди пщащэхэм я хьэл дахэм ахэр иджыри пэIэщIэщ», – жиIэу щIитхар. Щыуат Джоурджий. ГупымыкI и ба хуэщIыкIэр! ХуэIэзэу, укъису, укъилыгъуэу. Ей, апхуэдэ пщащэм и зы ба щхьэкIэ сагъыз гъэвам ухэпкIэ хъуни. ЗэхъуэкIыжын хуейщ си тхыгъэр, – и фIэщу и щхьэ хуэпсэльэжырт Джоурджий.

– Абы нэхъ гугъуехь тхьэм къыуимыткIэ, – жиIащ ГупымыкI, лIым и нэгу щIэплъэри.

– Сыт гугъуехь, сыт гугъуехь! Хьэуэ, ГупымыкI, – псалъэрт Джоурджий, иджыри зэ апхуэдэ Iуэху къыпэщылъамэ, къызэрызэтемыувыIэнум егупсысурэ.

Жанболэти Джоурджий и Iэр иубыдыжащ:

– ИгъащIэкIэ сщыгъупщэнкъым.

– ИIэ атIэ, гъуэгу махуэ, – жиIащ Джоурджий, и IэшхуитIыр зэригъэубыдыжри. – Фэхъус схуефхыж Щэбэтыкъуэ сымэ.

Джоурджий щыукIытэу зашыIами, Жанболэтрэ ГупымыкIрэ адрыщI псы Iуфэр ягъуэту, я закъуэ къэна иужькIэ къуалэбзум хуэдэу зэубзэрабзэу щIадзат. Абы я гуфIэгъуэр уафэм хуэдизт, удзхэр цыпхыдзэу щIым къызэрежар, къэрабэхэр къызэрыгъагъэр, дзэл дэгур къаз шырыфэу къызэрытIэпIыр, дэжьейхэм хьэмбылу къазэрыпылэлыр а тIум нобэ къащIам ещхьт.

Тенджыз Iуфэ дыдэм Iус жылэ цIыкIум Жанболэт шырэ щIакIуэрэ къыщищэхуащ. Махуэм иджыри фIыуэ иIэт, уи гъуэгу хэбгъэщI хъуну. Жанболэт ГупымыкI игъэкIэсри ПсыжькIэ дриIуэнтIеящ, хъыджэбз кIэс къызохь, жиIэурэ ГупымыкI къыхуеплъэкIыу. Махуэ ныкъуэ гъуэгу къызэранэкIауэ Жанболэт и тхьэкIумэм къиIуащ адыгэ уэрэдыжь жаIэу:

…Ай-ра, сымыхэшэн щхьэкIэ, рауейей,  
О-о, уэр сэрмахуэ, уей дуней, хэкур собгынэ.  
Ай-ра, пщыр сымыукIыуэрэ, рэуэией,  
О-о, уэр сэрмахуэ, а махуэм пщыукI къысфIащ…

– Зэхэпхрэ, ГупымыкI, – жиIащ Жанболэт.

– Зэхызох… Азэпщ и къуэ Гъудэберд…

– Аращ. Ди хэку дыкъихьэжащ иджы. Хьэм дашхми, ди хьэщ дызышхыжынур. Iэшэлъашэм адыгэ къуажэ щыс къыщIэкIынщ…

*УсакIуэ Къагъырмэс Борис илъэс 80 ирокъу*





# Гъуэгуанэ махуэ

УсакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис 1935 гъэм январым и 6-м Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Нобэр къыздэсым Къагъырмэсым къигъэщIам, и творчествэм сыт хуэдизкIэ ущымыгъуазэми, а цIыху гуащIафIэм теухуауэ нэгъэсауэ псалъэ жыпIэн щхьэкIэ, тхылъ псо тептхыхьыну хуэфащэщ. Абы щыхьэт тохъуэ Къагъырмэс Борис балигъ зэрыхъурэ лъэпкъым хуэщхьэпэну и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ купщIафIэхэр, и гъащIэмкIи и гуащIэмкIи цIыхум сэбэп яхуэхъуныр и гуращэ нэхъыщхьэу, и творчествэм зригъэузэщI зэпыту абы къикIуа гъуэгуанэр.

Зэманым декIур лIыфIщ, жиIэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. А псалъэр и гъащIэмкIи и творчествэмкIи егъэпэж Къагъырмэсым. Борис ящыщкъым гъащIэм и гугъуехьхэм къапэзыкIухьхэм, зэман пхъашэм и Iэужьхэр зыфIэмыIуэхуу, «нэкъыфIэщIхэр» зэгъэкIуауэ, ауэ уамыгъэпIейтеифу зытхыжхэм.

1962 гъэм, университетыр къиухри илъэсищ дэкIа къудейуэ, Борис и япэ тхылъыр, «ФIэхъус апщий» зыфIищар, дунейм къытехьащ.

Абы къыкIэлъыкIуащ тхылъ тIощIым нэблагъэ. Абыхэм ящыщщ адыгэбзэкIэ къыдигъэкIа «ГъащIэ лъэужьхэр», «ЛIэщIыгъуэ уардэ», «УафэхъуэпскI къудамэ», «Махуэм и макъ», «Гуапагъэ», «Шэджагъуэ», «Вагъуэбзэ», «МахуэщIэ», «Лэскэн пшыналъэ» усыгъэ, про-

зэ тхылъхэр, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Москва «Советский писателъ» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Ветка молнии», «След солнца», Налшык «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Быстрина», «Узлы», «Гостите у меня» сборникхэр, усакIуэм сабийхэм папщIэ итха усэхэр зэрыт, 1994 гъэм Налшык къыщыдэкIа «Дождевой телефон» тхылъыр. А псоми зэманым и жьы къабзэ къащIихуащ, и дамыгъи ятелъщ, езы усакIуэм къикIуа гъуэгуанэр, и Iэзагъэм зэрыхэхъуар, зэрызиужьар хьэлэмэту ягъэбелджылыуэ.

КъимыдэкIэ, Борис и усэхэр нэгъуэщI хэкухэм щыпсэухэми зэранэIуасэм и щыхьэтщ абы и IэдакъэщIэкIхэр лъэпкъ куэдым я бзэхэмкIэ – украиныбзэкIэ, белорусыбзэкIэ, латышыбзэкIэ, болгарыбзэкIэ, узбекыбзэкIэ, къумыкъубзэкIэ, осетиныбзэкIэ, аварыбзэкIэ, ингушыбзэкIэ, нэгъуэщIыбзэхэмкIи – зэрызэдзэкIар, и тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэралым щыцIэрыIуэ журналхэу «Дружба народов», «Дон», «Неман», «Кодры», «Дарьял», газетхэу «Литературная газета», «Литературная Россия», «Неделя», нэгъуэщIхэми зэрытрадзар, зыбжанэрэ Мэзкуу радиокIэ къызэрыратыкIар.

Дунейр дахэу, гъащIэр нэхуу, цIыхур насыпыфIэу щытыным щIэхъуэпсу, адэжь щIыналъэм лъэ быдэкIэ тет усакIуэм гупсысэ лъагэ зэриIэм и щапхъэщ мы усэ пычыгъуэхэр:

*СиIэщ цIыхум яжесIэн мымащIэу...*
*Ауэ сэ итIани къэслъытэнт*
*Щызгъуэтауэ сызыхуейр мы гъащIэм,*
*СлъэкIыгъам кIэщI дыдэу къэсIуэтэн*

*ЗэрыфIыщэр цIыхуу ущытыну,*
*Ухуитыну Дыгъэм, ЩIым, Хьэуам,*
*Лъагъуныгъэ пщIыну, бын бгъуэтыну,*
*Уеблэм улIэжыну, жьы ухъуам!*

Дунеягъэм, цIыху гъащIэм дэтхэнэ зыми къыщыпэщылъ лэжьыгъэм и философиекIэ узэщIа а усэ сатырхэм куэдым урагъэгупсыс.

УсакIуэм и къару хэкIыпIэр къыщалъхуа щIыналъэрщ, Хэкурщ, къызыхэкIа лъэпкъырщ.

*КъухьэпIэм нэсу сIэщIэкIыхукIэ,*
*Си дыгъэр ину сэ згъэблэнщ.*
*Си Хэку, си лъэпкъ дунейм тетыхукIэ –*
*Си гъащIэр ахэрщ – сымылIэн!*

Аращ усакIуэм и гъуазэр, аращ зыхуэпсэури. Апхуэдэ плъапIэр къохъулIэн папщIэ, уи къарум уемыблэжу, гъащIэм и бэнакIуэ къэмылэнджэжу ущытын хуейщ. ГъащIэм и къэхъукъащIэхэм, дызытет дунейм я нагъыщэхэу щыт шыфэлIыфэхэм щытетхыхькIэ, Къагъырмэсым тегушхуауэ нэрылъагъу къещI, зэпкърех цIыхум и псэр зытхьэкъу, зыгъэпIейтей гупсысэ-гурыщIэхэр, гъащIэм и IэфIри и дыджри, гуапэри гуауэри, гухэхъуэри гухэщIри, дахэри Iейри, фIыри бзаджэри, гумащIагъэри губжьри, цIыхур къызэригъэщIам хуэдэу, дунейм зэрехыжынури... ЦIыхур псэуху зыхищIэ а псори къэзыгъэлъагъуэ образхэм куэдым урагъэгупсыс, псом ящхьэращи, цIыху хуэ-

дэу, пэжым урителъхьэу дунейм тетын зэрыхуейм.

Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр цIыху гумызагъэщ, дунейр уэфIу, гъащIэр дахэу, гуащIэрыпсэу цIыхубэр насыпыфIэу щытын папщIэ, ар бэнакIуэ къызэфIэмыщIэщ, гукъэкI тарэфарэкIэ, гурыщIэ къыпыж-ныпыжхэмкIэ, гухэлъ фэрыщIхэмкIэ зигу загъэ цIыху щхьэхуэфIкъым, атIэ зи напэмрэ цIыхугъэмрэ псом япэ изыгъэщ цIыху зэтетщ. Абы и дунейр, и гум щыщIэр, зыщIэхъуэпсыр, ар зытеплъэ мыхъур зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ мэхъу. «Фысакъ, цIыхухэ, иджыри дунейм лей куэд щызокIуэ!» – а гупсысэр усакIуэм и тхыгъэ куэдым щынэрылъагъущ.

Къагъырмэсыр зэрыусакIуэ-лирикыр гукъинэжу нэрылъагъу зыщI усэхэр цIыхупсэм йодэхащIэ. КъимыдэкIэ, а усэхэм япкърылъ гупсысэм и къэухьым хэхъуэ зэпытщ. Абы и фIыгъэкIэ усэхэр нэхъ щIэщыгъуи гуащIафIи мэхъу, ар нэгъуэщIхэми къащхьэщызыгъэкI нэпкъыжьэхэр хэмыгъуащэу. Гупсысэ куур зи купщIэ, гурыщIэ къабзэр зи дамэ, цIыхум дэрэжэгъуэ езыт апхуэдэ усыгъэхэр Борис и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъ куэдым я фIыпIэщ.

Ди литературэм, абы щыщу лирикэми, «лъыхъуэныр, тхэкIэм и щэхухэр къэхутэныр, хэплъыхь щIыныр, нэхъ ткIийуэ икIи нэхъ Iэзэу Iуэхум бгъэдыхьэныр кIуэ пэтми хабзэ яхуохъу», жиIэу Сокъур Мусэрбий тэмэм дыдэу гу зылъитауэ щыта нагъыщэхэр Къагъырмэсым и творчествэм хуэпхьыныр тэмэмщ. Нэм къыфIэнэ нэщэнэхэм дахьэххэм ящыщкъым Къагъырмэсыр, атIэ цIыхупсэр, дахагъэм, гуапагъэм, гурыщIэ куум, къабзэм хуэзыгъэуш усакIуэщ ар.

Къагъырмэсым и творчествэм, и Iэзагъэм нэрылъагъу ящI абы поэтическэ культурэ лъагэ зэрыбгъэдэлъыр, классическэ литературэм, ди зэманым и усакIуэ нэхъыфIхэм я тхыгъэхэм ар фIыуэ зэрыщыгъуазэр. Адыгэ IуэрыIуатэм и щапхъэ телъыджэхэр и лъым зэрыхэпщIар абы хэплъхьэжмэ, белджылы мэхъу усакIуэм и талантым хэкIыпIэ хуэхъуа къару нэхъыщхьэхэр.

ЗыпэщIыж лъэпкъ хэмыту, ар яподжэж Кавказым и усакIуэшхуэхэм, абыхэм я гупсысэ лъагэхэм, ахэр зыгъэпIейтей гурыгъу-гурыщIэхэм. Урысейм и усакIуэшхуэхэу Лермонтовымрэ Блокрэ, ди зэманым псэуа, Кавказыр зи псэм и щIасэу щыта Тихонов Николай сымэ я гум, я псэм щагъафIэу щыта гупсысэ-гурыщIэхэр зэримыхамэр, атIэ ахэр и дэрэжэгъуэу зэрыщытыр Къагъырмэсым и усэ нэхъыфIхэм щонахуэ, езы усакIуэм и зэманым, и дуней еплъыкIэм, и цIыхугъэ лъагэм, къызыхэкIа лъэпкъым тегъэпсауэ.

Къагъырмэсым и поэзием псэуэ хэтыр цIыхугъэ лъагэр, лIыгъэр, пэжыгъэр, псэемыблэжыныгъэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхур къыщIигъэщIауэ дунейм щIытет, щIэпсэу гъунапкъэм хуэфащэу щытыныр щ. Абы щыгъуэми укъызыхэкIа лъэпкъым, ущыпсэу зэманым я нагъыщэхэр, ахэр зэрыгъэпса образнэ деталхэр шэрыуэу къэпхутэу, усэм и «Iэпкълъэпкъым» а псори екIуу ибгъэзэгъэфу щытмэщ талант уиIэу къыщылъытапхъэр. Абы и лъэныкъуэкIэ Къагъырмэсым дагъуэ хуэщIыгъуейщ. Уеблэмэ игъащIэ лъандэрэ цIыхум и гупсысапIэу щыт Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьым дежи Къагъырмэсым и гуращэр, ар зыхущIэкъур нобэрей зэманым и образ телъыджэхэр къэгъэщIыныр щ. ИкIи ар къохъулIэ усакIуэм.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ Борис и поэзием усэ-уэрэдхэр къызэрыхэщхьэхукIыр. Абы гу лъамытэу къэнакъым ди композиторхэм. Борис

и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуащ. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ «Письмо хуэстхынут – сфIэгъунэгъущ», «Лэскэн хъыджэбз», «Иджырей хъыджэбзхэр», нэгъуэщIхэри. Ахэр ящыщщ жьы хъуркъым жыхуаIэ уэрэдхэм.

* * *

Дызытет дунеишхуэр зэтезыIыгъэ къарухэм, уэгуми щIыгуми къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ телъыджэхэм, дунеймрэ цIыхумрэ зэрызэхущытым, цIыху гъащIэм и хабзэ-нэщэнэхэм, абыхэм я щхьэусыгъуэм егупсысу иужьрей илъэсхэм усакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа усыгъэхэм я къэухьыр нэхъ ин хъуащ. БлэкIамрэ ди нобэмрэ, ди гъащIэмрэ къэкIуэнумрэ ухэзыгъаплъэ гурыгъу-гурыщIэхэр усакIуэм и гупсысапIэщ, абыхэм къапкърыкI философиемкIэ гъэпсащ Къагъырмэс Борис итхауэ цIыхум я гур къызэщIэзыIэтэ, я гурыщIэр зыгъэтолъкъун усэ купщIафIэхэр.

Зэманым и къэхъукъащIэхэмрэ усакIуэм и гупсысэмрэ зэрыIыгъщ, зэхэухуэнащ. Аращ апхуэдэ усэхэр акъылыфIэ, гуащIафIэ зыщIыр. Зэманым и зыужьыкIэр, дунейм, цIыху гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр усакIуэм и гум, и псэм кууэ зэрызыхащIэм и нэщэнэхэр щынэрылъагъу къудейкъым абы и усэхэм, атIэ, псом ящхьэращи, а «телъыджэхэращ» усакIуэм и пшыналъэр зыгъэбзафIэр, зыгъэкъарур, гуимыхуж зыщIыр. ЖытIам щыхьэт техъуэу къэтхьынщ усэ зытIущ. Мис «Шэрхъ» зыфIища усэр:



*Шэрхъым тесщ тетIысхьауэ дунейр –*
*Жьыи щIэи, цIыхухъуи цIыхубзи.*
*Нобэ шэрхъым и культщи, ей-ей,*
*Щхьэщэ хуащIыр абы, яхуэмыхъуу.*

*Шэрхъ! - машинэхэр вууэ блоцIэфт,*
*Шэрхъ! - кхъухьлъатэр йохьэжыр уэгу лъагэм.*
*Шэрхъ, щымыIэ уэ Iуэху умыщIэф.*
*Пэж жысIэнщи, сэ уэркIэ сопагэ.*

*Япэ дыдэ хэт зигу укъэкIар?*
*Сэ къысфIощIыр щытауэ ар пщылIу:*
*Мо тхьэмыщкIэу куэд зи фэ дэкIар*
*Гупсыса къыщIэкIынут: «СымылIэу,*

*Зы Iэмал къэзмыгъуэту мыхъун –*
*Си плIэм хьэлъэр имылъу, къесшэкIыу...*
*Мывэр, щIауэ хъурей, угъуэнын...»*
*Ар гупсысэрт, акъылыр къэхъуэпскIыу.*

*Арти, шэрхъыр кIэрахъуэу хуежьащ.*
*Ар ежьащ. Абы лъандэм мыувыIэу*
*МакIуэ. Дэни нэсащ. Зиужьащ,*
*Къэнэжакъэ хъурейуэ, жумыIэм.*

*Мазэм пэтрэ абы и лъэужь*
*Телъщ иджы – луноходыр тетакъэ!..*
*Тхьэм ищІами ярейуэ, Іэужь*
*Ар зыщІауэ щытам къыдитакъэ!*

Зэман жыжьэ блэкІахэм къыщыщІэдзауэ цІыху акъылым ину зыщиужьа ди цивилизацэм, космосым нэс къызэщІиубыдэу купщІэшхуэ хэлъщ мы усэм. Тхыдэм и Іэужь абрагъуэхэр лъэщу мы усэм иригъэзэгъащ усакІуэм, абы бгъэдэлъ Іэзагъэмрэ акъыл жанымрэ къагъэщІащ апхуэдэ телъыджэ. Интеллект лъагэ, дунеягъэмрэ цІыхугъэмрэ я философие зыхэлъ мы усэр зыхуэгъэпсар ди нобэм иІэ зыужьыныгъэр зи гупсысапІэ, зи зэхэщІыкІым къитІасэ цІыхухэращ.

ГъащІэм, дунеягъэм къагъэщІ къэхъукъащІэхэм иригупсысэ усакІуэм и акъылыр зыгъэжаныр, и гупсысэр зэпымыууэ зэхэзехуэн зыщІыр, тепыІэ къезымытыр дунейм къызэрытехъуэрэ цІыху цІыкІум сыт щыгъуи я гупсысапІэу щыт Іуэхушхуэхэращ – гъащІэмрэ лІэныгъэмрэщ. Абыхэм ехьэлІауэ Борис и Іэдакъэ къыщІэкІа усэхэм гупсысэ нэхъыщхьэу яхэлъыр мыращ: гъащІэ зиІэм уахъты иІэщ. Нэхъыщхьэр цІыхуу дунейм тетынырщ.

Дунейр дахэу щытыныр, хуэфащэу абы тетыныр, нэхъыфІым, нэхъ дахэм хущІэкъуныр, цІыхугъэ лъагэм и щапхъэу псэуныр сыт щыгъуи и хъуэпсапІэщ усакІуэм, аращ гъащІэм и пщалъэу абы игъэувыр.

*Дунейр хьэщІапІэщ, дэ дыхьэщІэщ,*
*Ди пІалъэр икІмэ, дежьэжынщ,*
*Мы щІым тет псори къэзыгъэщІым*
*НэхъыфІкІэ, дауи, дихъуэжынщ.*

*Сыхуейщ сыт щыгъуи дуней дахэм*
*Къытехьэ псори щыдэхэн,*
*Хагъахъуэу фІыгъуэу дэ длэжьахэм,*
*Щымыхъуу зыри насыпхэн.*

ГъащІэм и диалектикэр, гъащІэр зэи и пІэм зэримыувыІыхьыр, абы зэпымыууэ зэрызихъуэжыр усакІуэм и усэхэр зыгъэуардэ образхэм я тегъэщІапІэщ, я лъапсэщ. Аращ абыхэм я псэр зыгъэпсалъэр.

Ди тхылъеджэхэр фІыуэ щыгъуазэщ литературэм и адрей жанрхэми Борис зэрыхуэІэкІуэлъакІуэм. Абы етх зы сатыр, сатыритІ фІэкІ мыхъу усэхэр, рассказ кІэщІхэр, басняхэр, жыІэгъуэхэр, пародиехэр. А псори ди поэзием, къэбэрдей литературэм япэу, зэи хэмытауэ къыхэзыгъэхьар Къагъырмэсырщ.

Къагъырмэсыр, зэрыусакІуэм къыдэкІуэу, икІи прозаикщ. Тхылъеджэхэми критикэми хуэфащэ гулъытэ хуащІ абы и новеллэхэм, рассказхэм. Ахэр ярыту Борис къыдигъэкІащ тхылъищ, ещанэр – урысыбзэкІэ. Прозэ утыкум ар къызэрихьар купщІэ шэрыуэ зиІэ, жану гъэпса и рассказ кІэщІхэрщ. Я инагъкІэ ахэр зэрыхъур зы напэщ, е напэ ныкъуэщ, е нэхъ мащІэжщ. Ауэ къаІуатэ и лъэныкъуэкІэ абыхэм ящыщ куэдыр пэувыфынущ повестым, рассказышхуэм, апхуэдизкІэ гъэщІэгъуэнщ, гукъинэщи.

ТхакІуэ Къагъырмэсыр набдзэгубдзаплъэщ. Абы и гулъытэр зэ-

тар цIыхугъэр, пэжыгъэр, лIыгъэр зыгъэлъапIэ IуэхуфIхэм цIыхупсэр хуэгъэушынырщ, цIыхум и дунейр зыгъэдахэ хабзэхэр, гъащIэм и нэщэнэ угъурлыхэр нэIурыт щIынырщ. Ар нэрылъагъу зэрищIын художественнэ Iэмалхэм ящыщ зыуэ авторым къегъэсэбэп таурыхъ, гукъэкIыж щIыкIэу, хъыбар теплъэ иIэу гъэпса тхыгъэхэр.

Рассказ кIэщIхэм я нэхъыбэр теухуащ цIыхум яхэлъ хьэл-щэн зэхуэмыдэхэм. Ар нэхъ лъэщу тхылъеджэхэм япкърыхьэу къигъэлъэгъуэн папщIэ, Борис шэрыуэу къегъэсэбэп щIагъыбзэр. Абы тхакIуэм Iэмал кърет цIыхугъэм къемызэгъ хьэл-щэн мыхъумыщIэхэр (гъэпцIагъэр, нэпсеягъэр, фэрыщIыгъэр, нэгъуэщI икIагъэхэри) щIэгъэщхъуауэ къыщIигъэщыну. Апхуэдэщ щIагъыбзэ шэрыуэ щIэлъу тха мы хъыбархэр: «Модэм икIахэр», «И делагъэм текIуэдэжащ», «Къурш ажэмрэ къаплъэнымрэ», «Еджагъэшхуэмрэ дыгъужьымрэ», «Нэпсей», «Щхьэщытхъу», «Дэжей», нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэм и дэтхэнэ рассказымкIи Iэдэбу, ауэ икъукIэ хьэкъ къытщищIу къыджиIэ хуэдэщ: цIыхуфIхэ, защыфхъумэ гъащIэр зыгъэутхъуэ мыхъумыщIагъэхэм, вгъэкIуэд абыхэм я лъапсэр, ди гъащIэр нэхъ дахэ зыщI псори дывгъэIэт.

Къагъырмэсым етх сюжет убгъуа зиIэ рассказхэри. Абыхэм щынэрылъагъущ Iэзагъышхуэ зэрыбгъэдэлъыр, и гупсысэр зэрыкуур, гъащIэм ар жыжьэу зэрыкIуэцIрыплъыфыр. Абы и щыхьэтщ рассказхэу «ЩэхуитI», «Бру», «Къуажэм къэкIуа письмо», «Адэм папщIэ тутын», «Зэзым хищIа мывэ», «Губжь», «Чучэлинэ», «Умар и къамэр», нэгъуэщIхэри.



Къагъырмэсым и творчествэм ину, купщIафIэу зэрызиужьар къызыхэкIахэм дащытепсэлъыхькIэ, зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым дунейпсо литературэм, ди къуэш лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм щыгъуазэ къудейм къыщымынэу, усакIуэшхуэ куэдми я усыгъэхэр зэрызэридзэкIар, иужькIэ ахэр и тхылъхэм хигъэхьэурэ къызэрыдигъэкIар.

Ди къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм нэмыщI, нэгъуэщI хэкухэм я тхакIуэхэми Борис и творчествэм пщIэшхуэ къыхуащIу псалъэ гуапэ къыхужаIащ. Ар, шэчыншэу, щыхьэт тохъуэ Къагъырмэсым и творчествэр нэгъуэщI лъэпкъхэм я дежи цIэрыIуэ зэрыщыхъуам.

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр**
*1995*

# Къагъырмэс Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Усэм хэт дэтхэнэ псалъэри Iэрыхуэмэ, гупсысэ зыщIэлъ нагъыщэм хуэунэтIамэ, ар поэзием деж нэрылъагъу щызыщIыр а гупсысэм и уасэр усакIуэм къызэрыгурыIуэрщ, ар зыгъэбелджылыри псалъэм и къэгъэсэбэпыкIэрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, образ мыхъуа псалъэр усэм дежкIэ щIымахуэ жыгыу къонэ, тхьэмпи пымыту, мэ лъэпкъи къыпимыхыу... Гупсысэшхуэр дахэу, нэрылъагъуу къэIуэтэныращ къыщIэкIынщ поэзием и къежьапIэри.

А жытIахэр занщIэу уи гум къагъэкI Къагъырмэс Борис и тхыгъэхэм.

Борис усакIуэ щабэкIэ узэджэ хъунухэм ящыщкъым, абы и нэрыгъыр гумызагъэу, ерыщу, бэнакIуэу мурадышхуэкIэ гъащIэм бгъэдэт цIыху къэгъэлъэгъуэнырщ. А цIыхур ткIийуэ икIи пхъашэу зыкIэлъоплъыж, напэмрэ цIыхугъэмрэ я «щIэтхыкIкIэ» езым и гъащIэ псори, и нэгу щIэкIыу хъуари къепщытэ.

**СОКЪУР Мусэрбий,**
*критик*

* * *

Къагъырмэс Борис езым и лъагъуэ щыпхишащ поэзием, ерыщу, къэувыIэ имыщIэу абы ирокIуэ. Тхэн зэрыщIидзэрэ Борис хущIокъу и псэр тхылъеджэхэм зэрахузэIуихыным. Апхуэдэ гулъытэ хэха зыхуищI тхылъеджэми и дзыхь усакIуэми кърегъэзыж, аращ и тхыгъэхэр сыт щыгъуи яфIэщIэщыгъуэу щIыщIаджыкIыр.

Борис зыхуэтхэр, зыхуэусэр езыр кууу зыгъэпIейтей, псэкIэ игъэв Iуэхугъуэхэу езыр щыпсэу зэманым, езым и гъащIэм нэхъ пэгъунэгъухэрщ. Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр псэмыгъэпсэхущ, зэманым къыдекIуэкI Iуэхугъуэ псори жану зыхэзыщIэщ.

Борис, япэхэми хуэдэу, поэзием щыпхиша гъуэгу тэмэмым тетщ, игурэ и щхьэрэ зэтелъу, мурадыщIэхэм хуэплъэу.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Къагъырмэс Борис ящыщщ зи тхыгъэхэмкIи, зи дуней тетыкIэмкIи хабзэншагъэр, мыхъумыщIагъэр зи гум темыхуэу абыхэм япэувыф, зи гум илъыр зи жьэм жиIэ, и лъэпкъым жьэ нахуэу къыщхьэщыж, и хэкум хуэгумащIэу хуэлажьэ, емрэ фIымрэ щымыуэу зэхэзыгъэкIыф тхакIуэ гумызагъэхэм.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Къагъырмэс Борис литературэм кууу хэзыщIыкI, абы пщIэшхуэ хуэзыщI, литературэ щхьэфэрыдымрэ щхьэфэтегъэжым-

рэ зи гум темыхуэ тхакIуэщ, усакIуэщ.

Къагъырмэсыр, хьэлъагъкIи къэпщ, фIагъкIи къэпщытэ, – ди литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыхущ.

Борис, адыгэбзэкIэ щIэныгъэфI иIэ къудей мыхъуу, анэдэлъхубзэм и IэфIри и дыджри псэкIэ зыхэзыщIэ, а псэкIэ къигъэщI гупсысэхэм япэхъун псалъэхэр дэгъуэу къэзыгъуэтыф литераторщ.

**IУТIЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Адыгей критик Чэмокъуэ Тыркубий гу зэрылъитащи, Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр емышыжу щIэм лъыхъуэу, мурадыфIым хуэпабгъэу и шы-уанэ зэтелъ зэпытщ.

Тыркубий къелъытэ Къагъырмэсыр КIыщокъуэ Алим и гъукIэгъэсэнхэм ящыщ зыуэ икIи абыкIэ арэзы умыхъун плъэкIыркъым. Борис и тхыгъэхэм ущеджэкIэ, япэу гу зылъыптэр усакIуэм и гупсысэр куэдым лъэIэсу, къиIэт Iуэхугъуэхэм я гъунапкъэм ину зиубгъуауэ зэрыщытырщ.

Къагъырмэсым гъуэзэджэу къехъулIахэм ящыщщ зауэм зи сабиигъуэр хиубыда щIэблэм и нэкIэ а зэман гущIэгъуншэр уэзыгъэлъагъуж усэхэр. Абыхэм пэжагъыу яхэлъым уагъэпIейтей, языныкъуэхэм дежи плъэмыкIыу уи нэпс къырагъакIуэ.

Дэтхэнэ усакIуэми и тхылъхэм ущыхэплъэжкIэ, гу лъыботэ абы и Iэзагъэм хэхъуамэ е хэщIамэ. Абы и лъэныкъуэкIэ къыжыIэн хуейщ Къагъырмэс Борис и творчествэм кIуэ пэтми нэхъ зэрызиужьыр, и дамэхэр нэхъ ину, нэхъ лъэщу зэришэщIыр.

**ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан,**
*усакIуэ*

* * *

Тхылъеджэхэр куэд щIауэ щыгъуазэщ Къагъырмэс Борис и усэхэм, поэмэхэм, рассказхэм, пародиехэм, рассказ кIэщIхэм. Къагъырмэсыр сытым темыпсэлъыхьами, и IэдакъэщIэкIхэм я купщIэ нэхъыщхьэр цIыху гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэрщ, нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, и гупсысэхэр къэгъэлъэгъуэнырщ. Зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр абы нэ жанкIэ къеубыдыф, фIым и щапхъэр, псэуным и мыхьэнэр, езым и гупсысэ щIэщыгъуэхэр IэкIуэлъакIуэу тхыбзэм кърегъэтIасэ.

**БРАЙ Адэлбий,**
*усакIуэ*

* * *

УсакIуэ Къагъырмэс Борис ди шынэхъыжьщ, ди ныбжьэгъуфIщ. Абы хуэфащэ псалъэ гуапэ куэд къыпхуэгъуэтынущ. Гъуэгу тэмэм дытеувэн папщIэ дэ Борис чэнджэщыфI куэд къыдитащ. Ар къыддэIэпыкъурт ди тхыгъэхэр газетхэм къытрадзэнымкIэ, радиом къитынымкIэ. Дэ ар зэи зыщыдгъэгъупщэркъым.

Къагъырмэсым и тхыгъэ купщIафIэхэм нэмыщI, и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъ куэдми я

усакIуэхэм, тхакIуэхэм я творчествэм теухуа статьяхэр, рецензэхэр, эссехэр, адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ абыхэм я тхыгъэ куэд.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн,**
*усакIуэ*

* * *

Тхэн зэрыщIидзэрэ усакIуэр тетщ езым пхишыжа лъагъуэм. А лъагъуэр цIыкIуу къежьами, иджы ин, бгъуфIэ хъуащ. Хуэм-хуэмурэ зашэщIащ абы и усэхэм, дамэ ягъуэтри, утыкушхуэ ихьащ.

Борис и творчествэр къулейщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ зыпщIа нэужь, уогупсыс: ярэби, сыт хуэдэ Iуэхугъуэу пIэрэ усакIуэм игъэнэхъапэр, нэхъыбэу зи щхьэфэ иIэбэр, нэхъ къехъулIэр, жыпIэу. Абы и усыгъэхэр теухуащ Хэкум, анэм, зауэ екIуэкIам, пэжыгъэм, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм, гъащIэм зыщрихьэлIэ мыхъумыщIагъэхэм...

**МЫЗ Ахьмэд,**
*тхакIуэ*

* * *

Къагъырмэс Борис зэрыусакIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэм нэмыщI икIи критик, публицист Iэзэщ.

Борис иIэщ Пушкин Александр, Шукшин Василий, ПащIэ Бэчмырзэ, Шортэн Аскэрбий, Сокъур Мусэрбий, нэгъуэщI куэдми ятеухуа эссехэр. А тхыгъэхэм абы Iэзагъ хэлъу къыщигъэлъэгъуащ а цIыху щэджащэхэм ябгъэдэлъа зэчийм и кууагъыр, лъэпкъым хуащIар зыхуэдизыр.

**АБАЗЭ Албэч,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*



* * *

Сэ ди усакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис зэрысцIыхурэ илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъащ. Абы лъандэрэ си ныбжьэгъум литературэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм сыкIэлъоплъ, и тхыгъэу газетхэм, журналхэм къытехуэхэм, къыдигъэкI и тхылъхэм семыджэу зэи къэзгъанэркъым.

1954-1959 гъэхэм Борисрэ сэрэ ди университетым дыщызэдеджащ. А лъэхъэнэрщ абы и япэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыхуежьар. Къагъырмэсыр тхэн щIэзыдза ныбжьыщIэ нэхъ къыхэжаныкIхэм ящыщт. Ар фIы дыдэуи еджэрт, университет гъащIэми жыджэру хэтт.

А гъэхэм къыщыщIэдзауэ сэ си фIэщ хъурт Борис усакIуэ Iэзэ, лъэпкъ псом къацIыхун творчествэ зиIэ къызэрыхэкIынур. Апхуэдэуи хъуащ. АбыкIэ Борис хуабжьу сэбэп къыхуэхъуащ ар сыт щыгъуи гъащIэм и курыкупсэм хэту, лэжьыгъэр фIыуэ илъагъуу, щхьэх имыщIэу, ныбжьэгъухэм яхуэпэжу зэрыщытар. Аращ абы и усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр купщIафIэ зыщIыр, цIыхум и гум щIехуэбылIэр.

**ЖЭНДАР СулътIан,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ*

4 Заказ № 20

* * *

Къагъырмэс Борис фIыуэ къыгуроIуэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я пщэ къалэнышхуэ зэрыдэлъыр, абыхэм я лэжьыгъэр зэрымытыншыр, атIэми мы ди лъэхъэнэ гугъум укъызэфIэмыщIэу, цIыхубэм я гум укъипсэлъыкIыу ущытын зэрыхуейр.

Сэ куэд щIауэ гу лъыстащ Борис езыр зэрыщытымрэ и тхыгъэхэм къызэрыхэщымрэ зэрызэтехуэм. Къагъырмэсым къыдигъэкI тхылъ псори къызощэху икIи ахэр куэдрэ щIызоджыкIыж, зэи сытемызашэу. ЕджакIуэхэми езгъэцIыхуащ мы усакIуэ хьэлэмэтыр (абы и тхыгъэ зыбжанэ школ программэм хохьэ).

Борис и усэхэр купщIафIэщ, укъызэщIаIэтэ, куэдым урагъэгупсыс.

**ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий,**
*категорие ищхьэ зиIэ егъэджакIуэ*

# *Усэхэр* КЪАГЪЫРМЭС Борис

## СИ АДЫГЭБЗЭ



IэфIыгъэу, лIыгъэу пхэлъыр,
Уи гуапагъэр
Куэд щIауэ псэкIэ зыхэсщIау сопсэу.
СлъэкIамэ, ахэр минкIэрэ згъэбагъуэу,
СыпхуэлэжьэнтI, си бзэ, гъащIэ псом.

Уэрщ сытым щыгъуи си гур зыгъэнэхур,
СиIэту уэрщ сизыхьэр лIыгъэ уэгу.
Ди лъэпкъым щыщми,
УзыфIэмыIуэхум,
Адыгэу сыбжу, симыплъэн и нэгу.

ФIокIуэдыр и пщIэр уи пщIэр зыгъэкIуэдым,
КъыпхужызыIэм: «Бзэ лъэрымыхь цIыкIущ…»
Уэ къыпхуэпэж уи бын гуащIафIэ куэдым
Я тхыгъэхэр ипхьащ дуней утыку.

Сэ уэ къыппэплъэм согупсысыр куэдрэ…
Сыхуейщ уи гъащIэр хъуну нэхъри кIыхь.
Насып иIэжкъым лъэпкъым, и бзэр кIуэдмэ, —
ЗауэлI Iэщэншэу, мэхъу ар лъэрымыхь.

Хуэблэжьыр лъэпкъым нэхъри уэ бгъэбагъуэу,
Ди адыгэбзэ, куэдрэ утхуэпсэу.
IэфIыгъэу, лIыгъэу пхэлъым,
Уи гупагъэм
Щыгъуазэ сщIынт, слъэкIамэ, дуней псор.

* * *

Нэщыпхъуэ тIулъами ярейуэ,
Дынабгъэу илъэсхэр дгъэкIуащ.
ПцIым пэжыр къиухьырт сэрейуэ,
Iуэху псори тфIагъэщIт зэгъэкIуа.

Иджы, зи нэщыпхъуэ Iухауэ,
ПсэукIэр долъагъу зэрыхъуар.
Шынагъэм дэ ди псэр Iуихауэ
Щытами, ар тщIыжкъым хъымпIар.

Зеубгъу жьэнахуагъэм кIуэ пэтми,
Дыгъуасэ щэхуар къосэтей.
А псори зи жагъуэ къытхэтми,
Иджы къытщырехуэ я ней!

ЦIыхубэм зеузэщI и гупсысэм,
Щхьэхуиту псэуным хущIокъу.
Хиутэу ядэжкъым хейр мысэм,
ЩыкIахэу щытам яхурокъу.

Тпэщытщ дэ гугъуехьу мымащIэ,
МыхъумыщIэ щIэинхэр ди куэдщ.
ИтIани, мурадхэр дгъэзащIэу,
Гур здэплъэм ерыщу дыкIуэнщ!

## ГЪАЩIЭ

«Хэт къызжиIэн
ЗищIысыр гъащIэр?» —
Зыгуэр цIыху куэдым еупщIат.
«УщIалэщ зэкIэ, умыпIащIэ», —
Жэуап апхуэдэу къратат.

Псэуащ лIыжь хъухукIэ ар,
ЛIэжыгъуэм
Абы зы щIалэ еупщIащ:
«Уэ, дадэ, гъищэ къэбгъэщIащ,
Жэуап къытхуетыт дызылъыхъуэм:
ЗищIысыр гъащIэр сыт — къэпщIа?»

ЛIыжь Iущыр мащIэу погуфIыкI,
Жэуап къитын абы лъэмыкI:
«Ар сщIэну куэд сэ къэзгъэщIа?!
Нэхъыжь нэхъыфIти уеупщIам».

## ГУАУЭМРЭ ГУФIЭГЪУЭМРЭ

— Си гуфIэгъуэ, умыпIащIэ,
Зыгъэгувэ тIэкIу.
Уи IэфIагъыр зыхэзгъащIэ,
Си гукъеуэр гъэткIу.

— Сэ си хьэлкъым сыкъэувыIэу,
СкIу зэпытщ си гъуэгу.
Къыспэмыплъэу цIыху щымыIэ,
Мыхъу зысIэжьэ тIэкIу.

— Уэ, си гуауэ, нэхъ псынщIэIуэу,
Хъунумэ, сщхьэщыкI.
— ПхуэсщIэфынукъым уи лъэIур,
А уи гугъэм пыкI:
Гуауэ уэ умыгъуэтамэ,
ГъащIэр зыхэпщIэн?!
Тхьэм гуфIэгъуэ уэ къуитамэ,
Ар зи уасэр пщIэн?!

## ГУПСЫСЭ

Сэ схуэдэ Iэджэ тетхыхьащ лIэныгъэм,
ИтIани сфIэфIт вжесIэнур зэхэфхам:
ЖаIакъым пщIэншэу лIэнми хэлъу лIыгъэ.
Хэт фIэкIыфар и натIэ къритхам?!

Ажалри — хьэщIэщ, ухуей-ухуэмейми.
Ар къэблэгъамэ — Iуэхум епIэщIэкI.
Ушынэу, уэ лIэныгъэм зыщыбдзеймиʼ,
КъыпфIремыщIыт абы уIэщIэкI.

ПцIы супсынт, жысIатэмэ: «Сэ гъащIэр
Къизмыдзэ зыуи, сIых ухуейм, Алыхь».
СфIощI зэзэмызэ къэспсэуар сэ мащIэу,
ЖызоIэ зэми: «ГъащIэр сыту кIыхь!»

Дэтхэнэра нэхъ пэжыр? Ар сымыщIэ,
Тэмэму ар къэсщIэнуи сыхуэмей.
Сэ тхьэм хузощIыр икъукIэ ину фIыщIэ,
Сытригъэтащи цIыхуу зэ дунейм.

## МОТОЦИКЛ КЪУТА

Мыбы зэгуэр Iуташ гъущIыпсэ.
Ежьамэ — пфIэщIт лъэтэну
ГъущIышыр,
Хэтым хуэдэу шыпсэм,
ИщIакъым щIэх къутэну.

Иджы уолъагъур: щылъщ тхьэмыщкIэр,
Зэхэкъутарэ фэншэу.
Хэлъыжыр сыт, гъущI тIэкIу нэмыщIкIэ?..
ПIахынкъым уеблэм пщIэншэу.

Сигу къокI итIанэ: «Сыт къутакIэ,
Псэун-лIэжын зымыщIэр?!
Тесар къелауэ щыжаIакIэ —
Зэпыту укIуэ гъущIыр!»

## УЭРАМЫМ

Ещэж зауэлIым и медалыр —
Куэд щIауэ фадэм дихьэхащ.
Илъагъури ар и гъунэгъу щIалэм,
УкIытэу, щхьэр ирихьэхащ.

Ар бгъэдыхьэнт, жриIэнт мыпхуэдэу:
«Мы пщIэр емыкIущ, нэкIуэж фи дей…»
АрщхьэкIэ щытщ, къыхуэмыгъуэту
Зы псалъи — псалъэу щыIэр лейщ.

«НэкIуэж фи дей…»
Фыз, бын иIэжу
Щытамэ, хъунут жепIэ ар.
«НэкIуэж фи дей...»
ЛъакъуитI иIэжу
Щытамэ, хъунут жепIэ ар…

Йоплъых нэщхъейуэ гъунэгъу щIалэр…
Ещэж зауэлIым и медалыр…

## АНЭ

«Дэгу утщIынущ.
Абы и пэ къихуэу,
Хэт и макъ ухуеймищ
ЩIэдэIуж», —
КъызжаIамэ,
НэгъуэщI Iуэху зезмыхуэу,
«Сянэ макъ, —
ЖысIэнт, —
Зэ къэвгъэIуж».

«Нэф утщIынущ.
Абы и пэ къихуэу,
Узыхуейр
Иужьу уэ лъагъуж», —
КъызжаIамэ,
НэгъуэщI Iуэху зезмыхуэу,
«Сянэр, —
Сэ жысIэнт, —
Сывгъэлъагъуж».

«Уи бзэр къыпIытхыным
И пэ къихуэу,

Псалъэ закъуэ
Хъунущ уэ жыпIэж», —
КъызжаIамэ,
НэгъуэщI Iуэху зезмыхуэу,
«Анэ» псалъэр
Сэ жысIэнур пэжт!

## ПАГАНИНИ
*Балладэ*

ЩIэмыхуэу залым цIыхур щIэзт.
ЗыщIар Италиер хьэщыкъ
Къихьэным сценэм псори пэплъэрт.
Арати, къохьэ Паганини.
ЛIы фIыцIэ къуэгъум и нэр лыдт.
Щытащ зымащIэрэ ар щыму,
КъеIэт итIанэ шыкIэпшынэр,
Ар и дамащхьэм трилъхьауэ,
И нитIыр мащIэу зэтрепIэ.
Абы и гущхьэ къэмыкIат
И шыкIэпшынэм телъ кIапсиплIри
НыкъуэпыупщI ящIау и бийхэм…
Абдежым занщIэу уафэгъуагъуэ
Макъ иным залым зыщеIэт.
Къэщтауэ, цIыхухэр къоуIэбжь,
Хэт къыщолъэт, хэт и нэр къож.
Тоужри зэуэ уафэгъуагъуэр,
Жьапщэшхуэм пшэжьхэр зэбгреху,
ИтIанэ дыгъэр къыщIокIыжри,
Бзу цIыкIухэр жыгхэм потIысхьэж.
ЩIэз хъуащи залым бзу уэрэд,
Къалъыхъуэ куэдым бзухэр нэкIэ…
ЕдаIуэ псори итхьэкъуауэ,
ЕгъэIу макъамэр Паганини.
Абдежым къохъур зы Iуэху щIэщхъу:
КIапсиплIым я зыр къызэпочыр.
Зал псор арыххэу къыхощтыкIыр.
«Концертыр, дауи, зэпыунущ,
ЩIэрыщIэу кIапсэ тралъхьэху.

Мис ар мыхъуа!» — гузавэрт цIыхухэр.
Ауэ ялъагъур: Паганини
Зэпигъэуакъым и концертыр! —
Къэна кIапсищри ирокъу!
ИтIани гу лъатащ нэхъыбэм
ЗэрыхъуэпскIам абы и нитIыр, —
Бийм къращIам къигъэгубжьат.
ЕкIуэкIт концертыр. Ауэ мис
КIапсищым я зыр къызэпоч.
Дымащ зал псор. Зы цIыху мыхъей.
КъыпфIощIыр я пIэм ижыхьа.
Ауэ концертыр зэпыуакъым!
КIапситI къэнакъэ — куэду фIыщ!
А тIур хъарзынэуэ ирокъу.
Губжьат итIани музыкантыр, —
Ар шыкIэпшынэм къиIуэтат:
Зэм ябгэу хъущIэрт, гиерт зэм,
Дыхьэшхт ар зэми ауаныщIу.
«СыфтокIуэ, сыт къызэвмыщIами!
Сэ схэлъ къарум фыпэлъэщын?!» —
КъыпфIэщIыртжиIэу Паганини.
Абдеж зы кIапсэр зэпычащ,
Иджы зы закъуэщ къэнэжар.
«А зымкIэ сыт хузэфIэкIын?!
Дыхъуакъэ хуэфI!» ГуфIэжт и бийхэр —
Щыуащ! Зы кIапсэ къэнэжам
Апхуэдэ макъ къригъэкIати,
Заплъыхьырт цIыхухэм къэтэджауэ,
Оркестр псо къафIэщIу еуэ!
ЙокIыжыр сценэм Паганини,
Къефыгъуэ бийхэм ятекIуауэ!

## НЭГУМЭ ШОРЭ

Къотэджри доплъ щхьэгъубжэм.
Жэщыр кIыфIщ.
Уэшх мащIэ къешхым
ЕщI дунейр нэщхъей.
Вагъуэ нэхугъи

Пшэм къыпхымыкIыф.
Мыбанэу хьэри щылъщ,
Зимыгъэхъей.

Ищхъэрэ пэшым
И бжэр тIэкIу Iуихауэ,
IэфI дыдэу жей и бынхэм
Яхукъуоплъ.
А бжэ Iух макъыр
Фызым зэхихауэ,
Сабийм яхэлъти,
И гум фIыр къыщобл.

«ГумащIэщ бынкIэ, —
Мэхъу абы и гуапэ, —
Ныжэбэ гуэрым
Емызэгъ ар жейм…
Тхылъ гуэр итхыну
ИIэр арщи плъапIэу,
КърикъэхъулIэ тхьэм
Езыр зыхуейр…»

Аргуэру Шорэ
МэтIысыжыр тхэну…
Зэманым сыпхроплъри
Ар солъагъу.
«Гугъу сохьыр», — жиIэу,
Хэткъым тхьэусыхэну,
И гугъэ инхэм
И къарум къыщIагъу.

Абы иIакъым
Зы псэхугъуэ махуэ,
И гъащIэ псор
ЛэжьыгъэкIэ гъэнщIат.
КъэкIуэну щIэблэр
Зыхуеинур нахуэу —
ЩIэныгъэ нурыр —
ПсэкIэ зыхищIат.

ЩIэгупсысакъым
ЩIыхьым ар, пщIэ лейм, —
Хуэмейт а псом
Зэман тригъэкIуэдэну.
ХъуэпсапIэу щиIэр
Зыт абы дунейм —
ЩIэныгъэ гъуэгум
Лъэпкъыр теувэнырт.

А зырщ кIыфIыгъэр
ЗыхуэгъэкIуэдынур,
Къыхэзышынур
Зауэ-банэм ар,
Зыужьыныгъэм
ХуэзыунэтIынур
Абы и нуру
Бэм ягу къыщепсарщ.



Зэманыр ткIийми,
Мис а плъапIэ дахэм
Ириджэ защIэу,
Ар тетащ дунейм…
Лъэхъэнэ кIыфIым
Лъэпкъым хуэлэжьахэм
Уащыщщи, Шорэ,
Уэ пхудощI пщIэ лей!

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭР — АР ТХЫЛЪЫШХУЭЩ

Лъагъуныгъэр — ар тхылъышхуэщ,
Бзэуэ щыIэмкIэ ятхащ.
Зы цIыху закъуи щIым тетакъым
ИкIэм нэс абы къеджа.

Ауэ сыту насыпыфIэ,
И щIалэгъуэу къищтэу ар,
Сатыр закъуэ нэхъ мыхъуами,
А тхылъ лъапIэм къизыхар!

Лъагъуныгъэр зыхэзыщIэм
И гум нуру къыщыблэнщ,
ПсэухункIэ фIым, дахагъэм
И псэр зэи щымыщIэн.

Лъагъуныгъэр къыпхуэкIуамэ,
Уи насыпщ уэ, уи дунейщ,
Зэ нэхъ мыхъуми, уи хьэщIамэ,
ЕщI уи гъащIэр нэхъ къулей.

Лъагъуныгъэр — ар тхылъышхуэщ,
Бзэуэ щыIэмкIэ ятхащ,
Зы сатыр фIэкI къыумыхами,
Уэ, зэгъащIэ, уехъулIащ.

## ЛЭСКЭН ХЪЫДЖЭБЗ

*Уэрэд*

НэкIу хъурейрэ набдзэ фIыцIэм,
Зэ къоплъарэ удихьэхым —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.
ТIэу къоплъамэ, плъэмыкIыжу
И ужь уиту укъигъанэм —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.

Псалъэ дахэ къебгъэкIуэкIми,
Нэр къиIэту къомыплъыххэм —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.
И ауаныр къуиутIыпщрэ
Уибгъу и гъуэгуу ныпфIежьэжым —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.

Лъагъуныгъэм и лъэхъу зэвым
Уиубыдарэ уимыгъакIуэм —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.
Е уздэкIуэр пфIэмыIуэхуу
Уэ зыгуэрым укъигъанэм —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.

ТрахынкIэ шынэ хъуауэ
ЩIалэм зи цIэр щэхуу жиIэр —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.
Е, жеямэ, пщIыхьым хэту
ТхьэIухуду зыхуэгуфIэр —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.

Псыр къиуами щIалэр хыхьэм,
Ар зыхуэкIуэр псоми ящIэ —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.
Ар зыхуэкIуэр псоми ящIэ,
И дахащэурэ и пщащэрщ —
Ар Лэскэн хъыджэбзщ.

*ТхакIуэ Жылэтеж Сэлэдин ильэс 75-рэ ирокъу*



# ГуащIафIэ



*Зэманыр Iуэхукlэ зыгъэнщIыфу псэуам гъащIэр къехъулIауэ жыпIэ хъунущ. Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа тхакIуэ цIэрыIуэ Жылэтеж Сэлэдин къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым адыгэ къуажэ къыщыхъуа щIалэ жаныр щIэныгъэм хуэпабгъэу, лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэу, Iуэхум хуэмыщхьэхыу зэрыпсэуар, иджыри щIалэгъуалэм гъуэгугъэлъагъуэ нэс зэрахуэхъур. Абыхэм я щыхьэтщ ар ди республикэм и мызакъуэу нэгъуэщI хэгъуэгухэми кинодраматургыу, сценаристу, тхакIуэу, усакIуэу, журналисту къызэрыщацIыхур, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и  ЩIыхь тхылъыр къызэрыхуагъэфэщар, «Телевиденэмрэ радиомрэ я отличник» дамыгъэр къызэрыратар, усэ, прозэ зэрыт тхылъ 15 къызэрыдигъэкIар, нэхъыщхьэращи, цIыхугъэ лъагэрэ псэ хьэлэлрэ иIэу зыхэтхэм къазэрыдекIуэкIыр.*

*Зэчийм и лъэныкъуэ куэд къызыщыуша цIыхупсэр зэрыбейм шэч хэлъкъым. А псэр зэрызэфIэувар, абы къызэринэкIар, нобэм къэзыхьэсар тфIэгъэщIэгъуэну Сэлэдин дедгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэм пэщIэдзэ хуэхъуар зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум хиубыда и сабиигъуэм теухуа гукъэкIыжхэрщ.*

– Си сабиигъуэр гугъу дыдэу щытащ. Зауэ нэужьти, цIыхум щитIэгъэни, ишхыни игъуэтыртэкъым. Ауэ апхуэдэ лъэхъэнэм къикIын хуейти, балигъхэр псэемыблэжу лажьэрт, я бынунагъуэхэр зэрамыгъэмэжэлIэным иужь итт.

ИужькIэ, 1960 гъэхэм я пэщIэдзэм, гъащIэр куэдкIэ нэхъ ефIэкIуащ, къуажэм удэсынри Iейтэкъым, псоми ящIэнрэ яшхынрэ ягъуэтырт. Си ныбжьыр илъэсийм нэблэгъауэ школым сыкIуауэ аращ сэ, апхуэдэут абы щы-

гъуэм зэрыщIэтIысхьэр. А лъэхъэнэм псэукIэр зэтрагъэувэж къудейуэ арати, гъуэгу щыIэтэкъым, уэрамхэм уэздыгъэ фIэлътэкъым. Уэшх къешхауэ, кIыфIу школым укъикIыжыныр гугъут дыдэт. Дауэ мыхъуми, дызэрырагъаджэм къищынэмыщIауэ, школым сыт хуэдэ Iуэху щекIуэкIми жыджэру сыхэтт. Махуэм щэ-плIэ еджапIэм сыщыкIуэ къэхъурт.

**– ЦIыхум анэм хуэдэу игъэлъапIэ и гъащIэм хэту къыщIэкIынкъым. Апхуэдэ зэман гугъум фэ зэрыбыныр фызыпIа, къуэ закъуэр зигу щызыгъафIэ анэм ар Москва еджакIуэ зэригъэкIуам и гугъу уэзгъэщIынут.**

– Ди анэр гугъу ехьащ, и закъуэу бынищ дипIащ. Езыхэм ящIыжа хъыдан вакъэр ялъыгъыу цIыхубзхэр губгъуэм итт щIэп Iуахыжу, нартыху къыдачыжу. ГуфIакIэкIэ къадыгъуIамэ, бынунэм ирагъэшхыу арат. Сэ шыпхъуитI сиIэти, абыхэм сахигъэфIыкIырт ди анэм, сызэрыщIалэ закъуэрагъэнт. Зэгуэрым сыцIыкIуу, сымаджэ сыхъуауэ Ботщей сихьауэ щытащ къызигъэплъыну. А къызэплъам къыжриIат: «Мы щIалэ цIыкIур насыпыфIэ хъунущ, уэри уигъэтыншыжынущ». АбыкIэ и гур игъэфIу псэууэ къысщыхъурт. Балигъ сыхъуу еджакIуэ сыкIуэн хуей щыхъуам ди анэм ар фIэфIтэкъым. Иджыри къыздэсым си нэпс къызэпижыхьу сигу къокIыж абы щыгъуэм сызэрырыгъэжьар. Си шумэданыр схузэрилъхьэщ, ар къищтэщ, автобус къэувыIэпIэм нэс сыдишри, къысIэщIилъхьащ: «Сэ схуэдэ анэтэкъым хыфIадзэр, Сэлэдин», – жиIэри. Сигу фIы щыщIакъым, дауи, анэм и гум сеуат, ауэ щIэныгъэ зэзгъэгъуэту, лэжьыгъэфI сыпэрыхьэу, ар згъэфIэжыну си гуращэти, арагъэнщ сыщIыпэлъэщар. Сэ илъэс 60 сыхъуху схуэпсэуащ си анэр, си чэнджэщэгъуфIу, си гур хигъахъуэу си жьантIэм дэсащ.



**– Школ нэужьым еджапIэ нэхъыщхьэм ущIэтIысхьащ, ар пфIэмащIэу еджакIуэ Москва уокIуэ. Дауэ къыхэпхат кинодраматург IэщIагъэр? Сытым утригъэгушхуат абы ухуеджэну?**

– Ди къуажэм сыщыщеджэми, сыщыщылажьэми, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру сыхэту щытащ. Къуажэ клубым киномеханик щIалэ гуэр накIуэрт, абы дыдэIэпыкъуурэ дэри кином деплът, уеблэмэ, титрхэр къыщытридзэкIэ мыр тезыхар ехъулIакъэ жысIэурэ сехъуапсэрт. Апхуэдэ хъуэпсапIэм къыхэкIри, кинодраматургыу седжэну и ужь сихьащ. Кинематографием и союзпсо къэрал институтым зэрыщIэтIысхьэ Iэмалхэр тхылъкIэ къэзгъуэтри, зыщызгъэгъуэзащ, куэд дэмыкIыу сыпэрыхьащ. ЯпэщIыкIэ зэпеуэм уи IэдакъэщIэкI ебгъэхьын хуейти, «Комсомольская свадьба» пьесэр, нэгъуэщI рассказ зыбжанэ сутIыпщащ. Куэд дэмыкIыуи творческэ зэпеуэм сызэрыпхыкIамкIэ письмо къысхуагъэхьащ. СыкIуащ Москва. Институтым зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр птын ипэ къихуэу аргуэру творческэ экзаменхэм упэлъэщын хуейт, ари къызэхьэлъэкIакъым, темэ зыбжанэ къыдатри, этюд ттхащ, кино драгъэплъри, рецензэ хузэхэтлъхьащ, зэпсэлъэныгъэ къыддрагъэкIуэкIати, нэхъыфIхэм сыхабжащ. Къэнэжыр къызэрыгуэкI экзаменхэрати, ахэри хъарзынэу стауэ щытащ. СыщыщIэтIысхьэми, седжэхуи хъарзынэу дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуащ институтым щылажьэ профессор Каплер Алексей. Еджэн къэзуха нэужь, Москва къыщысхуагъэлъэгъуат IэнатIэ зыбжанэ, ауэ си лъахэм нэхъ и гъунэгъуу щыIэр Орджоникидзе дэта КинохроникэмкIэ студиерат. Абы уни къыщызатри илъэси 5-м щIигъукIэ сыщылэжьащ. А зэманым къриубыдэу документальнэ киноищ тесхащ («Портрет отца», «Человек простой биографии», «Киров и Северный Кавказ»). Абы къыдэкIуэуи тхьэмахуэ къэс «Северный Кавказ» киножурналыр дгъэхьэзырырт. А киножурналым и номер 39-м сыхэлэжьыхьащ сэ.

**– ИтIанэ, укъыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым къэбгъэзэжри, киностудие дызэримыIэм къыхэкIыу телевиденэм лэжьэн щыщIэбдзащ. Сэ**

**сощӀэж уэ ебгъэкӀуэкӀыу щыта нэтынхэр…**

– АтӀэ, 1976 гъэм щӀэздзэри телевиденэм нэтынхэр щагъэхьэзыр и къудамэм и унафэщӀу сылэжьащ, итӀанэ редактору литературэ-драмэ къудамэм сыщыӀащ 2004 гъэ пщӀондэ.

**– Журналист лэжьыгъэм япэ ибгъэщ къыщӀэкӀынт узыхуеджа Ӏэщӏагъэр. Абы и фӀыгъэкӀэ дэ зэи димыӀа мультфильмхэр тепхащ, нарт хъыбар телъыджэхэр утыку къипхьащ.**

– Дэ школым дыщыщӀэсым телевизор диӀэтэкъым, тхылъ уеджэм сщӀэркъым, армыхъумэ, уи щхьэ зэрытебгъэун нэгъуэщӀ Ӏэмал щыӀэтэкъым. Библиотекэм сыкӀуэрт, тхылъ къеӀысхырти, унэм хуэмурэ сыкӀуэжурэ седжэрт. Сынэмысыж щӀыкӀэ, тхылъ цӀыкӀур сухырти, згъэзэжырт. Библиотекэм и лэжьакӀуэм и фӀэщ сымыхъуу къызэупщӀурэ жызигъэӀэжырт ар зытеухуар. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ, нарт эпосыр куэдрэ щӀэзджыкӀауэ гукӀэ сщӀэрт. Абы ущеджэм деж сатыр зэхуакум щыболъагъу Ӏуэхур зэрекӀуэкӀыр, сценарий дыдэм хуэдэу тхаи яхэтщ. Мис абы сыдихьэхри, «Мывэм и къуэ», «Мывэм и къуэмрэ Иныжьымрэ» нарт хъыбарыжьхэм къытетщӀыкӀа художественнэ фильм кӀэщӀ цӀыкӀухэр тетхащ. Лэжьыгъэшхуэт ар, Москва «Союзмультфильм»-м щыӀэ ӀэщӀагъэлӀхэм садэлажьэрт, сэ сыкӀуэрт, езыхэр къакӀуэрт. Абы щыгъуэ щӀэгъэкъуэнышхуэ къысхуэхъуауэ щытащ къыздэлажьэхэри, республикэм и унафэщӀхэри.

**– ЦӀыхухэм ягу зэрырихьам шэч хэлъкъым ахэр. Иджыри къыздэсым къагъэлъагъуэ, нобэрей щӀэблэр щӀэппӀыкӀынуи хъарзынэщ. А фильмитӀым фӀэкӀа тумыхауэ щхьэ къэбгъэнэжат а Ӏуэхур?**

– Пэжщ, цӀыхухэми ягу ирихьауэ, иджыри къыкӀэлъыкӀуэну хуейуэ къэпсалъэрт, къатхэрт. Ещанэу «Нартхэ я дыщэ жыгыр» техыным хуэзгъэхьэзырырт. АрщхьэкӀэ, узэрыхуейуэ псори къыщызэпищэрэ гъащӀэм? Совет Союзыр лъэлъэжри, сыдэзыхьэх Ӏуэхур къэнэжауэ щытащ.

**– ТхакӀуэ Жылэтэж Сэлэдин и ӀэдакъэщӀэкӀ куэд дунейм къытехьащ. Ар адрей уи Ӏэщӏагъэхэм япэ уигу къыщыуша хьэмэрэ… дапщэщ тхэным гу щыхуэпщӏар?**

– ПэщӀэдзэ классхэр къэзуха нэужь, район газетым тхыгъэхэр къытрезгъэдзэн щӀэздзат сэ. Къуажэм, школым щекӀуэкӀхэм ятеухуа хъыбархэр стхыуэ езгъэжьащ, итӀанэ, художественнэ самодеятельностым и гуащӀэгъуэ лъэхъэнэти, клубым щыдгъэлъэгъуэн пьесэ стхыри, спектаклуи згъэувыжауэ щытащ. Абы иужькӀэ сыдихьэхри, пьесэхэр, рассказ стхащ. 1974 гъэм, Орджоникидзе сыщыӀэу, рассказхэр щызэхуэхьэса, «Лэгъупыкъу» зыфӀэсща япэ тхылъ цӀыкӀур къыдэкӀащ. Абы къыкӀэлъыкӀуащ «Зэрыджэ» усэ тхылъыр, сабийхэм папщӀэ рассказхэр щызэхуэхьэса «Нарт и ныбжьэгъухэр», «ЛӀыгъэ зэхэгъэкӀыпӀэ», «Мазэм ит мэлыхъуэ», нэгъуэщӀхэри.

**– «Лъапсэмрэ къуэпсхэмрэ», «Пащтыхь хужьым и лӀыкӀуэ» романхэр адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэфӀщ. Иджыпсту сытым уелэжьрэ, уи ӀэдакъэщӀэкӀ дыпэплъэ хъуну?**

– Иужьрейуэ си Ӏэдакъэ къыщӀэкӀащ сонет Ӏэрамэ жанрым иту стха усэхэр. Абыхэм ящыщ зыр ЩӀымрэ цӀыхумрэ ятезухуащ, «Хэти къылъос зэ дунеижьыр» – фӀэсщащ етӀуанэм, ещанэр си щхьэгъусэм и фэеплъу стхащ. Фыпэплъэ хъунущ «ПлӀым я щэху» зыфӀэсща, си прозэхэр щызэхуэхьэса тхылъым, абы повеститӀрэ рассказ зыбжанэрэ итщ, мыгувэу дунейм къытехьэнущ.

*Епсэлъар* **НЭЩӀЭПЫДЖЭ Замирэщ**

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

# Сэ сылIат...

*Рассказ*

Сэ сылIат, Iыхьлыхэми благъэхэми сагъеижырт. Сыщыдахыну пIалъэм пэплъэу, лIыжьхэр уэршэру зэхэст. ЦIыхухэр пщIантIэми уэрамми дэзт. ЗакъуэтIакъуэурэуи, гуп-гупурэуи дыуэщI къакIуэхэр бынхэмрэ нэхъ си Iыхьлыхэмрэ къахуэгузавэрт. Абыхэм яхэтт, гуауэр къызэрытехьэлъэр плъагъуу, нэщхъей дыдэхэри, сыт къысхужаIэн сымыкIуэмэ, жиIэу, и адыгэ къалэн игъэзащIэу дыуэщIым кърихьэлIахэри. Си щIалитIымрэ адрей си Iыхьлыхэмрэ гузэвакIуэ къэкIуахэр къабгъэдыхьэрти, «Тхьэм фщимыгъэгъупщэ», жаIэм, я щхьэр ягъэщхъыурэ IуагъэзыкIыжырт...

ЩIалэ нэхъыжь Мухьэмэд, къыжраIэхэри илъагъухэри и фIэщ хуэмыщIу, ундэрэбжьауэ щытт, и дамэхэр ехуэхарэ и щхьэр къыфIэхуауэ.

ЩIалэ нэхъыщIэ Нарт, жэщ псом зэрымыжеямрэ и фэм дэмыхуэ нэщIэбжьэмрэ иращIыкIыну къеныкъуэкъу щхьэкIэ зимыту зиIыгът, арщхьэкIи и гум щIыхьа, и псэм ешыкъылIа гузэвэгъуэ щIыIэм и нэпсхэр къыфIыщIихурт. ИтIани пщIантIэм къыдыхьэу хъуар зригъэцIыхуну хэту я нэгум иплъэрт.

Лъэпкъым ди нэхъыжьри абы къыбгъэдэт къуэшхэри, къабгъэдыхьэурэ къахуэгузавэхэм Iэдэбу икIи гуапэу фIыщIэ хуащIу зэбгъурытхэт, яфIэкIуэдар гущIыхьэ ящыхъуами, цIыху куэд гуауэм къызэрыришэлIам нэщхъеягъуэр нэхъ псынщIэ къащищI къащыхъуу.

Унэ щIыхьэпIэм деж кIуэ пэтми цIыхубз нэхъыбэ щызэтрехьэри, ахэр зэкIэлъхьэужьу блыным бгъурытурэ йоувэкI, пэшхэми, кIэлындорми, унэм къыбгъурыт пщэфIапIэми зэрыщIэмыхуэжыр нэрылъагъуу. Ахэр, зыхуей, зыщIэбэг, къалъымыс гуэрым Iуплъэнхэу хуэнэхъуеиншэ хуэдэ, зэхэтщ Iуву зэкъузылIауэ, псоми я гупэр зыщIыпIэкIэ гъэза щхьэкIэ, лъэныкъуэ зырызкIэ плъэуэ, даIуэу. Абыхэм яхэплъагъуэрт зи гур гуауэм ириудауэ зи щхьэр къызыхуэмыIэти, хьэдагъэр къыфIэмыIуэхуу нэбгъузкIэ пщIантIэм дэти дэлъи щIэзыпщытыкIхэри, зыхэт гузэвэгъуэри илъагъухэри къизымыдзэхэри, щэху дыдэу уэршэр гъунэгъу фызхэри, я гум щIыхьауэ, лIар я псэм хыхьауэ зэрагъейр дыхьэшхэн къызыщыхъуу бэлътоку гъущэхэр зи напIэм хуэзыхьхэри.

Духьэшыхэм зэIэпахыу дыуэ ирагъэщI, «Фатихьэ!» псалъэр зэтемыхуэу, зым макъ гъум лъагэкIэ зэрылъэкIкIэ хиIэтыкIыу, адрейм макъ псыгъуэ цIукIэ иришажьэрэ а здишэщIын хуейм хунэмыгъэсу пичыжу.

ПщIантIэми дэнэ лъэныкъуэкIи уэршэрыр щэху дыдэу щекIуэкIырт.

– ЦIыхуфIт тхьэмыщкIэр…
– Гуауи гуапи зыхищIэрт…
– ПщIэнтIэпс къабзэкIэ къимылэжьа иIакъым…
– Зыми зэи щыгугъакъым, и щхьэм фIэкI…
– Ерыскъыншэ щыхъуаи къэхъуакъым, зытеджалэр и былымт.
– ГушыIэшхуэ хэлът, гушыIи хэзагъэрт…
– Ныбжьэгъу куэд зэриIар ноби нэрылъагъущ… –
– Нэхъыбэжми фIыуэ къалъагъурт…
– ИгъащIэм зыгуэрым и жагъуэ ищIа хъункъым…
– Сэ сыщыгъуазэщ цIыхуитI ныбжьэгъу къызэрыхуэхъуам ар икъукIэ хущIегъуэжауэ зэрыщытам…
– ЗдэкIуам Тхьэм щигъэтынш…
– Деур ящIынущ, деур ящIынущ! – зэхэзежэ хъуащ лъэпкъым щыщхэр. Духьэшы зыбжанэ къыхашри унэм щIашащ.
– Сирием, Иорданием къикIыжа адыгэ духьэшы си адэм игу дыхьэу, ныбжьэгъуу ибжхэу иIащ. Мес ахэр, мобдежым щысщ, уэ унэхъыжьщ, яжеIи деур зыщIынухэм яхегъэгъэхьэ, ди адэм и псэр щыгуфIыкIынщ, – щэхуу жеIэ Нарт.
– Уэ яжеIэ, сэ сцIыхуркъым ахэр! – къыпедзыж Мухьэмэд.
Зыгуэрхэр щIоупщIэ:
– НыситI иIэт?
– И пхъур Тыркум къикIыжыфа?
– Къэсыжын хуейщ. Абы пагъаплъэ.
– Аращ уи Iыхьлыр жыжьэ щыIэну ущIыхуэмейр…
– Бын хъарзынэ иIэ си гугъэщ…
– Езым гугъу задригъэхьа фIэкI, зыми и хъерышхуэ илъагъужакъым, сэ зэрысщIэмкIэ… ТхьэмыщкIэр гу пцIанэти, зы мащIэ тIэкIури занщIэу и псэм ешыкъылIэрт… Апхуэдэщ тхакIуэхэр: уэ умылъагъум абыхэм гу лъатэ, уэ зыуи къыпщымыхъунум зы бэлыхь кърагъэкI – иризэгуоп, ирогузавэ… ЩыIэщ бын, балигъ хъуа нэужь, адэ-анэр зыкIи къизымыдзэж, зэзымыпэсыж, ауэ мы тхьэмыщкIэм ейхэр къэзылъхуахэмкIэ нэхъуеиншэ си гугъэщ, гъэсахэщ, хабзэ яхэлъщ…
– Уэлэхьэ, быну яIэр ирагъэджам, щIэныгъэ ирагъэгъуэтам, ялъэкI къамыгъэна, ауэ а псоми сыт и мыхьэнэ нобэ дунейм ехыжам дежкIэ?!
– Уэлэхьэ, ипхъу нэхъыжьыр жыжьэ зэрыщыIэм иригузавэу, и къуэ нэхъыжьми зэи игу хуэмызагъэу и гъащIэ тIэкIур ихьам…
– НэхъыщIитIыр нэхъыфIт, а тIум нэхъ яхуэарэзыт… Абыхэм щIэныгъэ хъарзынэ зэрызрагъэгъуэтам иригуфIэу сэ мызэмытIэу зэхэсхащ…
– И акъылкIэ, и губзыгъагъэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ, и щIэныгъэкIэ езым пщIэ къихьыжащ, зы цIыху и дэIэпыкъуэгъу щымыгугъыу…
– Уэлэхьэ, пэжым ухуеймэ, и бынхэм зы махуэ ящымыгугъа…
– Здынэсышхуа щыIэкъым. Уэлэхьэ, абы къиухар къэзухауэ, абы и щIэныгъэм хуэдэ збгъэдэлъу, ар зыпэрыта IэнатIэм сыщымылэжьэн…



5 Заказ № 20

– Ужурналисту, утхакIуэу ущытын нэхърэ нэхъыфI сыт щыIэ, зиунагъуэрэ!

– Уэлэхьэ, тхакIуэ хъарзынэтэм, журналист Iэзэтэм. Абы нэхърэ нэхъыфI сыт щыIэ?

– Ар пэжщ... ЖурналистыфIт!..

– И романым укъеджа? И повестхэр-щэ? «ИстамбылакIуэ» поэмэ къудейр сыт и уасэ! «КIыгуугум и кIуэдыжыкIа» рассказымкIэ Къэбэрдейм школу итым щIэс сабийхэм зы махуэм изложенэ ирагъэтхауэ щытащ. Учебникхэм ит и тхыгъэхэрщэ! «Нарт» адыгэ хъыбарыжьхэм япэ дыдэу къытращIыкIа мультфильмхэм фIэкI нэгъуэщI зыри имылэжьами, игъащIэкIэ щIэблэм я гум илъынщ, абы и фIыщIэкIэ нарт лIыхъужьхэр адыгэбзэкIэ экраным къыщыпсэлъащ. Ар сыт и уасэ! Урикъункъэ ахэр щIыхь кърипхьыну?!

– Уэлэхьэ, мо «Дубки» лъэныкъуэмкIэ щIы тIэкIу къыщратати, зы пщыIэ нэхъ мыхъуми хуимыщIыхьа. Къуажэм зы лъапсэжь щиIэти, зы щэбэт е зы тхьэмахуэ къэмынэу кIуэжам, зимыгъэпсэхуа. Унагъуэм теубгъуауэ и гъащIэр ихьащ... Зы махуэ псэхугъуэ имыIа...

– Тхьэ соIуэ, жылэм къелыжа машинэм хуэдэ тIэкIуи хузэмыгъэпэща. Апхуэдиз щIэныгъэ бгъэдэлъауи, тхакIуэуи, журналистуи къыпхуэмыщIэнт. Кином елэжьхэр езыхэр пагэщ, зрамыпэсIауэ защI, сэ схуэдэ дэнэ щыIэ жаIэу я пэр дэгъэзеяуэ къакIухь. Мыр апхуэдэтэкъым, сабырт, а зыхэтым зэи закъыхигъэщакъым, кIуэаракъэ, зэрыжыпIэнуращи, адыгэ щIалэжьт...



– ЦIыху къайгъэншэт. МащIэ дыдэмкIи арэзы хъурт, пагагъэ лъэпкъ хэлътэкъым...

– Уеблэмэ, тхьэмыщкIэ былымыжь жыхуаIэм хуэдэт...

– И анэр гугъу Iей къыдехьауэ яIуэтэж.

– Тхьэ соIуэ, къыдехьами щымыгъупща. Уэлэхьэ, Iэджэрэ жаIэжу зэхэсхамэ Москва къагъанэу, IэнатIэ хъарзынэхэр къыхуагъэлъагъуэу, ар имыдэу и анэм щхьэкIэ Орджоникидзе зыкъригъэдзыжри, абы илъэс зыхыблкIэ щылэжьауэ. Абы къыдеджауэ Москва къыдэнахэр мэтхъэжри къулыкъушхуэхэр кино, журналист IуэхущIапIэхэм щаIыгъыу мэлажьэ, иныкъуэхэри хамэ къэралхэм къыщыщIидзащ. Мыбы езым цIыху хэтыкIэ ищIэрт, къыдеджахэм, езыгъэджахэм фIыуэ къалъагъурт, пщIэ къыхуащIырт, пэжыр жыпIэнумэ, жыжьэ, жыжьэ дыдэ а зыхуеджа IэщIагъэмкIэ, а зригъэгъуэта щIэныгъэмкIэ кIуэфынут. Езыми мызэ-мытIэу жиIэжу зэхэсхащ щIегъуэжа хуэдэу, Москва къэнэн хуеяуэ.

– Уэлэхьэ, езыри хэмыкIуэдэща, дунейр зригъэлъэгъуам. Дэнэ ар здэщымыIэу къэнэжар? Америкэм тIэунейрэ кIуащ, Канадэм щыIащ, Тыркур и гъунэгъужым хуэдэт, игу къызэрихьэу нэсу, Щам, Иордание, Кипр, Болгарие... Абыхэми и лъэр нихусащ...

– А къэралхэм ятеухуауэ «Журналистым и гъуэгуанэ тхыгъэхэр», – жиIэу итхыжащ.

– Аращ-тIэ, фIыгъуэ псори Тхьэм зым и закъуэ иритыркъым,

пщIэ зиIэм мылъку хузэтелъхьэркъым, мылъку зиIэр абыхэм хуэныкъуащэкъым…

– Мыр зэрылIэжынур ищIэу псэуащ. Мылъкушхуэ къимыгъэнами, зыхущIэкъуа псори зыхуей дыдэм хуэдэу къемыхъулIами, лъэужь дахэ къызэригъэнэным яужь итащ…

– И щIалэ нэхъыжьыр нэхъ IумпIэдэмыкIуэт… ТхьэмыщкIэм игу къеуэрт абы лэжьыгъэ пыухыкIа, IэнатIэ убзыхуа гуэр зэримыIэр. Пэжщ, IэщIагъэ дэгъуэ иригъэгъуэтат абы, уеблэмэ дыщэкI Iэзэу ябжырт.

Уэршэрыр адэкIи мыдэкIи щыщIагъэхуабжьерт…

– Уэлэхьэ, цIыху щхьэпэу псэуам, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну хэтым зэрылъэкIкIэ сэбэп хуэхъуам. И къуэ нэхъыжьым и Iуэху зыIут сщIэркъым, ауэ ипхъу нэхъыщIэм щIэныгъэ хъарзынэ бгъэдэлъщ, академием щрегъаджэ, и щIалэ нэхъыщIэри экономистщ, щIэныгъэхэм я кандидатщ, – нэхъ хэIэтыкIауэ зыгуэрым и макъ къыщыIум:

– КъыщIах! КъыщIах! – жаIэурэ цIыхухэр зэIущащэу зэщIэхъеящ…

ЦIыхухэм зэпаIыгъ алэрыбгъум телъу си хьэдэр унэм къыщIахри бжэIупэм деж щагъэува кхъаблэм тралъхьащ…

Зыхуэмыубыдыжу си щIалэ нэхъыщIэм и нэпсхэр къыфIелъэлъэхырт, кIуэцIкIэ гурымырт, здэувынур имыщIэу Iуфэлъафэр къыздижыхьым, зэми къызбгъэдыхьэрти си хьэдэтепхъуэр зэригъэзахуэрт, нэхъ тыншу сыщылъыну къыщыхъуу.

Си щIалэ нэхъыжьри щытт еплъыхыу, и напIэхэр къыхуэмыIэту, жей хуэлIауэ арами е мы гузэвэгъуэм и гур къызэфIигъэнарэ ирикъухми къыпхуэмыщIэну… Иджыпсту хуэдэт сызэрылIар абы и фIэщ щыхъуар… 

– НтIэ, мы ди къуэшым, ди япэ дуней нэпцIыр зыхъуэжам, жэнэтыр увыIэпIэ Тхьэм хуищI, гъащIэ дахэ къигъэщIащ, и гумрэ и псэмрэ хуиту дунейм тетащ, екIуу псэуащ, здэкIуэжа дунейр нэхъ дахэж Тхьэм хуищI. Iэмин жыдвгъэIэт! – захуигъэзащ дыуэщIым къекIуэлIахэм си ныбжьэгъу, сэ фIыуэ слъагъу, сылIа нэужь абы сыщIилъхьащэрэт жыхуэсIэу щыта, хамэ къэрал къикIыжа цIыху угъурлым.

Дыуэ къабжри: «КъэфIэт!» – унафэ ищIащ абы, и макъым гухэщIынызгъэ, нэщхъеягъуэ ин къыхэщу.

Сэ сызэрылIар а цIыху телъыджэм жагъуэ зэрыщыхъуар и макъ дэгу лъахъшэм къызгуригъаIуэри, си гуапэ хъуат…

Абдежым гъунэгъуу щыт, зи пащхьэм силъ Iыхьлыхэм, здэувынур яхузэрымыгъэгъуэту, кхъаблэ сызытелъым и хъуреягъыр къажыхьу щIадзащ, абы хэтуи зэдепхъухри щIым сыкъытрачащ.

– Хьэдэр зейр кхъаблапэщ жыхуаIэращ, и щIалитIыр япэ ивгъэувэ, – зэхэсхащ аргуэру сэ фIыуэ слъагъу духьэшым и макъыр.

Ахэр япэ иту кхъаблэм щIагъэувэри, срахьэжьащ…

Куэбжэм сыдахри, ищхъэрэкIэ ирагъэзыхауэ сахь…

ЦIыхухъухэм я ужьым иту куэбжэпэм къызэрыдэха си Iыхьлы, си благъэ цIыхубзхэр зэщIогъуагэ, ауэ егъэлеяуэ си

хъыджэбзитIым сагъей, я макъ зэхэзмыхми, абыхэм си лIэныгъэр гуауэшхуэ зэращыхъуар зыхызощIэ, ахэр ямыгъэджалэу зи яку дэт си шыпхъухэри нэщхъейуэ къыскIэлъоплъхэр…

Си щхьэгъусэри, и гур фIы хуащIыну абы епщIа Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхэт щхьэкIэ, и лъэхэр щIэхуауэ, зэрыгъын къару имыIэжу, щытхэм щхьэкIэ укIытэми, е и щхьэгъусэ игъащIэкIэ къэзымыгъэзэжынум дигъэкIуа гъащIэр игу къэкIыжми, щемызэгъа махуэхэр и жагъуэ хъужу, игу къыщIитхъыжу гукъэкIыжхэм хэтми къыпхуэмыщIэу къоплъэри-къоплъэ, зэм ещIэу, зэми лъэпэрапэрэ етIысэхыну хуежьэу, ауэ зыIыгъхэм ямыгъэджалэу зэтраубыдэжу…

Кхъэм сызыхьхэм я ужьым иту хуэму кIуэ цIыхухэм ящыщ зыбжанэ ежажьэу кхъаблэм щIэтхэм ябгъэдэлъэда щхьэкIэ, зэкIэ зыми сыкъратыркъым, си бын, си шыпхъухэм я бын, къуэш гъунэгъухэм къргъэзэгъыркъым япэ къыIулъэдам «сыхуадзу» ежьэжынхэу, къайхьэлъэкIми, сахьри-сахь, «мыращ дэ мы тхьэмыщкIэм хуэтщIэжыфынур». А псалъэхэр я гум зэрилъыр зыхызощIэ, ахэр бэкъуэхукIэ джэрпэджэжым хуэдэу къоIу. Сэри ар си гуапэу сыщылъщ, сыщIэтыншыкIыу, «сыту цIыху хъарзынэхэ, зыри ящыгъупщакъым, ари куэд и уасэщ нобэ хуэдэ махуэм, псыхэкIуадэ хъуакъым си гугъуехьыр», – гупсысэхэр си псэм едэхащIэу…

– Мы дыуэщIым дэри дыкъыщIэкIуар жагъуэу дымылъагъуу щыта цIыхум тIэкIунитIэ нэхъ мыхъуми зыгуэр хуэдлэжьыжащэрэт, жытIэри аращ, езыр сыт щыгъуи гуапэу къытхущытащ, мызэ-мытIэу Iуэхутхьэбзэ къытхуищIащ, и хьэдрыхэ нэху Тхьэм ищI, модэкIэ щIэкIуэти къызэт мы кхъаблэр, – къыщыпсэлъащ си лъапэмкIэ зыгуэр, ауэ ар зи макъыр хэтми къысхуэщIэжакъым.

Асыхьэтуи, зы нэхъ лъагэ гуэрым сызэрыIэщIалъхьар къызгурыIуэу, а лъэныкъуэмкIэ фIыуэ нэхъ сыкъэIэта хъури, кхъаблэр лъэныкъуабэ хъуащ. «УэI! Сргъэщэтэх иджы», – сыкъэгузэващ. А лъэныкъуэр нэхъ IэтыIуа зэрыхъуар Нарти зыхищIэри, «хъущт» жери къызэплъэкIащ.

– ТIэкIу ехьэх! ПIэтыIуащ! – макъхэр къэIури, занщIэу щIалэшхуэм и дамэм зыгуэр теуIуэу, «уэращ зыIэтыр, уэ ехьэх», – жаIэу щIалэ лъагэм зыщыхуагъазэм, абы кхъаблэм щIэтхэм задригъэкIужри, тыншу срахьэжьэжащ.

НэгъуэщIым и дыхьэшх макъ джэрпэджэжу къэIури, си гум занщIэу ешыкъылIащ. Абы къыщымынэу, нэщхъеягъуэ псор сщигъэгъупщэжу си жагъуэ хъуащ а макъыр зейр къыщысщIэм… СыукIытащ. Плъыжь сыхъуащ, хужь сыхъужащ. Сыщыпсэум игъащIэкIэ си фIэщ схуэщIынтэкъым а си ныбжьэгъухэр апхуэдэу си хьэдащхьэм тегушыIыхьыфыну. Ауэ, си жагъуэ дыдэ хъуами, Iуэхур апхуэдэу къыщIидзащ. Дэ, цIыху цIыкIур, зэи Iущ дыхъуркъым, иужькIэ щыхьэт дызытехъуэж, дызыщымыгугъа Iэджэ къытщыщI пэтми. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, мы дунейм нэхъ цIыхуфIрэ нэхъ цIыху хьэлэлрэ умыгъуэтын си гугъэу сыкъызыдекIуэкIа гуэрым къызищIари. Ари сигу къэзмыгъэкIыжу хьэдрыхэ здыщIэсхьэнкъым. Зыгуэрхэм абы дерс къыхахынкIэ хъунщ.

Сэ зы илъэскIэ сынэхъыжьт а зи гугъу сщIым нэхърэ. Лъэпкъ культурэм хэзлэжьыхьар къалъытэу щIыхь зыпылъ цIэ гуэр къысфIащын хуейт. Ар къызэзытынухэм я деж си тхылъыр ягъэхьат. Абы иужькIэ, и ныбжьыр илъэс хыщI щрикъум, а зи гугъу сщIым езым апхуэдэ щIыхь къыхуащIын хуей хъуащ. Арати, си ужькIэ илъэс дэкIри абы и тхылъхэри си тхылъхэр здрагъэхьам нагъэсащ. Чэзууэ зэхэлъкъэ ди гъащIэр. Си чэзур къэсауэ къыщищIэм, а си ныбжьэгъум, щхьэри лъакъуэри зыIэщIэлъхэм нэхъ я гъунэгъути, япэ зригъэщыфащ. Ар сэ игъащIэкIэ схуэщIэнутэкъым. Езыри апхуэдэу щыт си гугъащ…

Нэхъ си ныбжьэгъуу къэслъытэхэм ящыщ Iэджи кхъэм нэмыкIуэу лъэныкъуэ зрагъэзыж, къамылъагъун хуэдэу, уэрам зэвхэмкIэ дадзыхыурэ. Ахэри солъагъури: «Сыт мыбыхэм ящIэр? Еплъыт абыхэм я напэм трагъахуэм!» – жысIэу сыкIиинут, арщхьэкIэ сызыхьхэр къащтэу саIэщIэхунущ, жызоIэри зызошыIэ.

Зэми си гур согъэфI: «Ау-у-уей! Хэт хуейми зрегъэпщкIуж, адэ, хьэдрыхэ, дыщызэхуэзэжмэ, сэ фэ сыфхурикъунщ… Мыхэр пцIыупсщ, къызэщэжахэщ, сагъэпэжакъым, жысIэнщ щхьэтечуи, къызжиIакъым жывмыIэж, фи судыр гуащIэу сэром езгъэщIэнщ», – сэр-сэру си щхьэм хужысIэжурэ, кхъэм сахь…

Си щIалэхэм сыIэщIаха нэужь, ахэр нэщхъейуэ кхъэм нэс нэкIуащ.

Ей, бетэмал! Сыту куэдым гу лъезгъэтэн хуея а си щIалэхэм!.. Сыту Iэджэ яжесIэн хуейуэ къэзгъэна абыхэм! Сыщыпсэум а псом сытепсэлъыхьын хуейуэ къэслъытакъым. Ауэ ар зэрыщыуагъэр иджы къызгурыIуэжащ. Ахэр зыхуэзущиин хуея псэукIэ, щытыкIэ, хьэл-щэн, хабзэ-бзыпхъэ – сызытепсэлъыхьыпхъэр гъунэжт, арщхьэкIэ ущыпсэум деж зыхэпщIэркъым ажалыр зэрыблагъэ дыдэр, уи фIэщ хъуркъым абыхэм ухунэмысыну. СыхущIыхьэнщ жыпIэурэ, нобэ щIэн хуейр пщэдей ныбогъэс, пщэдей пщIэн хуейр нэхъ жыжьэж уогъэIэпхъуэ, арыххэурэ, мурадхэм я зы Iыхьэ мащIэ фIэкIа умыгъэзэщIэфауэ, уи гъащIэ пIалъэр уоух… Ахэр иужькIэ къэпщIэж щхьэкIэ, кIасэ хъуауэщ къыщыбгурыIуэжыр. Абы нэсауэ зыри пхузэгъэзэхуэжынукъым. А псом сэ гу щылъыстэжар иджыщ – сылIа нэужьщи, сыт си Iэмалыж! СыкъыкIэрыхуащ. ИгъащIэкIэ сылъэщIэмыхьэжыну сыкъыкIэрыхуащ! Сэ зы гъащIэ къызитыжатэми! ИтIанэ сщIэнт псэукIэ, гъэсэкIэ!..

«А-уей! Сыт хуэдизрэ ухуейми жеIэ, езым а хьэлыр къызэрищтэн хэлъэт, гулъытэ имыIэмэ, быным игу ар езыр-езыру къэмыкIмэ, жепIэ защIэкIэ куэд зыхебгъэлъхьэфынукъым, ар сэ згъэунэхуащ», – хужызоIэж си щхьэм…

Кхъэм сыдахьэри, мащэм пэгъунэгъуу сагъэтIылъащ.

– Жэназым хэувэнухэм андез фIыгъын хуейщ, – зэхызох духьэшым и макъыр.

ЦIыхухэр зырыз-тIурытIурэ, сатыр-сатырурэ къысщхьэщоувэхэр… Ахэр сфIэкуэдщи, сакъыхэплъэну, си жэназым хэувэхэр зэзгъэлъагъуну яужь сит щхьэкIэ, къызэхъулIэркъым.

ИтIани джэбынымрэ хьэдэтепхъуэмрэ сакъызэпхоплъри, ныбжь гуэрхэр солъагъу. Нэхъыбэ слъагъунут, щIакIуэ кIапэ си нэкIум къиубгъуар мыхъуатэмэ, ауэ ар къэIэбэу зыми тIэкIу тригъэкIуэтыркъым…

Я лъэ макъкIэ, я псэлъэкIэкIэ, я бэуэкIэкIэ, я «Iэмин!» жыIэкIэмкIэ жэназыщIхэм зи ныбжь хэкIуэтаи, лIыкуи, щIалэ дыди зэрахэтыр къызощIэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэн къысщыхъуар сыкIэлъыкIуэ-сыкIэлъыджэуи щымыта, си ныбжьэгъу дыдэуи сымыбжа Iэджэ сызэрыщымыIэжым нэхъ зэрыринэщхъейрщ, си ныбжьэгъуу слъытэу щыта зыкъомым нэхърэ… Яхэтщ абыхэм жыжьэ дыдэ къикIа тхьэмадэхэри.

«Сэ зэ, зэ закъуэ сыпсэужыну къысхуихуатэми!» – сыхэтащ сыкъыхэкIиикIыну, арщхьэкIэ «сыт жаIэн си жэназыщIым хэтхэм? ИгъащIэм ямылъэгъуа къэхъуащ!» – жаIэу зэбгрыжыжынкIэ зэрыхъунум сегупсысри зысшыIэжащ…

Балигъ сызэрыхъурэ къыздефэ-къыздешхэу щытахэу, фIыщэу сыкъалъагъуу тхьэ щаIуэжу езыхьэкIахэм ящыщ Iэджэ нобэ къысIэщIэлъэгъуакъыми собампIэ, сыкъыщылъэту утыкум сыкъилъэдэным нэсауэ. Ситу пIэрэ ахэр си дыуэщIым къыщIримыхьэлIар? Е дахэ-дахэу хъыбар ирамыгъэщIауэ ара? Е ситкIэ дыхуеиж жаIэу ежьэжа? СщIэркъым зыхуэсхьынур. Ауэ а къэмыкIуахэм нэхъ сахуейуэ къысщохъу. Ахэра хуэдэщ си уэсятыр зыхуэсщIыжынур… Дауэ салъэIэсыжыну? Псалъэ гуапэ зэжетIахэр дэнэ кIуэжа? ЛIэныгъэратэкъэ Iэмал къызыхуамыгъуэтыфу щыIэр? Ей, ныбжьэгъу, ныбжьэгъу! Ныбжьэгъугъэри куэду зэщхьэщидзащ: лIэжыху узыгъэпэж, къыпхуеиху пкIэрымыкI, улъэпэрэпамэ, узыбгынэж, улIамэ, етIуанэ махуэм узыщыгъупщэж… УкIуэдыж дэ дымыгъэунэхуа «ныбжьэгъугъэр». Куэдым, куэд дыдэм си гур жащ… Жэназыр зэфIэкIри, мащэм сыIуахьащ.

– Уэлэхьэ, мащэ хъарзынэм…

– Тхьэм щигъэтынш!..

– УвыIэпIэ дахэ Тхьэм хуищI! – макъхэр зэхэсхащ. Асыхьэтуи, жэназы езыгъэщIам и макъым зригъэлъэщIри, духьэм къеджэу хуежьащ…

Мащэм си ехьэхыгъуэр къыщысым, зылI абы ипкIащ.

– Мы зи ахърэтыр нэху хъуныр фIыуэ слъагъурт… Сэ духьэ къабзэ седжащ. Мыр, хъунумэ, сэ езвгъэхьэх мащэм, сэ сывгъэгъэзэгъэж… Сыхуэарэзыщ, Тхьэр арэзы къыхухъу! Мыдэ, щIалитI иIэу жаIащ, ауэ сэ ахэр сцIыхуркъым, фыкъеджи къыздэвгъэIэпыкъу, – щыжиIэм, си щIалитIыр мащэм щхьэщытт я нэпс щIапIытIыкIыу. Сэри си гур къысфIызэфIэнащ. АрщхьэкIэ сыгъыныр напэтехыу къэслъытэри, зызубыдыжащ, си къурмакъейм къыщIэзэрыхьа пэтми…

Си ныбжьэгъум жиIахэр Нарт и гуапэ хъуати, «накIуэ!» кърigъэкIыу, къуэш нэхъыжьым и щхьэр хуищIри, мащэм ехащ. Мухьэмэди абы и ужьым иту ехри, зэдэIэпыкъуурэ, мащэм срахьэхащ. Тынш дыдэу сагъэтIылъри си бгъур чырбыш плъыжькIэ дращIеижащ. Асыхьэтуи быргуэ-сыргуэ, жаIэу ятIэр къыстрагъэлъалъэу щIадзащ. ЗыIэзыбжьэм сыщIалъхьащ, си

кхъащхьэм къубгъаным из псыр ефэндым къытрикIэжри, дыуэ къыстращIэжащ.

Ди лъэпкъым и нэхъыжьыр утыкум къиувэри жэназым кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIыжащ… ЩIалитIымрэ Iыхьлы нэхъ си гъунэгъухэмрэ я щхьэр къыфIэхуауэ си кхъащхьэм къыбгъэдэкIуатэхэри щыму зэщIэувыкIахэщ. ЖаIэнури ящIэнури ямыщIэ хуэдэ, замыгъэхъейуэ, зэфIэжыхьам ещхьу, ахэр тэлайкIэ зэхэтащ.

– Иужьыр махуэ Тхьэм тхуищI, жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ, – жиIэурэ си сын напэм Iэ дилъэжри, гуауэм хигъэщIарэ фIэкIуэдар гущIыхьэ щыхъуауэ, ди нэхъыжьым къыIуигъэзыкIри куэбжэмкIэ иунэтIащ. Абы зэрищIам ещхьу, сыным бгъэдыхьэмэ Iэ далъэурэ си Iыхьлыхэри си благъэхэри нэщхъейуэ икIи щыму зэкIэлъхьэужьу къежьэжащ.

Псоми я ужь къинат Мухьэмэдрэ Нартрэ. Ахэр лъэданэ инам хуэдэу щытт, сыным бгъэдыхьэну темыгушхуэу, япэ ищынури къахуэмыщIэу. Апхуэдэу я щхьэхэр къыфIэхуауэ тэлайкIэ щыта нэужь, Нарт, и напIэхэр къиIэтри нэбжьыц псыфхэм къапхыплъурэ и къуэшым щыхудэплъейм, и нэкIур гуауэм зэхиушкIумпIэри и нэпсхэр къыфIыщIэщэщащ. Ар «уэ япэ ищ», жиIэу къыгурыIуат шынэхъыжьми, игу къызэфIэзэрыхьар ирикъухыжри, гъунэгъуу къыбгъэдэкIуэтащ икIи и Iэр щабэу си сыным къытрилъхьащ. АдэкIэ ищIэнур имыщIэу зыкъомрэ щыта нэужь, а зытеIэбам Iэ дилъэу щIидза щхьэкIэ, зыгуэрым къыкIэрыху къыщыхъури, пIащIэу япэ иту кхъэм къыдэкIыжыну куэбжэмкIэ къэзыунэтIахэм я ужь иувэжащ.

Нарт и Iэр сыным трилъхьэн дзыхь имыщIу, чэнджащэу щыт хуэдэт. ИтIанэ, кхъэм къыдэкIыжхэм къакIэрыхупэ къыщыхъури, ар емыкIуу къыщилъытэм, темыгушхуэми, и Iэр сыным къыхуишиящ, мафIэм хэIэбэ нэхъей, и Iэр зыхуишиям щышынапэурэ IэпэкIэ еIусэри, зимыгъэхъейуэ тIэкIурэ щытащ, зыгуэр къепхъуэу иубыдын фIэкIа умыщIэу… Абдежым, зэрызмыгъэщтэным сыхэту, щабэу Iэ дэслъащ. Нарт къэщтауэ адэкIэ-мыдэкIэ маплъэ, зыгуэр къеджэу Iуишыжын и гугъэу зеплъыхь, сэри сыкъилъагъуркъым, и Iэм си Iэр зэрытелъыр и гум фIэфIу зыхищIэми, зыри къыгурыIуэркъым. ЩтэIэщтаблэу и Iэр сыным къытримыхыжу щытщ. Асыхьэтым Нарт, зыгуэрым къигъэщта хуэдэ, и Iэр псынщIэу сIэщIичыжри и къуэшым иужь иувэжащ. Зричу щIэпхъуэну укIытэми, пIащIэу кхъэм къыдэкIыжхэм якIэлъыщIыхьэжащ. Сэри сокIуэж абы и ужь ситу, зыми сыкъамыщIэу. Нарт кIуэ пэтми нэхъ хуабжь зещI…

Сэ псори солъагъу: кхъэм дэмыхьауэ тутын ефэу зэхэт гупри, кхъэм къызэрыдэкIыжу, пщIантIэм ягъэзэжын мурад ямыIэу, лъэныкъуэ зезыгъэзыжхэри, я щхьэр къыфIэхуауэ унэм хуэкIуэжхэри…

ПщIантIэм сыщыдыхьэжым си щхьэгъусэри, си шыпхъухэри, адрей си Iыхьлы гъунэгъухэри унэм къыщIашауэ, зыр IукIмэ, адрейр Iухьэу абыхэм цIыхухэр яхуэгузавэрт…

– Уэлэхьэ, уи щхьэгъусэр фIыуэ тлъагъуу, пщIэ хуэтщIу щытам…

– Дыхуэарэзыщ, Тхьэр арэзы къыхухъу…

– ЩӀыху хуэдэу дунейм тетащ, – си Ӏыхьлыхэм яхуэгузавэрт сымыцӀыху куэд. Ауэ си ныбжьэгъуу жаӀэу, сэри апхуэдэу сыбжу, махуэ къэс шыгъупӀастэ зыдэсшхахэм ящыщ Ӏэджи пщӀантӀэм дэту слъагъуркъым. Абдежым схуэмышэчыжу, «Дэнэ щыӀэ Сэ… Му… Хьэ… адрейхэр?» – жысӀэри ину, си макъым къызэрихькӀэ сыкӀияща. А макъым сыкъигъэушри, сыгужьеяуэ сыкъыщылъэтащ. ПщӀэнтӀэпс щӀыӀэр къыспыхуу пэшыр къызэхэзжыхьырт. Унагъуэр къызэщӀэзгъэушати, къэхъуар къагурымыӀуауэ, къызэӀупщӀхэрт:

– Сыт къыпщыщӀар?

– ПщӀыхьэпӀэ Ӏей плъэгъуа?

– Умыгузавэ…

– Уи унагъуэ ухэсыжщ…

– Тхьэм и шыкурщ… Сэ си гугъати сылӀауэ, – жысӀэри сыгъуэлъыжащ.

*Усэхэр* ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

## ЛЪАПСЭЖЬ

Аргуэру, мис, сыкъихьэжащ лъапсэжьым,
ПпэIэщIэ сыхъухункIэ сыпхуозэш…
КIуэдыжыпа-тIэ дэ ди лъэпкъ хабзэжьыр? —
Жьэгу мафIэр ужьыхауэ сыпхуозэж.
Мэзэшыр унэр, пщIантIэри мэщыгъуэр,
Псэ хэту жыг пэзазэр къыпфIэмыщI…
Мы ди пщIантIэшхуэм удз гъэгъа нэгъунэ
ЩыIащ гуапагъэм зыри щыпамыщI…
Нэхъапэм сэ сыкъэкIуэжам жэщ ныкъуэм
Хьэ цIыкIум гуфIэу зыкъысщимыгъэнщIт:
ИгъэкIэрахъуэу кIэр, къижыхьырт пщIэууэ —
Унагъуэм си хъыбар яригъэщIэнт.
КъызэрыщIэхт си анэр япэ иту —
Унагъуэр цIыкIуи ини къыспежьэнт,
Дэтхэнэри къысхуэгуэпэну хэту,
Сэ хъыбарыфIкIэ ахэр къысIущIэнт…
Иджы мы пщIантIэм псэ зыIут дэсыжкъым,
Хьэ цIыкIури Iэджэ щIауэ щIэтлъхьэжащ,
Сабийм я жыгъыру макъи зэхэпхыжкъым —
Балигъ хъуа быныр я Iуэху хыхьэжащ.
Схуэпсэу си анэр къалэм дэсщ си гъусэу —
Абы жьэгу мафIэр щимыгъэужьыху,
Лъапсэжьыр абы игу къихьат дыгъуаси,
Ныжэбэ сэри сепщIыхьащ нэху щыху:
Гъэгъахэм сатхьэкъуауэ ситт жыг хадэм,
Бжьэ цIыкIухэм я ву макъым сыщIэдэIут.
Сыщысабийм симыгъуса си адэр
Зы гъэгъа цIыкIу естыну къызэлъэIут…
Си анэм гъэгъа IэплIэ къыхихт хадэм,
Удзхэр си адэм и куэщI ирилъхьэнт,
Зэм ахэр адэм къыIихын имыдэу,
Дакъикъэм тIури сэ сфIызэщыхьэнт.
ИтIани си псэр псэхут, си гуфIэгъуэшхуэт,
Гъэгъам и епэрымэм сигъэнщIат…
Лъапсэжьым сэ зэгуэр сыщымыгушхуэу
Къэхъуауэ къысхуэщIэжкъым къэзгъэщIам.
Иджыри сыхуопабгъэ си лъапсэжьым,

Си гуауи бампIи сфIэфIу хуэсIуэтэн.
Гъуэгу кIыхь зэпысчрэ абы сынэсыжмэ,
Мы си гум жьы дэхупIэ щегъуэтыж.
Аргуэру, мис, сыкъихьэжащ лъапсэжьым,
ПпэIэщIэ сыхъухункIэ сыпхуозэш.
Сэ къыспежьэн дэмысми мы пщIантIэжьым,
СыкъэкIуэжам уи деж сэ сопсэхуж.

* * *

Зэманыр хэплъэгъуэщ,
Iэмалхэр къалъыхъуэу
ЦIыху цIыкIур нэщхъейуэ зэхэтщ.
Гъуэгуанэр пшагъуэбэщ,
Кумблъэмбхэр нэхъыбэщ —
Пщэдейм къытхуихьынури сыт?!
Нэхъыжьи, нэхъыщIи,
МыдаIуи, жыIэщIи
Щхьэ закъуэр хихыну щыхэт
Зэманыр къэблагъэу,
Уплъапэм — къэлъагъуэу
КъызжеIэр зыгуэрым. Щыгъэт!
СогуIэри согуIэ,
ТепыIи симыIэ,
Мы си псэр зыгуэрым къетхъунщI.
НэхъыфIхэр здэщыIэр
Хэт зыщIэр? КъыджефIэ.
Тхьэ лъапIэ! ГущIэгъу уэ къытхуэщI.

## КЪЫУХЭР МЭЛЪЭТЭЖ

Къыухэр пIащIэу, джэуэ, екъуу
Хуабэ щIыпIэм мэлъэтэж,
Мы щIыгушхуэр яримыкъуу
Хуэдэ уэгум илъэдэж.
Шабзэкъушхуэу къэгъэшауэ
Есу, екIуурэ заIэтыр,
Зэбгъурыту зэгъэкIуауэ,
Сурэт щIауэ зэдолъатэ.
Къыухэр зоджэ, зэхуэсакъыу,
ЗэрыIыгъыу мэIэпхъуэж.
КъагуроIуэр: зым и закъуэ

Дэнэ щIыпIи щымытхъэж.
ПлъэкIым, къыухэм уемыхъуапсэ! –
Дунеишхуэм хуиту тетщ.
Уэгуи щIыгуи я нэ-я псэу
Дэнэ щIыпIи зэдыхуитщ.
Зы гъунапкъи къэрамыдзэ,
Къэралыгъуи къыур хуэмей.
Щытыншынум Iэпхъуэу щIадзэ –
ЗэгурыIуэу зэдолъей.
ЩIыхухэр фIыти, къыухэм хуэдэу,
Дунеишхуэм здыхуитатэм,
Щыпсэуну щIыпIэм хэдэу
ЩIым дыхуиту дыпсэуатэм!

* * *

Дадэ, даIуэт, уэ зэхэпхрэ?
Жэщыр мэIущащэ.
Е а макъыр жыыбгъэм бблихрэ,
Акъужь пхуэгумащIэу?
ЩIэдэIупэт а макъамэм,
Уи псэр егъэтыншыр,
Мыжеяхэм уэрэд щабэ
Дахэу къахурешыр.
Гъуэлъыжахэм а Iущащэр
Я пщIыхьым хуосакъыр,
А телъыджэу сэ зыхэсщIэм
Зэхэхыт и макъыр!

## УУЗЫНШЭУ, ШКОЛ!
*Уэрэд*

Сабиигъуэ дахэр щыдгъэкIуауэ,
Зэныбжьэгъухэм школыр къыдоух,
Насып тхылъыр щIэблэм къыдатауэ,
ГъащIэ гъуэгум и бжэр зэIудох.

Уузыншэу, школ!
Уузыншэу, класс!
УдиIащ уэ лъахэу махуэ къэс.
Фыузыншэу, егъэджакIуэхэ!
ФIыкIэ ди гъэсакIуэхэ!
Фытхуэхъуахэщ адэ-анэ нэс.

Мылъкуу щыIэ псоми я нэхъ лъапIэ
ЩIэныгъэфIыр тыгъэ къытхуэфщIащ,
Ныбжьэгъугъэр сыткIи дэ дгъэяпэу
Дыпсэуным ди гур хуэвгъэнщIащ.

Ди гур жану, Iуэхукlэ щхьэх дымыщIэу,
Зэныбжьэгъухэм школыр къыдоух,
Хэкур къулей тщIыну дэ, ныбжьыщIэм,
ГъащIэ гъуэгум и бжэр зэIудох.

Уузыншэу, школ!
Уузыншэу, класс!
УдиIащ уэ лъахэу махуэ къэс.
Фыузыншэу, егъэджакIуэхэ!
ФIыкIэ ди гъэсакIуэхэ!
Фытхуэхъуахэщ адэ-анэ нэс.

## МАМЭ, ПАПЭ, НАНЭ, ДАДЭ



Нанэ жеIэ сэ сринэу,
Дадэ жеIэ сэ срипсэу
Мами папи къызэхъуапсэу
Нанэ и куэщI сисщ сэ.
Нанэ жеIэ сыIэфIу,
Дадэ жеIэ сэ сыфоуэ,
Мами папи къэмыфэфу,
Дадэ сэ Iэгу схуоуэ.

Мамэ, папэ, нанэ, дадэ
Сэ фэ зыми сыфхэмыдэ.
Мамэ — мамэщ,
Папэ — папэщ,
Нанэ — си нэщ,
Дадэ — си псэщ.

Нанэ жаIэ си анэшхуэу,
Дадэ жаIэ си адэшхуэу,
Ауэ мамэ нэхъ нэхъ цIыкIухэщ,
ТIури фэкIи сэ нэхъ сэщхьхэщ.
Нанэ жаIэ си анэшхуэу,
Дадэ жаIэ си адэшхуэу,

Ауэ папэ нэхъ нэхъ цӀыкӀухэщ,
Емызэшу сагъэджэгухэ.

Мамэ, уэри папэ схужеӀэж,
Нанэ, уэри дадэ схужеӀэж,
Псори фӀыуэ фызолъагъур,
Сэри псоми сыволъагъур.

## ХЪАРБЫЗ

Топым хуэдэу хъуреишхуэу
Дадэ хьэсэм къыхихащ.
Бзыгъэ-бзыгъэу лат кусэшхуэу —
Сэ сыгуфӀэри къэсщтащ.
«Топыр» хьэлъэт. ЩысӀэщӀэжым,
ТӀууэ ар зэгуэудащ,
Сеплъым — зыкӀи мытопыжу,
Дэпу и кур къилыкӀащ.
ДетӀысылӀэщ хьэблэ цӀыкӀури,
Дэ дытхъэжу ар къиттхъуащ,
Іум тхьыхункӀэ купщӀэр ткӀури
Дэ псы ІэфӀкӀэ дытхъэжащ.

## ХЬЭНДЫРКЪУАКЪУЭ

И нэр топу, кӀэкӀэрейуэ,
И пщэр кумбу, фиирейуэ,
Бабыщыпэу, лъабэ бгъуэшхуэу,
Гуэл хуэбам щынэшхуэгушхуэу,
Хуиту есу, мыныкъуакъуэу,
Хуримыкъуу зыхэс псыр —
Зыщыпсэу а псы цӀыкӀу закъуэр
ЕфӀэкӀ фӀэщӀу тенджыз псом,
ЩыӀэщ тцӀыхуу псы псэущхьэ,
Зи щхьэр щхъуантӀэу, щхъуантӀэ дыдэ,
ЦӀыкӀухэр джэгуу къыбгъэдыхьэм,
КъыхэкӀыну псым зымыдэ.
КъэфцӀыхуну фэ фыхуеймэ,
Ар жыхуэсӀэ, зи нэ пӀащэр,
Псы цӀыкӀу псоми я зэдайуэ
ГъурмэджыкӀхэ ейуэ гуащэщ.

## ДИ АДАКЪЭР

Хьэблэ джэдхэм ди адакъэр
Я тхьэгъуэщ,
Адакъэпщхэри и макъым
Къегъэуш.
МыIуэу щытмэ ди адакъэр,
КъищIкъым кIэху,
Щэ мыIуауи ди адакъэр
Щыркъым нэху.
Абы къещIэ си сад кIуэгъуэ
Зэрыхъуар,
Абы къещIэ мы ди къуажэм
Къыщыхъуар,
ЖыIэт, уи гур сыхьэт къеуэ,
Адакъэпщ?
Ару щытмэ, нэхъ псынщIэIуэу
Нэху схуэгъэщ.

## ЛЭГЪУПЫКЪУ



Мо ди бгы щхъуантIэшхуэм
Тетщи зы гущэкъу!
Мы дунейм темыхуэ —
Уафэм йоныкъуэкъу.
ЩIугъэнэу щыIэр
ЗэщIикъуа нэхъей,
Нэри пэри ехьыр —
Псори худоплъей.
Налъэ-налъэу къуэпсыр
Зэхэухуэнащ,
Плъыжьхэу, гъуэжьхэу, щхъуэпсхэу
Ахэр зэщIэнащ.
ЩIыкIухэр дехъуэпсауэ
Доплъыр зы гущэкъу,
Нани къытхыхьауэ
ЖеIэр: «Лэгъупыкъущ».

ШИНКУБЭ Бэгърат

# ЖЫЛАКІЭ

*Роман*



Ди чэруаным и уэзджынэ макъыр щымыIуа къэмынэжами ярейщ. Зэгуэрым, гъуэгуанэ кIыхь зэпытчауэ, имохъар* лъэпкъ дрихьэлIэгъащ. Имохъархэм я цIыхухъухэр лъагэщ, бгы псыгъуэщ, къамэ якIэрыщIащ. Я цIыхубзхэр къамылыфэщ, нэ дахэ защIэщ, щIыкIафIэхэщ, я щхьэ пщIэ зэрыхуащIыжыр фэуэ ятетщ.

Амзадэм и макъ щызэхэсхым – ар шыкIэпшынэм ещхь гуэрщ, – си нэгу къыщIыхьэжащ си хэкужьыр – Къэукъасэр, слъагъу хуэдэщ джэгум хэт ди пщащэ щIыкIафIэхэр, ди щауэ къуданхэр. Зы лъэпкъыр адрейм ещхькъым, я хабзэкIи зэщхьэщокI, ауэ я гуфIэгъуи я гуауи зыщ. Жэм къашынумэ, ар иремавр е иребербер, фэлъыркъэбышхуэ къащтэнщи, Iэщым хыхьэнщ. Шэм и къуэпс хужьым фэлъыркъэб кIуэцIыр щигъэпсалъэкIэ, си нэгу къыщIыхьэжынтэкъэ ди гуэгуэнхэр! Шэ хуабэм и мэр зыщ, дэнэ ущрихьэлIэми. Iэщым я бу макъри зыщ. Джэд Iуэуэ зэхэпхми, ар дыдэщ. Жыг къудамэм дэфыщIей чыцI плъэгъуами – зэщхьыркъабзэщ! Нысашэ урихьэлIарэ щэтопым** и макъ зэхэпхамэ, уи хьэблэжь удыхьэжа хуэдэкъэ жыбоIэ! Зы лъэпкъыр муслъымэнщи, алыхьым нэмэз хуащI, адрей лъэпкъыр жорым иролажьэ, ещанэр мажусийщи, дыгъэр я тхьэпэлъытэщ...

ЦIыху къупщхьэ куэд слъагъугъащ зэгуэрым – гъуэгу дыздытетым. Iэхъулъэхъур уэшхымрэ уэсымрэ ягъэулъиижащ. Куэд щIащ хьэдэ къупщхьэхэр жьым зэрипхъэхыжрэ – къупщхьэ хужьыбзэхэр пшахъуэм хэкъухьащ. ГъэрыпIэм яху тхьэмыщкIэ гуп щызэтраукIащ абдеж. Сыгъэркъэ сэри? Силъкъэ Исмэхьил Сэббахь и IэмыщIэ, хуиткъэ къызищIэнумкIэ? Хьэ иукIауэ къыщыхъунукъым силъ игъажэкIэ. Къысщхьэщыжыни сиIэкъым, хэти сигъеижын?..

Чэруаныр мэбакъуэ, уэзджынэ макъыр зэпымыужщ – кIэи пэи иIэкъым ди гъуэгум. Гъуэгу ущытеткIэ, Iэджэм урохьэлIэ. Чэруан дрохьэлIэ, ди гъуэгу зэхохьэри зэхокIыж, зыр зым дохри, ди гъуэгу хыдогъэщI. ХэмыщIыжыныр зыхуэкIуар чэруанакIуэм и гъуэгурщ, зы махуэм зы махуэр кIэлъокIуэ, жэщ къыщыптехъуэр уи епсыхыпIэщ.

Сигу къокIыж: жэщ къыттехъуэри, депсыхащ зэгуэрым. Дызэсэбэуащ, тIэкIу дедзакъэри, плъыр чэзур тедгуэшащ – умысакъмэ, къып-

* Имохъар – таурег. Кавказ лъэпкъынкIэ хуагъэфащэ.
** Щэтоп – бэрэбанэ *(кIахэ адыгэхэм къызэрапсэлъымкIэ).*

*КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр нэгъабэрей 3-нэ, 5-нэ, 6-нэ номерхэм итщ.*

теуэнур пщIэнукъым. Дыплъэмэ – гъэр къаху, хъумакIуэр къеувэкIауэ. КIапсэ лэрыгъукIэ зэпхащ гъэрхэр, цIыху фIыцIэхэщ. Гъэр чэруанри къыщыувыIащ абдежым, тпэмыжыжьащэу. ХъумакIуэм я пашэр Исмэхьил Сэббахь и нэIуасэу къыщIэкIащ. Мазэхэ жэщт, дзыхь пщIы хъуну къыщIэкIынтэкъыми, хъумакIуэ пашэр Исмэхьил Сэббахь къелъэIуащ: си цIыхур сфIэмащIэщ, и пщIэ уэстынщ, цIыху къызэти, ныжэбэ схуэгъэплъыр, мы гъэрхэм я лъэпкъэгъухэр ди ужь икIыркъым, къыдощэ, къыттеуэнкIэ сошынэ, жери. «ПщIэ уэстынщ», – къыщыжриIэм, Исмэхьил Сэббахь зригъэлъэIуакъым, цIыхуих хуэдиз дыкъыхибжыкIри, гъэр чэруаным и хъумакIуэ пашэм дритащ. ТIурытI зытщIащ, зы кIапэ къытлъысати, чэзумкIэ дызэгурыIуащ. Си гъусэмрэ сэрэ жэщыбгыр къытлъысащ. Ди ужькIэ плъырын хуей хьэкIэбаситIыр Исмэхьил Сэббахь и бзэгузехьэт. Жэщыбг хъури, ди плъырыгъуэ чэзути, дыпэрыуващ си гъусэмрэ сэрэ. Ди чэзур щIэх блэкIрэ тIэкIу сыщхьэукъуащэрэт – нэгъуэщI сигу илътэкъым. Жьыбгъэ мащIэ къыкъуэуащ, мазэр пшэ зэхуакум къыдэплъащ. Пшахъуэм хэщхьэукъуа гъэрхэм я щIыфэ фIыцIэр мазэм и нэху мащIэм къыхощ. Скъар мывэ къутахуэ икъухьа жыпIэнт, абы ухэплъамэ. Гъэрхэм ящыщ зырэ сэрэ ди нэ зэхуэзащ. НэкIэ сишхын хьэзырт, силIынт асыхьэтым. КъызиубыдылIэри къызэупщIащ:

– Адэрэ анэрэ уиIэ?

– СиIэщ, – жысIащ, си нэ къысхутемычу.

– Къуэш уиIэ?

– СиIэщ къуэши.

– Дэнэ щыIэ? – къызэупщIащ аргуэру, и нэр къызэрыстриубыдауэ.

– СщIэркъым. Я натIэ хъуар сщIэркъым, – жысIащ, нэщхъей сыкъэхъуауэ.

– Ахэри гъэрыпIэ яхумэ, пщIэрэ, дэ тхуэдэу? Си къуэш ябгъэдэтмэ, пщIэрэ, и фочыр ятригъэпсауэ? – нэкIэ сешх гъэрым, сызэрыфIэлIыкIри зыхызощIэ.

Дэнэ къысхуиукIыт! Си нэр зэ изохьэх, зэ изохьэкI – итIани мобы и нитIыр зэрыстемыкIыр сощIэ, сыIэщIэкIын слъэкIыркъым.

– Уи фIэщ щIы, – къызжеIэ, и нэри стрихыркъым, – си къуэш плъыр яхуэхъуатэмэ, уи ади, уи ани, уи къуэши имыубыдынт! Иубыдынтэкъым, хуитыныгъэмрэ зралъхуа лъахэм и хабзэмрэ пищI щыIэкъыми!

СлъэкIыху сыпэщIэтащ абы и нитIым, сикъыхигъащIэ хъунукъым жысIащ, си щхьэ сыхуиткъым, сэри сыгъэрщ, сыIэмалыншэщ жысIащ.

– УкъызэмылъэIу, уи хьэтыр слъагъуфынукъым, уэ срощхьщ сэри – сыгъэрщ...

Ар жысIэ щхьэкIэ, бгъукIэ сеплъэкIмэ, зэхызох си адэм, си анэм, си къуэшым, си шыпхъухэм я макъ. Иджыпстуи итщ си тхьэкIумэм: «ДэIэпыкъу а щIалэм! УмыгъэщIэхъу!» Хьэмэрэ, Шэрахъ, си гурат ар къызжезыIэр, си гущIэм къиIукIрэт а макъыр?

ПшэкIэху къищIащ. Нэхущ плъырыгъуэр зи чэзу хьэкIэбаситIыр къэсын хуейт иджыпсту. Сытегушхуащ, зэрыхъуари сщIэркъым: хьэджэсэр гъэрым и куэщIым издзащ... Плъырыгъуэр зи чэзум еттри, си гъусэмрэ сэрэ махъшэхэм дабгъурыгъуэлъхьэжащ. Си гъусэр Iурихащ асыхьэту. Сэ сызэпходэIукI. Нэху щыгъуэм фочауэ макъ къэIуащ, ди гъунэгъу чэруаныр зэрыхьзэрий хъуащ. Фочауэ макъымрэ кIий-гуо макъымрэ ужьыхыжащ щIэх дыдэ. Гъэрхэр нэхущ пшагъуэм хэкIуэдэжащ. ЦIыхуищ лъым къыхэнат: тIур дэ ди гъусащ, ещанэр гъэр сатуущIэм и плъырт.

* * *

КIэи пэи зимыIэ гъуэгум утетмэ, узрихьэлIэнур пщIэнукъым. ЩIыпIэ уихуэнкIэ хъунукъэ, зэгуэр убгына уи лъахэр уигу къигъэкIыжу? МащIэрэ срихьэлIакъым апхуэди. Ди хэкужьым сыкъыщыхутэжауэ къыщысщыхъуаи сощIэж...

Сахарэ гъуамэр зэпрыткъутыкIри, уафэ лъащIэм ипхъа вагъуэ кIэхухэр ди гъуазэу, къэблэмкIэ дунэтIыгъащ зэгуэр. Дыгъэр ди щIыбагъкIэ къыщыщIэкIащ. Пшагъуэ сырыхур дыгъэ бзийм щрифыжым, бгы лъагэшхуэ къыщыхутащ ди пащхьэ. Убых щIыналъэр зэрыдбгынэ лъандэрэ бгы слъагъужатэкъым. СызэрыщыгуфIыкIам щIэ щIэткъым, си Iыхьлы гуэр срихьэлIауэ къысщыхъуащ. Бгы джабэр щхъуантIабзэт, бгыщхьэм уэс телът. КъысфIэмыщIауэ пIэрэ, жызоIэ. Хьэмэрэ хы Iуфэм сыкъыщыхутэжауэ ди къуршыжьхэм саIуплъэрэ? Си нэгу къыщIохьэж: псынащхьэм сыщхьэщотIысхьэ, псынэпс щIыIэкIэ зызгъэнщIауэ зызоIэтыжри джабэ нэкIум кIэрылъадэ лъагъуэ бгъузэм сытохьэ, къызопхъуэ хьэцыбанэр, чыху лантIэм си нэкIур щIехулыкI, мэракIуапцIэм сыхуоIэбых. Мэз Iувым къуалэбзур щызэподжэж, хъыум* сыкъащIащи, мэкIакIэ, кхъуэпIащэ лъэмби сыIуоуэ, мэз бжэным и щIэлъэт макъи зэхызох. Мывэжь гуэр срохьэлIэри сотIысэх, сыбэуэнщ жызоIэри. ПщIащэм сыпхыплъмэ, бгыщхьэм ит къурш ажэр солъагъу: и бжьэшхуитIыр маисэ хуэдэщи, лъагапIэм къоплъых...

Чэруан пашэм уелъэIукIэ уи хьэтыр къилъагъунукъым. Уи хьэтыр къилъагъун дэнэ къэна, фочыр птрихынщ: «Уи щакIуэ кIуэда!» – жиIэнщи. Сыти къызрещIэ: бгым сихьэн мурад сщIащ. Чэруаныр тIысати, сахэкIри, бгы лъапэмкIэ сунэтIащ. Уэсэпсыр гъущыжатэкъым, удзыр кIырщ, мывэ псыфхэм сепкIэурэ, джабэ нэкIум сыкIэрыхьащ. Нэпкъ гуэр сытехьауэ, уэгум ит бгъэжьыр къэслъэгъуащ. «И насыпкъэ, – жысIащ сигукIэ, – уэгур ейщ, и щхьэ хуитщ...» Бгъэ сыхъурэ уэгум сихьатэмэ, си нэгу щIэмыкI си лъахэм сиплъэн къысфIэщIырт асыхьэтым.

Къурш псынэ срохьэлIэ, бгым сыздыдэкIым. Нэпкъ лъагэм къохуэх псынэр, дыгъэм полыд, ткIуэпсхэр мэлъалъэ. Мэз бжэнитI теслъэгъуащ нэпкъым. Жьыр къыздеуэр а лъэныкъуэмкIэти, мэз бжэнхэм гу къыслъатакъым. Нэпкъым тедиихьа хуэдэщ, щытщ, мэжьэгъуашхэри. Мывэм зытезгъащIэри, фочыр бжэнитIым я зым тезгъэпсащ. Фоч уэ макъым и джэрпэджэжыр бгы зэхуакум дэкIуэдэжащ. Бгыр къэскIауэ къысщыхъуащ абдежым – фоч уэ макъ зэхимыхами ярейт сяпэкIэ. Си шэр зытехуа бжэныр нэпкъым къехуэхащ, адрейр пкIэри бгым ихьэжащ. Бжэным сыбгъэдыхьауэ сыплъэри зы щIалэ фIыцIэ къэслъэгъуащ. ЩIалэм шабзэ иIыгът. ЩакIуэ къежьагъэнт ари – сэ япэ сищащ. Мэзытхьэ фIыщIэ хуэсщIри, бжэным сыбгъэдэтIысхьащ. Жыг къудамэ фIэздзауэ, бжэным и фэр тызох. Уи щIыб зыгуэр къызэриплъэр зэхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. СызэплъэкIмэ, щакIуэ щIалэр и пIэ итщ, и нэри стрихыркъым.

– Мыдэ къакIуэ! – хуэсщIащ Iэ.

Къызбгъэдыхьащ щIалэр, къыпыгуфIыкIри, зыгуэри жиIащ. ЖиIар сэ къызгурыIуэнт? Къызэхъуэхъуагъэнщ, щакIуэм зэрахабзэщи. Сэ кърихри, къызбгъэдэуващ щIалэр, бжэныр къыздызэIихащ. ЩакIуэ хабзэм себэкъуэнт: бжэнылыр тIу исщIыкIащ.

* Хъыу – бзу лIэужьыгъуэ *(сойка)*.



6 Заказ № 20

– Мыр уи Iыхьэщ! – жесIащ щIалэм. – Хьэлэл пхухъу.

ЖесIар къыгурыIуащ щIалэм, и дзэ хужьыр къыIуигъэпсри, зыкъысхуигъэщхъащ, къыпыгуфIыкIащ, и пщэм илъ щыгъэ фIыцIэшхуэр къызыпщIэхихри къысхуишиящ.

– Нгуги! Нгуги! – жиIащ щIалэм, и бгъэм теIэбэжри.

Сэри сытеIэбэжащ си бгъэм:

– Зауркъан!

Си цIэр къыщищIэм, щакIуэм и Iупэр зэтежащ:

– Зауркъан!

Пхъэ гъур IэплIэ къищыпащ асыхьэтым, мафIэр напIэзыпIэм зэщIигъэстащ. Бжэнылым IыхьитI къыпиупщIри, ишыуащ, – и бгым ищIа хъуржын цIыкIум шыгъу илът. Пхъэ дзаситI ищIащ, лыр пхъэ дзасэм пиIури, мафIэм бгъэдэтIысхьащ. Лыр жьа нэужь, нэхъ Iыхьэшхуэр сэ къысхуишиящ. Дызэдэшхащ щакIуэ щIалэмрэ сэрэ, Iэпэ-IупэкIэ дызэгуроIуэ, зыр зым дыщогуфIыкI. Дыздэшхэм, гу лъыстащ щакIуэ щIалэм и нэр си фочым тIэурэ-щэрэ зэрытехуам. Фочыр хуэсшиящ, сыузэдри. Фочыпэр дригъэзейри, щIалэм кIакхъур щIичащ. Нгуги, гуфIащэри, дэлъеящ. ИгъащIэм игъэуагъэнтэкъым апхуэдэ фоч, и щыпэлъагъу хъунт. Фочым къызэрехъуэпсам гу лъыстэнтэкъэ! ИрищэкIуэн щхьэкIэ, хьэмэрэ и щхьэ ирихъумэжын щхьэкIэ къыщIехъуэпсар – хэт ищIэнт? Е бий къылъежьэмэ, и лъахэ къыщыжын щхьэкIэт? АфIэкI зысIэжьэ хъужынутэкъым. Нгуги бгым сыкъришыжащ. Ди Iэ щызэрыубыдыжым, фочыр си плIэм къыфIэсхри хуэсшиящ, шалъэри естащ.

– Зи хэкур зыфIэкIуэда хьэжрэтым и фэеплъу зехьэ! И хьер улъагъу! – жесIащ щIалэм убыхыбзэкIэ.



ЩакIуэ щIалэм си псалъэр къыгурыIуакъым, дауи, ауэ си псалъэм къикIыр зэрызэхищIыкIам шэч къытесхьэркъым. IэплIэ зэхуэтщIыжащ. Зыкъом къэскIуауэ, сызэплъэкIащ. Нгуги и щIыфэ фIыцIэр дыгъэм полыд, фочыр Iэ ижьымкIэ иIэтауэ, щхьэщэ къысхуещI.

БгъэщIагъуэ хъунщ, си щIалэ, ар. Фочыр уигу дауэ пыкIа жыпIэ хъунщ? Бгыращ зи лажьэр. Бгым сыщихьэм, сызэрыгъэрыр сигу ихужат сэ, зы сыхьэтыпэкIэ нэхъ мыхъуми, сыщхьэхуитт. Си хэку сихьэжауэ къысщыхъужащ абдежым, си хэкум щызэрахьэ хабзэм себэкъуэфакъым.

* * *

Чэруаным сакъыхыхьэжащ. Бжэныл цIынэм щыгуфIыкIащ си ныбжьэгъухэр. ЩымыгуфIыкIыпIэр иIэт: мазитI хъуати, лы гъуррэ чыцIыбжьэ гъэгъуарэ фIэкI тлъэгъуатэкъым, щIакхъуэ гъущэр бгъэм тенэрт. Исмэхьил Сэббахь и нэм лъы къытелъэдащ. Ар нэщэнэ щIагъуэтэкъым. И Iупэ гъущIар тришри, и дзэр къыIуигъэпсащ:

– Фочымрэ шалъэмрэ дэнэ пхьа?

– ЩакIуэ сыкъыздикIыжым, хъунщIакIуэ къыстеуэри, страхащ, – пцIы хуэзупсащ чэруан пашэм.

–Iэщэ пIыгът, щхьэ зытебгъэкIуа?

– Куэд хъурт, езыхэми яIыгът Iэщэ. СапэлъэщакъымI

– Делафэ къызыбоплъ. Сыбылым уи гугъэ сэ! Фочри шалъэри епщащ Iупэ Iувхэм!

– СыкъэхъунщIэ! Ахъшэ къыскъуэпхмэ, си щхьэр фIэх!

– Ахъшэр бгъэпщкIуащ, напэншэ! Фочыр зэпщар дэращ

зэщэкIуэнур! – Унафэ ищIащ: – Фпхы мыр!

Бжэнылри къафIэIуэхужакъым: зы гуп къыщылъэташ, си Iи си лъи япхри, чэруан пашэм и пащхьэ срадзэжащ. Зысхуэгъэхъейркъым, Iэщ пхам сыхуэдэщ. Исмэхьил Сэббахь, упщIэм тетIысхьэжри, и лъакъуэр зэблидзащ. Къэхьэуэ IэщIагъэуващ.

Си дежкIэ къаплъэркъым, къэхьэуэр ирехъупыкI, згъэжьажьэ. Фалъэр игъэщIейри, «къум къаплъэныр» къызэфIэуващ, щIопщ къищтэри, къысщхьэщыуващ.

– ЩIопщкIэ укъызэмыуэ! СыукIи, нэхъыфIщ! – солъэIу чэруан пашэм.

ЩIопщыр къыстолъалъэ, си щIыфэ пцIанэр къегъаджэ. Хэт хуэсшэчын щIэщхъут, си хэку сисыжамэ! Сэр дэнэ къэна, си шым щIопщ тезылъхьам хуэзгъэгъунтэкъым, псибл Iутмэ, зы псэ къыIузнэнтэкъым апхуэдэ лей къызэзыхам! ЦIыхур къызоплъри зэхэтщ, щIопщыр къыстолъалъэ, лъыкъуалэр къызожэх. Узыр зыхэсщIэжыркъым сэ, схуэмыхьыр сызэрыIэмалыншэрт, лъыр си щхьэм дэуеящи, сыкъэчэн хьэзырщ.

– Щыгъэт жызоIэ, хьитIым я кум къыдэкIа! Псэууэ сыкъанэмэ, укъызэлынкъым! – си щIыфэр щIопщым къыздигъаджэм, сыкъоубжьытх чэруан пашэм.

Исмэхьил Сэббахь нэхъри етащ, сишхынущ, силIынущ, щIопщыр къыстрекъутэ. Зэрыхъуар сщIэркъым: кIапсэр зэпысчащ, сыныкъуакъуэурэ. Сыкъыщылъэтри, къаплъэн уIэгъэ нэхъей, зездзащ чэруан пашэм, щIопщыр къыIэщIэсчащ, щIопщыкъур зэпысщIыкIри хыфIэсхуащ. Стхьэлэнт, Iэжьэгъу къытхуэмыхъуамэ. Сраудри, сапхащ аргуэру. Сапхами, къысфIэIуэхужтэкъым иджы. Исмэхьил Сэббахьи щIэупщIыIуэжащ. Нэху щыху сыщылъащ, сыпхауэ. Зы къызбгъэдыхьакъым. Чэруан пашэри къыслъыгъуэзакъым. Пщэдджыжьым къызбгъэдыхьэри, Исмэхьил Сэббахь си лым хэтIысхьа кIапсэ лэрыгъур зэпиупщIащ.

– КIуэ, шхэи, уи Iуэху и ужь ихьэж! – и губжьыр теужауэ, жиIащ абы. Дыгъуэпшыхь щIопщ щIыфэ сызыщIар арауэ пщIэжынтэкъым.

Гу нэхъ къыслъитэ хъуащ абы лъандэрэ Исмэхьил Сэббахь, и нэфI къысщыхуащи, къыщызэчэнджэщи щыIэщ, къыстекIиежыркъым, схуэмыфащэ IэнатIи сыпэригъэувэжыркъым. ИтIани сыхутыкъуэ зэрымыхъунур сощIэж, кIапсэ лэрыгъур зэрызэпиупщIыжа хьэджасэр си гущхьэм къыхихуэнкIэ тIэу зэремыплъынур зыщызгъэгъупщэркъым.

* * *

Ди сатур зэфIэкIри, гъуэгу дыкъытехьэжащ зэгуэрым, МысырымкIэ къэдунэтIыжащ. Унэ зиIэр щыгуфIыкIащ дыкъызэрежьэжам – и унагъуэ яхыхьэжынут. Сэ сытыт къыспэплъэр? ЧэруанапщIэ къысхуашиинкIэ хъунт, ягу къысщIэгъумэ. НэгъуэщI къыспэплъэртэкъым. Хуит сыхъужрэ Тыркум къэзгъэзэжакIи си щхьэм Iэ къыдалъэнутэкъым. Зэ къысхуэгъуами, иджы къысщысхьыжынтэкъым. Пэщэр зэрысIэщIэукIар ящыгъупщэжа уи гугъэт! Си щхьэр пызылъэнур щIегъуэжатэкъым – кIапсэ лэрыгъур зэрыдзагъэххэт...

Гъуэгум дыщепсыхамэ, куэдрэ зытIэжьэркъым – чэруан пашэм бэуапIэ къыдитыркъым, дыкъеху, ди ужь къиуващи. Зы къалэ къызэднэкIащ. «Къум къаплъэным» и тхьэкIумэр игъэкIа зэпытщ, езыри сакъщ, дэри дигъэбэлэрыгъыркъым.

– Мы Iэшэлъашэм хъунщIакIуэр щыкуэдщ, чэруан Iэджэм я щхьэр халъхьащ! – ткIэригъэкIыркъым и жьэр, хьэ щтам хуэдэщи, зиплъыхь зэпытщ, и пэр гъэкIащ.

Шэ пщалъэ тIурытI къыдитащ. И псэм ищIа хъунт: мазэхэ жэщ гуэрым, детIысэха къудейуэ, плъыр дгъэув пэтрэ, шу гуп, жьыхъарз пэлъытэти, къытхэлъэдащ. Мазэхэ жэщыр шэ пщтырым дохъуэпскI, шу гупыр къытхэлъэдащи, ди щхьэр здэтхьын тщIэжыркъым, дызэхэзэрыхьыжащ псори: шухэри, чэруанакIуэхэри, махъшэхэри. Зы шу къызэбгъэрыкIуащ, уанэгум зыкърипшиикIри, сэшхуэр къысщхьэщишэщIащ. Япэ зизгъэщри, кIакхъур щIэсчащ. Шур уанэгум къиихури, пшахъуэм хэджэлащ.

– СыкъэбукIи! – зэхызох абдежым убыхыбзэ къабзэ!

Си щхьэфэцым зрисащ. Дэнэ къиукI убыхыбзэ! ШейтIанрэ пэт къыпикIухьынт мы щIыпIэ дыджым, убых дэнэ къэна! Си пщIыхьэпIэ игъащIэкIэ къыхэхуэнтэкъым си лъэпкъэгъу мыбдеж сыщрихьэлIэну. Уи фIэщ мыхъуным хуэдизт! Абы и лейкъэ: и макъри зэхэзэщхъуэн сщIащ. ЗыкъэсщIэжыху, къызэрытпэмылъэщынум гу лъатэри, шу гупыр, къызэрытхэлъэдам хуэдабзэти, зэрыIухыжащ. Уанэгум къихуам сыбгъэдэлъэдащ, зыкъезгъэзэкIыжри. Ар и псэм еджэрт. Къызэуэу зэшэзэпIэ сащIамэ, нэхъ къэсщтэнт асыхьэтым: нэм къыщIэIэбэр умылъагъуми, ар къэсцIыхужащ сэ. Сэидт уанэгум къизудар. Хьэжы Джырандыкъуэрэ абырэ я быдзышэ зэIулът. И щхьэр си куэщIым ислъхьащ, пшахъуэм къыхэсхри. Лъы пщтырым и бахъэр къысIурыуащ.

– Сэид! Я дэ ди тхьэ! Уэра мыр, Сэид? – жысIэри сщIэжыркъым, си IитIыр мэкIэзыз, си фэр пыкIащ.



Сэид и нэр щIилъафэрт. И нэр зэ къызэтрихыжри, къыдэплъеящ. СыкъицIыхужагъэнущ: псалъэ зэхэмыбз гуэр къыжьэдэIукIри, и нэр зэтрипIэжащ. АфIэкIа къэплъэжакъым, и псэр хэкIащ. Пхъэ дзакIэ нэху къапхъуатэри, ныбжьэгъуитI-щы къызбгъэдэлъэдащ, дыкъызэрелам щогуфIыкI, сэ хьэдэм сыщхьэщыгъуэлъхьащи, сызэщоджэ.

Щхьэ зызмылIэжарэ абдежым, дауэ сыкъела! Си гум апхуэдизкIэ хыхьати, гъащIэр напIэзыпIэм къысIэщIэужэгъуащ, дунейр къыстеункIыфIащ, сыщIэпсэужын слъагъужыркъым. Фочыпэр си бгъэгум изубыдэжри, кIакхъум сыкIэлъыIэбащ. КIакхъур щIэсчынут, сыхунэсакъым: уанэ мыгъуэр тезылъхьэн Исмэхьил Сэббахь, къызбгъэдэлъадэри, фочыр сIэщIиудащ. Къапхъуэри, си бгым ищIа хьэджасэр скIэриудащ. Пхъэ дзакIэ нэхухэр пшахъуэм хасэху, заIэщIэзудри, жэщ мазэхэм сыхэлъэдащ. Си щхьэр апхуэдизкIэ щIэсхьати, Сэид и псэм сыкIэлъыпхъэрами ярейт. Шу ныслъежьами, нысщIыхьэнтэкъым. Куэдрэ сыжа, мащIэрэ сыжа – сщIэжыркъым, си къарур сухыу, пшахъуэм сыхэджэлэху, сыкъызэтеувыIакъым.

Сэид насыпыншэ! Самсун и Iэшэлъашэм къыщызнат ар. Хэкужьым игъэзэжын мурад ищIат абы, гъуэгум щыкIуэдауэт зэрыслъытэр. Дауэ къыщыхута Африкэм? Щхьэи дызэрихьэлIэн хуей хъуа, сыт дызэхуэзышар? Щхьэ сIэщIэукIа зи псэр хэкужьым хуэпабгъэ си лъэпкъэгъу насыпыншэр, хэт и нэлат сэ къыстехуар?

Нэху щыху сыхэлъащ пшахъуэ щIыIэм, нэкIукIэ сыхэIубауэ. Пщэдджыжьым, кхъэ мащэм сыкъибэкъукIыжа нэхъей, сыкъызэфIэуващ, пшахъуэр зыкIэрызгъэщэщыжри, си щхьэр къэсIэтащ. ЛъэбакъуипщI хуэдизкIэ къыспэтIысауэ, хьэIуцыдзитI пшахъуэм хэст. Зы лъэбакъуэ счащи, сощIэ, ерагъмыгъуейуэщ сызэрызэфIэтыфыр. ХьэIуцыдзхэр

къащтэри, IукIуэтащ, я кIэр я бэкъум дэупщIэжауэ, къэтIысыжащи, къызоплъ. Ныжэбэ щхьэ самышхарэ мы хьэкIэкхъуэкIэ гъуамэм? Си псэ пыт къудейт, сыIэщэншэт. Хьэмэрэ и лъэпкъэгъу зыукIыжа цIыхур яшхын ягу темыхуарэ? Пшахъуэр мэщэнауэ, си щхьэр унэзащ, си лъэр схузэблэхыркъым, си Iур игъущIыкIащи, си кIуэцIыкIыщIэм хьэлъэ гуэр щыщIэтIысыкIауэ къысщохъу. Дыгъэр жьэражьэу къыдокIуэтей. Жыг закъуэтIакъуэ срихьэлIэ хъуащ, сыздэкIуэм. Хьэуэ, къысфIэщIатэкъым: жыг гуэрэнрэ псыкъуийрэ срихьэлIат.

* * *

Чэруан гуэр гъусэ сыщыхуэхъуащ абдежым. Къэир кIуэрт ар. ЦIыхугъэ къыскIэлъызэрахьащ чэруанакIуэхэм. Гъуэгу дытетыху, сагъэмэжэлIакъым, псыи сыхуагъэлIакъым. СызищIысымкIэ къызэупщIакъым, гущIэгъу къысхуащIащ. Сапхрэ зыгуэрым сращами, къапэрыуэн щыIэтэкъым – аратэкъэ чэруан гъуэгум щыхабзэр! Чэруаныр ермэлы сатуущIэ гуэрым ейуэ къыщIэкIащ. Къэир нэсмэ, хьэпшыпыр ИстамбылкIэ яутIыпщын хуейт – ар къыщысщIащ гъуэгум.

Къалэшхуэщ Къэир, ауэ сэ абы зы нэIуаси щызиIэтэкъым. Дэнэ къисхынт: си щхьэ закъуэ си лъакъуитIт, екIуэлIапIи сиIэтэкъым. Тыркум къизнат си Iыхьлыхэмрэ си лъэпкъэгъухэмрэ. Сигу къихьати, си щхьэр здэсхьынур сщIэжыртэкъым. Зы махуэ закъуэ нэхъ мыхъуми, зэ саIуплъэжамэ, си анэдэлъхубзэм ирипсалъэ зы закъуэ сыIущIэжамэ, сыт къызащIэми, здэнут, среупщIатэ итIанэ, чэрэчэуэ срегуэшыж. Ермэлы сатуущIэм пщIэкIэ къищта хьэлъэзехьэхэм захэзгъэпшэхъуащ, хьэпшыпыр кхъухьым идолъхьэ. Къэукъасэм сызэрыщыщыр къыщищIэм, сатуущIэм игу къысщIэгъуащ, сызэрыпцIанэр илъагъури, сихуэпащ, ахъшэ тIэкIуи къысIэщIилъхьащ: «Истамбыл унэсыжыху, укъуэлIыкIынкъым», – жери. Къулей гуэрт сатуущIэр, къулейми, цIыху хьэлэлт. Ермэлы сатуущIэр щысцIыхум, си фIэщ хъуащ мынэпсей къулеи зэрыщыIэр.

Ермэлы сатуущIэм и фIыгъэкIэ сыкъыщыхутащ Истамбыл. Сызэрысабий лъандэрэ зэхэсхырт Истамбыл и хъыбар. Абы нэхъ къалэшхуэрэ нэхъ къулейрэ дунейм темыту ялъытэрт убыххэм. Истамбыл зыгуэр кIуэуэ щызэхэтхкIэ, щIым и гъунэ кIуэуэ къытщыхъурт. Къамэ лъапIэ е цIыхубз фащэ дахэ тлъэгъуамэ, Истамбыл кърашауэт зэрытлъытэр. Пщащэ дахэм и нитIыр истамбыл сырымэм ирагъэщхьырт – ущыгъуазэкъэ ди уэрэдыжьхэм?

Телъыджэ къысщыхъуащ Истамбыл – Тыркум и къалащхьэр. Скъар мывэ хужьым къыхэупсыкIа сэрейхэр, мазэ ныкъуэр зыщхьэщыт мэжджытышхуэхэр – уатхьэкъунтэкъэ а псом! Хьэж-Софэ и закъуэ сыт и уасэт! Уафэ къащхъуэр и теплъэт! Кхъухь тедзапIэм кхъухьищэ Iэджэ натIэкIэ щызэхэтщ, дунейм зы бэракъи къытенэжагъэнтэкъым, кхъухьхэм ящхьэщымыхуарзэ. Бэзэрыр, бжьэцым хуэдэщи, зэрызохьэ, темылъ фIыгъуэри укIуэдыж жыхуаIэм хуэдэщ – дыщэхэкIри, сыринэри, мэлыбгъуэри, шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэри. КIий-гуо макъым уи щхьэр щIыуегъэхьэ, къэхьэуэм и бахъэ пщтырыр уи Iум икIыркъым, хъуанэ-цIанэри абы хэтыжщ, факъырэр тезщи, узэрагъакIуэркъым. ЦIыхуи щащэ бэзэрым, цIыхубзырщ гъунэжыр – зым къытрешэ бэзэрым, зым треш. «Лъэныкъуэ зевгъэз! ФытекIуэт!» – апхуэдэ псалъэ зэхэпхамэ, пэщэ е сатуущIэ къулей гуэр къытехьэуэ аращ бэзэрым: фIы

щIэпхынукъым, IукIуэти, блэгъэкI.

ЩIым щIыхьэжамэщ цIыхур зэхуэдэ щыхъужыр. Дунейм утетыху, егъэзыпIэ гуэр бгъуэтынщ. Кхъухь тедзапIэр егъэзыпIэ схуэхъуащ, сэ схуэдэ екIуэлIапIэншэ гуп сахэхуащ. Зи бзэ зэхыумыхын щыIэкъым, я бзэ зэтемыхуэми, лъапцIэрыщэр зэгуроIуэ, тэрмэш яхуейкъым. Зыри зыми еупщIыркъым: дэнэ укъикIа, сытым укърихужьа, мыбдеж куэдрэ зыщыпIэжьэну? Хьэлъэ зелъэфэным сесагъэжьт, къэпри, чейри, ашыкри, къинэмыщIри ишэчынут си плIэм. Кхъухь тедзапIэм къыщысщIащ къалэм бгырыс куэд къызэрыдэужьгъар.

– Сыт лъэпкъ?

– Абхъазщ!

«Я дэ ди тхьэ, – жысIащ сигукIэ, – истамбылакIуэм кIэ имыгъуэтауэ ара иджыри! Абхъазхэми яIэщIэщIа щыуагъэ бзаджэр?»

СыщыхущIыхьэ зэзэмызэм, дыгъэр къухьа нэужь е мэрем махуэхэм, къалэм сыдыхьэ хъуащ. Уэрамым сыдохьэри, цIыху Iувым сахозэрыхь, Цэбал щыщ абхъаз срихьэлIэнкIэ согугъэ – ди анэшхэр дэсат Цэбал. Си нэIуасэ гуэр сыIууэнкIи хъунщ, жызоIэ. Мэжджыт бжэIупэхэм, шей ефапIэхэм, бэзэр дыхьэпIэхэм сащрохьэлIэ бгырыс фащэ зыщыгъ куэд. Абхъазыбзэт зэрыпсалъэр ахэр. СыкъызэтоувыIэри, содаIуэ я бзэм. Си псэм фIэIэфIщ си анэшым я бзэр, зыщызгъэнщIыркъым, итIани си гур хощI, я псалъэмакъыр щызэхэсхкIэ. Си псэм фIэфIынтэкъэ си анэм и бзэр – гущэкъу уэрэдыр си нэгу къыщIыхьэжынтэкъэ! Си гур хэзыгъэщIыр зэхэсхырт: Самсун деж щызэхэсха псалъэ гуауэм хуэдэт иджыпсту зэхэсхри – ди гукъеуэ зыт псоми...

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуами, бэзэр дыхьэпIэм деж щылъ мывэ джейхэр упщIыIужа щIыкIэтэкъым. Мывэ джейхэм ящыщ зым зы лIыжь тесщ, и цей зэхэдыжыхьауэ. И мест вакъэр зэщIэхуащи, и лъэпхъуамбэр къощ. И щхьэр IитIкIэ иубыдыжауэ, щысщ, зигъэхъейркъым, сын фIэкI зэрыпщIэн щыIэкъым, и кхъэ мащэ щхьэщытIысхьэжауэ къыпщыхъунщ. ЛIыжьым сыбгъурытIысхьащ:

– Сыт лажьэ къэхъуар, ди адэ?

ЛIыжьым и щхьэр къиIэтащ, къызоплъ: бгырыс фащэ зыщымыгъым абхъазыбзэ дэнэ щищIэрэ?

– Уэ хэт ухъуну, си щIалэ? – къызоупщI лIыжьыр.

– Сэ сыубыхщ, нэхъ пасэу къикIа хьэжрэтым сащыщщ.

– Ы-ы! – игу къысщIэгъуащ лIыжьым. – Фэ, убыхым, фи IэкIэ зывукIыжащ, мыбы фыкъэIэпхъуэри. Дэ залымыгъэкIэ дыкърахуащ хэкум.

– Урыс пащтыхьыра фыкъизыхуар?

– Хьэуэ. Тырку пащтыхьым и дзэращ зи лажьэр: Абхъазым низэрыгуэри, Iисраф дызэтращIащ. МафIэ къыдадзри, дызэтрагъэсхьащ, япэувар яукIащ, къэнар зэщIакъуэри дыкърашащ. Лъапсэрыхыр къыхуэкIуащ ди хэкум, си щIалэ, нэщI хъуащ. Лыгъэ зыщхьэщыкIам хуэдэщ! – жиIащ лIыжьым, и нэпсым къызэпижыхьауэ.

– Цэбал жылэм я щхьэ кърикIуам ущымыгъуазэу пIэрэ, ди адэ? Ди анэшыр дэсащ абы.

– Фэ хэкум фыкъикIа нэужь, илъэсищ нэхъ дэмыкIауэ, нэгъуэщI зыкъоми къызэрехьэжьащ: «ДакъыкIэрыхуащ, ди махуэ мыгъуэщ!» – жари. Цэбали, Дали, Гуми, Абжьакъуи, Мэчари къыдэнэжаIакъым, Тыркум къызэрыхьащ. Дэ залымыгъэкIэ дыкърахуащ, янычарыр фоч пащIэкIэ ди ужь къиувэри, – нэлатыр къатихуэ! НэщI хъуащ Апсныр!*

* Апсны – Абхъаз.

ЩIыр къызэднэкIащ, цIыхур хы щIыбым дыдахуэжащ. Хьэр мэпщIэури итщ щIы нэщIым. Абжуй лъэпкъым сащыщщ сэ, ТIамыщ сыдэсащ, Рацбэщ си унагъуэцIэр. Аращ зэрыхъуар, си щIалэ...

ЛIыжьым щIалитI къыбгъэдыхьащ – и къуэхэрагъэнт. ЩIалитIым, лIыжьым и Iэблэр яубыдри, къагъэтэджыжащ, сэлам къызахыжри, уэрамым дыхьэжащ.

ЛIыжьым зыгуэр зэхимыгъэзэрыхьамэ, ди анэшым я жылэр Тыркум къыщыIэпхъуар сэ лъэхъуэщым сыщихуа гъэрщ. Ди анэм дэлъхуибл иIащ. Блым языхэзым срихьэлIэнкъэ – дунейр шэрхъыщи, мэкIэрахъуэ – а зыр си гурыфIыгъуэт.

Бгым сыкъыхутэжауэ сепщIыхьащ а жэщми. Бзыб псыхъуэ сыдыхьа хуэдэщи, псым и Iэуэлъауэм сыхэтщ. Мэл гуартэ зэщIэгъуагэ фIэкI пщIэнутэкъым, псым апхуэдизкIэ зилIэжырти. Си IэкIэ сукIыжа шым и щыщ макъри зэхызох. Убых хасэм и унэр мафIэ бзийм зэрипхъуауэ солъагъу, цIыхухэр гужьеяуэ зэхэзожэ. Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт си нэгу къыщIэхуащ зыбжанэрэ: адэкIэ зедз, мыдэкIэ зедз, мафIэ лыгъейр къолъэлъэх, цIыху гужьеяр зэтриубыдэну хэтщ...

Си гъусэхэм ящыщ зым сыкъигъэушащ, си дамэм къекъури:

– УоIуэщхъу, укъыхокIиикI. Уигу къыдэмыжрэ? Зыгуэр уи лажьэ?

Кхъухь тедзапIэм сыкIуакъым пщэдджыжьым. Къалэм дэсхьащ си щхьэр. Зэшыр къытеуамэ, зыр фадэм бгъэдотIысхьэ, и щхьэр тригъэун и гугъэу. Сэ сызыхьыр апхуэдэ зэштэкъым. Анэдэлъхубзэ зэхэсхмэ, си гур арат зыгъэзэгъэнур. Уи адэжьхэм къыпхуагъэна бзэм нэхъ IэфI сыт щыIэн! Псэм тыншыгъуэ езытыр аракъэ! Бгырыс фащэ зыщыгъ сарихьэлIамэ, сабгъэдотIысхьэ. Я псалъэмакъ сыхыхьэркъым, я бзэ зэхэсхмэ, нэгъуэщI сыхуейкъым. Нэхъыбэрэ зэхэсхыр аращ: хэт зи лажьэр, хэт ипкъ къикIа мы насыпыншагъэр? Зэдауэурэ къыщызэрыгъэплъыи, Iэщэм щепхъуи, зыщызэрапщыти къохъу. ЩIызэдауэр зыщ, аращ яхузэхэмыгъэкIыр: хэт зи лажьэр? Зым и щхьэ егъэкъуэншэж, зым а лажьэр я натIэ къритхауэ жеIэ, зым пащтыхьитIми ятрелъхьэ. Дэнэ щащIэнт а лажьэм и щхьэусыгъуэ псор? Уэ тхы, тхы, си щIалэ. Ди лъэпкъым къыщыщIа лажьэм и щхьэусыгъуэр тхыдэм и пхъуантэ фIыцIэжьым щаIыгъщ иджыри, хэт ищIэрэ: мы си хъыбарыр къыщхьэпэжынкIэ мэхъу ар къэзытIэщIын мурад зыщIым.

* * *

Къэукъасэм и шууей хахуэхэр и IэмыщIэ иригъахуэри, зыр дзэм хихуащ тырку пащтыхьым, зыр и бжэщхьэIу тригъэуващ. Зыр мылъкукIэ дишэхащ, мылъкукIэ зыхэмызэгъам щIопщыр къыхуигъэдэлъащ. Ало и къуэ Шардын хуэдэхэм къыщыгуфIыкIащ пащтыхьыр, щIыи къахупичащ, къулыкъуи къаритащ. ЛIакъуэлIэшыр зришалIэри, мэкъумэшыщIэм я быныр игъэшэсащ. «Къэзэуат зауэщ, джаурым я лъыр вгъажэ!» – иуштащ пащтыхьым бгырыс щIалэхэр. Шуудей защIэщ, хуэдэ уагъэлъыхъуэнущ! Я щхьэр халъхьэнущ – къызэщIэкIуэнукъым! МащIэми халъхьакъым я щхьэр, никъуэдыкъуэ хъуауэ къэзыгъэзэжари дапщэ – алыхьырщ, алыхьым нэмыщI, сэрщ абы нобэ щыгъуазэр...

ПщIэжмэ, Мэан Чац и гугъу пхуэсщIакIэщ зымахуэ. Фи лъэпкът ар, абхъазт. Урыс пащтыхьым Iуэхутхьэбзэ мащIэ хуищIэгъакъым абы зэгуэр – инэралыщIэ лейуэ къыпфIащын? Дэ хэкур дагъэбгына нэужь, Чац и дамэтелъым хэс дыщэ вагъуэр щIэх ужьыхыжащ – куэдрэ псэу-

жакъым. Мэан Чац и къуэхэм ящыщ зы адэм и гъуэгум техьащ: урысыдзэм хыхьащ. НэгъуэщI и зы къуэ, КъэмлэткIэ зэджэр, Абхъаз пщыгъуэм кIэ ирата нэужь, урысым еувэлIакъым, и цIыхур зэщIикъуэри, Тыркум къэIэпхъуащ.

Тыркухэр IэплIэешэкIкIэ IущIащ абы – я бийм и жагъуэгъут. Истамбыл къалэкум сэрей къыщратащ, пэщэ цIэр къыфIащащ, абхъаз хьэжрэтым Iэтащхьэ хуащIащ. Пэщэ къулыкъу къущIатыр пщIэншэу уагъэшхэну аракъым. Тыркухэм я IэмыщIэ илъ хьэрыпхэм ящыщ зы Іимам жыIэмыдаIуэ щыхъум, Къэмлэтыр яутIыпщащ, и шуудзэр щIыгъуу. Абхъаз куэдым я щхьэр халъхьащ зауэм, ауэ Іимамым и дзэр зэтрикъутащ Къэмлэт, езыри кIэс къыщIащ. И лIыхъужьыцIэ Iуауэ къигъэзэжащ, и пхъур лIы дэкIуэу къырохьэлIэж. ДахэкIейт и пхъур – Назифэ, зышэр пащтыхьым и къуэрт. ХьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIри – уунэнум куэдрэ! – Мэан Къэмлэт и малъхъэр пащтыхь тахътэм итIысхьащ. ГущIэгъуншэт пащтыхь щIалэр, дунейм теттэкъым къызэроплъын, «лъыиф» фIащами, хуэфащэщ! Нэхъуеиншэт, дунейр зыIуригъэлъэдэнут! Сабийм сэ IэщIумылъхьэ, щхьэхуещэм и щытхъур уи фIэщ умыщI, нэхъуеиншэр уи тепщэмэ, сакъ – аракъэ игъащIэм жаIэр? КъэукъасэщIэнэцI хъуащ Абдул-Хьэмид, ар и пщIыхьым хэкIыркъым. ПщIыхьэпIэр нахуапIэ пщIы щIэмыхъунур сыт? Мэан Къэмлэт дзэпщ хьэзырщ, абхъаз хьэжрэтыр шууей защIэщ, тыркудзэ щIыбгъужмэ, Къэукъасэр къыхуазэункъэ тырку пащтыхьым! Кхъухьым итIысхьэн ипэ, дзэм я пащхьэ иуващ Мэан Къэмлэт:

– Си къуэш хахуэхэ! ЛIыгъэ щызэрахьэ махуэщ нобэ! Тырку пащтыхьым ди хьэтыр къилъэгъуащ, Iэщэ къыдитри, дигъэшэсащ. Гъуэгу махуэ дытехьащ нобэ: ди хэкур джаурхэм къатетхыжынущ. Кхъухьым дикIрэ ди щIыналъэ дытехьэжмэ, урыс пащтыхьым и лъэгум щIэт ди лъэпкъэгъухэр къытпежьэнурэ Iэщэ ддагъэбзэнущ. Апсныр хуит къэтщIыжащ! Къэзэуатым и бэракъым дыщIэтщ, фыкъэмыскIэ! Падишахым бин яша!*

IэщэкIэ зэщIэблауэ, дзэр хым зэпрыкIащ, Сыхъум деж щитIысыкIащ. Мэан Къэмлэт лIыкIуэ зэбгригъэкIащ:

– Щхьэхуит хъужын зыфIэфIыр Мэан Къэмлэт и дзэм фыхыхьэ! Абхъазым нэгъуэщI гугъапIэ иIэкъым! Ингур Іуфэ джаурыр щызэтрикъутэнущ Мэан Къэмлэт!

Мэан Къэмлэт зэримыгугъауэ къыщIидзащ. Езым и унэкъуэщрэ зэкъуэхуауэ къаIэрыхьа бгырыс щхьэрыуа закъуэтIакъуэрэ фIэкI, къеувэлIэн ягъуэтакъым. Бгым ит Iэщыхъуэми вапIэм хэт вакIуэлIми зэхащIыкIакъым, къагъэщIэхъуащ. Урысхэм епцIыжын ядакъым. Ар дэнэ къэна, Къэмлэт и дзэм хэт хьэжрэт щIалэхэр, я лъахэ щихьэжым, зэбгрыжыж хъуащ. ЩIым нэкIукIэ зыхаIубащи, магъ: «Уигу къыдумыгъабгъэ, ди хэкужь!» Тыркум я нэгу щыщIэкIар яIуэтэжынтэкъэ абыхэм: жылэм хэз хъуащ хьэжрэтым ятелъ бэлыхьым и хъыбарыр – абыи зыкъом зэтригъэувыIэжагъэнщ...

Мэан Къэмлэт ИнгуркIэ игъэзащ, и дзэр игъэшэсри. Куэд ирагъэкIуакъым, къызэтракъутащ урысым. Тырку пащтыхьым и IуэхутхьэбзащIэм къыгурыIуэнтэкъэ абы фIы къызэрыхухэмыкIынур? И напэ текIауэ игъэзэж къудейкъым – и дзэр цIырхъ хъуащ: зыр щIэпхъуэжащ, зыр къаукIащ, ещанэр кIэс хъуащ. Мэан Къэмлэт пщIэншэрыкIуэ зищI хъунутэкъым, и щхьэр хилъхьэнут. ЗдикIуэтыжым, къуажэхэр зэтрефыщIэ, мафIэ яредз, хъыбарыпцI

* Падишахым бин яша! – Ди пащтыхьым илъэс мин иугъащIэ! *(Тыркубзэщ).*

зэбгреутIыпщыкI: урысым фашхынущ, фалIынущ, абы фи нэ къыхуимыкIмэ, гъусэ фыкъысхуэхъу... ЦIыху мин зыбжанэ иригуащ кхъухьым шынагъэкIэ. ЗэуакIуэ иришэжьа хьэжрэт шуудзэм нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэт кхъухьым иригуар. ХузэфIэкIамэ, зы цIыху къринэнтэкъым Абхъазым – хым зэприхунт. И къарум къихьакъым. Iэщыхъуэр бгым ихьэжащ, губгъуэм итым мэзым зыхиудыгъуащ, щтапIэ ихьэжащ урысым я деж. Хуэм-хуэмурэ къызэфIэувэжащ Апсныр. КъызэрызэфIэувэжам и щыхьэткъэ уэ нобэ узэрызихьэщIэр, Шэрахъ! ХьэщIэм уралейкъэ, хэкужьым укъыщикIакIэ!

* * *

Си Iыхьлыхэр сигу къэкIауэ схуэмыхьыж щыхъум, гъуэгу сытеувац, Уэсмэн-куейкIэ сунэтIри. Гъуэгур благъэкъым, бжьыхьэ жьыбгъэри къызэхьэлъэкIыркъым, ди жьэгу пащхьэ мафIэм и хуабэм хуопабгъэ си гур, жьыбгъэм Iугъуэмэ къыздихь къысфIощI.

Гъуэгу сыздытетым, кхъэжь бгынэжахэм сарохьэлIэ. «Хэт и кхъэ?!» жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, зы жэуапщ къуатыр:

– Шэрджэсыкхъэщ!

Абы щыгъуазэ усщIакъым, Шэрахъ: шэрджэсущ бгырысхэр Тыркум зэрыщацIыхур – псоми шэрджэскIэ къыдоджэ. Ноби аращ къызэрыдэджэр. СыщыщIалэм зэхэсхауэ сощIэж: тыркуитI зэщыхьамэ, зыр зым шэрджэскIэ ещырт: «Iэл!» жыхуиIэт!..

Абдул-Хьэмид зэрытрадзами Ало и къуэ Шардын абы хищIыхьами я хъыбарыр щызэхэсхакIэт Истамбыл. Пасэрейм жиIащ: зым гуэныхь къехь, псоми зэдапшыныж. Абы и гугъу пхуэсщIынщ иужькIэ...

Унэм хуэпIащIэ гъуэгурыкIуэм жэщ щыхъумрэ нэху щыщымрэ зыхищIэркъым – и щхьэ зэрихьынщ зэгупсысыр.

Жэщыбг хъуауэ, сыдыхьэжащ Уэсмэн-куей. Уэс кърепхъых, жьыбгъэ щIыIэ къопщэ, уи къупщхьэм зыпхедз. Хьэ банэ макъ къыдоIукI къуажэм, джэд Iуэ макъи зэхызох зэзэмызэ. Бытхьэ и Iуащхьэм сыбгъэдыхьащ. Iуащхьэр пабжьэ хъужащ, жыгри итыжкъым, жыг лъэдакъэр пабжьэм къыхопIиикI.

Къуажэкум сынэсауэ, гу лъыстащ Абухьбэ Мызэуш и унэр зэримытыжым. Куэбжэ сэхитIым фIэкI къинэжакъым. ПщIантIэр хьэсапIэ ящIащ, тутын жэпкъ псыфыр ныкъуэищIыкIщ. Си нэр щыункIыфIыкIащ, щIакIуэ фIыцIэ къысщхьэрапхъуа нэхъей. Си щхьэр къыфIэхуауэ, сыбгъэдыхьэжащ ди куэбжэ. Унэр итщ, ауэ ебащ, нэхъ жьыфи къытеуащ. МэкIэ къэсщIащ: ди унэм щIэсыр хамэщ. Хьэжь кIэ бацэ, куэбжэм къыдэкIри, къыспэтIысащ, и дзэлыфэ итIа щхьэкIэ, къызэбэныркъым.

Куэбжэм къыIузгъэзыкIыжри, уэрамым сыкъыдыхьэжащ. Сыдж макъ щызэхэсхым, гъукIэр сигу къэкIыжащ. «Даути щхьэ мыжейрэ?» – жысIащ сигукIэ, кIыщымкIэ згъэзащ. КIыщыбжэр зэIугъэжати, шэдыбжь мафIэм и нэхум гъукIэр хэслъэгъуащ, ауэ къысхуэцIыхужакъым – бащлъыкъкIэ щIэуфат.

– МафIэм къыбгъэдэкIуатэ. Уае хъуащ! – жиIащ гъукIэм, къыдэмыплъейуэ.

Си псэр къызэфIэзэрыхьащ:

– Уэра ар, Дурсун?

Уадэр иIэтауэ, Дурсун и пIэм ижыхьащ:

– Зауркъан! Зауркъан мы слъагъур?

ІэплІэ зэхуэтщІащ, ди нэпсыр къыщІож. Сыджым телъ гъущІ плъар сырыху хъужащ, Дурсун зыкъысщигъэнщІыркъым, псалъэри хузэкІэлъыгъакІуэркъым, нэпсыр ІэщхьэкІэ ирелъэщІэкІ.

– Уафэм укъехуэхами ярейкъэ, Зауркъан! Уи Іыхьлым узэрагъеижрэ мащІэ щІа! Уи щхьэр палъауэ фІэкІ ящІакъым. ПщІыхьэпІэ мыр, хьэмэ нахуапІэ? КъызжепІэркъэ зы псалъэ – си фІэщ хъуркъым!

Дурсун зэрыпхъэ лъакъуэм абдежщ гу щылъыстар. Ар сигу щІыхьащ.

– Зауэм хэплъхьа? – сеупщІащ Дурсун.

– Тунисым къизнащ – хьэІуцыдзым къахуэзгъэнащ... Абы сыкъикІыжри ди адэри щІэслъхьэжащ. Си щхьэ закъуэщ, пхъэ лъакъуэм сыкъыхуэнащ!

– ЦІыху хьэлэлт фи адэр. ИгъащІэкІэ сщыгъупщэнкъым! – жысІащ сэ.

– ГъащІэ кІыхь иІакъым, хьэзабым хэкІакъым... Уи щхьэ псэууэ къэбгъэзэжащи, хъеркъэ, Зауркъан!

– Ди деж сыт я хъыбар?

– Сэлим-пэщэ букІа нэужь, МатІэ къаІэщІэкІащ, заІэригъэхьакъым. Ди адэм къызэрызжиІэжамкІэ, уи адэ-анэмрэ МатІэрэ къуажэм дэкІащ. Абы лъандэрэ я хъыбар зэхэсхыжакъым, Зауркъан. Убыхыр мыбы дагъэкІамэ, зи лажьэр уэракъым, зи лажьэр Ало и къуэ Шардынщ. ИтІанэ бжесІэжынщ зэрыхъуар. Гъуэгу утетащ, умэжэлІагъэнщ, тІэкІу дегъэдзакъэ...



Іэнэм бдзэжьей, чыржын, тІууэ зэпыщІыкІауэ, бжьын къытрилъхьащ гъукІэм, мафІэм къэхьэуэ пэригъэуващ. Жьыр щІыбым щофий, уэсыр нэхъ ин хъуащ. Уэздыгъэнэфым Іэнэр къигъэнэху къудейщ.

– ЕмыкІу сыкъыумыщІ, Зауркъан: си Іэнэм телъ щыІэкъым. Уэ пхуэдэ хьэщІэ къысхуепсыхыну сщІатэмэ! Си гъунэгъухэри цІыхугъэ схуэхъуа щІыкІэкъым – куэд щІакъым къуажэм къызэрыдыхьэрэ... Ди лъахэ дисыжатэмэ, апхуэдэ хьэщІагъэт уэсхынур! ВыщІэ пхуэзукІынт, санэ кІадэр щІыунэм къыщІэзгъэжынти, гъунэгъумрэ ныбжьэгъумрэ седжэнтэкъэ! Хъуэхъубжьэр тІэтынт, уэрэдыжьри къыхэддзэнти, тхьэмахуэкІэ дызэхэсынтэкъэ! АрщхьэкІэ, – хэщэтыкІащ гъукІэр, – ди Іэ къикІынукъым, ди лъахэм дыпэІэщІэщ...

– Іэнэм телъыракъым узэплъынур, Дурсун! Псалъэ гуапэ къызжепІащи, абы нэхъыфІ щыІэ! Ныбжьэгъум и Іэнэ сызэрыбгъэдэмысыжрэ и жылыр сщІэжыркъым...

Жьым пшэр зэкІэщІихуащ, уэсыр нэхъ теуащ, вагъуэр пшэ зэхуакум къыдоплъ. Дурсун мафІэм пхъэ гъур пэридзащ, мафІэ бзий ныбжьыр кІыщ блынджабэм щызэхэзожэ...

* * *

ГъукІэм деж сисащ, гъатхэр къихьэху. Сытехьэлъакъым, мэзи сыкІуащ, мафІэри зэхэзгъэкІыжакъым, пщэфІэгъуэм сыпщэфІащ, жьыщІэгъуэм сыжьыщІащ. Лэжьыгъэм емыкІу илъкъым, емыкІур лэжьыгъэм зыпыІузыдзырщ. ГъукІэ ІэщІагъэми сыдихьэхащ, гъукІэм Іэпыдзлъэпыдз сыхуэхъуащ, джыди бели схуэлъынущ, апхуэдизкІэ сыхэзэгъащи, Дурсун къысщотхъу. Си щІалэгъуэт, хуэмыху дыдэми сащыщтэкъым, шым я нэхъ пІащэр тездзэнурэ нал щІэслъхьэнут.

– УзэрыIэпщIэлъапщIэр къищIэмэ, пащтыхьым и кIыщым ущIигъэувэнщ: хьэрыпышкъэ нал зыщIэплъхьэнур итIанэ! – мэгушыIэ Дурсун.

КIыщым Iуэху щIэмылъмэ, къуажэм сыдохьэ: зым пхъэ хузокъутэ, зым бэкхъыр, шэщыр хузотхъу, шыудз хупызоупщI. ПащIэ-жьакIэ згъэкIащи, сыкъацIыхужынкъым жызоIэ, си нэIуасэ срихьэлIэми. Дурсун и адэ къуэшым срикъуэщ жысIащ, Тофикъщ си цIэр, лIыщIакIуэ сыкъежьащ.

КIыщым цIыхур щызэблокI, зыр IуэхукIэ къыщIохьэ, зыр псэлъакIуэ къихьэнщ. ГъукIэм и адэ къуэшым срикъуэкIэ зызгъэIуами, сыкъэзыцIыхужын къыхэкIынкIи хъункъэ! СыкъацIыхужмэ, зи щхьэр хэзылъхьэнур си закъуэкъым: лъыхъуакIуэр си ужь итщ, кIыщым сыкъыщIагъуатэмэ, гъукIэри къыстеунэхъуэнущ – лIыукIри лIыукIыр зыгъэпщкIури зэдрагъэхьынущ.

* * *

Гъатхэм сытми зауж, дыгъэм зыхуаший. Псэ зыIутым и гур нэхум хуопабгъэ, дыгъэ бзийм щогуфIыкI. Жыг лъэдакъэжьми чымпэ цIынэр къыдожыж: жыгыр ираупщIыкIами, жыг лъабжьэм и псэр яхуэгъэнакъым. Сыапхуэдэкъэ сэри жызоIэ. Лъэпкъым срикъудамэ лантIэкъэ. Си лъэпкъым и лъабжьэр щIым къыхатхъакIэщ, и къуэпс щиубыдыжын зрадза щIыпIэ лъхуадэншэм? Абы сыпэIэщIэщ, сыкъыкъуачащи, жьыбгъэм зэридзэ къудамэ псыгъуэм сыхуэдэщ.

Дурсун дэрэ Iэджэрэ дегупсысащ си лъэпкъэгъухэм сазэрыхыхьэжыным: сыт хуэдэ гъуэгур нэхъ шынагъуэншэ? Хыр нэхъ зэгъуэкI хъунщ – дызэгурыIуащ абыкIэ. Хым утехьэн щхьэкIэ, Измид нэсын хуейт япэщIыкIэ. Дурсун и ныбжьэгъуфI дэст Измид, абы деж уекIуалIэ хъунут, узыхэзэгъэн кхъуафэ бгъуэтыху. Кхъуафэ бгъуэтрэ, Мерсинэ унэсыфмэ, кхъухь тедзапIэм гу щызылъумыгъатэ закъуэ, къэнэжа щыIэкъым адэкIэ... Насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ.

Измид сынэсауэ, шхапIэ гуэрым сыщIыхьащ – сэ схуэдэ екIуэлIапIэншэр щедзакъэ шхапIэ. Хъудыр фалъэрэ къэхьэуэрэ къасщтэри, плIанэпэм сыдэтIысхьащ. Сышхэри, сыкъэтэджыжауэ, бжэмкIэ сыздэкIуэм, зыгуэрым и нэ къыстехуащ. СыщыIуплъэм, зы щIыпIэ щыслъэгъуауэ къысфIэщIащ. Щыслъэгъуар къысхуэгубзыгъыжыркъым. ШхапIэм сыкъыщIэкIыжри, цIыхум сахэзэрыхьыжащ, итIани си ужь зыгуэр зэритыр зыхызощIэ. Си щIыбагъкIэ щызэхызох асыхьэтым.

– Фубыд мор! ФымыгъакIуэ! Шэрджэсщ! Сэлим-пэщэ зыукIаращ!

СыкъызэплъэкIащ – шхапIэм щIэсарат кIийр. Къэзгубзыгъыжащ щыслъэгъуар. Пэщэр щызукIа махуэм сызыпхахэм яхэтат ар – сыкъицIыхужынтэкъэ! ЦIыхур, къащтэри, зэхэувэжащ. Зэптияри къэсащ асыхьэтым, уафэм къепкIыха хуэдэ. ЦIыху Iэщэншэм и пхыным елIэлIэнт – зы дакъикъэт хэлъыр.

* * *

Си унафэ зрагъэлIэлIакъым. Ягу къыщIысщIэгъуаращ къысхуэмыщIэр: си щхьэр палъакъым, лъэхъуэщым срадзащ, игъащIэкIэ къикI симыIэу.

Иджы унапIэ схуэхъуа лъэхъуэщыр бгыщхьэм ит быдапIэжь гуэрым дэтт. Лъэныкъуищыр щыхупIэ лъагэщи, щхьэр тоуназэ, зы лъэныкъуэмкIэ, бгы тхыцIэм иту, гъуэгур къокIуалIэ. Лъэхъуэщ блыныр чырбыштэкъыми, а зым ущыгуфIыкI хъунут: мывэ блыныр щIыIэты-Iэт, гъущэ зэпытми. Мы лъэхъуэщым къикIыж щыIэ хъунтэкъыми, «ЩIы къатибл» щIыфIащар арагъэнт.

Сызэрыс хьэпсыр цIыху закъуэ хьэпст, ауэ, хуей хъумэ, нэгъуэщI зыи щIэбгъэхуэфынут. Щхьэгъубжэ тIэкIу пхыгъэмбат, сабийм и щхьэ дэхуэну. ЩхьэгъубжэкIи уеджэ хъунт абы, нэху мащIэ къыдимыдзамэ? Iэджэ бгъэдэтагъэнщ абы – яхъуат и Iур, жьэпкъыпэр иувэу. Я гугъэр гъащIэм хахыжарэ я нэр хым тедияуэ, нэпс мащIэ щыщIагъэкIа мывэ гъуанэм и Iум!

Хьэпсым сыщрадза махуэм сыкъыдэбжэн мурад сщIа щхьэкIэ, куэд схуэхьакъым, щIэх дыдэ сфIызэхэзэрыхьыжащ псори, жэщри махуэри, гъэри щIыри си зэхуэдэ хъужащ. Нэлатрэ гыбзэу, гузасэ макърэ тхьэу-сыхафэу дапщэ зэхаха мы блын фIыцIэжьхэм! ГъащIэм пыкI дапщэм къыхуагъэна абыхэм уэсят!

Зы закъуэщ си гурыфIыгъуэр: блын Iувым пхыгъэмба щхьэгъубжэ зэвырщ.

Щхьэгъубжэм убгъэдэувамэ, уи нэр узыху, укъыбгъэдэкIыркъым. Ущыщхьэхуитым деж, унабгъэ пэлъытэщ: уи нэр зым пхутеубыдэркъы-ми, гу зылъыптэр мащIэщ.

Лъэхъуэщ щхьэгъубжэм махуэ псом убгъэдэтмэ, губгъуэм щызе-лъатэ хьэндырабгъуэри къыфIонэ уи нэм, нэпкъ лъагэм щыгъагъэ удз цIыкIури, IупщI дыдэщи, уолъагъу. Махуэр арат зэрызгъакIуэр: нэху щамэ, пшапэр зэхэуэжыху, щхьэгъубжэ зэвым сыкъыбгъэдэкIыртэкъым.

Гъэмахуэм, шэджагъуэнэужьым деж, дыгъэр бгым и щыгум къыщиувэкIэ, хьэпсым зы бзий закъуэ къыщIидзэрти, мывэ блын щIыIэр къигъэнэхурт. Дыгъэр бгы къуагъым къухьэху, бзийр хьэпс кIуэцIым щыджэгурт, хуабагъэ мащIэкIэ къызэтэу. Дыгъэр къухьамэ, бгыщхьэ лъагэм пщыхьэщхьэ пшэплъыр къыщхьэдэплъыхырти, уафэм и нэзым лыгъэ ирадза хуэдэт.

Жэщ кIыхьым вагъуэхэрт си псэлъэгъур. Пшэр текIуэтамэ, уэгум къотIысхьэри мэпщIыпщI вагъуэхэр, мывэкIэщхъым хуэдэщи, уафэ джабэр ясей. Вагъуэ ижакъэ – дунейр зыбгына тхьэмыщкIэр си нэгу къыщIызогъэхьэ, сигу щIогъу: вагъуэ щижыр цIыхуфI дунейм щехы-жым дежщ.

Жьапщэм зэрихуэ пшэ фIыцIэжьхэр щыслъагъукIэ, борэн къы-зэрыхъунур сощIэри, си гур къолъэт: уафэгъуагъуэм зыкъызэщIещIэ, щыблэр мауэри, ткIуэпс пIащэхэр мывэ блыным къытолъалъэ. Щы-блэр мэятэ хуэм-хуэмурэ, уафэхъуэпскIыр зэпыужыххэркъым, дунейр къиIубыжа пэлъытэщ.

Тхьэм и нэлатыр къытихуэ мы лъэхъуэщыжьым, щыблэр зэуэныр ар ухъуи! Я дэ ди тхьэ, уигу щхьэ къызэбгъа, жызоIэ. Сыкъэбужэгъужы-пати, я дэ ди тхьэ!..

АрщхьэкIэ сызэхихакъым. Зэ ущыгъупщамэ, игу уохужыпэ тхьэм...

Лъэхъуэщыр унапIэ щысхуэхъуа махуэ лъандэрэ нэпкъым адэкIэ унэ гуэр щызолъагъу. Чырбыш унэ лъахъшэщ, пщIантIэм зы гуэни дэтщ, нэхъ пхыдзауэ Iуэи щыболъагъу. Гу лъыстащ унагъуэм цIыхуиплI зэрисым: илъэс плIыщI зи ныбжьын зылI, фызитI, зыр нэхъ щIалэрэ зыр нэхъ хэкIуэтауэ, зы щIалэ цIыкIу. Нэху щамэ, лIымрэ фызитIымрэ

я Iуэху и ужь йохьэ, щIалэ цIыкIур пщIантIэм щоджэгу.

Зэманыр макIуэ, унагъуэм сахэплъэ зэпытщ, ядэзмыщIэ къэнэжакъым тырку унагъуэм – садэпсэу фIэкI пщIэнкъым. Унагъуэм ящыщ гуэр пщэдджыжьым пщIантIэм къыдэмыхьамэ, согузавэ: сымаджэ мыхъуауэ пIэрэ? Уи фIэщ щIы, Шэрахъ, илъэс дапщэ щысхьа хьэпсым – абы симылIыхьамэ, зи фIыгъэр а унагъуэрщ. Гъуэмыли псыи сыщамыгъащIэу къысщыхъурт, си зэш тезыгъэури арат. Закъуэныгъэм нэхъ хьэлъэ щыIэ – абы къелыр мащIэщ. Сэ сыкъеламэ, а унагъуэращ зыщыслъагъур.

Щхьэгъубжэ зэвым сыдэплъурэ саздыкIэлъыплъым, гу лъыстащ цIыхубзитIри лIым зэрищхьэгъусэм. ХуэщIауэ псэуагъэнщ, фызитI къыщишэфакIэ. Унагъуэм ис псоми убыхыцIэ яфIэсщащ, саздыкIэлъыплъым. Ди хэку дыщисыжам, зы гъунэгъу диIащ. ЦIыхуиплI ист а унагъуэми: зэлIзэфызыр, я къуэр, лIым и шыпхъур. Абыхэм я цIэр яфIэсщащ тырку унагъуэм исхэми. ЛIым ШматкIэ седжэ хъуащ, щIалэ цIыкIум Нэуей, фыз нэхъыжьым Шэмсие, фыз щIалэм Рафидэ фIэсщащ.

Зы фыз фIэкI къашэ я хабзэтэкъым убыхым. ТIуанэ зытращIа фызыр зы махуи исыжынтэкъым унэм: и адэ-анэм е и дэлъхухэм дашыжынут, я напэр тезыха лIым хуагъэгъунутэкъым, бий ящIынут, япэ щаIэрыхьэ къаукIынут.

Илъэситху и ныбжьынт Нэуей, япэ дыдэ щыслъэгъуам. И пIэ изагъэртэкъым махуэ псом, етIысэхауэ плъагъунтэкъым: зэм хьэмаскIэ къарэм дэджэгурт, зэм адакъэ плъыжьышхуэр кърихуэкIырт, зэми жыг жьауэм щIэтIысхьэнти, чы лантIэмрэ мывэкIэщхъымрэ зыгуэрхэр къыхищIыкIынт. Зыри къелIалIэртэкъым, зыми къыфIэIуэхутэкъым. И анэр псыхьэ ежьамэ, абы и ужь иувэрти, пщIантIэм дэжырт. И анэнэпIэсым зэрыщышынэр слъагъурт. Лъэпэрапэрэ и пэр триудыжамэ е бжьэ къеуамэ, гъынтэкъэ щIалэ цIыкIур, ауэ анэнэпIэсыр бжэм къиувэрэ и Iэ къыхуигъэдэлъамэ, асыхьэтыпцIэм пичыжынти, и нэпсыр щIилъэщIыкIыжынт.

И анэм, зигъэщIэращIэри, щIалэ цIыкIур иришэжьэгъащ махуэ гуэрым – хьэщIапIэ иша, хьэмэрэ къалэм здиша? Сытми, щIэх къагъэзэжакъым. Уи фIэщ зэрыхъун, Шэрахъ, си щхьэгъусэрэ си сабийрэ къэгувауэ къысщыхъуакIэ!

Шэмсие бостей фIыцIэ щыгъ зэпытт, гуфIэуи слъагъуртэкъым. Лъхуэ хъунтэкъыми, арагъэнт и мыгъуагъэ псор къызыхэкIар. ТIуанэ тращIами, унагъуэм щыхамэгу-хамащхьэтэкъым ар, уеблэмэ унэм япэ къызэрырашар и напщIэ телъ зэпытт, жыхафэм текIын муради иIэ хуэдэтэкъым. Абы гу лъыстэнтэкъэ, унэм щIэх-щIэхыурэ къихъуэ хьэргъэшыргъэр щыслъагъукIэ.

Шмат и пщIантIэм цIыху къыдыхьэрейтэкъым, зэзэмызэт къыщыкIэлъыкIуэр – псэлъакIуэ е Iуэху гуэркIэ. Шмат, гу зэрылъыстамкIэ, цIыху псэлъэгъуейт, къитхъутхъукIым ящыщтэкъым. ЗдэпIащIэ щыIэуи слъагъуртэкъым, Iуэху гуэр и ужь ихьамэ, сэ сщIэрэ, пхъэ икъутэну хуежьамэ, и Iэпкълъэпкъыр зэрыщIэкIышхуи щыIэтэкъым, етIысэхрэ тутын ишыхьамэ, гупсысэм хэхуэнти, щIэх зыкъиIэтыжынтэкъым. ИтIани Iуэхуншэ хъуауэ плъагъунтэкъым, зыгуэрым и ужь итынт махуэ псом.

СощIэж, гъатхэр къихьащ, бгы джабэр щхъуантIагъэ хъуащ, Шмат вакIуэ дэкIыркъым, къокIукI-нокIукIри дэтщ пщIантIэм – зыгуэрым

хегъаплъэ. Сыхузэгуоп Шмат: хыбогъэтIасэ, жызоIэ, и чэзу зэрыхъуар плъагъуркъэ, узэжьэр хэт, пхъэIэщэр щхьэ къыумыхьэжьэрэ? Вы имыIэу къыщIэкIащ – сэ ар сщIакъым, и гъунэгъухэр вакIуэ къыщихьэжыным пэплъэрт. Нартыхур и чэзум умысамэ, бэв хъун? Шмат имыщIапIэр иIэтэкъым ар – Iэмалыншэт...

ЩIымахуэр къыщихьэкIэ, Шмат джыдэр илът, хъуржыныр и плIэм иридзэрти, пщIантIэм дэкIырт. Гъатхэ пщIондэ къигъэзэж и хабзэтэкъым. Уэс Iув къыщес зэзэмызэм зы махуэ-махуитIкIэ къыдыхьэжынти, уэсыр итхъунт, пхъэ икъутэнт, и жэмыжь закъуэм Iус иритынти, ежьэжынт. Пхъащхьэ хах хъунщ, жысIэрт сигукIэ, Шмат мэзырагъэнт щIымахуэр щрихыр – и IитI зэтедзауэ щыс нэхърэ нэхъыфIкъэ? Унагъуэм зыгуэр кърихьэнщ.

Шматрэ и щхьэгъусэмрэ хадапщIэ ихьамэ, сэри гъусэ сахуэхъуауэ си нэгу къыщIэзгъэхьэрт: нартыхури тутынри ядэсщIэрт, хьэсэм и мэ гуакIуэр си Iум из хъуарэ пщIэнтIэпсым сызэщIишхэжауэ... Лъэхъуэщым сызэрисыр сIэщIэгъупщыкIырт апхуэдэ дакъикъэм, си щхьэ хуит хъужарэ губгъуэм сихьэжауэ къысщыхъурт.

Хьэлъэ зэрылъ выгур бгым кIэрыхьамэ, и гъуэгу хэщIыгъуафIэ? Дэгъэзеигъуэ задэт си гъуэгури. Лъэхъуэщым сыщихуа махуэм зы цы налъи тхъуауэ хэтакъым си жьакIэм. Нэуей и пащIэр къыщытрипхъам, сэ сызэщIэтхъуакIэт, уэс къыстеса нэхъей. Нэуей и ныбжьырт сэ сыкъызыдэбжэр, си гъащIэр и пIэм идиихьауэ.

* * *



Къэрэгъулыр зэрызехьэ хъуащ зы жэщ. КIий-гуо макъ зэхызох. Фоч уэ макъи къэIуащ. Зыгуэр яIэщIэкIащ, жысIащ сигукIэ.

Пщэдджыжьым щхьэгъубжэ зэвым сыщыбгъэдыхьэм, Шмат и пщIантIэм цIыху Iув дэслъэгъуащ. Рафидэ лIауэ арат жэщым. Нэуей и нэпсыр къыщIож, и анэр егъеиж. И гуауэ щызгъэпсынщIэнтэкъэ – сыт си къару?.. И щхьэгъусэр дунейм ехыжри, Шмат нэхъри зэхэуащ, зэрызыхищIар солъагъу. Жыг жьауэм щIотIысхьэри, башым зытригъэщIауэ, хоплъэри щысщ. Шэджагъуашхэ е пщыхьэщхьэшхэ хъуарэ къеджэмэ, щIэх зыкъиIэтыркъым, и гур шхынми хыхьэжыркъым.

Унэм Шматрэ Шэмсиерэ фIэкI имысу, махуэ гуэрым зы шу къыдыхьащ пщIантIэм. ЛIыжь-фызыжьым зыхуагъэщхъащ шум, арщхьэкIэ шур, щIопщыр игъэдалъэу, къатохъущIэ, къащIокIие. Иужьым, шым елъэдэкъэуащ, Шмат шыбгъэкIэ ириудащ. Шэмсие кIия щхьэкIэ, къыщхьэщыжын къыкъуэкIакъым. «Хьэм къилъхуа! – сизэгъэжыркъым хьэпсым. – Уэ пхуэфI сыхъунт сэ, уи хьэдэр изгъэхуэнт!» Си лъыр къэващи, мывэ блын джабэм IэштIымыр тызокъутэ. Си нэгу къыщIохьэж Ало и къуэ Шардын щIопщыр МатIэ щытришэщIа махуэр... Шур молэм къигъэкIуащ – хуэзгъэфэщащ сыздыхэплъэм: Шмат хьэкъ щIэгъуэ блигъэкIа хъунщи, къыкIэлъигъэкIуауэ аращ. «Шмат дэнэ кърихын ахъшэ: Рафидэ зэрылIэ лъандэрэ и лъэ зэрихьэж къудейщ», – сигу хуоплъ шу гущIэгъуншэм...

Шэмсие и закъуэт а махуэм – бжэщхьэIум къытетIысхьауэ мэдыжэ. Шмати Нэуеи истэкъым унэм. Сыплъэмэ, лIиплI пщIантIэм къызэрыдыхьэр солъагъу. Нэуей япэ итщ. Фоч яIыгъщ псоми. Нэуей кIакхъу

щIичакъым иджыри къэс, иджы фоч зэриIыгъыр згъэщIэгъуащ.

УнэмкIэ иригъэблэгъащ Шэмсие. ЩIэх къыщIэкIыжакъым – Iэнэ къахуищтагъэнт. «ХъунщIакIуэ гупым зыхашамэ-щэ? – сыгузэващ, ар сигу къэкIри. – Хьэуэ, – сегупсысыжащ итIани, – мэкъумэшыщIэ къулейсызым и къуэ хъунщIакIуэ хъункъым! – итIани сигу загъэркъым: – ЦIыхур гъэсэгъуей щхьэкIэ, мэскъалщ хэлъыр – зэкIуэкIыгъуафIэщ».

ХьэщIэхэр унэм къыщIэкIыжащ, сэлам зэрахыжа щхьэкIэ, куэбжэмкIэ дэкIыжакъым – хадэ кIуэцIкIэ зэрыдэкIыжар слъэгъуащ. ЛIиплIыр кIуэдыжыху, пщIантIэм дэтащ Нэуей. Фочри и плIэм зэрилъщ. Унэм щIыхьэжащ иужьым. «Сыту пIэрэ?» – согупсыс, зыхуэсхьынур къысхуэщIэркъым, си лъэри щIоху, си нэр къысхутечыркъым, хьэпсым къыщIагъэува джэш лэпс пIащIэр зэрыупщIыIужари къысфIэIуэхужкъым.

Шмат шыбгъэкIэ изыуда шу гуэрыр куэбжэм къызэрыбгъэдыхьар къэслъэгъуащ. ПщIантIэм дыхьащи, Шэмсие зыгуэркIэ йоупщI. «Зэадэзэкъуэр дэнэ щыIэ?» – арагъэнт зыщIэупщIэр. Унэм цIыхухъу зэримысыр къыщищIэм, и шыщхьэ ириIуэнтIэкIыжри, шур пщIантIэм къыдэкIыжащ. Куэбжэм пэмыжыжьэу щыхъуакIуэрт Шмат и жэмыжь закъуэр – а зырат унагъуэр зыкъуэсыр. Шум абыкIэ зэриIуэнтIар слъэгъуащ, жэмыр епхати, къитIэтащ, шэсыжри, жэмыр ирихужьащ. Шэмсие, куэбжэм къыдэжащи, шум кIэлъоджэ, магъ, модрейр къызэплъэкIыххакъым – жэмыр ехy, щIопщкIэ хэуэурэ.

Нэуей унэм къыщIэцIэфтащ а дакъикъэм. Фочри иIыгъщ. Фочыпэм кърихуа гын Iугъуэ мащIэр къэслъэгъуащ япэщIыкIэ, фоч уэ макъри зэхэсхащ итIанэ. Шур къэскIащ, жэмым и бжьэм ищIа кIапсэм и кIапэр зыIэпигъэхури, шым елъэдэкъэуащ. ЕтIуанэуи зэхэсхащ фоч уэ макъ. Шум сокум зыхидзащ: фочыши щIыхьэжынтэкъым, и щхьэр апхуэдизкIэ щIихьати. Нэуей жэмыр ирипхыжащ, зи нэпс щIэзылъэщIыкI анэнэпIэсым едэхэщIащ, тригъэужащ, зи щхьэр щIэзыхьа шум IэштIым зэрыхуищIари слъэгъуащ. Унэм щIыхьэжакъым Нэуей, и хьэщIэхэр зэрыдигъэкIыжа бжыхь гъуанэмкIэ хадэм ихьэри, зигъэбзэхащ – бгым ихьэжагъэнщ.

«ЛIыгъэ пхэлъщ, Нэуей! Хуэфащэ епщIащ шум! СымыщIа щхьэкIэ, уэ лIы ухъуаи!» – сыгуфIащ абдежым. ГъущI хъарым ис къуршыбгъэм и гур зэтар уэгурщ. Симызэгъэж хъуащ хьэпсым, си гур тепыIэжыркъым, шу угъурсызым и щхьэр щIезыгъэхьа щIалэ хахуэм сигъэгуфIащи. ЛIыгъэ зезыхьэ плъэгъуамэ, уи гущIэм щыжьэражьэ мафIэр зэщIэгъэстыжыгъуей! Зэ щIэпщэгъуэщ хуейр, мафIэр жьэгум щызэщIэнэжын щхьэкIэ...

Нэуей зэзэмызэт иджы унэм къызэрыдыхьэжыр. И адэмрэ и анэнэпIэсымрэ зрегъэлъагъу, унэм Iуэху никъуэщIэ илъмэ, зэфIегъэкIри, мэбзэхыж. Пхъэ щикъутэкIи, хадэр щипщIэкIи, бэкхъыр къыщитхъукIи фочыр и Iэдэжщ. Куэд щIа пщIантIэм джэгуу зэрыдэтрэ, иджы щIалэ щхьэпэлъагэ хъуащ, и фIыгъуэщ, и адэ и лъапсэжьрэ и щIыхьрэ ихъумэн щхьэкIэ, и псэ еблэнукъым.

И ныбжьэгъу щIыгъуу къыщигъэзэжи щыIэщ Нэуей – езым хуэдэ щIалэ жан! Си гур хэхъуэрт, здэслъагъум! Сащыгугъи хъуащ хуэмхуэмурэ. Си нэгу къыщыщIэзгъэхьэ щыIэщ: Нэуейрэ и гъусэ щIалэхэмрэ, гуп зэрогъэхъури, лъэхъуэщым къытоуэ, къэрэгъулыр щIагъэIэри, хьэпсым и бжэр зэIуадз.

«ФыкъикI! – зэхэсх хуэдэщ Нэуей и макъ. – Фи щхьэр хуит хъуащ!» Хьэпс бжэщхьэIум собакъуэри, Нэуей IэплIэ хузощI. Солъагъу си шынэхъыщIэм зэрещхьыркъабзэр – дэнэ щыхэт МатIэ иджыпсту?.. Гугъэм нэхъ IэфI щыIэнкIэ хъун! Хьэпсым ущIэбэмпIыхьмэ, нэхъри.

«Iэщэ къащти, ныддэшэс, ди бий зыщ дэ!» – ар къызжиIами Нэуей, чэнджэщ къыхэзгъэкIынтэкъым, сыдэшэсынт, бийм и шэр зи гущхьэ япэ ихуэнур сэрами.

Абхъазым псалъэжь гуэр фиIэщ, Шэрахъ: «Псым итхьэлари, хы щIагъым щIэсщи, мэгугъэ». Ар жызыIар щыуакъым.

Мазэм зэ дыдашэрт лъэхъуэщ пщIантIэм, дызэпсэлъэну дыхуиттэкъым армыхъу. Псалъэ къыбжьэдэкIакъэ, етIуанэ гъуэгу ущIашыжынукъым. ЖэщкIэрэ, хьэри бгъэри зэгъэжа нэужь, щэIу макърэ псчэ макърэ зэхэсх хъуащ. Си гъунэгъу хьэпсырат къызыщIэIукIыр. Хуэм-хуэмурэ кIуэдыжащ макъыр, си тхьэкIумэр мывэ блыным есхьэлIэ щхьэкIэ, зыри зэхэзмыхыж хъуащ. «ЛIащ тхьэмыщкIэр», – жысIащ сигукIэ.

Жэщ гуэрым, жейми семызэгъыу, си щхьэр узу сыздэщылъым, уэрэд макъ къызэхызох. Нэхъ сызэпхыдэIукIмэ – щIэпщакIуэ уэрэд макъ хуэдэщ. «КъысфIэщIагъэнщ, – жысIащ, – щIэпщакIуэ уэрэд дэнэ къикIын мыбы?» Мывэ блыным сыбгъэдэкIуэтащи, сызэпходэIукI. КъысфIэщIатэкъым. КъысфIэщIынкIэ Iэмал иIэтэкъым! Лъэхъуэщым куэдрэ исам и тхьэкIумэр жан мэхъу. Си щыпэзэхэхтэкъым а уэрэдыр, си нэIуасэ дыдэт, Iэджэрэ сыщIэдэIуауэ. Уэрэдыр псчэ макъым зэпеч зэзэмызэ, щызэпыужыпи къохъу, заул докIри, аргуэру зэхызох сызэрысабий лъандэрэ си нэIуасэ макъыр... Нэху щыху зэтеслъхьакъым си нэбдзыпэ.

Жэщ щыхъунум сыпэплъэу згъэкIуащ етIуанэ махуэр. Пшапэр зэхэуэри, вагъуэхэр къитIысхьа нэужь, уэрэд макъыр къэIуащ аргуэру. Ди анэм къызжиIэгъащ: щIэпщакIуэ уэрэдыр жызыIэр уIэгъэ зытелъ зауэлIырщ – уIэгъэм зэрихьынур ещIэри, уэрэдыр къыхедзэ. Уи гъунэгъур и псэм еджэмэ, уигу хэщIынтэкъэ! ИтIани сыт си къарут? Къэрэгъулым гущIэгъу къыпхуищIынкIэ ущыгугъ хъун? ГъащIэр, кIыхьми кIэщIми, лъэхъуэщым щытхьын хуейуэ арат къытщIэлъыр, гущIэгъу зиIэ къэрэгъул къыхэкIми, игу къыщыпщIэузынур, уи гъащIэр кIыхь хъумэт. Ажалым и закъуэт хьэзабыр пщхьэщызыхынур, зи гъащIэр кIэщI хъум и насыпт...

ЩIэпщакIуэ уэрэд... Си нэгу къыщIыхьэжащ Цэбал жылэшхуэр. Ди анэшыр дэсащ абы. ЩIалэтанэ сыхъуат сэ, ди анэм и дэлъхухэм ящыщ зы уIэгъэм щихьам. Гъунэгъумрэ Iыхьлымрэ пщыхьэщхьэ къэс щызэхэст уIэгъэр зыщIэлъ пэшым. Зы пщыхьэщхьи къанэртэкъым щIэпщакIуэ уэрэдыр къыщыхамыдзэ. УIэгъэ хьэлъэ зытелъ ди анэ дэлъхур, узыр ирекъухри, уэрэдым йожьу. И псэр щIэпщакIуэ уэрэдым дыхэкIащ. Зи уэрэд иджыпсту зэхэсхми гъащIэ иIэжтэкъым, и псэм еджэрт. Уэсят зыхуищIыжыни тескъым и пIэ лъапэ, дунейм ехыжмэ, хэти зэригъэзэхуэжын?

КъыкIэлъыкIуэ жэщым, зи щхьэ сымыцIыху си гъунэгъум и макъыр нэхъ кIащхъэ хъуауэ, щIэпщакIуэ уэрэдыр си макъ къызэрихькIэ къыхэздзащ. Къэрэгъулым, къащтэри, бжэр къыIуиудащ – абыи сеплъыжакъым сэ. ЩIэпщакIуэ уэрэдыр къыхэздзащи, псалъэхэр къэзгубзыгъыжурэ, мывэ блын пцIанэр согъэпсалъэ:

*УIэгъэм я нэхъ хьэльэм*
*ЛIыр игъэдзыхэнкъым,*
*Уэрадэ!*
*Льы IэмпIэ къыщIэнэхукIэ,*
*КъэмыскIэн,*
*Уэрадэ!*

Си макъыр нэхъ хуэм сощIри, мывэ блыным сокIуэталIэ, щызэхэзмыхIакIэ, уэрэдыр къыхызодзэж. Щэнейрэ къытезгъэзэжащ, си макъыр нэхъ ин сщIыурэ. УIэгъэ зытелъ си гъунэгъум сызэхихащ итIанэ: къызэрыздежьур зэхызох. Шэч къытесхьэжыркъым: ар къыздежьурт. СыкъэгуфIащ абдежым. УрихьэлIа апхуэдэ, Шэрахъ, – щIэпщакIуэ уэрэд жызыIэр щыгуфIэ? Апхуэдэ къэхъуагъэнкъым игъащIэм! Дэ дригуфIэрт – си гъунэгъумрэ сэрэ. ДыгуфIэрт, дызэрыщIати. ЩIэпщакIуэ уэрэдыр зэм сэ къыхызодзэ, зэми си гъунэгъум къыхедзэ.

Зы жэщи жэщитIи итхащ, щIэпщакIуэ уэрэдыр зэпэддзыжу. Иужьым зэхэзмыхыж хъуащ си гъунэгъум и макъ. «И гугъуехьыр щIэкIащ тхьэмыщкIэм», – сигу нэгъуэщI къэкIынт?

Нэху щыри лъэхъуэщ пщIантIэм дыдыхьащ, ди щIэкIыгъуэ чэзур къэсати. Я псэ пыт къудейт лъэхъуэщ пщIантIэм къыдаша насыпыншэхэм. Абыхэм ящыщ зы къызбгъэдыхьэри къызэIущэщащ:

– Дунейр зэрыхьзэрийщ. Лъэхъуэщым щIэз къащIауэ плъагъунщ – зыгъэзапIэ бгъуэтыжынкъым!

Нэуейрэ и ныбжьэгъухэмрэ саздыкIэлъыплъым, шэч сщIат зэрыхьзэрий гуэрхэр къызэрыхъур. Хэт щыгъуазэт и пэжыпIэм?..

Махуищ нэхъ дэкIакъым: хьэпсым и бжэ хэулъиихьыжар къэкIыргъащ, пхъэ гъуэлъыпIэжь къыщIахьэри, упщIэ тIорысэ кърадзэжащ, зы тутнакъи къыщIаутIыпщхьащ:

– ХьэщIэ нокIуэ! – жари.

ЩIалэ кIыхьышхуэ хэслъэгъуащ нэху мащIэм, унащхьэм щIэуэрт. Тхъугъэ зыхимыдза щхьэц Iувыр и натIэм къытелъалъэрт, и нэкIур иуэжат, жьакIэ пхъашэ тетт. Бгыщхьэм ит гуэл плъэгъуагъэххи, Шэрахъ? Уафэ къащхъуэм хуэдэщ бгыщхьэм ит гуэлыр – уафэм и бзыгъэ фIэкI пщIэнукъым. Апхуэдабзэт хьэпсым къыщIаша щIалэм и нитIыр. Фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуащ, башым хуэдэщ, зэфIэтыф къудейщ. Къаруун-шэми, зиIыгъщ, лIыгъэм зэрызригъэхьыр солъагъу.

– Уи махуэ фIыуэ, – жиIащ абы, и Iэ ижьыр и бгъэм ирилъхьэри. – Уи махуэ фIы щыхъун лъэхъуэщым... Уэрмырауэ пIэрэ къыздежьуур? УабхъазынкIэ хъуну?

Блыныр сымыIыгъамэ, сыджэлэнт: дунейм ехыжауэ фIэкI сщIэртэкъым щIэпщакIуэ уэрэд жызыIа си гъунэгъур.

– ТIыс, – жесIащ сыбгъэдэкIуатэри. – КъызэрохьэлъэкIыр солъагъу, тIыс.

Пхъэ гъуэлъыпIэжьым итIысхьащ щIалэр. Щхьэгъубжэ зэвым къыдидз нэхум щыхэтIысхьэм, и нэкIум сиплъащ: гъащIэ иIэжтэкъым абы.

– Сыубыхщ, си анэр абхъазыпхъущ, – жысIащ, и нэкIум сыздиплъэм.

Езыри къэщтауэ къысщыхъуащ: и нэр къыстриубыдащи, сызэпеплъыхь:

– Золакъ ЗауркъанкIэ зэджэ гуэр сцIыхугъащ сыщысабийм. Абы



7 Заказ № 20

ущIезгъэщхьыр сщIэркъым... Ауэ ар, псэумэ, нэхъ щIалэн хуейщ...

Си нэпсыр къыщIэуващ.

– Сэращ Золакъ Зауркъаныр. Уэ хэт ухъуну?

– Алыхьым и къарур инщ, – жиIащ абы, ерагъмыгъуейуэ къыдришейри. – Уи щхьэр палъауэ фIэкI ящIэркъым. Пэщэр зэрыбукI лъандэрэ уис мы лъэхъуэщым?

– Сису убж хъунущ...

– Сысабиящ абы щыгъуэ. Уи нэмкIэ укъэсцIыхужащ... Уи нэмкIэ...

Псчэр къыщыхьэри, абдеж щызэпыуащ и псалъэр. Псчэурэ, IурыуфIыцIыкIащ. Згъэгъуэлъри, псы естащ. И псчэр нэхъ увыIэри, щIалэм жьы игъуэтыжащ.

– Уэсмэн-куей пщIэжрэ, Зауркъан? Садз гъунэгъу фиIащ – Абухьбэ Мызэуш. Фызэныбжьэгъуащ Мызэуш фэрэ – ар сощIэж. Мызэуш и щIалэ цIыкIур фи пщIантIэм къыдэкIыртэкъыми! ПщIэжыркъэ Шоудид? МащIэрэ удэджэгуа, къыпкIэрыхъыжьарэ пкIэрымыкIыжу.

ЩIалэр, бауэкIэщIщи, псалъэр хузэкIэлъыхьыркъым, и Iэр и бгъэгум илъ зэпытщ – псчэр къыщыхьэжынкIэ шынэ хуэдэщ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, у-Шоудидщ уэ? Мызэуш урикъуэщ?

– Ар дыдэщ, Зауркъан!

– Я дэ ди тхьэ! – НэгъуэщI схужыIэжакъым, си нэпсым къызэпижыхьащ.

Абухьбэ Мызэуш и къуэр Тыркум къыщалъхуащ. Шоудид фIэзыщар ди адэрат. Абхъазым ит бгы лъагэ гуэрым ШоудидкIэ йоджэ. Апхуэмыди си нэгу къыщIэзгъэхьэфынут сэ, ауэ ди пщIантIэ зэгуэр къыдэлъэдэрейуэ щыта щIалэ цIыкIур, Шоудид, мы лъэхъуэщым къыщызихьэлIэжыныр си пщIыхьэпIэ игъащIэкIэ къыхэхуэнтэкъым.

Шоудид уIэгъэ хьэлъэ телът: и бгъэр шэм пхилыгъукIат, уIэгъэр е екIуати, и къарур хуэм-хуэмурэ щIэкIырт. Си гъащIэр естынт, себлэнтэкъым зы дакъикъэ, арщхьэкIэ сыIэмалыншэт. ГъащIэ зэримыIэжыр илъагъурт езыми, итIани дзыхэртэкъым, лIыгъэ зэрыхэлъын хуейр щыгъупщэртэкъым. Псалъэ хъунутэкъым – ари зыдищIэжырт. Абыи еплъыжакъым – ди хъыбарыр щIым здыщIэсхьэнкъым жиIа хъунщ.

– Уэсмэн-куей дыкъыдэкIри, Адапазар дыIэпхъуащ, – лIэн ипэ къысхуиIуэтэжащ Мызэуш и щIалэм. – Садзым адрей абхъаз лъэпкъхэри къытхэтIысхьэжащ. Унэ тщIащ, зыр зым дыдэIэпыкъуурэ. Сэ мэктэбэм сыщIагъэтIысхьащ. Ар къэзуха нэужь – еджэфынущ жаIа хъунщ, – Истамбыл мыдрисэм сагъэкIуащ. ИлъэситIкIэ сыщеджащ мыдрисэм, къэзухакъым: мылъкур хурикъуакъым ди адэм. Мыдрисэр къэзмыухами, бзэ зыбжанэ зэзгъэщIащ илъэситIым, щIэныгъэ гуэри згъуэта хъунщ. ТIэхьир сыщрихьэлIащ Истамбыл – Хьэмидэ и къуэрылъхум. ЕгъэджакIуэ хъуащ ар, убыххэр Уэсмэн-куей дахуа нэужь, якIэлъыкIуэжащ. Ди хъыбар зэрыщIэу щытащ. Убых сабийхэр ирегъаджэ, пщIэ зиIэ цIыхущ! Шардын и къуэр, Мансоу, ТIэхьир дэплъеякъым: фадэ Iэнэ, куэзыр, цIыхубз – нэгъуэщI плъапIэ иIакъым. И адэм ещхь хъужащ.

Шоудид жьыр хурикъуртэкъым, псыкIи зигъэнщIыртэкъым, псы кхъуэщын ептами, игъэщIеинут, зэ Iубыгъуэ хуэхъунутэкъым. ТIэкIу зезгъэгъэпсэхун щхьэкIэ, псалъэ кIапэр зэзэмызэ субыдырт сэри. Си Iуэху къызэрекIуэкIар хуэсIуэтащ, Шмат и унагъуэми я хъыбари жесIащ.

Абухьбэ Мызэуш и къуэм гъэщIэгъуэн къыщыхъуакъым, Нэуей и гугъу щыхуэсщIым. Дунейм Iэджэ къыщыхъуауэ къыщIэкIащ. Я щхьэр щIрагъэхьати, тырку мэкъумэшыщIэхэр къызэщIэтаджэ хъуакIэт, Iэщэ кърахырти, пащтыхьым и дзэлIхэм япэувырт, кIэ зимыIэ зауэмрэ я пщэ дэлъ хьэкъ бжыгъэншэмрэ яхуэмышэчыжу. Урысейми щызэрызехьэрт абы щыгъуэ... Къэукъасэ кIуэжын щхьэкIэ, Абухьбэ Мызэуш Къэмлэт и дзэм хыхьауэ зэрыщытари къызжиIащ Шоудид.

– Гъуэгу техьэн ипэ, мыр къызжиIэгъащ ди адэм: «Уи анэм хуэсакъ, урысхэм я деж зэуакIуэ сыкIуэуи уи мыгугъэ. Кхъухьым дызэрикIыу, Къэмлэт сыкIэщIэкIуэсыкIыжынущ. Мыри зыщумыгъэгъупщэ: хэкум уфIэкIуэдынкIэ хъунщ уэ, ауэ уи хэкур уигу зэи иумыгъэху». Къэукъасэ нэсыжа нэужь, ди адэр Къэмлэт-пэщэ кIэщIэкIуэсыкIыжащ, цIыхуищэ хуэдизи игъэдэIуэфащ. И хъыбар къытIэрыхьэжакъым, лъэужьыншэ хъуащ. Ди анэр дунейм ехыжащ, ди адэм и хъыбар къэмыIуауэ. Псэууэ къыщIэкIащ иужьым. Зэрыпсэур къысхуитхащ: Джгердэ дэтIысхьэжащ... «КъэкIуэж», – жери къысхуетх... Ауэ слъагъужыну къыщIэкIынкъым ди адэр...

Шоудид и нэр зэтрипIащ. Си Iэр и щхьэм теслъхьащ – мафIэм исырт. Псы езгъэфащ, и гущхьэр мафIэм къызэрырисыкIыр солъагъу.

Псым бэуэгъуэ къритри, и хъыбарыр и кIэм нигъэсащ:

– Ди адэм и хъыбар къэIуа нэужь, зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIауэ, абхъаз хьэжрэтхэр къызэрыIэтащ – я фэм дахыр яхуэшэчыжакъым. Ди тетыр, Мэршэныпщыр, яукIащ. Ар къащIэкIуэнутэкъым: е къум нэщIым ирахуэнут, е Щам лъэныкъуэкIэ ирагъэIэпхъукIынут. Кхъухь пщIэкIэ къащтэн мурад ящIащ. ЛъапIэт кхъухьыпщIэр, апхуэдиз ахъшэ диIэтэкъым дэ. «ХъунщIэ дывгъэщI», – жаIащ. ДызэгурыIуэри, пощт гъуэгужьым дытеуващ. Пощтым къэрэгъул тIуащIэ и гъусэу къыщIэкIащ. ДебгъэрыкIуа щхьэкIэ, дыкъыхагъэщIащ. УIэгъэ сыхъуауэ, сащыIэрыхьащ абдежым. АдэкIэ зэрыхъур уощIэ... Иуха хъунтэкъым хэкур слъагъужыну. Уи насып къихьрэ хэкум зэгуэр уихьэжмэ, си цIэкIэ зыхуэгъэщхъ... Уи щхьэр хуит щыхъужын махуэ къызэрысинум шэч къытесхьэркъым! – Ар жери, Шоудид щIэпщакIуэ уэрэдыр къыхидзащ...

И псэр щIэпщакIуэ уэрэдым дыхэкIащ. Си нэпсыр си бгъэгум илъалъэу, Шоудид и псэр пытыху, уэрэдым сыдежьууащ. И нэр зэтеспIэжащ итIанэ.

Хэт и гугъэнт Шоудид и иужьрей псалъэр пэж хъункIэ! Дунейм зиублэрэкIащ, пащтыхь лъыифыр, Абдул-Хьэмид, традзри, унафэр «Тырку щIалэгъуалэм» яIэрыхьащ. Хабзэр зэблахъуащ абыхэм, лъэхъуэщым ис куэд хуит ящIыжащ. Я нэфI къысщыхуащ сэри. «ИрикъункIэ ипшыныжащ», – жаIа хъунщ.

* * *

Лъэхъуэщым сыкъикIами, сыекIуэлIапIэншэщ, си щхьэр здэсхьын сщIэркъым. Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым – уигу гъэфI, пэщыху: уекIуэлIапIэншэмэ, умэжэщIалIэмэ, егъэзыпIэ уимыIэмэ, сыт уи гурыфIыгъуэ? Псибл пIутми, укъэдзыхэнщ.

Си щхьэр есхьэжьэри, сызыдэмыхьа къуэладжэ къэзгъэнэжакъым, гъуэгу сабэ Iэджэ сутащ. Сымыгъэунэхуаи къэнэжа! Мэлыхъуэу сежьэ-

ри, сылIыщIащ, кхъухь тедзапIэм хьэлъэ щызеслъэфащ, сатуущIэ деж сыIуувэри, сыхуэIэпыдзлъэпыдзащ, гъущI гъуэгу зыщIым сахэтащ... Абхъаз хьэжрэтхэр зыдэс къуажэ сынэсащ абы сыхэтурэ. Шэт-Ипэт къуажэм зэреджэр. Ди анэм и дэлъху сыщрихьэлIакъым Шэт-Ипэ, ди анэшым ящыщ гуэр, КъанщауэкIэ еджэу, дэсти, абы сызришэлIащ. ИлъэситI нэблагъэ сисащ Къанщауэ и унэм. Шэт-Ипэ ди анэмрэ ди адэмрэ щыщIалъхьэжат. Я кхъащхьэми трагъэува мывэ сыныр упсатэкъым, кхъащхьэр зэщIэкIэжат. УвыIэпIэ яхуэхъуар хамэкхъэтэкъым, а зыр си гурыфIыгъуэт.

Ди адэ-анэр Шэт-Ипэ къызэрыщыхутам и хъыбарым ущIэупщIэрэ, Шэрахъ? Сэлим-пэщэ щызукIа махуэм, къалэм МатIэ къыдэкIуэсыкIыжащ.

МатIэ делэтэкъым, къыгурыIуащ: пхъэрыр и ужь къимыувэ щIыкIэ, ди адэмрэ ди анэмрэ лъэныкъуэ егъэзын хуейт. Уэсмэн-куей къыдэбнэ хъунутэкъым. Шэт-Ипэ къыщыхутащ, зыкъомрэ загъэпщкIуа нэужь. Ди анэм и зы дэлъху дэст Шэт-Ипэ – абы зришэлIэжащ. Илъэс нэхъыбэ псэужакъым ди анэр – и нэгу щIэкIам ихьащ. Илъэситху дэкIри, ди адэри ехыжащ дунейм.

Ди адэр лIа нэужь, МатIэ унэ-лъапсэ зэригъэпэщын мурад ищIащ, и ужь пхъэрыр икIагъэнти. Хунагъэсакъым: дзэм хахуащ. ДэкIри къигъэзэжакъым, лъэужьыншэ хъуащ абы лъандэрэ – Хьэрыпым икIуэдащ.

Си шыпхъуитIри къытехьэжакъым дунейм. Сэлим-пэщэр сукIа нэужь, хьэрэмлыкъым щIэса цIыхубз насыпыншэхэр ящащ. Си шыпхъухэми Фэлдыщи кIуэдыпIэ яхуэхъуам сыщыгъуазэкъым, псэуми мыпсэужми къысхуэщIакъым.



БгъэщIагъуэ хъунщ, Шэрахъ: дауэ иIуэтэжыфрэ хъыбар гуузыр, гукъутэгъуэкъэ и Iыхьлыхэм я щхьэм кърикIуар, итIани езым хъыбарыжь гуэр иIуатэ хуэдэщ, щхьэ зыхимыщIэрэ, и гум щхьэ емышыкъылIэрэ, дауэ хуэшэчрэ? Сыт пщIэн, Шэрахъ? МащIэ дэкIа абы лъандэрэ! УIэгъэм уимыхьмэ, мэкIыж, нэпсри мэгъущыж, зэманым зэримыгъэзахуэ щыIэкъым. Ар мыхъуамэ, цIыхур я акъыл икIынт, яхуэхьынтэкъым. БлэкIар игу щхьэ къигъэкIыжрэ атIэ, щхьэ зыщимыгъэгъупщэжрэ, сыт зыщIригъэукIыр? БгъэщIэгъуэнкIэ хъунщ ари. ЕмыкIу илъкъым, абыкIэ укъызэупщIми. Си нэгу щIэкIар сIуэтэжмэ, щIэсIуэтэжыр зы закъуэщ: къащхьэпэнкъэ, жызоIэ, ди ужь къихъуэнум, зыхущIегъуэжын лъэбакъуэ ячын хъумэ, иралъагъу, жызоIэ, си щхьэм кърикIуар – зыкIэ нэхъ мыхъуми, Iэжьэгъу сыхъуфмэ, сигу зэгъэнущ...

Сыдэсынт Шэт-Ипэ, нэхъ егъэзыпIэфI сылъыхъуэжынтэкъым, итIани, къыздалъхуахэр сигу къихьащи, сыдэзэгъэжыркъым, апхуэдэ псэукIэми сыщыужат. Шэт-Ипэ сыдэзэшыхь хъуащ. «Гъуэгу зыщIэлъ и гъуэгу тохьэж», – жаIакъэ? Сытехьэжащ сэри. Здэзгъэзэнури сщIэркъым, гъуэгум сыздишэм сокIуэ. Сабэр лъакъуащхьэм къос, гъуэгур къургъакъщи, лъэр щIеуд, нэм къиплъыхьыр губгъуэ нэщIыжьщ, уафэмрэ щIымрэ зэпыхьэжащи, я гъуни я нэзи унэплъысыркъым. Жьыр къыкъуэумэ, сабэ пщтырыр зэрехьэ, нэм къыщIэIэбэ щумылъагъуххэр нэхъыбэщ. Си закъуэщ, жыпIэнщ, дунейм къытенэжар, псэ зыIут къэлъагъуэркъым, жьы фий макъыр уэгум итщ, фийуэ къыщIедзэри хьэ къугъ макъым хуокIуэж, уи псэр пфIэIэфIыжкъыми, уэр дыдэри укъугъынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

Си щхьэ щIэсхьауэ сыздэкIуэм, сабэ борэным сыщIэплъэри, фIыцIагъэ гуэр къысIэщIэлъэгъуауэ къысщыхъуащ. Бгъэ си гугъащ

япэщIыкIэ. ФIыцIагъэр, къэкIуэтэху, нэхъ пIащэ мэхъу, нэхъ благъэ къыщысхуэхъум, жьым и къугъ макъым цIыху макъ къыхэIукIащ. Гъыбзэ къришырт фIыцIагъэм: зэм жьыбгъэм Iэпеудри, мэкIуэдыж, зэм уэгум ирехьэри, жьым и фий макъым хозэрыхь. ФIыцIагъэр схуэзанщIэ хъуащ. ЛIыжь кхъахэ дыдэт ар, шыдшууэ. И нэкIур жьыбгъэм ипхъэхауэ, и нэпситIыр гъуэгу сабэм хэлъалъэрт. СыгуфIащ, гъусэ схуэхъунщ жысIэри. СхуэзанщIэ щыхъум, си Iэр си натIэм хуэсхьри, лIыжьым сэлам есхащ. ЛIыжьым гу къыслъитакъым: гъыбзэр къыздришым, и нитIыр уэгум етат абы. «Шыдым здытесым, нэмэз ищI хъунщ», – жысIащ сигукIэ, арщхьэкIэ зэхэсхыр нэмэзыбзэтэкъым, и нитIыр уэгум иплъызыхьами. Гу къыслъимытэххарэ, сытми къызэплъэкIакъым лIыжьыр. «Си гъуэгур кIыхьщи, сопIащIэ, си гъыбзэм си хъыбар къыбжаIэнщ», – арагъэнщ, жысIащ, щыблэкIым, лIыжьым къызиIуэкIар.

ЛIыжьым и гъуэгу дидзыхакъым, и ужь сыздиплъэм, жьыбгъэм зыкъиублэрэкIри, гъыбзэм и псалъэ кIапэ къызжьэхидзащ. «Сыт гущэр си махуэ си жьыщхьэ, зы гурыфIыгъуи сиIэжкъым, си гъуэгум и кIэм уимыплъэ», – жьым кърихьэкIырт лIыжьым и гъыбзэр:

*Гъуэгум сыздихьыр сымыщIэ,*
*Си къуиплIыр зауэм ихьащ.*
*Си жьыщхьэ гуауэ щымыщIэ,*
*Си жьыщхьэ си щхьэр щIэсхьащ.*
*Си нэр щIесыкIыр си нэпсым,*
*Си гущхьэр бэгри къэчащ.*
*Пащтыхьым тихуэ си гыбзэр –*
*ГъащIэ мыгъуэжьти, блэкIащ...*



ЛIыжьыр, шыдым елъэдэкъауэурэ, фIыцIагъэм хуэкIуэжащ, хуэмхуэмурэ хэкIуэдэжащ гъуэгу сабэ кIыфIым, и гъыбзэ макъри зэпычыжащ. Зызумысыжынщи, лIыжь цIыкIум сехъуэпсэгъащ абдежым: нэгъуэщI хузэфIэмыкIми, гъыбзэкIэ игъэтIысащ и гу бампIэ.

Гу бампIэ си мащIэтэкъым сэри, си гъыбзэр къыхэздзамэ, мывэ фIыцIэжьри зэгуэудынт. Схуекунтэкъым абы, мо лIыжь щхьэ закъуэм нэхъей.

Сэ сыубыхт, убыхым щизакъуэм уэрэд къыхидзэ и хабзэтэкъым, щIэпщакIуэ уэрэд фIэкI. Къисшынт си гъыбзэр, шыкIэпшынэ сIэщIэлъарэ къыздежьуун сиIатэмэ! Убыхым уэрэд къыхадзамэ, бгым уихьа пэлъытэщ: ежьукIэ япхъуатэри, бгыщхьэхэм я джэрпэджэжщ.

* * *

– Хьэм яшхыжын! Шэ ткIуэпс къыщIэбнакъым! Къаруи псэруи къысхуэбгъэнэжакъым! – шкIэм башыр хуегъэдалъэ лIыжьым, жэм быдзым къыщIечри, и кIэмкIэ къыIуелъэф, Iуэбжэр лъапэкIэ IуегъэкIуэт, шкIэ натIэ фэкъур пщIантIэм къыдеутIыпщхьэри, жэмым щIотIысхьэж.

– Дыгъэр къухьэным Iэджэ иIэщ иджыри, укъэзыхужар сыт? ПщIантIэм удэкIынукъым, тIэкIу ухъуакIуэмэ, уи дзэр Iуиудрэ? – жэмырщ иджы лIыжьыр зытехъущIыхьыр. Жэмми игу къыхэщткъым, мэжьэгъуашхэри итщ Iуэм, и нэшхужыбэ къыщIигъэщауэ.

ЛIыжьым и шхыдэ макъым сыщIэдэIунт игъащIэкIэ – убыхыбзэ къабзэт зэхэсхыр.

Сигу къызэфIэнэнкIи си псэ къызэфIэзэрыхьынкIи хъунт, нэхъапэIуэкIэ зэхэсхамэ. Си нэпси къыщIэжакъым иджыпсту, си лъи щIэхуакъым. Хьэмэрэ анэдэлъхубзэм и IэфIыр зыхэзмыщIэжу ара, сыщыужа убыхыбзэм? Сигури си псэри щIэуфIыцIын мащIэ слъэгъуа анэдэлъхубзэ зэрызэхэзмыхыжрэ! Щхьэми къысхуигъэтIасэркъым, сыплъэкIи сынэплъысыркъым... Нобэщ щызэхэсхыжар, къуажэ пхыдза гуэрым сыдэщхьэрыуауэ. Жэщыр щисхын гуэрт сызылъыхъуэри, къуажэкIэм япэ сызыщрихьэлIа унэм я куэбжэ сыбгъэдыхьауэ арат, Iуэм ит лIыжьым и шхыдэ макъыр щызэхэсхам. Фызыжь цIыкIу къыдыхьащ пщIантIэм.

– Дыгъуасэ гуэрым зыкъызигъэшакъым, Iуэм елъэри ежьэжащ, – мэхъущIэ ари. – Шэми кIэричыжакъэ абы нэхъей...

Выфэм нэхърэ нэхъ Iув хъуакIэт си фэр, итIани сыкъэмыскIэн слъэкIакъым: ди адэ шыпхъум и макът зэхэсхыр – Хъымсад! «ЛIыжьыр Ситкъэ! Щхьэ къэзмыцIыхужарэ занщIэу! Набгъэ сыхъуа?» – емыкIу хуэслъагъужащ си щхьэм.

МащIэ щIа дызэрызэрымылъагъуужрэ! Хэт и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнт мыбдеж дыщызэрихьэлIэжынкIэ? Си пкъыр щIэхуащи, лъэбакъуи схуэчыркъым, псалъэри къысхудэшейркъым, си пIэм сижыхьауэ, сыкъыпогуфIыкIри сыщытщ. Куэбжэм хьэмаскIэ къуэлэн цIыкIу зифыщIыжу къыщыдэцIэфтым, зыкъэсщIэжащ. ЛIыжь-фызыжьри къыкIэлъыдэкIащ хьэмаскIэм.

– Фи махуэ фIыуэ! – жысIащ сэ.

ЛIыжь-фызыжьыр зэплъыжащ, убыхыбзэ щызэхахым.

– Еблагъэ! – жиIащ Сит, сызэпиплъыхьурэ.

– Хэт мы насыпыншэр? – йоIущащэ ди адэ шыпхъур лIыжьым, гузавэ къиштауэ.

– И фащэ тепщIыхьмэ, пащтыхьыкъуэщ!

Хъымсад къыгурыIуакъым лIыжьым и гушыIэр, къызэрыщтар слъэгъуащ:

– Хэт и пащтыхьыкъуэ, на?

АфIэкIа схуэшэчыжакъым – Хъымсад сыбгъэдыхьащ:

– СыкъэпцIыхужыркъэ! Сэращ ар! Сы-Заурхъанщ сэ!

– Заурхъан жыпIа?

Хъымсад и Iэр и Iупэм хуихьри, зэщIэкIуащ, сэхым зригъэщIащи, къызоплъ, и нитIыр къихуным хуэдэщ.

– Алыхьым и къарур инщ! Заурхъани мыр! – Сит и нэпсыр къыщиудащ, IэплIэ къысхуищIащи, зыкъысщигъэнщIыркъым.

– Хэт жыпIа? Хэтщ жыпIа, на? – и фIэщ хъуркъым Хъымсад.

– Плъагъуркъэ: Заурхъанщ! Уи дэлъхум и къуэ Заурхъанщ!

– Заурхъани? Заурхъан мы си нитIым ялъагъур? – зыкъысхуишиящ Хъымсад, зы лъэбакъуэ нэхъ къыхуэчакъым, и лъэр щIэхуащ.

Сыпхъуэри, Хъымсад субыдащ. IэплIэкIэ щIэсхьэжащ унэм, згъэгъуэлъащ, арщхьэкIэ зыкъищIэжыркъым: и нэр къыстриубыдащи, къызоплъ, псалъэ хужыIэркъым. НапэIэлъэщI псыф тетлъхьащ и натIэм.

– Дунейм уехыжын мурад пщIамэ, и чэзу дыдэщ: Заурхъан укъыздыщIилъхьэжынкъэ, – мэгушыIэ Сит.

ГушыIэ сщIэжрэт сэ – сыгужьеящ: сэрат лажьэ зиIэр, згъэщтащ тхьэмыщкIэр.

– Умыгузавэ, Заурхъан, зыри къэхъункъым. Иджыпсту зыкъищIэжынущ, – жиIащ Сит, и Iэр ищIри. – Упсэуж ди гугъа-

къым – мащIэ щIа! УдгъеижакIэт, уигу къыдумыгъабгъэ... Ахърэтым укъикIыжа хуэдэщ нобэ... Мыдэ сызэгъэплъыт, къызбгъэдэкIуати. Зэманым къелыгъуафIэкъым, си щIалэ, зэманым къелыгъуафIэкъым. Укъетхъухаи, Зауркъан! Куэди щIа «хьет!» зэрыжебгъэIэрэ! Нобэ хуэдэщ... Узэрыпсэур ящIамэ, дунейм дохыж жаIэнт уи адэ-анэм?.. ТIыс, Зауркъан. ТIыси, зыгъэпсэху, гъуэгум гугъу уригъэхьащ. – Ар жери, лIыжьыр зэплъэкIащ. – Мобы щхьэкIи ущIэгузэвэн щыIэкъым: зыкъищIэжынкъэ иджыпсту. Хуэшэчыж щыIэкъым. Жьыгъэр фIымэ, псоми я нэ къыхуикIынт...

Хъымсад зыкъищIэжащ, пIэм къитIысхьэри, къызэджащ:

– Нэхъ гъунэгъуу къызбгъэдэтIысхьэт, Зауркъан. Услъагъуркъым.

Шэнтщхьэгуэ къасщтэри, сыбгъэдэкIуэтащ. И Iэр си дамэм къытрилъхьащи, Хъымсад и нэпсыр къыщIож, и псалъэ хузэпыщэркъым, хощэтыкI, и щхьэц хужьыбзэр IэлъэщI гъуабжэм къыщIэлъэлъащ.

Игу къызэрыгъуэтыжащ хуэм-хуэмурэ. ГъуэлъыпIэм къебэкъуэхри, и щхьэцыр зэригъэзэхуэжащ, и щхьэ здыхуэпсалъэм, си пащхьэ Iэнэ хъурей цIыкIу кърригъэуващ. Сити езыри къэтIысащ Iэнэм, тIуми зыкъысщагъэнщIыркъым, шхыныр си дежкIэ къагъэкIуатэ. Iэджэ дигу къэдгъэкIыжащ а пщыхьэщхьэм, жэщыбг хъуху къызбгъэдэсащ лIыжьфызыжьыр, я нэпс щIалъэщIыкIыу.

Унэ щхьэгуэт Сит и унэр, гуарцэт къызыхэщIыкIари, ятIагъуэкIэ зэщIэцIэлэжауэ. Пэш цIыкIуитI хъурт. Пэш цIыкIуитIым я зым нэху сыкъыщекIащ. Дыгъэр къыдэкIуэтеяуэщ зыкъыщызужьар. ПщIантIэм псалъэмакъ къыдоIукI, си цIэ зэрыраIуэр зэхызох. «Сит и гъунэгъухэрагъэнщ, – жысIащ сигукIэ. – ХьэщIэ къызэрыхьа унагъуэм хъуэхъуакIуэ къэкIуащ».

Зысхуапэри сыщIэкIащ. Сыкъаувыхьащ напIэзыпIэм, IэплIэ къысхуащI, я нэм сыхуахь, я псэм сыхуахь, зыкъысщагъэнщIыркъым.

– ДыкъэпцIыхужыркъэ, Зауркъан?

– Сэ сы-Даутщ. Мор Мурати – пщIэжыркъэ?

– Дауэ физмыцIыхужынрэ? – жызоIэ, сымыцIыхужыр нэхъыбэми. Хьэфизрэ Хьэтыкъуэрэ жьыфэ къатеуащ, ерагъмыгъуейуэщ зэшитIыр къызэрысцIыхужар.

ПщIантIэкум лэгъупыIэмпIэ щызэфIадзащи, бахъэр къыщхьэщех. И мэмкIэ къэсщIащ зэрыбжэнылыр. ЛIыжьыр бэлыхь хэздзащ: щIыхуэ къищтэри къищэхуащ бжэныр – абы шэч хэлъкъым. ХьэщIагъэ къызимыхын игу техуакъым – убыхым къилъхуатэкъэ! Убых унагъуэ уихьауэ хьэщIагъэ къуамыхынкIэ хъунт! Ар зи напэ тезыгъэхуэн убых къэхъуакъым!.. ЦIыхухъухэр Iэнэм кьетIысэкIащ, сэ жьантIэр къыслъагъэсри. ЦIыхубзхэр унэм къикIакъым. Хъымсад и закъуэщ бжьэщхьэIум теслъагъуэр: бжэщхьэIум къытеуващи, къызэплъ зэпытщ, и нэпсыр IэлъэщI кIапэкIэ зэрыщIилъэщIыкIри солъагъу. Гъунэгъу фызхэм, бжэщхьэIум къосри, тепщэчхэр къаший, тепщэчхэр къахьри, щIалэхэм ди пащхьэ кърагъэувэ. Апхуэдэ хабзэ яIакъым убыхым. ЦIыхубзым и нэкIу щIауфэу щытакъым, цIыхухъум яхэсащ, джэгу яублами, жыхафэм тетащ, хьэщIэ къахыхьами, Iэнэр пщащэхэрт зезыхьэр. ЩIалэхэми ядэслъагъужыркъым ди хабзэр: хьэщIэ къихьарэ Iэнэ къащтамэ, нэхъыжьым зыбгъэдагъэщатэрэт щIалэхэм? Апхуэдэ къэхъуакъым! Нэхъыжьым пэпсэлъэжи щыIа! Сахоплъэри, щIалэщIэ зыбжанэ щысщ Iэнэм, нэхъыжь гуэрым псалъэ къыхидзамэ, зэ зыр къыхоуэ, зэ етIуанэр къыпопсэлъэж, я макъ утIыпщауэ мэуэршэр... Лыри нэхъыжьыгъэкIэтэкъэ

Iэнэм зэрытралъхьэр. ХьэщIэмрэ нэхъыжьымрэ я Iыхьэр щхьэхуэт – щхьэ щIэлъэныкъуэ жыпIэми блэгъу жыпIэми. Лыр Iэнэм къытезылъхьэр текIынутэкъым а хабзэм. НэгъуэщIт мы Iэнэм щыслъагъур: лыр зы лагъэшхуэ илъщ, щхьэж зыхунэсыр и Iыхьэщ. ЗэхаупщIатэри къытрагъэуващ бжэнылыр, Iыхьэ ящIыни ягу къэкIыжакъым. Мырамысэр яIэщIэхужыпащ – Iэнэм теслъэгъуакъым. Санэм и пIэкIэ фоупс къытрагъэуващ.

Сит хъуэхъу жиIащ, Iэнэр хьэзыр хъуа нэужь:

– Си унэ гуфIэгъуэ илъщ нобэ. Зауркъан къызэригъэзэжар фолъагъу. Ахърэтым къикIыжауэ жыпIэкIэ, ущыуэнукъым! Си гуфIэгъуэ здэфIэтыну си унэ фыкъихьащи, фIыщIэ фхузощI, гуфIэгъуэкIэ фи унэ тхьэм сынригъэхьэж! Ди шыгъупIастэ фыхэIэбэ. СхузэфIэмыкIамкIэ фигу къызэбгъэнкъым...

Фоупсым еIубри, Сит тIысыжащ. Псоми яIэтащ фоупс фалъэр. Псалъэмакъыр тез хъуащ Iэнэм, нэхъыжьи нэхъыщIи зэхэзэрыхьыжащ. ЩIалэхэрщ зызыхуэмышыIэжыххэр – зохъурджауэ, мэдыхьэшх, зыр адрейм йодыркъ. Си хэгъэреижьхэм сахоплъэри, си гур мэуз: я цей зэхэдыжыхьащ, нэхъыбэм дыжьын бгырыпхым и пIэкIэ щIэп кIапсэщ я бгыр зэрыщIэкъузар. «Зэманым IэщIэшхыхьащ, – жызоIэ сигукIэ. – Апхуэдэфэ абы ятетар! ЛIыхъусэжь защIэтэкъэ!..»

И хэку исыжатэмэ, хьэщIэм хьэщIагъэ зэрырах уигъэлъагъунтэкъэ Сит – къыщIызогъэхьэ си нэгу. ВыщIэ иукIами, фIэмащIэ хъунт. «Ара хьэщIэм хуэфащэр!» – жиIэнт, игу зэгъэнтэкъым, Iэнэ дапщэ къиищтэми. Мэрэмэжьей фалъэр зэ къекIуэкIамэ, тхьэмадэм и цIэр ираIуэнт. Зи щIыхьыр нэхъ лъагэмрэ зи акъылыр нэхъ жанымрэт тхьэмадэ ящIынур. Iэнэр яублэнти, хъуэхъубжьэ Iэджи яIэтынтэкъэ! Я ныбэртэкъым зэплъынур, я хъуэхъур дахэ зэрыхъунырт. Уэрэдыжьи къыхадзэнтэкъэ абдежым! Джэгуи яублэнти, пщащэмрэ щауэмрэ утыкур ялъысинт. Джэгур яубламэ, лIыжь жьакIэхухэри пэрызэгъэжынт Iэнэм! Я щIалэгъуэ ягу къагъэкIыжынти, щауэм я нэхъ жанри къыдагуэжынтэкъэ!..

Хэкум щисам, цIыху жьакIуэу щытащ Сит, къыщIыхьэн щыIэтэкъым хъуэхъукIэ. Иджы, соплъри, хъуэхъури Iэпыхужа хуэдэщ, псалъэ зырызурэ къигубзыгъыжу къысщохъу. Зыкърихыртэкъэ зэгуэр! Цей дыжам ироукIытэ иджы, и щхьэр здихьын ищIэркъым. Зэман бзаджэм IэщIэшхыхьа лIыжь угъурлым зы закъуэт къыхэнэжар – и псэ хьэлэлыр.

Сит и ныбжьым ит гъунэгъу лIыжьхэми я щхьэ къызэрамыIэтыфыр слъагъунтэкъэ – я фэм ириукIытэж хуэдэт. Тыркум дыкъэIэпхъуа нэужь къалъхуа щIалэхэм я гуи къэкIыххэркъым мо лIыжь тхы Iушэхэм зэманыгъуэ гуэр яIауэ. ЯIа къудей! Шууей защIэт, къомылъэн яхэтакъым...

Хьэфиз къэтэджри уэрэдым и чэзу зэрыхъуар ягу къигъэкIыжащ. ЩIалэгъуалэм я щхьэ къаIэтыххакъым. Бжэнылыр ирагъэмэрэкIуэх, я Iуэху и ужь итыжщ, я псэлъэни щIачакъым.

– Арат ди хабзэр? Нэхъыжьыр щыпсалъэкIэ, уедэIуэн хуейкъэ? – щIалэхэр игъэукIытэн мурад иIэщ Хьэфиз. – Хьэдэ ирахауэ щыгъуэми, унэм хьэщIэ къихьамэ, худачых. ХьэщIэр уэрэдыжькIэ кърагъэблагъэри джэгукIэ ягъэшэсыж. Аращ ди адэжьхэм къытхуагъэна хабзэр!

– Ди щызэпэзэхэхкъым. Адэжь! Хабзэ! Дэ тлъэгъуакъым а хабзэр, абы дыщIапIыкIакъым! – къыжьэдагуэжащ Хьэфиз и псалъэр.

«Апхуэдэ срихьэлIакъым иджыри, – жысIащ сигукIэ. – Убыхым ди

кIуэдыжыгъуэр къэса хъунщ...»

Хьэфиз икIуэтыжакъым, и жагъуэ щIалэхэм къащIами, пасэрей убых уэрэдыжь къыхидзащ:

*Хъуэхъубжьэр къаIэтмэ,*
*Уэрэдыр къыхадзэ.*
*Къэдзыхэ тхэмыту,*
*Шагъдийхэр вгъэлъэхъу!*

Нэхъыжьхэр дежьууащ уэрэдым – уи нэпсыр къыщIихурт абы. Iэджэ щIат а псалъэхэр зэрызэхэзмыхыжрэ. Сызэрысабий лъандэрэ щызэхэсхырт ар хьэщIэщхэм – псалъэмрэ ежьумрэ зэрыубыдыжарэ макъамэр хьэщIэ Iэнэм щхьэщыхуарзэу.

*Ди хьэщIэр ди щIасэщ,*
*Ди унэ къихьамэ.*
*Нэхъыжьхэм я щIыхьыр*
*НэхъыщIэм тхъумэнщ!*

Уэрэд макъыр ужьыхыжащ. Щым хъуат Iэнэм пэрысхэр. Зы дакъикъэкIэ нэхъ мыхъуми, зашыIэн хуей хъуащ щIалэхэми – пасэрей уэрэдыжьым и гуащIэм пэлъэщакъым.

Сэ къызбгъэдэс лIыжьым и нэпсыр щIилъэщIыкIащ:

– Ди ныбжь нэсащ, къытхуэнэжа щыIэкъым, Зауркъан. Ди лъахэм зэ диплъэжауэ къытщыхъуащи, уи фIыгъэщ.

Бжэм къиувауэ цIыхубзхэр къызоплъ: уафэм сыкъехуэхауэ къафIэщIагъэнщ – Iэджэ щIагъэнт хьэщIэ къазэрыхэмыхьэжрэ...

Сит и унэм сыкъинащ – лIыжь-фызыжьым ягу сеуэфакъым. КъуитI яIати, Уэсмэн-куей щыдэсам, зауэм яхури, тIуми къагъэзэжакъым, щыкIуэдари ящIэртэкъым. Сэ зырат лIыжь-фызыжьым я гурыфIыгъуэр.

* * *

Мыбдеж ущежьэрэ, къэблэр пIыгъыу, лъэс псынщIэкIэ укIуэмэ, тхьэмахуитI гъуэгу дэлъщ Къарындж-Овасы къуажэм нэс. «ХъумпIэцIэдж псыхъуэ» – аращ, ди бзэкIэ жыпIэнумэ. ХъумпIэцIэдж фIэкI исагъэнкъым, убыхыр итIысхьэху. ЩIы пцIанэ бгъузэт... Хьэ бзэгум ещхьт, и бзэгупэр ищхъэрэкIэ егъэзыхауэ. И зы къуапэр шэдылъэм йоуалIэ ноби, аргъуей тIысыпIэщи, техьэгъуэ узыр щоятэ. И натIэр шытх мывалъэм пэщIэтщ. Гъэмахуэм хуабэвэх щохъу, дыгъэм урежьыхь. Хьэсэм псы имыгъуэтмэ, ущIыщыгугъын щыIэкъым – шхий къытекIэнукъым. ЩIымахуэм уаещ, жьапщэщ, уэс щIагъуи къесыркъым. Нэхъ щIыпIэ угъурсыз уигъэлъыхъуэнщ. Уи жагъуэгъуми ухуэупсэнкъым апхуэдэ псэупIэ хуэхъункIэ. Убыхым абыкIэ къытхуэупсар жыжьэ плъэуэ къыщIэкIащ: къелмэ, я насыпщ, илIыхьмэ, ди лажьэкъым. ЗэщIакъуэри иракIутащ алыхьми иужэгъужа щIыналъэм.

Борэным хым триубыдэрэ кхъухьыр щIилъафэмэ, хы гущIыIум къытенам и щхьэм фIэкI зыщыгугъын иIэкъым: есыкIэ ищIэрэ и къару хурикъумэ, къелынщ. Алыхьым ущыгугъынумэ, абы и ужькIэщ. «ХъумпIэцIэдж псыхъуэм» дэтIысхьэри псэун щIадзэжащ убыхым.

Жылагъуэ тIощIрэ пщIырэ зэрыгъэхъуащ. Гуарцэ унэ зэтралъхьащ, я унащхьэ джафэу. Гуарцэ унэ жызоIэ. Уи унагъуэбжэр хуэпщIыжыпэ нэхърэ нэхъыфIтэкъэ ари! Арат убыхыр къызыхуэнар. И хэку исыжамэ, и пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым. Унэ дэнэ къэна, пщыIэ хисэн хъуамэ, дей бжэгъури зэрипэсынутэкъым убыхым, и щхьэ трилъхьэнутэкъым. Чэщейт чы-бжэгъур зыхихынур! Пхъащхьэ хихынукъэ – щихуми еплъынутэкъым, хъуэш пкъот и бгыкъур, и бгъэныр къамыл жэпкът е IутIанэ гъуэжьт. Псыкъуий ятI я хабзэтэкъым убыхым – псынэ щIыIэр дэни щыгъунэжт. Хьэ бзэгум итIысхьащи, щIыр иратIых иджы, хъумпIэцIэдж хъуами ярейщ – мащIэрэ етIыхын хуей, псым и къуэпс нэсын щхьэкIэ! Пасэрей уэрэдыжьым демыжьууфми, джэгум хэлъадэрэ лъапэкIэ зыхамысэфми, шым зрадзрэ кIэбдзкIэ ямыгъэтхъуэфми, емыкIу яхуэпщI хъунт тхьэр зыдэбгэн хъумпIэцIэдж псыхъуэм далъхуа иджырей щIалэм? Къурш псынэм и IэфIи нэхущ акъужьым и салъкъыни зыхащIакъым абы, я адэжьхэр зыпсыхьа лъахэм пэIэщIэу къэхъуащ. Ар я лажьэ-тIэ абы, Шэрахъ?..

Мыбы сыкъызэрихьэ лъандэрэ си нэ къызыхуикIыр пщIэрэ, Шэрахъ? Зы жэщ закъуэ щысхьыжарэт жызоIэ убых пацхъэм*! Сыт и уасэ ар, Шэрахъ? Жэщым я нэхъ уэмми щIыIэтыIэщ пацхъэр, уи гум жьы щыдеху. Нэхущ акъужьым ухэт пэлъытэщи, гум зигъэнщIыркъым, мазэм и нурыр уи нэкIум къолъалъэ, мафIэхь бзэрабзэм ущIэдэIукIыурэ жейм я нэхъ IэфIым ухелъафэ...

Жьэгур-щэ! Зы жьэгуншэ иса Убыхым, Шэрахъ! Жьэгу мафIэм пищI щыIакъым убыхым, и жьэгу мафIэ зэхэкIыжын и пэ и псэр иригъэхуэнутэкъэ! «Уи жьэгу нэщI ухъу!» – абы нэхъ гыбзэ щыIа? А гыбзэр къатехуа жызоIэ убыхым. Аракъэ, жызоIэ, жьэгу щIамыIэжри: жьэгум и пIэкIэ кумб къыщратIыкI унэ лъэгум иджы, тандыркIэ еджэу...



* * *

Шэджагъуэщ, дыгъэпэзэзщ. Джэдхэр, ду щIагъым щIэпщхьащи, я бзэгу къидзауэ зэхэлъщ. Сабэр здынэмыса къэнэжакъым. Унащхьэри, пщIащэ цIырхъри, дури, куэбжэ-набжэри, махъшэ жьэгъуашхэри – сабэ защIэщ псори. Махъшэ джабэм утеIэбэмэ е бжыхьым ужьэхэуамэ, сабэр къолъэлъ, яжьэ пщтырым упэрыуа хуэдэщ. Уэрамым удыхьакъэ, уи лъэгур сабэм щIежьыкI, вакъэ плъыгъми. Къуажэм хьэдэ ираха хуэдэщ, Iэуи лъауи зэхэпхыркъым, хьэ банэ макъи къыдэIукIыркъым. Шэджагъуэ дыгъэр щекIуэтэхынум поплъэри, унэм щIэсщ цIыхур. Нэхущым зауж къуажэм, дыгъэр къэплъыху щхьэж и хадэм йопэщэщыхь цIыхур, шэджагъуэ дыгъэр благъэкIри, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI щыхъукIэ, щхьэж и Iуэху ныкъуэщIэ пэроувэж. Аращ гъэмахуэм, нэгъуэщIкIэ упэлъэщынукъым. Си гур Къарындж-Овасы щытIысын си гугъакъым. «Дэзэгъэнукъым, и щIэщыгъуэ икIмэ, и щхьэр дихыжынущ», – арат цIыхуми къысхужаIэр.

Мэджжытыр къуажэкум иращIыхьащ. Махуэм тхуэнейрэ къоувэ муIэзиныр азэн джапIэм – нэмэз уахътыр блэбгъэкI зэрымыхъунур ягу къегъэкIыж цIыхум. «Алыхьыр закъуэщ...» – икIыркъым си тхьэкIумэм.

... Лъэпкъ гуэр къотIыс къуажэбгъум бжьыхьэ къэс. Уэракъ лъэпкъым щыщщ, джэмхъэсаркIэ йоджэ, лъэпкъ IэпхъуэшапхъуэщI. Езым я мылъэпкъ зыхагъэхьэркъым, я хабзи ухагъэIэбэнукъым, кIуэгъужэгъуи

---

* Пацхъэ – чы-бжэгъу унэ. Тэхъуанэ лIэужьыгъуэщ.

ащIынукъым. Сатуи зэзэмызэщ нэгъуэщI лъэпкъхэм щыдащIыр. Уанэгу ис зэпыт цIыху Iэпхъуэшапхъуэр къуэгъущ, бгы задэщ, дыгъэм ижьа защIэщ. Iэщыхъуэ лъэпкът джэмхъэсархэр, бжэнрэ мэлрэ зэрахуэ, зы хъупIэр яухмэ, нэгъуэщI хъупIэ зэпраху. Джэмхъэсархэм я упщIэ фIыцIэ шэтырхэр убых къуажэбгъум къыщыхасамэ, къуанщIэ зэрыбын къэтIыса фIэкI пщIэнутэкъым. Я пашэр лIыжь бзаджэ гуэрт, Джэуадбейкlэ еджэу. И шэтырым убыхыпхъу щIэсми, джэмхъэсар пашэр убыхым къахуэзалымт, псэугъуэ къаритыртэкъым, къуажэм къыщыдэуи щыIэт, зэкъым-тIэукъым бэлыхь зэрыхидзар.

Еплъурэ зрагъэшхынт убыхым? Я Iэщэ кърахырти, пэувырт, я пащIэрэ я щхьэрэ яхъумэжын щхьэкIэ. Лъы ягъэжэнтэкъэ – Iэмалыншэт, щызэтраупщIати щызэрыукIи къэхъурт.

НэгъуэщI зы лъэпкъи исащ абдежым – ХъумпIэцIэдж псыхъуэм и дыгъэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ. ШэруалкIэт а лъэпкъым зэреджэр. ЦIыху нэутхафэ ятетт, уеплъамэ, щэныфIэ хуэдэт, уакIэлъыплъыжамэ, уи щхьэр фIашхыкIынут, сатушы защIэти, сомым утраукIэнут, я сату дэни нэсырт, я сабии я балигъи зи ужь итыр арат. Гущэм хэлъ сабийр щыщIаупскIэкIэ, зыщIагъэжеикIыр плъагъуркъэ:

*ЩIалэ пакъэр согъэжей,*
*Игъуэ нэсмэ, лIы ухъунщ.*
*Шэруалым уадэплъейм,*
*СатуущIэ усхуэхъуащ.*

Убыххэр Къарындж-Овасы деж тIысри, етIуанэ махуэм къахыхьащ шэруалхэр:

– Чыржын хэт ищэхун?

– Фэтыджэн зыщэхун щыIэ?

Убыхыр жылэ хъуа нэужь, зы шэруал къакIуэри, тыкуэн къыщызэIуихащ къуажэм, нэгъуэщI зыми къэхьэуэ ефапIэ къыдищIыхьащ, ахъшэ щIыхуи къарит хъуащ, хуэдитIкIэ щапшыныжым деж. Мэжджытым молэуэ щIэувари шэруал хьэжыщ, мухъутар хъуари абы и благъэ гуэрщ. Уэлийри шэруалым ящыщщ, жаIэрт.

Зэман дэкIри, убыххэмрэ шэруалхэмрэ зэрыши хъуащ. Убых пщащэ къуданхэр щалъагъукIэ, шэруал сатушыхэм я бэзэри я тыкуэни къафIэIуэхужтэкъым, я щIыхуэ зытелъми хуагъэгъурт, уасэми еблэнутэкъым, уипхъу ептынумэ. ХьэгъуэлIыгъуэ къихъуакъэ зыгуэрым и унэ – бзитIкIэ щыхъуэхъуэн хуей мэхъу, нэхъыбэрэ зэхэпхри тырку хъуэхъу псалъэщ. Япхъу ират къудейкъым: Тыркум иралъхуа убых щIалэхэми къашэ хъуащ шэруал фыз, гъунэжщ къэзышэр – дыщасэ кIуэжмэ, адэанэр зыщысхь щыIэкъыми. Сабий къалъхурэ къыдэкIуэтеямэ, зыщыщ лъэпкъыр езыми къыбжаIэфынукъым, зыщыщ лъэпкъкIэ еупщIи, я дамэр драгъэуеинущ.

Бэрэкъей и къуэ Наурыз иришэжьа гупыр Чорохъ щызэпрамыгъэкIым, псым зыхэзыдзэжа фызыжьым и гугъу пхуэсщIати, Шэрахъ, пщIэжрэ? Фызыжьым МатIэ анэмэт къыхуищIа сабийр, ТIэхьир, лIы хъуащ, еджащ, убыхыр Уэсмэн-куей щыдахум, яхыхьэжащ. Лъэхъуэщым сыздисым, абы и хъыбар къызжиIэжащ Абухьбэ Мызэуш и щIалэ тхьэмыщкIэм. Къарындж-Овасы еджапIэ къыщызэIуихащ ТIэхьир, убых сабийр я анэдэлъхубзэкIэ иригъаджэу щIидзащ. Зэреб-

гъэджэн тхылъ уиIэн хуейтэкъэ? УбыхыбзэкIэ тхылъ дэнэ къикIынт – езым убых алыфбий зэхилъхьащ. Iэрытхт алыфбийр – хутрадзакъым! А зы тхылъ Iэрытхырагъэнщ убыхыбзэкIэ дунейм къытехьагъэххэри! Къуажэ молэм игу техуакъым «шэрджэс жыIэмыдаIуэр» зи ужь ихьа Iуэхур. «Сабийр бзэмыIубзэкIэ ебгъаджэ хъурэ! – губжьащ молэр. – Сэ тыркубзэ изогъаджэри, куэдыщэщ. Я Iэ щIадзыжыфмэ, нэхъыбэ сыту ящIын? Мэтэбэщ зыщеджэри, хьэрыпыбзи ящIэн хуейщ. Алыхьым и пащхьэ къикIа фIыцIагъэр хьэрыпыбзэкъэ зэрытхар! Муслъымэн лъахэ уисмэ, зэчыр пщIэн хуейщ. УбыхыбзэкIэ щыIэ зэчыр? Фи натIэм ивукIэну-тIэ убыхыбзэр! Алыхьым деж нэмысын бзэщ ар, гуэныхь пылъщ, сабийр егъэщхьэрыуэ. ТIэхьир зыпылъыр мыхъунщ. УбыхыбзэкIэ егъаджи, еплъыжыт сабийм: балигъ хъумэ, къызэрыщIидзынур пщIэрэ? Си бзэти, си лъэпкъти, си къупщхьэти!.. Дызыгъэутхъуэн догъуэт арыншэми, къыдолъэлъэхыж!..» Хуэм-хуэмурэ къызэрыкIащ молэр, егъэджакIуэм бзэгу кIэлъызэрихьэ хъуащ, и Iуэху зэрикъутэным и ужь ихьащ.

«Дэнэ къикIа мы щIэныгъэлIыр езыр? Истамбыл щеджа? Хэт езыгъэджар, хэт и унагъуэ иса? ЛIыукI унагъуэкъэ зэрысар – Ало и къуэ Шардын и унагъуэкъэ? КъыбгурымыIуэн хэлъ абы?»

Iимамым бзэгу хуихьащ молэм: «ТIэхьир джаурым алыхьым деж нэмысын бзэмыIубзэкIэ екудэ сабийхэм я щхьэр, абы и закъуэкъым – цIыхури егъэутхъуэ, еIуящIэмрэ жыIэмыдаIуэмрэ къыдеушт. Алий Хьэзрэт-пэщэ и хьэкъ фтелъкъым, хьэкъ щIыхуэфщIэн щыIэкъым – аращ цIыхур зыхуиущийр. Мухъутарми Хъусен ефэндыми я нэщIыбагъкIэ тхьэусыхар, нэхъ белджылыуэ жысIэнщи, пцIы тезылъхьар а джаурыращ, тхьэусыхафэр езы фасикъым иуцIырхъри, уэзирышхуэм и пащхьэ ирилъхьащ, жылэм я цIэкIэ жери».

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, си щIалэ: ТIэхьир жылэм къащхьэщыжыр пэжт, жылэм лIыкIуэ яхуэхьурт. Молэрат бзэгу зыхьар, ТIэхьир зэрихьар хьэзаб зытелъ жылэм я тхьэусыхафэт. Уэзирышхуэм ил узынт, убыхым хьэзаб ятелъкIэ? И нэр къригъэжри, игъэщIэгъуащ уэзирышхуэм: «Сыт убых? Иджыри къэс зэтелIакъэ убыхыр, хэшыпсыхьыжакъэ иджыри? Я щхьэ и мыгъуэжщ, зэтемылIамэ, хэмышыпсыхьыжамэ!» Зыри къикIакъым жылэм я тхьэусыхафэм. Молэм зэщэр къехъулIащ: убых сабийм я бзэр прагъэчащ, ТIэхьир и еджапIэм и бжэр зэхуащIыжыпащ. Къарындж-Овасы сыдыхьэн и пэIуэщ ар къыщыхъуар. ТIэхьир Истамбыл кIуауэ срихьэлIащ, и лъэпкъэгъухэм я Iуэху и пщэ дилъхьэжри.

* * *

Си IитI зэтедзауэ сисынт Сит и унэ? СыгъукIэн мурад сщIащ, арщхьэкIэ сыджи, уади, Iэди уимыIэмэ, сыткIэ угъукIэнт? ЩIыхуэ къапщтэкIэ упэлъэщынутэкъым. Хэти къилъагъунт уи хьэтыр? Сит и жып жьы щызепщэрт, хамэм ухэзэгъэнутэкъым. ФIамыщI къудейри щылъапсейт тхьэр зэуэн мы щIыпIэ угъурсызым. СхузэфIэкIымкIэ защIызогъакъуэ лIыжь-фызыжьым, я хьэсэ тIэкIур яхуэстIащ, яхуэссащ. Сыти къытекIынт – дыгъэм щисыжыр нэхъыбэт. Вакъапхъэ хуэдизт я щIыр зэрыхъури. Бжьэхуц пщIэ хъунут, псыр хурикъуамэ. Псыр къомэщIэкIмэ, ущIыпыхьэни щыIэкъым. Фэлъыркъэб жылэ

къытпэщIэхуащ зэгуэрым. Хэтсэри, деплъащ: бэгъуащ фэлъыркъэбыр! УрихулIэмэ, къыумыгупсысын щыIэ? Фэлъыркъэбыр догъэгъури, фалъэ цIыкIу, бащырыбэ, лагъэ, къинэмыщI хьэкъущыкъуи къыхыдобзыкI. Сабийр зэрыджэгун хьэпшып цIыкIуфэкIуи къыхэббзыкI мэхъу фэлъыркъэбым: гуащэ жыпIэми, топ жыпIэми. Бэзэрым дохьри дощэ. Куэди къыщIэкIын – гъуаплъэ ахъшэ жыгъей фIэкI къыдатыркъым.

ПхъэIэщэмрэ шагъдиймрэ хуалъхуар шэруал бэзэрым къытенэжауэ илъэгъуамэ, тIэулIэ хъунт ди адэ тхьэмыщкIэр.

Фэлъыркъэб хъушэр аргуажьэ упщIэм тескъухьри, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуху, дыгъэ жьэражьэм сыхэсауэ, махуэ гуэрым сыкъытекIыжыгъащ бэзэрым. КъыщIэкIа мащIэмкIэ шыгъу, фэтыджэн, зы щIакхъуэ къэсщэхуащ. Си щхьэр си жагъуэщ, цIыхухъу IэщIагъэкъым, жызоIэ, зи ужь ситыр, сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжащ. Сигу щIэхыщIэни щыIэт, ар мыхъуми: зауэ къэхъеинущ, жари, зэхэсхат. Алыджым я дзэм Измид деж къыщитIысыкIыну загъэхьэзыр, франджы кхъухьхэр Мерс къесылIащ, инджылызхэр Истамбыл къыдэужыгъащи, пащтыхь жыIэщIэр къауфэрэзыхь, щIэпхъаджагъэ зэрахьэ – арат бэзэрым щагъэхъыбарыр. Унэм сихьэжри, бэзэрым щызэхэсхар Сит хуэсIуэтэжащ.

– Зауэ къэхъеймэ, убыхым дифI къыхэкIынукъым, – жесIащ лIыжьым сызэрыгузавэри.

– Пщымрэ гуащэмрэ зэщыхьэжамэ, унэIутыр къуаншэ мэхъу, – хэплъэри, игу къигъэкIыжащ Сит убых псалъэжьыр.

Мэрем махуэм мэжджытым сыкIуэу къэзублащ. Муслъымэн диным ихьауэ аратэкъым Золакъ Зауркъан, хьэуэ. Зи унэ сис лIыжьфызыжьым ягу хэзмыгъэщIын щхьэкIэт мэжджытым сыщIэкIуэр. Алыхьи дини къридзэркъым зэфшэлIэжам – нэхъыфI къыхужаIэнутэкъым Ситрэ Хъымсадрэ. 

ЧэруанакIуэм сахэтыхурэ лъэхъуэщым сисыхукIэ, убыхыр муслъымэн диным зэрызэщIищтар бжесIакъым. Езыхэм къахэс шэруалхэми ящхьэдэхыжауэ къысщыхъуащ уеблэмэ.

Зы мэрем махуэ благъэкIыркъым – жьыи щIэи зэрохь мэжджытым. НэщI мазэр къихьакъэ – зы махуэ хэшхэнукъым, жумэ, мулид, къурмэн хъуамэ, лэжьыгъэ пэрыхьэнукъым. Я Iэр уэгум ирашиямэ, иджы жаIэр нэгъуэщIщ: «Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI!» Тхьэр ящыгъупщэжащ. Зыханыжыпар фадэрщ. Хуэм-хуэмурэ ужьыхыжырт я лъэужь, убыхым ещхьыжтэкъым сыкъызыхыхьэжар...

Бытхьэ ущIоупщIэ, Шэрахъ. Абы и гугъу пхуэсщIыну арат иджыпсту. Бытхьэ хыфIадзэжыпакъым, абы и Iумэтым ит лIыжь къэнакIэт иджыри. Бытхьэ хуэдэ гуэр ядэслъагъугъащ шапсыгъхэм. ТIуапсэ деж иса шапсыгъхэм я тхьэпалъытэр жор зэупсея кхъужьей жыгыжьт. ДинитI, уеблэмэ динищ зэдахьащ адыгэхэми: языныкъуэр мажусийт, языныкъуэр чыристант, муслъымэн диным зэщIищтами иужьым. Тхьэр я куэдащ адыгэм, мажусий диным щитам. Мэрыщ и цIэр къисIуэнщ. Бжьахъуэм я тхьэт ар. Зэгуэрым, щызэхэсхащ адыгэм я деж, уае хъури бжьэр зэтелIащ. Зы бжьэ цIыкIу къелащ жаIэ, Мэрыщ и Iэгъуапэм ипщхьэри. Абы къытепщIыкIыжауэ жаIэ бжьэр.

Щолэхъу дадэ зэрытхьэпщт, Бытхьэри ибгынатэкъым. Жьы дыдэ хъуат, иджыпсту сэ сызэрыт ныбжьым ихьагъэнт.

Сит зэгуэр къыжеIэ:

– Щолэхъу гукъыдэмыжщ. ДыщIэгъэупщIэ. Иджыри къэс зэру-

мылъэгъуар игу къоуэ.

Тхьэпщ сымаджэм деж дежьащ Сит сэрэ. Хасэм е хьэщIапIэ макIуэ жыпIэнт Сит. Цей щыгъщ, абы и щIагъ къэпталыр щIэлъщ, и бгым къамэ ищIащ, баш кIыхьышхуэ иIыгъщ, гъущIыпэ пыгъэтIысхьауэ. Тхьэпщым и пащхьэ зэрихьэнурщ Сит и фащэр щIыщитIэгъар. Уэрамым къыщытIущIэм фIэхъус къыдах:

– Сэлам алейкум!

– Уалейкум сэлам! – жэуап яретыж Сит.

Зы убых фIэхъус зэхэсхакъым! «Уи махуэ фIыуэ!» – «ФIым ухудигъэлъагъу!» – абы я пIэкIэ зэхэпхыр «сэлам алейкумрэ» «уалейкум сэламрэщ». ЖызыIэри хэт – убыхщ! Дауэ хъуа жызоIэ? Сит соупщI.

– Десащ! – жэуап къызет лIыжьым.

ДыздэкIуэм, сапэхэтIэ джэгу щIалэ цIыкIу гуп дарихьэлIащ. Зым и щхьэ къиIэтакъым дащыблэкIым. Гу къытлъатэххаи хуэдэкъым, джэгум дихьэхащи, гъуэгу сабэм хэсщ. ДаблэкIа нэужь, зым и щхьэ къиIэтащ, ди ужь ниплъэри, лIыжьым ныкIэлъидзащ:

– Цейм щхьэ зыкIуэцIебгъасхьэрэ, дадэ? Жьы зыщIебгъэхуркъэ, цейр зыщыбдзрэ!

СапэхэтIэ джэгу щIалэ цIыкIухэр зэщIэдыхьэшхащ. Сит зэплъэкIакъым. И щыпэзэхэх хъунтэкъым щIалэ цIыкIу нэхъуеиншэхэм я псалъэ мышыур. Зэманыр нэгъуэщIщ, хабзэри зэблихъуащ.

– СылIами, нэхъыфIт, апхуэдэ слъэгъуа нэхърэ! – гъумэтIымащ лIыжьыр, и щхьэ ирихьэхыжри. Игу къэкIыжагъэнт и щIалэгъуэр. Арат хабзэр?



Тхьэмадэ жьакIэхур шэсын хъуамэ, Сит бгъэдэлъэдэнти, лъэрыгъымрэ IумпIэмрэ иубыдынтэкъэ. Тхьэмадэм шу гъусэ ищIакъэ – щIалэр сэмэгурабгъумкIэ бгъэдэувэнт, зы шыщхьэ хуэдизкIэ и ужь зыкъригъэнауэ. Шыр къыжьэдикъуэрэ, тхьэмадэр къепсыхын хъуамэ, Сит, шым къелъэтэха хьэзырщи, лъэрыгъымрэ IумпIэмрэ еубыд, тхьэмадэр кърегъэпсыхри, куэбжэр хуIуех, япэ зригъэхуауэ. ХьэщIэ Iэнэр къащтамэ, тасрэ къубгъанрэ къахуехь лIыжьхэм, и Iэблэм напэIэлъэщIыр фIэдзащи, зарегъэтхьэщIри, Iэнэм бгъэдешэ. ЛIыжьхэр Iэнэм пэрысыху, Сит етIысэх иIэкъым, я щхьэгъэрытщ, Iэнэр махуищжэщищкIэ Iуамыхыжами, ящхьэщытынущ. И жьи зэщIихынукъым, нэхъыжьым хуит къимыщIауэ... КIуащ и гъащIэр, тхьэмадэ хъуащ иджы езыр, ауэ апхуэдэпщIэ ядилъагъуркъым нобэрей щIалэгъуалэм. Гъуэгу сабэм сапэхэтIэ щыджэгу пэшыницIэхэри убыхщ, убыхылъ ящIэтщ, хабзэрщ зыхуэхейр, сэхъуащ, бгырысым къилъхуауэ пщIэжынукъым. Убыхщ къызэреджэр, убыхыцIэ зэрахьэ фIэкI, зыщыщ лъэпкъри хэт къыбжиIэн?..

Щолэхъу пщIантIэкум ису дрихьэлIащ. Джанэ хужьыбзэ щыгъщ лIыжьым, и Iэ ижьымкIэ алэбэшэр* иIыгъщ, и жьакIэ хужьыбзэр бынжэгум нос. Хьэблэ лIыжь зыбжани къыбгъэдэсщ. Щолэхъу сыкъицIыхужащ, къэтэджри, IэплIэ къысхуищIащ.

– Уи гугъуехьыр тхьэм уигъэIуэтэж, си щIалэ. Уи гъащIэр кIыхь тхьэм ищI!

ЛIыжьым сызыбгъэдигъэтIысхьащ, сыхигъэзыхьри – сыпэлъэщакъым, сеныкъуэкъуа щхьэкIэ. Щхьэ уз бзаджэм иукIырт лIыжьыр. И узри щыгъупщэжа хуэдэт иджыпсту. Си Iуэху къызэрекIуэкIар сигъэIуэтэжащ къыспкърыупщIыхьурэ. Си хъыбарыр суха нэужь, Що-

---

* Алэбэшэ – тхьэпщым, тхьэмадэхэм зэрахьэ баш лIэужьыгъуэщ.

лэхъу и щхьэр къиIэтащ.

– Си унэ нобэ фыкъимыхьами, нывэзгъэджэн мурад сиIащ, – жиIащ лIыжьым. – Заур къани ичэзууэ кърихьэлIэжащ. Тхьэпщ сыфхуэхъужынукъым дяпэкIэ – схузэфIэкIыжыркъым. Арат вжесIэнур, фигу къызэвмыгъабгъэ.

Апхуэдэ псалъэмакъ дыпэплъатэкъым дэ.

– Зыбжанэ щIащ ар сигу зэрислъхьэрэ, фщызбзыщIурэ есхьэкIащ армыхъу. Жьы сызэрыхъуар фолъагъу, си къарум дэкIыжыркъым, тхьэми игу къызэбгъэнкъым.

– Ар хъункъым, – жаIащ лIыжьхэм. – Уи къаруи щIэкIакъым, уи акъыли кIащхъэ хъуакъым. Сыт жыпIэр, Щолэхъу? Жылэм сыт жаIэн: уэращ дызыщыгугъыр.

Сити акъылэгъу хъуакъым:

– Жылэм я хьэкъ птелъщ, ар тыншкъым – дэри долъагъу. Хэт дыщыгугъыжын итIанэ? Утыкум дыкъибнэ хъурэ? Хьэуэ, Щолэхъу, ар хъункъым, ухуэмыпIащIэ абы.

– Узыншагъэм нэхърэ нэхъапэ щыIэщ, – къыхилъхьащ Даут и чэнджэщи. – Уэ утщхьэщымытыжмэ, дигу кIуэдынщ.

– Шу пашэр сыту пщIыжын, шым шэсын щымыIэжмэ? Жыгыр мэгъуж, и къуэпс пыбупщIамэ, – нэщхъейуэ жиIащ Щолэхъу. – Бытхьэ ящыгъупщэжащ, хэт хуэныкъуэж тхьэпщ?

– Дигу хыумыгъэщI, Щолэхъу. Бытхьэ ящыгъупщэжакъым. Дэ дыубыхкъэ! Бытхьэ дигу ихун! Дэ дыпсэуху, удитхьэпщщ! – Ситрэ Даутрэ къадэщIащ Талъустэн.

– Пщэдей къытщIэлъыр хэт зыщIэр? Ди махуитI зыкъым. Пэжым нэр ирещI, – жиIащ Щолэхъу, зэрынэщхъейуэ. – Пэжым уIэщIэкIынукъым...

ЛIыжьыр щым хъуащ. И узыр къебгъэрыкIуэжри, щIэх къыхуэIэтыжакъым и щхьэр. Жьы дыдэ хъуат Щолэхъу, хэлъыж щыIэтэкъым. И нэкIур зэлъат, и пэбгым лъынтхуэ фIыцIафэр къыхэщырт, и фэм упхыплъырт, и Iупэр кIэзыз зэпытт, и нэщIащэр иуэжат. И нэшхуитIым псэ хэмытыж пэлъытэт, и макъи къыхудэшеижыртэкъым, бгъуэнщIагъым къыщIэпсэлъыкI фIэкI пщIэнтэкъым.

– Фи хьэтыр слъагъунщ, – жиIащ лIыжьым, и щхьэр къиIэтыжри. – Фигу сеуэнкъым, жьыри щIэри фыкъыщызэлъэIукIэ. Мы зымкIэ дызэгурывгъаIуэ: жылэр зэхуреси, деплъынкъэ Бытхьэ зыщымыгъупщэжар дапщэми.

– Куэдым ящыгъупщэжащ, абы шэч хэлъкъым. Зыщымыгъупщэжари мащIэкъым, – жиIащ Даут, лIыжьым игу фIы ищIын щхьэкIэ.

Тхьэпщым гу лъитэнтэкъэ абы:

– Деплъынщ, – жиIащ Щолэхъу. – Фи нэкIэ флъагъумэ, фигу къызэвгъэбгъэнкъым. Махуэку махуэм зэхуэфшэс жылэр. Зэхуэфшэсын вгъуэтыжмэ...

– Ди хэку дисыжами! Гъуаплъэ бжьамийм и джэ макъыр зэрызэхах нэхъ пIалъэ къыхагъэкIынтэкъым – напIэзыпIэм зэхуэсынт! – хэщэтыкIащ Сит.

ЗыкъэтIэтыжащ, дызэбгрыкIыжыну. Щолэхъу дыкъызэтригъэувыIащ, и къуэрылъхур кърихьэри, зыгуэр жриIащ. ЩIалэ Iэшэр унэм щIыхьэжащ, дакъикъи нэхъ зигъэгувакъым: дыжьын бгырыпхым ищIауэ къамэ дэгъуэрэ гъуаплъэ бжьамийрэ къыщIихащ.

Щолэхъу зыкъиIэтащ, алэбэшэр щIым хисэри, и жьакIэ хужьыр ирилъэщIэхащ.

– Си къуэшыфIхэ! – жиIащ Щолэхъу, нэхъ нэжэгужэ къэхъужауэ. – Мыр ди адэжьхэм къысхуагъэнащ. Убыхым я уэлиигъуащ мы къамэр щащIам щыгъуэ! ЛIыгъэ яхэлъащ ар зезыхьауэ хъуам – и напэ щытраха къэхъуакъым! Мы гъуаплъэ бжьамийр убыхым я джакIуэу щытащ. Гуауэ къэхъуами, гуфIэгъуэкIэ зэхыхьэн хуейми, мы гъуаплъэ бжьамийращ хъыбар езыгъэщIар. Къуршыжьхэри къыпэджэжырт гъуаплъэ бжьамийм! Нобэ си махуитI зыкъым, мащэм сеувэхащ. Мы си щIалэр зэрымыузыншэр фощIэ, дунейми хищIыкI щыIэкъым, – жиIащ Щолэхъу, и къуэрылъхум и дамэм теIэбэри. ИтIанэ си дежкIэ зыкъригъэзэкIащ. – Зауркъан, дэр нэхърэ унэхъыщIэщ уэ, унэхъыщIэми, нэхъыбэ плъэгъуащ. Гугъуехьым къелар лIы мэхъу. Мыр зыхуэфащэ уэр фIэкI слъагъуркъым. Ди тхыдэм и фэеплъщ мы дыжьын къамэмрэ гъуаплъэ бжьамиймрэ. Анэмэт пхузощI – ар си уэсятщ.

Си щхьэм хуэзгъэфэщэнт ар – зысхъунщIащ:

– Сэ схуэфащэкъым. Лажьэ зимыIэ цIыху илъ стелъщ – Сэид и гуэныхьым сигъэкIуэнукъым, – жысIащ. – Мэжджытым сыкIуэ щхьэкIи, си гум жиIэр нэгъуэщIщ...

– СыкъыумыгъэщIэхъу, – къысхуидакъым тхьэпщым. – Сэ нэхъыбэ солъагъу.

ЛIыжьхэми сыхагъэзыхьащ:

– Уэр фIэкI зыхуэфащэ тлъагъуркъым, Щолэхъу и гум уемыуэ, – жаIащ.



И Iэр си дамэ сэмэгум къытрилъхьэри, Щолэхъу си пщэ кърилъхьащ:

– Махуэку пщэдджыжьым Бытхьэ и Iуащхьэм уекIуэлIэнщ. Iуащхьэм утеувэнщи, мы гъуаплъэ бжьамийр бгъэджэнщ. ХреIуэ жылэм бжьамийм и джэ макъ. Зигу кIуэдам игу кърехьэж! Зи лъэ щIэхуар зэфIреувэж! Тхьэм и ней къытщымыхуамэ, жылэр гъуаплъэ бжьамийм и джэ макъым къыщIэтэджэнщ!

ЛIыжьхэм сахоплъэри, нэхъ жан хъужауэ къысфIощI, нэхъ щIалафэ къатеуэжа хуэдэщ. Сэ, я пащхьэ ситщи, сыгуфIэнуми сщIэркъым, сыгъын хуейми сщIэркъым.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# ГурыщIэм и пшыналъэ



Фет Афанасий гъащIэшхуэ къигъэщIащ. Ар урыс литературэм и нэхъ лъэщыпIэ дыдэу ялъыта «Русланрэ Людмилэрэ» поэмэр Пушкиным итхыу дунейм къыщытехьа 1820 гъэм къалъхуащ. Горький Максим и япэ тхыгъэхэр къытрадзэри мазитI хуэдэ дэкIыжауэ, урыс модернистхэм я усэ тхылъхэри къыдэкIыу хуежьауэ, 1892 гъэм ноябрым и 21-м дунейм ехыжащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Фет и гъащIэм къызэщIиубыдащ урыс классикэ литературэм XIX лIэщIыгъуэм зэрызиужьам и лъэхъэнэ псори.

Студент, офицер, помещик, императорым и камергер Фет и псэукIар зыгуэрхэм я дежкIэ нэIурытми, зыкъомым я дежкIэ мыгурыIуэгъуэу екIуэкIащ. УсакIуэм и гъащIэм щымащIэкъым щэхушхуэхэм щIахъума Iыхьэхэр.

Фет къыщалъхуари и сабиигъуэр щигъэкIуари щIэныгъэфI зыбгъэдэлъа, Орел щыщ помещик къулей, Руссо и гупсысэхэм я телъхьэ Шеншин Афанасий Неофитовичрэ абы и щхьэгъусэ Беккер Каролинэ-Шарлоттэрэ я унагъуэрщ. Шеншин Германием кIуауэ, абы Беккер къыщицIыхури, цIыхубзым щхьэгъусэ зэриIэм щхьэкIэ къамыгъанэу, зэрышащ. Зэрышэри, зы мазэ е мазитI нэхъ дэмыкIауэ, усакIуэ хъуну щIалэ цIыкIур къалъхуащ. Шеншин дэкIуэсэн и пэкIэ Каролинэ-Шарлоттэ и щхьэгъусэу щытар Иоганн-Петер Фетщ. УсакIуэ Фет и адэ дыдэр хэтми документ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэраIуатэр зэтехуэркъым. УсакIуэр пансионым щIэсу, и ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа къудейуэ хъыбар гуемыIу къыIэрыхьащ, абы Шеншину зригъэтхыну хуимыту. Апхуэдэу хъумэ, щIалэм и адэ къулейм и щIэиныр къыхуагъэнэнутэкъым. Куэдрэ ныкъуэкъуащ Фет Шеншин унэцIэр зэрихьэну хуит ящIын папщIэ. А хуитыныгъэр къыщыдихыжыфар и ныбжь хэкIуэтауэщ. ИужькIи, Шеншину зитхыну хуит зэращIам щхьэкIэ къэмынэу, и литературэ лэжьыгъэхэм щIидзар Фетщ.

Фет япэщIыкIэ щIэсащ Эстонием хыхьэ Веррэ къалэм дэта нэмыцэ пансионым, иужькIэ Мэзкуу университетым и бзэ къудамэм щеджащ (1838-1844 гъэхэм). Студент щыхъуа япэ илъэсым къыщыщIэдзауэ ар усэным зыIэпишащ. «Сегугъуу лекцэхэм сыкIуэным и пIэкIэ, махуэ къэс усэ стхырт», – игу къигъэкIыжырт иужькIэ Фет.

УсакIуэм и талантымрэ усыгъэм хуищIа гурыщIэмрэ заужьыным ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ иIащ япэ курсым Фет къыдыщIэса, иужькIэ критик цIэрыIуэ хъуа Григорьев Аполлон и ныбжьэгъуу зэрыщытам. Фет щыстудентам Григорьевхэ я унагъуэм щыпсэуащ. Григорьевыр студент ныбжьыщIэхэм къызэрагъэпэща кружокым и джэлэст. А кру-



8 Заказ № 20

жокым хэтахэм ящыщ куэд иужькIэ щIэныгъэлI, литератор, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуахэщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, Полонский Я. П., Соловьев С. М., Кавелин К. Д., Черкасский В. А., нэгъуэщIхэри. Кружокыр нэхъ зытегъэщIар философиемрэ усыгъэмрэт. А лъэхъэнэм Фет философием дихьэхыщэу щытакъым, Григорьевымрэ абырэ нэхъ зэзыпхыр усэм хуаIэ лъагъуныгъэрт.

И студентыгъуэм Фет усакIуэ цIэрыIуэ хъуакIэт. Ныбжьыщlэм талантышхуэ зэриIэр къигъэлъэгъуэгъащ Белинскэм. «Москва дэс усакIуэхэм ящыщу нэхъ Iэзэ дыдэр Фетщ», – итхауэ щытащ критикым 1843 гъэм.

«1843 гъэм урыс литературэр» тхыгъэм Белинскэм къыщыхигъэщхьэхукIат Лермонтовыр дунейм ехыжа нэужь абы и усэ къытрадзахэм нэмыщI, нэхъ гу зылъытапхъэхэу къилъытэр «Фет и усэ куэдхэу поэзие нэс зыхэлъхэмрэ «гупсысэ щIэщыгъуэхэр япкърылъу» Тургеневым итха усэхэмрэ зэрыарар. 1844 гъэм урыс литературэм и щытыкIэм щытепсэлъыхьым, Белинскэм гулъытэ хэха хуищIат икIи нэхъыфI дыдэ хъуауэ къилъытат Лермонтовыр дунейм ехыжа нэужь къытрадза и усэхэм ящыщу тIурэ Фет и «Гущэкъу уэрэдымрэ».

Фет политикэ IуэхукIэ зы унэтIыныгъэ хэха триубыдауэ зэрытемытам и щыхьэтщ усакIуэр реакционнэ «Москвитянин»-ми, Белинскэм къыдигъэкI журнал нэхъ пашэ дыдэ «Отечественные записки» жыхуиIэми ядэлажьэу зэрыщытар. Ауэ, сыт хуэдэу щымытами, Фет, «Москвитянин»-р къыдэзыгъэкIхэм нэхърэ Белинскэм нэхъ и телъхьэт, жыпIэфынущ. Абы и щыхьэтщ нэгъуэщI студент гуэрым и гъусэу Фет усэу итхыгъа памфлетыр.

Реакционнэ усакIуэ жыхуаIэхэм ящыщ Дмитриев Михаил Белинскэм хуэгъэзауэ 1842 гъэм «Москвитянин»-м къытридзауэ щытащ «Критик мыцIыхум деж» усэр. Ар Белинскэм папщIэ усэкIэ ихьа бзэгуу зэрыщытыр псоми къагурыIуат. Фетрэ и ныбжьэгъумрэ Дмитриевым хуэфэщэн жэуап иратыжат.

Университетыр къиухри, Фет дзэм къулыкъу щищIэну хыхьащ. УсакIуэм дзэ къулыкъур къыщIыхихар дворянин хъун (а лъэхъэнэм дзэм ухэтмэ, а мурадыр нэхъ псынщIэу къохъулIэнут), ардыдэмкIи жылагъуэм щиIэ щытыкIэр игъэлъэщын папщIэт. УсакIуэр хатхащ Херсон губернием щыIэ Кирасир орден полкым. Илъэсий (1845 – 1853) абы щигъэкIуащ къалэ, къуажэ цIыкIухэм. Москва и литературэ гъащIэм хэкIри, усакIуэр яхэхуащ зи къэухьыр мащIэ дыдэ, литературэм куэдкIэ пэжыжьэ, хэзымыщIыкI офицер, помещик гупым. А гупым зыри хэттэкъым усакIуэм и талантыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми къызыгурыIуэн. А лъэхъэнэм Фет журналхэм трыригъэдзар мащIэ дыдэт, щIыпIэ пхыдза зэрыщыпсэумрэ зэрыахъшэншэмрэ Iэмал къратыртэкъым и усэхэр тхылъу къыдигъэкIыну. Цензурэм 1847 гъэм къыдигъэкIыну хуит къыщIищIа тхылъыр дунейм къыщыхутегъэхьар илъэсищ дэкIыжа нэужьщ.

50 гъэхэм щыщIэдзауэ Фет и тхыгъэхэр нэхъ зытрадзар «Современник» журналырщ. Журналым пхигъэкIырт «революционнэ демократ» жыхуаIэхэм я Iуэху еплъыкIэр. Абы тридзэрт дворян тхакIуэхэми демократ тхакIуэхэми я тхыгъэхэр. Чернышевский, Добролюбов сымэ я лэжьыгъэхэр зытет къыдэкIыгъуэхэм тетт Фет и IэдакъэщIэкIхэри.

Фет и усыгъэр дэрэжэгъуэм и усэхэут къызэралъытэр. А усэхэм я пшыналъэм гурыщӀэр зыщӀишэрт, гукъыдэжым зригъэӀэтырт.

Фет и поэзиер къызыгурымыӀуэр мащӀэкъым. Ауэ дунейм и дахагъэр макъамэ шэщӀыкӀэкӀэ, зэщӀэжьыуэкӀэкӀэ узыӀэпишэу Фет хуэдэу зыхозыгъэщӀэф усакӀуэхэр урыс литературэм щыкуэдакъым.

*Усэхэр* **ФЕТ Афанасий**

* * *

Бзыгъэщ, уэмщ гъэмахуэ пшыхьыр,
Еплъыт, щхьэукъуащ дзэл щхьэкӀэр,
КъухьэпӀэм пшэплъым зыщешыхьыр,
Уафэр къигъаблэу щхъуэкӀэплъыкӀэу.

Зэм къежэхыу джабэм, зэм дэжейуэ,
Жьыбгъэм мэзым къыщежыхь мыжейуэ.
Зэхэпхрэ шыхэр зэрыщыщыр?
Абыхэм жэщым къыщажыхьыр ущу.

ПЩЫХЬЭЩХЬЭР ГУБГЪУЭМ

Пшэ гуартэхэр пхосыкӀ пшэплъ дыхьэрэным,
Губгъуэр хэлъщ уэсэпс щӀэрыпсым и гущапӀэм,
Дыгъэ щыгу тхъуэплъыр, къэмыӀужу и уэзджынэр,
Щэхубзэу ебэкъуащ бгы щхьэдэхыпӀэм.

Щыплъагъукъым унэ закъуи Ӏэгъуэблагъэм,
Уэрэди щыӀукъым, мафӀи къыщымыблэ.
Нэм къыхуэплъыхьыр кӀэ зимыӀэж тафэщ,
Гуэдз хьэсэм и толъкъунхэр щызеуалэу.

Пшэ къуацэм егъэпщкӀур мазэщӀэм и ныкъуэу
Махуэм къепсыну бзийр зыхуримыкъур.
Мес, лъэтауэ, мэву хъындырдзэлыр,
Къашыргъэр йос, и дамэр земыуалэу.

Пшэплъ щхьэтепхъуэм щӀобэукӀыр губгъуэр,
Зэм-зэми хьэсэм къыходжыкӀыр ныбгъуэр.
Зэхызох мэкъупӀэм и уэзджынэу,
Зэригъэзур и макъыр адэжынэм.

Пшапэ зэхэуэм набгъэ уещӀыр мащӀэу,
Нэхъ щӀыӀэ къэхъу акъужьри зыхыбощӀэ.
Къабзабзэщ мазэр, къоплъыхыр уафэм вагъуэр,
Псыежэхыу къолыдэх Шыхулъагъуэр.

*   *   *

Зэхоуэ пшапэр, къухьэпIэ пшэплъым
Ирехыжыр и  сэламыр щIылъэм,
МыпIащIэу къокIуэтэхри хьэуа гъуэзыр,
Щогъуэлъыкlыр и лъащIэм аузым.

Мэфагъуэ гу лъумытэу дыгъэ бзийхэр,
МэуфIынкIыжыпэри мэбзэххэр.
И  тхъэгъуэщи жыгым и щхьэкIэм,
Нэхъуеиншэу дыгъэ бзийхэм захегъапскIэ.

ГуфIэгъуэ щэху лъащIэншэу, гъунапкъэншэу
Жыгым и ныбжьыр  мэхъури нэхъ кIыхь,
КъысфIощI пшапэ зэхэуэм жейм сыхишэу,
Сигъэлъагъуу телъыджащэу  пщIыхь!

Хуэдэщ жыгыр дунеитI щыпсэу,
Языхэзми щыфIэIэфIу гъащIэр, –
ХэкIами быдэу щIым и къуэпсхэр,
И  щхьэкIэр зыхуэпабгъэр уафэ лъащIэрщ.

*   *   *



Пшыхь телъыджэ! Псыежэхым
И даущыр зэбгрехыр.
Бзу бзэрабзэм и пшыналъэр
Хошыпсыхь къухьэпIэ пшэплъым!

Мазэ изым и бзий щхъуантIэм
Къэухьу зрешэкI дзэл лантIэм.
Iэджэ щIащ зэрыIуиудрэ псыIущIэр,
Псоми къыщIадзэж иджы щIэрыщIэу!

Къэсащи гъатхэм и IутIыжыгъуэр,
Къоушыжхэр мэзыр, губгъуэр.
Дэтхэнэми и дэрэжэгъуэу
Къытхуреш уэрэд гуфIэгъуэ.

Мэзым къыщIэIукI пшыналъэм
Дысабырауэ дедэIуэнущ.
А мэз  пшыналъэр яIурылъу,
Ди бынхэр уэрэ сэрэ къытхуэкIуэнущ;

КъыджамыIэфми ар ди бынхэм,
ЯIурылъынущ ди къуэрылъхухэм,
Пшыналъэр ахэм ягъэIунущ
Гъатхэ щIэщыгъуэм и псыпыхуу.

*   *   *

Нэбэнэушэу  мэужьых пшэплъыр.
Iущащэ щэхуу къоIус  уи псалъэр;
Сыхуейщ гухэлъым и Iущащэ  гуапэр
Къысхуихьэсыну кIэншэу уи Iупэм.

КъухьэпIэм и пшэплъ зэщIэпщIыпщIэм
Ухэшыпсыхьри, ухъуащ спэIэщIэ;
СыкIэлъыпхъэру сIэщIэпхыж гухэлъым,
Щхьэхьу сыпхожыр къухьэпIэм и пшэплъым.

СхулъэмыкIынуми сыплъэщIыхьэну,
Сыхуейщ уи гъусэу  пшэплъым сыхисхьэну...
НэгъуэщI зыгуэру пщэдджыжь укъэушыжым,
Пщэдджыжь нэхулъэм псори хисхьэжынущ.

ГУМ ПАПЩIЭ ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

Гу цIыкIунитIэ, уохуэ зы IэмыщIэм,
ЗигъыIэ тепыIэгъуэ мащIэ...
Дырийпсырийуэ умыделэу,
ЕдаIуэ къыбжиIэм акъылым.
Пхуопэжыр си псэр, хуэхьэзыру
Сыт щыгъуи пщхьэщихыну узыр.
Къыпщремыхуэ зэи Тхьэм и ней,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!

УемыIуси уIэгъэм,
КIыжынущ зыри и мыягъэу.
ТIэкIу къикIухьыну щIэкIа нанэ
Ухуэзэшауэ арагъэнщ ущIэгъынанэр;
Умыгузавэ, нани къэкIуэжынущ
И гущэкъу  уэрэдыр къыбжиIэну.
А уэрэдыр уэрэд псом я лейщ,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!

Ар къэмыкIуэжми, къэкIуэнщ нэгъуэщI нанэ,
Нэхъ щIалэу, гущэкъу уэрэд къыпхуришыну
ИкIи къыбжиIэнущ и уэрэдым:
«Къеплъ сызэрыщIалэм, тхьэIухудым...
Уи псэр зыми иремыщI пIейтей,
УкъыхэмыщтыкIыу  IэфIу жей!»

Япэрей нанэр уигу пымыкIыу
Арагъэнщ ущIызблэплъыкIыр.
Къэушыжагъэнущ гурыгъузыр,
Аргуэру уи псэр игъэузу.
ПщIэншэрыжыIэ си уэрэдыр,

Укъысхуедэlуэн умыдэу?
Жыlэмыдаlуэу щыlэ псом я лей,
Укъыхэмыщтыкlыу lэфlу жей!

Умыпlэщlэж гъэмахуэр къэсыху,
Уэри тlэкlу балигъ нэхъ укъэхъуху, –
Пхуизгъэувэнщ мы гущэм и пlэ
Сэ балигъ гъащlэр щызгъэжей гъуэлъыпlэр.
Згъэункlыфlыжынщи шэху уэздыгъэр,
Укъыхэмыщтыкlыу жей, уи псэр загъэу!

Гуэлъыпlэр гъащlэ кlыхьу къыщlэкlынущ,
Уилъынщ, къыпщхьэщымысу нанэ,
Къэсыхункlэ и кlэухыр уи дунейм,
Абы уилъу, lэфlу, lэфlу жей.
Зэгуэрым щыбгъэтыжмэ къеуэн –
Жэнэтым уахъътыншэ ущыхъунщ.
Ар пщlыхь дахэу щыплъагъунущи дунейм,
Укъыхэмыщтыкlыу lэфlу жей!

*Зэзыдзэкlар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**

# ЗИ ПСАЛЪЭР ЩIЭЩЫГЪУЭ



XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм щегъэжьауэ къэбэрдей литературэм нэхъыбэу къыхыхьэу хуежьащ бзылъхугъэ усакIуэхэр, уеблэмэ литературэдж щIэныгъэлIхэм къагъэсэбэп хъуащ «цIыхубз усыгъэ» гурыIуэныгъэр. Литературэм и зы къуэпсу къыхэгъэщхьэхукIа мыхъуами, бзылъхугъэхэм я усыгъэр и купщIэкIи и ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIи цIыхухъу усыгъэм къыщхьэщокI – нэхъ щабэу, нэхъ гумащIэу гъэпсащ. Ауэ абы къикIыркъым бзылъхугъэхэм я усэхэр псори зы къупхъэм къиджэлыкIауэ. Абы и щыхьэтщ зи хъэтIрэ дуней еплъыкIэ гъэщIэгъуэнрэ зиIэж Лыкъуэжь Нелли и творчествэр.

Лыкъуэжь Нелли Хьэлым и пхъур Тэрч куейм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Витебск (Белоруссие) дэт индустриально-педагогикэ техникумым щеджащ, иужькIэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м и филологие факультетым и урыс-адыгэ къудамэр къиухыжащ. А зэманым къриубыдэу КъБКъУ-м жылагъуэ IэщIагъэхэмкIэ и факультетым (факультет общественных профессий) журналист IэщIагъэм щыхуеджащ.



Нелли Урысейм и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я союзхэм хэтщ.

Лыкъуэжьыр литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм щолажьэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэхэр, рассказхэр, эссехэр, псысэхэр, пьесэхэр, балетхэм папщIэ либреттэхэр. 1995 гъэм абы и «Псэзэрыших» эссер къытехуащ Щам къыщыдэкI литературно-художественнэ альманахым. 1997 гъэм дунейм къытехьащ «Щхъыщхъ макъ» прозэ, 2001 гъэм – «КъапщIийхэр» усэ тхылъхэр. Апхуэдэуи, Нелли и усэхэр хыхьащ автор зыбжанэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Шыхулъагъуэ» (2002) сборникым, сабийхэм папщIэ итхахэр «Псэхэм бзийм зыхаухуэнэж» тхылъым иту къыдэкIащ.

Лыкъуэжьым и тхыгъэхэм Гъуэт Аслъэнрэ («Псэзэрыших») Коржавин Валерийрэ («Жьыбгъэм и сурэтхэр») симфоние хуатхащ. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 2005 гъэм щагъэуващ Лыкъуэжьым и «Жьымрэ Жьуджалэмрэ» таурыхъ-пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. 2007 гъэм «Жьымрэ Жьуджалэмрэ» таурыхъыр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхылъ щхьэхуэу дунейм къытехьащ.

2008 гъэм Лыкъуэжьым «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа «Ди КIунэ» тхылъыр.

Лыкъуэжь Нелли и тхыгъэхэр урысыбзэкIи нэгъуэщIыбзэхэмкIи зэрадзэкIащ. Ахэр я лъабжьэу телефильмхэр трахащ, спектаклхэр ягъэуващ. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэ хъуащ «Ширэ» телефильмыр. Ар Кавказым и республикэ куэдми, Америкэм и Нью-Джерси штатми щагъэлъэгъуащ.

Лыкъуэжьым и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд зыбжани дунейм къытехьащ. Апхуэдэщ «Си гум и щэху», «Адыгэкъуэ», «Смотрю в зеркало», сабий уэрэдхэу «Бжьыхьэм и уэрэд», «Уэт, хьэ!», нэгъуэщIхэри.

Лыкъуэжьым и усыгъэр зыми ещхькъым. Кууэ гъащIэм хэплъэ усакIуэм и гупсысэхэр жанщ, гъэщIэгъуэнщ. Абыхэм лъэпкъ зэхэщIыкIыр, адыгэм и тхыдэр лъабжьэ яхуохъу, адыгэбзэм и IэфIагъыр, лъэпкъ IуэрыIуатэм и Iущыгъэхэр, адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI дауэдапщэхэм я дахагъэр зыхыуагъащIэ. А псоми зэхэту къагъэщI адыгэ лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукI зэхэщIыкI-гупсысэр, теплъэр, щыIэкIэпсэукIэр – адыгэ дунейр.



Нелли и усэхэм языхэзым къыхощ адыгэхэм къадекIуэкIыу щыта, ауэ нобэкIэ яIэщIэхужа ПСЫХЭГЪЭ хабзэр. Тхыдэджхэм къызэралъытэмкIэ, ар зэхьэлIар нэщхъеягъуэрщ. Пасэ зэманым псым итхьэлам и хьэдэр ямыгъуэтыжмэ, ар здитхьэла щIыпIэм деж кIуэрти, цIыхубзхэм хьэдагъэ (псым хэгъэу), цIыхухъухэм дыуэ ящIырт. Псыхэгъэ зыщIхэм япэ иту бжьамийр зыгъаджэр кIуэрт. Псым итхьэлам и хьэдэм гъунэгъу щыхъуэхъукIэ, бжьамийм и макъыр пичу зылъыхъуэр къызэрагъуэтыжынур я фIэщ хъурт. А пасэрей адыгэ хабзэр усэбзэ шэрыуэрэ щIагъыбзэ куукIэ къыщыгъэлъэгъуащ Лыкъуэжьым и «Бжьамийр зыгъаджэр япэ иту…» усэм. Ар усакIуэм XIX лIэщIыгъуэм лъэпкъым и щхьэм кърикIуа насыпыншагъэм – ИстамбылакIуэм – ирепх:

*Псыхэгъэр ноби Iутщи нэпкъым,*
*Жьым щыщигъэтым, щIэм къыщIедзэ.*
*Зэхэзедзэн ящIа си лъэпкъым*
*И гущэ нэщIхэр псым зэредзэ…*

Лыкъуэжьым и усыгъэм къыхощ адыгэм лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ къыдекIуэкI нэгъуэщI хабзэ куэди. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, бзылъхугъэм и Iэлъэщ Iыр зэзэуэну зэпэщIэува цIыхухъуитIым я зэхуаку дидзэу, лъыгъажэ къызэрыкIынкIэ хъуну Iуэхур къызэтригъэувыIэфу зэрыщытар. Ар усакIуэм

езыр зыхэпсэукI зэманым къезэгъыу, образ гъэщIэгъуэнкIи щIэгъэбыдэжауэ къегъэлъагъуэ:

*Акъыл зэхэдзэ нобэ ямыщIу*
*НэуфIыцIщхьэрыуэу удын зэзыдзхэр*
*КъэзгъэувыIэну я кум дызодзэ*
*Си псэ гумащIэу лъахэм хуэсхъумэр…*

Къэтхьа едзыгъуэми ар къызыхэтха усэми къыхощ адыгэм и гупсысэкIэр, лъэпкъым и Iущыгъэр. Япэ сатыритIым, зымащIэкIэ зэхъуэкIауэ, къыщокIуэ «Удын зэхэдзэ нэхърэ – акъыл зэхэдзэ» адыгэ псалъэжьыр. ЕтIуанэ сатыритIым къыхощ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа лъэпкъ хабзэр. Апхуэдэуи, мы едзыгъуэм къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэ бзылъхугъэм хуащIу щыта пщIэ-нэмысым и инагъыр.

Усэм и гъэпсыкIэр лъэпкъ джэгуакIуэжьхэм я усэкIэм, уэрэдыжьхэм я ухуэкIэ-гъэпсыкIэм пэгъунэгъущ, адыгэбзэм и къулеягъымрэ шэрыуагъымрэ къыхощ, сатырхэм я IукIэр къебжэкIым поджэж.

Адыгэхэм узыфэ зэхуэмыдэхэр зыгъэхъуж Iэзэхэмрэ къэхъунукъэщIэнур зыщIэ тхьэгурымагъуэхэмрэ сыт щыгъуи къахэкIыу щытащ. Псалъэм папщIэ, вагъуэхэмрэ вагъуэ бынхэмкIэ къащIэрт лъэпкъым и щхьэ кърикIуэну Iуэхугъуэхэр. Шортэн Аскэрбий зэритхыжымкIэ, вагъуэкIэхур (комета) уэгум къитIысхьамэ, ар зауэм е цIыху куэд лъэрыщIыкI зыщIыну узыфэ бзаджэр къызэрыблагъэм и нэщэнэу къалъытэрт.

Апхуэдэуи, адыгэхэм къэхъунур къызэращIэ Iэмалу къагъэсэбэпырт БЛЭГЪУИПЛЪЭ хабзэр. Тхыдэдж Мамбэт Хьэлым зэритхыжымкIэ, блэгъуаплъэхэм, мэл блэгъум иплъэурэ, гъавэр бэв хъунрэ-мыхъунрэ, щIыуэпсым и щытыкIэнур, зауэр зэриухынур къащIэрт. Иплъа нэужькIи, и щхьэкIэр ирабзэрт икIи а Iуэхугъуэм «блэгъуибзэкIэ» еджэрт. Тхыдэми IуэрыIуатэми къызэрыхэщыжымкIэ, блэгъуиплъэ зыщI хабзэр цIыхухъухэрт, ауэ бзылъхугъэр блэгъум щиплъи щыIэт. Ар къыщыгъэлъэгъуэжащ Нелли и «Вагъуэ хужь» усэм:

*Зэманым и Iэгъуапэм*
*Нэ фIыцIитIыр йопсэ,*
*Вагъуэ хужь къэслъагъум,*
*Сакъыу блэгъу изобзэ.*

*МыцIыхубз IэщIагъэу*
*Ар къызаудэкI.*
*«ФIыуэ сыкъэзылъагъухэм»*
*Я фэ Iэджэ докI.*

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыдогъуэгурыкIуэ ЖЭМХЭГЪАСЭ хабзэри. Тхыдэдж Думэн Хьэсэн зэритхыжымкIэ, жэмхэгъасэр фызышэм хэту къекIуэкIа хабзэщ. Пщыхэм, уэркъхэм япхъухэр лIы щыдэкIуэм деж, я пщылIхэм щыщ зы хъыджэбз гъусэ хуащIырт. Абы «жэмхэгъасэкIэ» еджэрт. Жэмхэгъасэр зы илъэскIэ нысащIэм дэщIыгъут, къыхуищI и унафэу. Илъэсыр дэкIмэ, кIуэжынуи е нысащIэм и IуэхутхьэбзащIэу къэнэнуи хуитт. Жэмхэгъасэу зэрыщытым папщIэ, абы жэм, шы е вы иратырт. Пщырэ пщылIрэ щымыIэж хъуа нэужь, «жэмхэгъасэу» я благъэ хъыджэбз ягъакIуэу щытащ. Хабзэр XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм кIуэдыжащ.

Жэмхэгъасэ дауэдапщэмрэ а къалэныр зыгъэзащIэм и образымрэ къыщыгъэлъэгъуащ Нелли и «УсфIэкIасэщ, бжьыхьэ, усфIэкIасэщ…» усэм:

*УсфIэкIасэщ, бжьыхьэ, усфIэкIасэщ…*
*ЕкIужыпщIэ IэплIэ зэдгъэшэкI.*
*Къыхуэхъу си гуфIэгъуэм жэмхэгъасэ,*
*Тхьэмпэм хьэгъуэлIыгъуэ къызащIэкI.*



Анэдэлъхубзэр хъумэным, дяпэкIи абы зегъэужьыным гулъытэшхуэ хуащI иужьрей зэманым. Ар щIэблэм яIэщIэхуныр – лъэпкъым и кIуэдыпIэщ. Аращ усакIуэри Iыхьэ лейм икIауэ абы щIытегузэвыхьыр:

*Уи бзэр бзууэ пIэщIэкIамэ,*
*КIэлъылъати, къэпхъуэтэж.*
*Ар уи щIэблэм Iурыпчамэ,*
*КъэтIи мащэ, итIысхьэж.*

Усыгъэр лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм я хъумапIэщ. Бзэм и зыужьыпIэу зэрыщытым къыдэкIуэуи, абы цIыхум и зэхэщIыкIыр еузэщI, къызыхэкIа лъэпкъым хуэузэдауэ епсыхь. Абы и лъэныкъуэкIэ Лыкъуэжь Нелли и IэдакъэщIэкIхэм я мыхьэнэр инщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь



Тхыдэр щыхьэт тохъуэ адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ гъавэ зэращIэм. Абы къикIыр гурыIуэгъуэщ: гъавэ зыщIэ хъуам зыужьыныгъэ ин дыдэ игъуэтат, Iэпхъуэшапхъуэм къыпыкIри и пIэ итIысхьат, IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ ирипсэу хъуакIэт. Адыгэбзэм и тхыдэр зыджхэм ялъытэ гъавэцIэхэм, псалъэм папщIэ, «ху», «хьэ, «гуэдз» псалъэхэм, ныбжьышхуэ яIэу. Пасэрей алыдж тхакIуэхэри аращ щыхьэт зытехъуэр: пасэ дыдэу гъавэ зыщIэ хъуа лъэпкъыжьхэм хабжэ адыгэхэр. Абыхэм зэратхымкIэ, пасэрей алыдж къэралхэм гъавэ куэдыкIейуэ къыщащэхурт Псыжь иса лъэпкъхэм я деж.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэ мэкъумэшыщIэхэм хабзэ гъэщIэгъуэн куэд къадэгъуэгурыкIуащ гъавэ щIэным ехьэлIауэ. Абыхэм ящыщщ ныбжьышхуэ зиIэ вакIуэдэкI, вакIуэкъихьэж хабзэхэр. Ди зэманым къэса хъыбархэм уригъуазэмэ, вакIуэ щыдэкIкIэ, вакIуэ къыщихьэжкIэ мыпхуэдэ хабзэхэр зэрахьащ адыгэхэм.

**ВакIуэ щыдэкIкIэ.** Ар махуэшхуэт, жылэ псом ягъэлъапIэрт. Гъатхэр къихьэрэ щIым хуабэ къыщIыхьамэт (гъэрэ щIырэ зэхэкIа нэужь) вакIуэ щыдэкIыр. ВакIуэ дэкIынухэр дзейуэ (унагъуэ-унагъуэкIэ) зэгухьэрт, пхъэIэщэхэмрэ къинэмыщI Iэмэпсымэхэмрэ гум иралъхьэрти, гъуэгу техьэрт. Зэрыхабзэти, вакIуэ ежьахэм жылэр кIэлъыкIуатэрт, къуажэбгъум деж Iэнэ щыхуагъэувырти, хъуэхъубжьэ яIэтырт. Губгъуэм нэсамэ, пщыIэ хасэрт, вакIуэ тхьэмадэм и пщыIэм нып фIадзэрт. ВакIуэ тхьэмадэм и унафэм псори едаIуэрт, абы и псалъэ тIэужыIэ ящIыртэкъым. Выр щыщIащIэнури выр щыщIатIыкIынури зыгъэнахуэр вакIуэ тхьэмадэрт: тIысыгъуэ (щIэтIыкIыгъуэ) хъуамэ, тхьэмадэм ныпыр игъэджалэрти, вакIуэлIхэр пщыIэм къытехьэжырт. Вэн-сэныр зэрымылэжьыгъэ псынщIэр гурыIуэгъуэщ, итIани губгъуэм итхэм нэжэгужагъэр зыханыртэкъым, лэжьыгъэм къыщыдэхуэм (уэлбанэ хъуауэ выр щыщIамыщIэм деж), щIалэгъуалэм джэгу зэхашэрт, къуажэм ягъэзэжурэ я нэгу зрагъэужьырт, езыхэм IэнэщI гуэр къахыхьамэ, пхъэIэщэ шэрхъым ирапхырти, «и щхьэр къимыщэхужауэ» (мэл жьагъэкIэ, фадэпIастэкIэ) яутIыпщыжыртэкъым. ВакIуэ щIалэхэр жэщкIэ къуажэм дыхьэжырти, къуажэпщым и пхъум и пыIэр къадыгъурт. Зи пыIэ яхьа пщащэм ищIэрт ар «къищэхужын» зэрыхуейр.

Вэн яуха нэужь, пхъэIэщэр зэщIалъхьэжырти, шыгъушыпс зэраутхырт. Шыгъушыпс зэрамыутхыжамэ, ягу зэбгъауэ арати, къыкIэлъыкIуэ гъэм дзейуэ зэувэлIэжыртэкъым. ВакIуэ къыщихьэж махуэм шыгъушыпс зрамыутхыжар нэгъуэщIхэми дзей ящIыжынутэкъым.

**ВакIуэ къыщихьэжкIэ.** А махуэм вакIуэлIхэм деж жылэм лIыкIуэ ягъакIуэрт: щIалэхэр шууэ, пщащэхэр гум исуу, ажэгъафэ, бжьамияпщэ ящIыгъуу. ВакIуэ тхьэмадэм и ныпыр зы шу IэщIалъхьэрти,

вакIуэлIхэр губгъуэм къикIыжырт, жылэр мыдэкIэ къуажэбгъум щызэхэтти, вакIуэлIхэр къырагъэблэгъэжырт, вакIуэ тхьэмадэм пщыIэ хухасагъэххэти, ныпыр фIадзэрт, шыгъупIастэр я куэдти, тхьэмахуэ енкIэ зэхэкIыртэкъым: джэгу ящIырт, щIалэгъуалэм шы къагъажэрт, нэщанэ зэдеуэрт, нэхъыжьхэр хъуахъуэрт. ТхьэмахуэкIэ зэхэтауэ щызэхэкIыж махуэм шыгъажэм къащытежа щIалэм вакIуэ тхьэмадэм и ныпыр ирихьэжьэрт – вакIуэ къызэрихьэжьам и щIыхькIэ зэхэта тхьэлъэIур зэфIэкIауэ арат абы къикIыр. Ныпыр жылэм я нэхъыжьым деж ирахьэлIэрт, абы вакIуэ къихьэжахэм Iэнэ къахуищтэн хуейт.

Бжьыхьэм, гъавэр кърахьэлIэжа нэужь, *ТхьэшхуэгухьэжкIэ* зэджэ тхьэлъэIу ящI хабзэт. Тхьэшхуэгухьэжым жылэ псор ирихьэлIэрт, хамэ къуажэ щыщи кърагъэблагъэрт, гъавэщIэм и щIыхькIэ джэгушхуэ ящIырт, унагъуэ къэс пщэфIати, я Iэнэр шхыным къикъутэрт, шыгъажэри, нэщанэри, кхъуейплъыжькIэрыщIэри, къинэмыщI зэхьэзэхуэхэри яублэрти, махуэ псом я гуфIэгъуэт. Тхьэшхуэгухьэж тхьэлъэIур, зэрыхабзэти, зы махуэм зэфIэкIырт, а махуэм нэхъыщхьэр жылэм къехъулIа гъавэмрэ Iэщымрэ папщIэ Тхьэшхуэм фIыщIэ хуащIын хуейуэ арати, цIыхур зэблэ щыIэтэкъым: унэгуащэхэр пщэфIэнкIэ зэпеуэрт, нэхъыжьхэм хъуэхъур я куэдт, нэхъыщIэхэм я лIыгъэрэ я жаныгъэрэ ягъэлъагъуэрт...

Ар я хабзащ дяпэ итахэм: хуей хъумэ, зекIуэ ежьэрэ лIыгъэ зэрахьэу, я унэ исыжмэ, хабзэмрэ цIыхугъэмрэ псом япэ ирагъэщу, я щхьэм и пщIэр ящIэжрэ я гуащIэм ирипсэун фIэкI нэгъуэщI плъапIэ ямыIэу.



* * *

«Мы гъэм сыт ди гъавэ?» – жери къоупщI Тхьэгъэлэдж и анэр. Тхьэгъэлэдж жэуап иретыж: «IэкIуэцIищэр зы пхыру, пхырищэр зы Iэтэу, Iэтищэр зы гъасэгуу, гъасэгуищэр зы щэджу, щэдж щий згъэуващ». Ар и гуащIэщ нартхэ я Тхьэгъэлэдж: нартхэ я мэшыр зыщIэр – зысэр, зыхыр, зыIуэр, зыгур Тхьэгъэлэджщ. Мэш ящIэрэ и хъугъуэ нэсмэ, ар зэрахыжын гъубжэ нартхэ яхуищIащ Лъэпщ. Апхуэдэущ IуэрыIуатэм пасэрей Iэмэпсымэм и хъыбарыр къызэрыхэнар. IуэрыIуатэм абыкIэ жиIэну зыхуейр гурыIуэгъуэщ: ар къежьащ мэш ящIэ щыхъуа лъэхъэнэм. ГъущI ягъавэ хъуатэкъым, гъубжэр къыщежьам. Абы щыхьэт тохъуэ археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж мывэ гъубжэхэр: абыхэм илъэс миниплI нэхъыбэ зи ныбжь яхэтщ. Мывэ гъубжэ къыщIэкIащ апхуэдиз ныбжь зиIэ Iуащхьэжьхэм, испы унэхэм, кхъэлъахэхэм: ахэр, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хьэкъущыкъухэм, къинэмыщI хьэпшыпхэм ящIыгъуу, дунейм ехыжам дыщIалъхьэу щытащ пасэрейхэм. Япэ гъубжэр пасэрейм къыхищIыкIащ мывэм, псалъэм папщIэ, щтаучым: щтауч мывэм къыхэщIыкIа гъубжэ куэд къыщIэкIыжащ щIы щIагъым. «ГъущI лIэщIыгъуэкIэ» зэджэр къэунэхуа нэужь, гъубжэр гъущIыкIэм (псалъэм папщIэ, домбеякъым) къыхащIыкI хъуащ, абы щыхьэт тохъуэ езы «гъубжэ» псалъэр: щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, «гъубжэмрэ» «гъущIымрэ» я лъабжьэр зыщ – «гъу» псалъэрщ. Ар дыдэр («гъу»-р) лъабжьэ хуэхъуауэ ялъытэ «гъуджэ» псалъэми. Адыгэ щIыналъэм ит Iуащхьэжьхэм ящыщ зым къыщIэкIащ домбеякъым (бронзэм) къыхэщIыкIа пасэрей гъуджэ; гъуджэри пасэрейхэм хьэдэм дыщIалъхьэ хьэпшыпхэм ящыщащ.

* * *

Лъэпщ адыгэхэм нэхъ ягъэлъапIэ нартхэм ящыщщ, а пщIэр абы къыхуэзыхьар и IэщIагъэрщ: пасэрейхэм гъукIэм нэхъ пщIэ зыхуащI яIакъым. ГъущI ягъавэ зэрыхъу лъандэрэ, гъукIэхэм къадэгъуэгурыкIуащ а пщIэр, абы псори фIэлIыкIырт, тхьэпэлъытэ къафIэщIырти. Лъэпщи апхуэдащ пасэрей адыгэхэм я дежкIэ, ар нарт хъыбархэми щынэрылъагъуэщ: фIэмылIыкIрэ и пщIэр зымылъытэрэ яхэттэкъым нартхэм. Сосрыкъуэ зыпсыхьри нартхэм Iэщэ яхуэзыщIри Лъэпщщ, псоми чэнджэщ ирахьэлIэ, и псалъэм йодаIуэ. Пасэрейхэм я деж мыхьэнэ ин дыдэ щимыIатэмэ, Лъэпщ апхуэдиз пщIэ игъуэтынтэкъым. Нартхэм къызэралъытэмкIэ, Лъэпщ хузэфIэмыкIын щыIэкъым: гъущI щигъавэкIэ гъущI плъар Iэ пцIанэкIэ еубыд, абы ищIа джатэм мывэм я нэхъ быдэр зэпеупщI, Iэзэщи, имыгъэхъужыф щыIэкъым. Нартхэр дэнэ къэна, нартхэм я ужь къиихъуахэми я фIэщ хъууэ щытащ Лъэпщ зэрытхьэпэлъытэр. Зыгуэр уIэгъэ хьэлъэ хъуамэ, щIопщакIуэ хуащI я хабзащ адыгэхэм – куэд щIакъым зэрызыханрэ (ди лIэщIыгъуэм къэсащ). ЩIопщакIуэм щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, уIэгъэ зэрылъ унэм и бжьэщхьэIум ибгъукIэ сыджрэ вабдзэрэ ягъэтIылъырт, щIопщакIуэм кърихьэлIэхэр сыджымрэ вабдзэмрэ уадэкIэ теуIуэрти, Лъэпщ и цIэкIэ тхьэ елъэIурт, гъущI зэрапсыхьа псы кIыщым кърахырти, уIэгъэм щахуэрт. КIыщыпс щахуэу щытащ фэгъазэ, фэрэкI, бжэнтепкIэ е къинэмыщI уз зэфыкI сабийми – ар хущхъуэ хуэхъун я гугъэти.

Адыгэхэм я гъащIэм гъукIэм пщIэуэ щиIам и щыхьэтщ Лъэпщ и махуэкIэ зэджэр нэхъ махуэ лъапIэ дыдэхэм хабжэу зэрыщытар. Гъатхэр къиихьа нэужьт Лъэпщ и махуэр щагъэлъапIэр, а махуэм шабзэкIэ нэщанэ зэдеуэрт, шурылъэс джэгурт. Лъэпщ и кхъащхьэкIэ зэджэ Iуащхьи итащ Псыжь адрыщI. Кхъащхьэр зылъэгъуахэм зэратхыжамкIэ, абы гъущIыкIэ, шабзэшэ телъ зэпытт, цIыхур екIуалIэурэ Iуащхьэм тхьэ щелъэIурт. Лъэпщ и цIэмрэ и IэщIагъэмрэ адыгэхэм я дежкIэ лъапIэу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Хъан-Джэрий итхыжа хъыбар гуэр. Адыгэ унагъуэ гуэрым сэшхуэ зэрахьащ, итхыжыгъащ Хъан-Джэрий. Сэшхуэр Кавказ зауэм и лъэхъэнэм къэзакъхэм яIэрыхьащ. Сэшхуэр Лъэпщ ипсыхьауэ ялъытэрти, унагъуэр етIысэхакъым, ар зыIэрагъэхьэжыху: шырэ Iэщрэ щIатри къащэхужыгъащ. Лъэпщ ипсыхьа сэшхуэр зейм къаIэрыхьэжа нэужь, жылэр зэхыхьэри тхьэлъэIу ящIыжауэ щытащ...



* * *

Пасэрей IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, Ахын Iэщым и тхьэщ. Iэщыхъуэхэм абы пщIэ лей хуащIырт, Iэщ хуаукIыурэ ягъэлъапIэрт. Хъан-Джэрий зэритхамкIэ, Ахын хуаукI хабзэр жэм джэмыдэт. Хым Iуса адыгэхэм мыпхуэдэ хабзэ яхэлъащ. Бжьыхьэм, Iэщыр Къущхьэхъу кърахухыжа нэужь, хъушэм зы жэм къыхахурти, тхьэ щелъэIу хуейм яхурт. ЗэрыжаIэмкIэ, Ахын хуаукIыну жэм джэмыдэр хъушэм езырезыру къыхэкIырти, АхынтамкIэ зэджэ тхьэлъэIупIэм кIуэрт, абы Ахын и жэмлъэрыкIуэкIэ еджэрт. Хъушэм къыхэкIа жэмлъэрыкIуэм и бжьэм кхъуейхьэлрэ щIакхъуэ бзыгъэрэ пащIэрт, и ужь жылэр иувэрти, жэмым кIэлъыкIуэрт. Ахын и жэмлъэрыкIуэм «езым ищIэрт здэкIуэнур»: бууэ кIуэурэ, жэмыр Ахын и тхьэлъэIупIэ хуейм ихьэрти, дэшхуей жыгышхуэм и щIагъ щIыхьэрт. Жэмыр абдеж щаукIырт, и лыр жэз лэгъупкIэ

ягъавэрти, цIыхур тхьэ елъэIурт: Iэщыр яхуэбэгъуэну, Iэщым уз къыхэмыхьэну...

Ахын и тхьэлъэIупIэм (Ахынтам деж, Шахэ псыхъуэм) ита дэшхуей жыгым (абы тхьэжыгкIи еджэрт) и къудамэм лэгъуп фIэдза зэпыту щытащ; Ахын хуаукIа жэмым и щхьэ къупщхьэри дэшхуей къудамэм къыфIанэ хабзэт. Ахын и жэмлъэрыкIуэр щаукIа махуэм (тхьэ щелъэIу махуэм) Ахынтам деж джэгу щащIырт, цIыхум я Iэ зэрыубыдырти, дэшхуей жыгыр хъурейуэ къафыхьырт.

* * *

ЩIопщакIуэр адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI хабзэщ. ЩIопщакIуэ зыхуащIыр зи къупщхьэ къута е уIэгъэ хьэлъэ зытелъ цIыхурт. Сымаджэр (зи къупщхьэ къутар, уIэгъэ хьэлъэ зытелъыр) зэрыс унагъуэм пщыхьэщхьэкIэ щызэхуэсурэ, щIалэгъуалэм сымаджэр трагъэурт. БжэщхьэIум вабдзэ тралъхьэрти, унэм ихьэр абы уадэкIэ теуIуэрт (уадэри бжэщхьэIум телът) – жэщкIэ ятэ «бзаджэнаджэр» ягъэщтэн щхьэкIэ. Унэм ихьамэ, сымаджэм къетIысэкIырти, уэрэд жаIэрт, гушыIэрт. ЩIопщакIуэм джэгуакIуэхэри кърихьэлIэрти, шыкIэпшынэм и макъыр нэху щыху зэпагъэуртэкъым – сымаджэр жейм храмыгъэлъэфэн щхьэкIэ: жейм хилъафэрэ къаскIэмэ, сымаджэм и къупщхьэ зэпцIыжагъащIэр къутэжын къафIэщIырт.

ЩIопщакIуэ уэрэд зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ къэсащ ди деж, абыхэм я нэхъыбэр щIопщакIуэм ирихьэлIа щIалэгъуалэм яусащ. ЩIопщакIуэ уэрэдхэм ягъафIэ зауэм лIыгъэ щызезыхьа цIыхур, къэрабгъагъэ къызыкъуэщар ауан ящI.



Сымаджэр къызэфIэувэжыху, щIопщакIуэр зэпагъэуртэкъым – зы жэщи дагъэкIыртэкъым сымаджэм деж имыхьэIауэ. АпхуэдэпщIэ зыгъуэтыр, псом япэрауэ, зауэм уIэгъэ щыхъуа, лIыгъэ щызезыхьа цIыхурат. Сымаджэм и нэгу зрагъэужькIэ зэфIэкIыртэкъым щIопщакIуэр: сымаджэм къыхуашэрт Iэзэхэр, къупщхьэ къутар ирагъэшхэн, уIэгъэр е ирамыгъэкIуэн щхьэкIэ.

* * *

Адыгэхэм куэд щIауэ къадокIуэкI къан хабзэр. КъызэрахутамкIэ, а хабзэм ныбжьышхуэ иIэщ, пасэрейхэм я деж къыщежьауэ ялъытэ. Хабзэр епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм къэсащ, нэхъ зезыхьари лIакъуэлIэшхэрщ. Пщым и къуэр атэлыкъым иримыгъэпIмэ, ар цIыхум яфIэмыкIут, апхуэдэпщым пщIэ имыIэу ялъытэрт. Щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, пщым и бын и унэ кърихьэртэкъым: ар дунейм къызэрытехьэххэу и уэркъхэм ящыщ зым иритырти, балигъ хъуху иригъэпIырт. Балигъ хъуа нэужьт ар унэм къыщрашэжыр. Абы щыхьэт тохъуэ Нэгумэ Шори, Хъан-Джэрии, нэгъуэщI щIэныгъэлIхэри. Нэхъыбэм зэратхымкIэ, быныр атэлыкъым (арат къан зыпIым зэреджэр) щратыр ар сабий ныбжьым щитым дежт, уеблэмэ сабий быдзафэу. Дунейм къытехьа сабийр, къану ятын и пэ, къэзылъхуам и унэм илъэситI-щыкIэ щапIынкIи хъурт – зекIуэху, псэлъэху. Сыт хуэдэ ныбжьми ирырет, пщым къуэ къыхуалъхуамэ, атэлыкъым иригъэпIын хуейт – ар лIакъуэлIэшхэр зытемыкI хабзэт. А хабзэр нэхъ мащIэуэми, яхэлъащ уэркъхэми лъхукъуэлIхэми.

Псоми ирагъэпIыртэкъым къан, ар дзыхь зыхуащIыр пщIэ, хыхьэхэкI зиIэ, хабзэм кууэ хэзыщIыкI цIыхут.

Къан къэзыхьам и пщэ къалэнышхуэ дилъхьэжырт, ар хузэфIэмыкIынумэ, апхуэдэ къалэн и пщэ дилъхьэжынутэкъым зыми, абыкIэ хэгъэзыхь щыIэтэкъым. НэгъуэщIым и сабий балигъ хъуху упIыныр, дауи, тынштэкъым, апхуэдэм тегушхуэ хабзэр зи щхьэ и пIалъэ зыщIэж, зи гуащIэрэ зи акъылрэ къигъэгугъэ цIыхут. Къан зытым игурэ и щхьэрэ щIызэтелъри арат: атэлыкъ къалэныр япэ къэсым и пщэ дилъхьэжынутэкъым.

Атэлыкъыр и къаным езым и быным нэхърэ нэхъ елIалIэрт, и быным хуимыщIэнур хуищIэрт, ауэ щигъэкIынутэкъым икIи игъэсэхъунутэкъым, пщым я пщыжым къилъхуами; зэрыхабзэти, атэлыкъым ипIар нэхъ щэныфIи нэхъ гъэсаи хъурт, хабзэми нэхъыбэ хищIыкIырт, нэхъ цIыхугъи гулъыти далъагъурт, и щауэгъухэм лIыгъэкIи IущыгъэкIи ефIэкIырт – ар къан хабзэм къыдэкIуэ фIыгъуэхэм ящыщ зыт.

Атэлыкъым и къаныр, псом япэрауэ, къыщIигъэтэджэн хуейт адыгэ хабзэм: цIыхум яхыхьамэ, и нэмысрэ и щэныфIагъкIэ къахэщу, нэхъыжьым пщIэ хуищIыфрэ емыкIу-екIугъэр къыгурыIуэу, и щауэгъухэм лIыгъэрэ цIыхугъэкIэ ефIэкIыу, езыр шууейрэ Iэщэр игъэIэрыхуэу, гугъуехьыр ишэчыфрэ дзыхэ жыхуаIэр имыщIэу. А псор къаным хипщэн щхьэкIэ, атэлыкъыр зэблэ щыIэтэкъым – и зэмани и мылъкуи. Къаныр игъэшэсурэ, атэлыкъыр гъуэгуанэ щIэх-щIэхыурэ техьэрт, и къаным ныбжьэгъу, хэгъэрей иIэ хъун папщIэ. Къаныр псэзэпылъхьэпIэ иримыгъэхуауэ кърищэлIэжыртэкъым атэлыкъым: сыт хуэдэ гугъуехьми шынагъуэми хуэщIауэ къэтэджын хуейт къаныр.

Балигъ хъуху епI, егъасэри, атэлыкъым и къаныр зейм яхуешэж. И къаныр зей адэ-анэм щахуишэжкIэ атэлыкъым и къалэнт абы шырэ Iэщэ-фащэрэ иритыну. Я къуэр къашэжа нэужь, ар зейм махуиблкIэ джэгу ящIырт, щIалэр яхуэзыпIар, яхуэзыгъэсар (атэлыкъыр) ягъафIэрт, щрагъэжьэжкIэ тыгъэ лъапIэхэр хуащIырт: шы, Iэщэ-фащэ, н.къ. Атэлыкъымрэ къаным и адэ-анэмрэ игъащIэкIэ зэблагъэ хъурт, зэи зэрыгъэгъуэщэжыртэкъым; къанымрэ атэлыкъымрэ зэадэзэкъуэ пэлъытэ зэрызэхуэхъур гурыIуэгъуэщ – а тIур зэи зэфIэкIуэдыжыртэкъым.

* * *

ТхьэщIагъ мэзым хъыбар куэд теIукIащ. Хъан-Джэрий зэритхыжамкIэ, ар мэз дэгут, абрэдж тIысыпIэти, ущIыхьэнкIэ шынагъуэт, нэхъыбэм къыпакIухьырт. Хъан-Джэрий мыпхуэдэ хъыбар къызэринэкIащ. ДонэкъейкIэ зэджэ абрэдж гуэр щIэст ТхьэщIагъ мэзым. Донэкъей щIэсыху, ТхьэщIагъ мэзым щIыхьэфар мащIэщ – закъуэтIакъуэт езыкур. Апхуэдэ закъуэтIакъуэм ящыщащ НэгъуэзийкIэ зэджэ щIалэр. Нэгъуэзий и шынэхъыжьыр, Бэракъыхь, хъыжьэт, лIы мышынэт, адыгэ шуудзэр зауэм щыIухьэкIэ бэракъыр дзыхь зыхуащIыр арат. Бэракъыхь Кавказ зауэм хэкIуэдащ. ЛIыгъэ далъэгъуати, Бэракъыхь цIэрыIуэ хъуащ, и щытхъуцIэр жылэм хэз хъуащ. Бэракъыхь и шынэхъыщIэми, Нэгъуэзий, имыщIэнрэ зримыкунрэ щыIэтэкъым, цIэрыIуэ хъун, и щытхъуцIэ игъэIун щхьэкIэ. ГъуэгурыкIуэ гуэр гузэвэгъуэ хэхуауэ ирихьэлIамэ, гузэвэгъуэм къыхишырти, ар гъуэгу щытригъэхьэжкIэ, Нэгъуэзий дэгушыIэрт: «Хэт урихьэлIа жаIэрэ къоупщIмэ, Нэгъуэзий узэрырихьэлIар умыбзыщI: уи жьэм пщIэ щIэптрэ – къысщытхъу, си

фIыщIэ зытумыгъэкIуадэ», – жиIэурэ. Шыи Iэщи зритар мащIэкъым: «Ягу силъынщ, си цIэ жаIэнщ» – а зырат псори щIищIэр. «Нэгъуэзий цIыху хьэлэлщ, зэблэн щыIэкъым», – жари и щытхъуцIэ ирахьэжьащ, ауэ ар мащIэт Нэгъуэзий дежкIэ: лIыгъэкIи цIэрыIуэ хъуну щIэкъурт. Зауэми хыхьащ Нэгъуэзий, и ныбжь нэсри. ПсэзэпылъхьэпIэ ихуакIэ е пащIэгъэлыгъуэ хэхутакIэ къэдзыхауэ ялъэгъуакъым цIыхум. Абы хэтурэ, ТхьэщIагъ мэзым щIэс Донэкъей и хъыбар зэхихащ Нэгъуэзий. Жылэм къызыпакIухь мэзым щIыхьащ щIалэр: «Донэкъей сызэрыщымышынэр езгъэлъагъунщ», – жери. Мэз кIыфIым щIыхьэри къуакIэбгыкIэр щIищыкIащ, зытемыхьа лъагъуэ мэзым къыхинэжакъым, арщхьэкIэ Донэкъей къыкъуэкIакъым. Хуейм ихьэри гуоуащ Нэгъуэзий: «Донэкъей, лIыгъэ уиIэмэ, къыхэкI мэзым – сэ уэращ сыкъызыкIэлъыкIуар!» – жери. Нэгъуэзий и псалъэр Донэкъей деж нагъэсащ и гъусэхэм. «И псэр иужэгъужауэ къыщIэкIынщ, мэзым зыгуэр къыщIыхьащи», – жраIащ Донэкъей. «И гугъу фымыщI абы, – къажриIащ Донэкъей и гъусэхэм. – Сэракъым ар зыхуейр, зэщэр нэгъуэщIщ: Донэкъей зыкъригъэукIащ жаIэмэ, цIэрыIуэ ирихъунущи, аращ къызыкIэлъыкIуар».

Нэгъуэзий, зэщэр къемыхъулIауэ, ТхьэщIагъ мэзым къыщIэкIыжащ, ауэ куэд ихьыжакъым: и шынэхъыжьыр къаукIа нэужь, бэракъзехьэ чэзур къылъысауэ зауэм хэкIуэдащ (зэшитIыр къызыхэкIа лъэпкъым апхуэдэ пщIэ иIащ Кавказ зауэм и лъэхъэнэм: зауэм щыIухьэкIэ бэракъыр дзыхь зыхуащI шу хахуэ куэд къыхэкIащ Нэгъуэзий и лъэпкъым).

* * *



Нэгумэ Шорэ зэритхыжамкIэ:

«ЕплIанэ лIэщIыгъуэм и кум Бахъсэн Iуфэ Iусыгъащ ДаукIэ зэджэ пщышхуэр. Абы къуийрэ зыпхъурэ иIэт. Зэшхэм я нэхъыжьыр, Бахъсэн, хэкум щыцIэрыIуэ нарт хахуэт. КъызэраIуэтэжымкIэ, ар гъут зауэм хэкIуэдащ; зауэм хэкIуэдащ Бахъсэн и къуэшиблри нэгъуэщI нарт цIэрыIуэ пщIеи. Лъэпкъым гуауэ ящыхъуащ ахэр зауэм зэрыхэкIуэдар, цIыхубзхэм гъыбзэ яусащ: «Хьэдэщ, хьэдэщ, Дау и къуийр хьэдэ мыгъуэщ, уей-уей, Дау и къуий!» – жаIэурэ, зауэм хэкIуэда лIыхъужьхэр ягъеижащ.

Къэбэрдейм абы лъандэрэ хабзэ щыхъуащ: гъатхэр къихьа нэужь, цIыхубз щIалэхэм, я щхьэц утIыпщауэ губгъуэм йохьэри, Дау и къуийм я гъыбзэр жаIэ. Хъыбархэм зэрахъумащи, Дау зэшхэм я хьэдэхэр я шыпхъум зэхуихьэсыжри ЯтIэкъуэ деж щыщIилъхьэжащ, а псым и Iуфэм мывэ сыни щахуигъэуващ. Даухэ я сыныр нобэ къэсащ. Сыныр Iуащхьэм тетщ, мывэ упсам къыхэщIыкIащ, арщыниплI и лъагагъщ. «Дау и къуэхэм я сынкIэ» йоджэ абы иджыри къэс, «Дау и къуэ Бахъсэн» щыжаIи щыIэщ. Ди зэманым къэсащ Дау и къуэ Бахъсэн и шыпхъум и уэрэдри. «ЦIыхум я гур хегъахъуэ абы зэрихьа лIыгъэм; зауэр щаублэм, абы и джатэр уафэхъуэпскI пэлъытэт» – апхуэдэ псалъэ хэтщ Даухэ я пхъум иуса уэрэдым.

Даухэ я сыным грекыбзэкIэ тратхауэ тет псалъэхэм ущрохьэлIэ пасэрей лIыхъужьым – Бахъсэн и цIэм; сын щIыфэм тет тхыгъэр щыхьэт тохъуэ ар еплIанэ лIэщIыгъуэм зэрагъэувам».

... ЯтIэкъуэ сыныр нобэ щахъумэ Бытырбыху дэт Эрмитажым; Бытырбыху ар щашар Нэгумэ Шорэ и ужькIэщ.

* * *

Зэшищ псэуащ, Есэнокъуэхэ ейуэ. Зэшищри зауэм хэкIуэдащ, я лIыгъэм и хъыбар иджыри къэс яIуатэ, я цIэ Кавказ зауэм и тхыдэм къыхэнащ.

И къуищыр щигъэшэскIэ, Есэнокъуэхэ я фызыжьым яжриIэрт:

– Бийм фи щIыб евгъэлъагъунщи, фыкъаукIмэ, фыщIэслъхьэжынкъым.

Я анэм абыкIэ псалъэ ирамытауэ, зэшищыр зауэм Iухьэртэкъым.

Я псалъэр ягъэпэжащ зэшищми: я щIыб бийр кърагъэплъакъым. ШынэхъыжьитIыр зауэм хэкIуадэри, фызыжьым щIилъхьэжащ. НэхъыщIэр, зауэм хэт зэпытурэ, уIэгъэ хъуащ, и псэр хэмыкI щIыкIэ шым къихьыжащ. ПщIантIэм къыдыхьэжауэ, зэшищым я нэхъыщIэм и псэр хэкIащ.

Есэнокъуэхэ я фызыжьым, бжэщхьэIум къытехьауэ, илъэгъуащ и къуэ нэхъыщIэр шым къызэреджэлэхар.

– И шынэхъыжьитIым ялъ ищIэжа? – щIэупщIащ фызыжьыр, бжэщхьэIум здытетым.

– ИщIэжащ, – жраIащ фызыжьым.

– Бийр и щIыб кърыгъэплъа? – щIэупщIащ фызыжьыр аргуэру.

– Кърыгъэплъакъым, – жраIащ, – шэр и бгъэгум къихуащ.

– Къэзылъхуам хуэфащэт, – жери, итIанэщ Есэнокъуэхэ я фызыжьым и нэпсыр къыщехуэхар.

... Спартанцхэм (пасэрей алыджхэм) мыпхуэдэ хабзэ яхэлъащ. Бий къатеуэрэ зауэ къалъыкъуэкIамэ, ар увыIа нэужь, зэуапIэм цIыхубзхэр кIуэрт, хэкIуэдахэм я хьэдэр зэщIакъуэжын щхьэкIэ. Щхьэж и хьэдэ зэуапIэм кърищыжырти, щIилъхьэжырт: хэт и щхьэгъусэ, хэт и къуэ. Хьэдэм бгъэдыхьэрти, еплъырт: зи щIыб шабзэшэ хэлъыр зэуапIэм кърахыжыртэкъым. «Къэрабгъэщ, бийр и щIыб кърыгъэплъащ», – жаIэрти, апхуэдэр и анэми и щхьэгъусэми щIалъхьэжыртэкъым, хамэм щIрагъалъхьэрт – езыхэм къэрабгъэр щIалъхьэн я щхьэ тралъхьэртэкъым. 129

* * *

Кавказ лъэпкъ зыбжанэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадогъуэгурыкIуэ тхьэхэм бгым ираIулIа цIыхум и хъыбархэр. Апхуэдэ хъыбархэр щымащIэкъым адыгэ IуэрыIуатэми. Абыхэм ящыщ зыщ Хьэмрий и хъыбарыр. Тхьэхэм я ней зыщыхуахэм – бгым ираIулIахэм – ящыщщ Насрэн ЖьакIи. Насрэн ЖьакIэ тхьэм и ней къыщIыщыхуам и щхьэусыгъуэр нарт эпосым щыIупщI дыдэкъым. Пасэрей хъыбархэм зэрыжаIэмкIэ, Насрэн ЖьакIэ тхьэм и нэлат къыщIытехуар Iуащхьэмахуэ дэкIын мурад зэрищIарщ: Iуащхьэмахуэ тхьэхэм я тIысыпIэщ (пасэрей алыджхэм я Олимпым хуэдэу), абы дэкIын мурад щищIакIэ, Насрэн ЖьакIэ тхьэм пэувауэ аращ. МыгурыIуэгъуэр зыщ: Iуащхьэмахуэ дэкIын мурад щхьэ ищIа Насрэн ЖьакIэ? Абы и жэуапыр хэбгъуатэркъым Насрэн ЖьакIэ и хъыбархэм. Хьэмрий и хъыбарым урешалIэ а жэуапым: тхьэм и нэлат зытехуэр мафIэхьырщ – тхьэм мафIэ къыфIэзыдыгъуарщ. Пасэрей алыдж IуэрыIуатэм щыцIэрыIуэщ ПрометейкIэ зэджэ мафIэхьыр – ари тхьэхэм бгым ираIулIащ, мафIэ къазэрыфIидыгъум щхьэкIэ. Пасэрей алыдж IуэрыIуатэм зэрыжиIэмкIэ, Прометей тхьэхэм зраIулIар... Кавказ

къуршхэрщ. Ар тегъэщIапIэ ящIри, щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ пасэрей алыдж IуэрыIуатэм щыцIэрыIуэ мафIэхь щэджащэм, Прометей, и хъыбархэр пасэрей кавказ лъэпкъхэм я деж къыщежьауэ.

**Мыр жаIэ:**

Тхьэм пэувам и цIэр ТIэлалщ. Щыпэувым, тхьэр къыхуэгубжьащ ТIэлал: иIэтри бгыщхьэм ириIулIащ. Бгыщхьэм еIулIауэ ихьынущ и гъащIэр. Дунейр щыкъутэжыну махуэм и Iэхъулъэхъур зэпиудынурэ бгыщхьэм къехыжынущ. ТIэлал къежьэжын и пэ гъаблэ хъунущ. ЦIыхур егъэзыгъэ хъуауэ къахыхьэнурэ къажриIэнущ: «Гъусэ къысхуэхъунур къысхурехъу». ИтIанэ жьапщэ хъунущ, хыр къиунурэ щIылъэм псыдзэ къыщIэуэнущ. ЩIылъэм зыри къытенэнукъым: псыдзэм трилъэсыкIынущ. ТIэлал гъусэ хуэхъур къелынущ, бгыщхьэм иришэнурэ.

**Щыгъуазэм зэритхамкIэ:**

Багъхьэблэ дыщыкIуэм, бгы лъагэ гуэр дыблэкIащ. Бгы шынагъуэт, укъигъаскIэу. Бгыщхьэм къыхэщ бгы гъуанэр сигъэлъэгъуащ си гъусэм. Си гъусэм къызэрызжиIамкIэ, а бгы гъуанэм бгъуэнщIагъ куум урешэ. БгъуэнщIагъым ДэшкIалкIэ зэджэ гуэр исщ, мывэ пкъом лъахъш кIапсиблкIэ епхауэ. Дунейр щыкъутэжыну махуэм а ДэшкIалыр цIыхум къахыхьэжынущ, ар дунейм къытехьэжмэ, зэшхэр зэщыхьэжынущ. Мывэ пкъом епхауэ, ДэшкIал ибгъукIэ джатэ щылъщ, Iэбэ щхьэкIэ ДэшкIал джатэм лъэIэсыркъым. ДэшкIал джатэм щылъэмыIэскIэ, лъахъш кIапсэр зэрошх, бгыр мэзджыздж, щIыр мэхъей. И чэзу нэсрэ джатэм лъэIэсмэ, ДэшкIал лъахъш кIапсэр зэпиупщIынурэ дунейм къытехьэжынущ, цIыхур абы теунэхъуэнущ. «ДэшкIал зылъэгъуа щыIэ?» – сеупщIащ си гъусэм. «Тхьэм жимыIэкIэ! Iэхъуэ гуэр щхьэрыуэри бгы гъуанэм ихьати, ДэшкIал щыIуплъэм, и акъылым икIащ», – жиIащ си гъусэм.



* * *

Тамань къыщыщIэдзауэ Сыхъум нэс хы Iуфэм щыгъунэжщ мывэ кхъэлэгъунэхэр. Адыгэхэр апхуэдэ кхъэлэгъунэхэм испы унэкIэ йоджэ. Илъэс миниплIым щIигъу я ныбжьщ испы унэхэм, ахэр щIын щIадзащ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ лъыкIэ къагухьэ хьэтхэм я лъэхъэнэм.

Адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я щIыналъэм къыщызэтенащ испы унэ минитIрэ щищым щIигъу; абыхэм я нэхъыбэм ущрихьэлIэр хы Iуфэмрэ Кавказ къуршым и дыгъафIэмрэщ; испы унэ куэд ущыхуозэ Кавказ къуршым и дыгъэмыхъуэми, псалъэм папщIэ, Мейкъуапэ и Iэхэлъахэм.

ЩIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, испы унэхэр архитектурэм и фэеплъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ, ахэр зыщIахэр куууэ щыгъуазэ хъуакIэт архитектурэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм. Илъэс миниплIым щIигъу я ныбжьми, испы унэхэр ноби псэущ, къищэхэжакъым, нобэрей «ухуакIуэхэм» ямыкъутэмэ, иджыри щIэх пэлъэщынукъым зэманыр. Ар псом япэрауэ зи фIыгъэр испы унэхэр зыщIа пасэрейхэр архитектурэм и хабзэхэм куууэ щыгъуазэу зэрыщытарщ. Куэд елъытащ испы унэхэр псы зыщIэзымыф, жьыбгъэм имыпхъэх мывэ лIэужьыгъуэхэм къызэрыхэщIыкIами.

Испы унэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ къэсащ ди деж. Нэхъыбэрэ узрихьэлIэр мывэ пхъэбгъухэм къыхэщIыкIа испы унэхэрщ: мывэ пхъэбгъуиплIыр зэупсеярэ а плIым зы мывэ пхъэбгъу тегъэлъэдэ-

жауэ. Мывэ пхъэбгъум метритІым щІигъу и лъагагъщ, и кІыхьагъыр метритІрэ ныкъуэм-метрищым щынэс щыІэщ, метр ныкъуэ и Іувагъщ. Зы мывэ пхъэбгъум тоннитху, уеблэмэ нэхъыбэ и хьэлъагъынкІэ мэхъу. Апхуэдиз зи инагъ, зи хьэлъагъ мывэ пхъэбгъур иупсын, игъэІэпхъуэн, игъэувын щхьэкІэ, пасэрейм, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы пэлъэщын къарурэ Іэмалрэ (щІэныгъэрэ!) бгъэдэлъын хуеящ.

Испы унэхэр щагъэув хабзэр (нэхъ къыщызэтенар) псы Іуфэхэмрэ гъуэгущхьэхэмрэт, абыхэм уащрохьэлІэ мэз щІагъхэми бгы щхьэдэхыпІэхэми. Мывэ къыхэхыпІэмрэ испы унэр щагъэув щІыпІэмрэ километр зыбгъупщІым щІигъукІэ щызэпэжыжьэ куэдрэ урохьэлІэ – аркъудеймкІи гурыІуэгъуэщ испы унэр щІыным гугъуехьышхуэ зэрыпылъыр. Мывэр къыхаха нэужь, ар кхъэлэгъунэр здагъэувыну щІыпІэм (псы Іуфэм, гъуэгущхьэм, бгы щхьэдэхыпІэм) ялъэфырти, яупсырт, джафэ хъуху, и щІыфэм тхыпхъэщІыпхъэхэр, сурэт гуэрхэр традзэрти, ягъэувырт, абы и ужькІэт кхъэлэгъунэм (испы унэм) хьэдэр щыщІалъхьэр. Шэч хэлъкъым: дунейм ехыж псоми испы унэ (мывэ кхъэлэгъунэ) хуагъэувыртэкъым, апхуэдэкІэ зыхуэупсэр пщІэшхуэ зиІэ цІыху (дзэпщ, зауэлІ, тхьэпщ) цІэрыІуэхэрт.

* * *

Бгыщхьэм къыщожьэри псы цІыкІу гуэр ТІуапсэ деж хым щыхохуэж. ПсынэкъуэкІэ йоджэ абы. Псынэкъуэ и ижьырабгъукІэ жыг хадэшхуэ щылъщ. Хадэм Іуащхьэ итащ, Псынэкъуэ ІуащхьэкІэ еджэу щытауэ. Іуащхьэр нобэ къэсакъым – къатІащ. Іуащхьэ Іэджи къатІ, Іэджи къыщІокІ пасэрей Іуащхьэжьхэм. Псынэкъуэ Іуащхьэм къыщІэкІащ… испы унэ абрагъуэ. Куэдрэ урихьэлІэркъым Іуащхьэ зытращІыхьыжа испы унэ – закъуэтІакъуэххэщ, абы ящыщщ Псынэкъуэ Іуащхьэм къыщІэкІа кхъэлэгъунэр. Хы Іуфэм Іус адыгэхэм (шапсыгъхэм) ящІакъым Псынэкъуэ Іуащхьэм испы унэ зэрыщІэтыр – ар къатІыху.

Псынэкъуэ Іуащхьэм къыщІэкІа кхъэлэгъунэр адрей испы унэхэм къазэрыщхьэщыкІ щыІэкъым: мывэ пхъэбгъуиплІ зэупсеящ, и щхьэм мывэ пхъэбгъуитІ тегъэлъэдащ, мывэ пхъэбгъухэр джафэу упсащ, я щІыфэм тхыпхъэщІыпхъэ гуэрхэр хэщІыхьащ. Адрей испы унэхэм Псынэкъуэ кхъэлэгъунэр къазэрыщхьэщыкІыр нэгъуэщІщ: ар хы Іуфэм Іус адыгэхэм (шапсыгъхэм) я тхьэлъэІупІэу щытащ. ЗэкІэ гурыІуэгъуэкъым Псынэкъуэ кхъэлэгъунэм Іуащхьэ щІытращІыхьар. ГурыІуэгъуэр зыщ: ар кхъэлэгъунэ къудейуэ щытагъэнукъым. Абы щыхьэт тохъуэ Псынэкъуэ кхъэлэгъунэм хъурейуэ кърагъэувэкІа мывэ пхъэбгъухэр. ЩІэныгъэлІхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Псынэкъуэ испы унэр пасэрей обсерваторэ лІэужьыгъуэщ, гъэм я зэблэкІыгъуэр, махуэр здынэсар, дыгъэ къыщІэкІыгъуэр, дыгъэ къухьэгъуэр, мазэщІэ къыщыунэхур, н.къ. щагъэбелджылыуэ щытауэ.

Испы унэхэр къыщатІэщІыжкІэ пасэрей хьэпшып зэмылІэужьыгъуэ куэд къыщІокІ: кхъуэщын къутахуэ, фалъэ, лагъэ, Іэгубжьэ, джыдэ, фІанэ, сэ, шабзэ, мывопцІэ, къинэмыщІхэр. Испы унэ зыбжанэм къыщІэкІащ… пасэрей гъубжэ – дигу къэдгъэкІыжынщ нартхэм гъубжэ яхуэзыщІа гъукІэм, Лъэпщ, и хъыбарыр.

Испы унэхэм къыщІэкІащ вы, жэм, шы, бжэн, мэл къупщхьэхэр, ар щыхьэт тохъуэ испы унэхэр зи ІэдакъэщІэкІ пасэрейхэм Іэщ зэрахуэу, мэкъумэш ящІэу, щакІуэу зэрыщытам. Испы унэхэр зыщІахэр щыгъуазэ

хъуауэ щытащ гъущI гъэвэкIэми: абыхэм къызэранэкIа Iэмэпсымэхэм я нэхъыбэр къызыхэщIыкIар гъущIщ. «ГъущI» псалъэмрэ абы и лъабжьэгъу псалъэхэмрэ («гъуху», «гъуаплъэ») ныбжьышхуэ дыдэ зиIэ пасэрей псалъэжьхэм хабжэ – адыгэбзэм а псалъэхэр къызэригъэщIрэ илъэс мин зыбжанэ хъуащ.

* * *

Натхъуэдж адыгэхэр Анапэ и Iэхэлъахэм щысащ, хы Iуфэм къыщыщIэдзауэ бгыщхьэм нэс. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, натхъуэджхэр лъэпкъ лъэрызехьэт, нэхъ лъэпкъышхуэ дыдэхэм ящыщт. Натхъуэджхэм къабгъэдэсащ гъуаекIэ зэджэ адыгэ лъэпкъ. Хъыбарым къыхощ а лъэпкъитIыр щIы щхьэкIэ зэрызэныкъуэкъуар: натхъуэджхэм бжьыгъуэр яубыдри гъуаехэм я лъэпкъыцIэр яфIэкIуэдащ – натхъуэджхэм яхэшыпсыхьыжащ.

НэгъуэщI адыгэ лъэпкъ зыбжани яхэшыпсыхьыжри, натхъуэджхэр лъэпкъышхуэ хъуауэ, я щIыналъэм зиубгъуауэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэр къиихьэгъащ, ауэ абы насып къахудэкIуакъым натхъуэджхэм (адрей адыгэ лъэпкъхэми хуэдэу): Кавказ зауэр къатепсыхэри, лъапсэкIуэдыр къахуэкIуащ. Зауэр увыIа нэужь (1864 гъэм и ужькIэ) Натхъуэджым зы адыгэ къуажи къинэжакъым: нэхъыбэр зауэм хэкIуэдащ, къелам хэкур ирагъэбгынащ.

Натхъуэджхэм нэмыщI, хы Iуфэмрэ Псыжьрэ я зэхуаку дэса адыгэ лъэпкъ куэдым я цIэ ихъумащ тхыдэм: шапсыгъхэр, абэзэхэхэр, бжьэдыгъухэр, кIэмыргуейхэр, жанейхэр, хэгъакIэхэр, мэхъуэщхэр, мамхэгъхэр, хьэтыкъуейхэр, еджэрыкъуейхэр, адэмейхэр. Абыхэм кIахэ адыгэкIэ еджэу щытащ, лъэпкъыцIэ зырыз яIэми, я бзэкIэ зэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щыIэтэкъым, псори зэрызэджэжыр адыгэт, нэгъуэщI лъэпкъхэр шэрджэскIэ къеджэрт. КIахэ адыгэхэм я лъахэм Тамань къыщыщIидзэрти, хы IуфэмкIэ Убыхым (Сочэ) нэс зиукъуэдийрт, ищхъэрэкIэ Псыжь еуалIэрт, къэбэрдей адыгэхэм я щIыналъэм лъэIэсыху. ЕпщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и кIэм нэблэгъэху къэбэрдейр Псыжьрэ Сунжэрэ я зэхуаку дэсащ, ищхъэрэкIэ Гум псыр и гъунапкъэу, абы щыщхьэдэхи куэдрэ къэхъуу. Къэбэрдей адыгэхэмрэ беслъэнейхэмрэ я быдзышэ зэIулъщ, къызытехъукIар зы лъэпкъщ, я бзэри зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

# Хамэ къэрал щыщ шэрджэс цIэрыIуэхэр

ХЪУТАТ ДЖЭЛАЛ
*(1930)*



Къэбэрдейщ. Амман къыщалъхуащ. Каир университетым и финанс-коммерцэ факультетымрэ (1952) Йель университетым (Америкэ) и аспирантурэмрэ (1958) къиухащ. Иорданием финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэщ (1952 – 1961). Иужьрей илъэсхэм Иорданием и дзэм и финанс-хозяйствэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и Iэтащхьэу щытащ. Генерал-лейтенантщ. Къэралым и орден, медаль куэд кърατащ.

БЕРСИС (БЫРСЫР) ИСМЭХЬИЛ
*(1883 – 1953)*

Измит щIыналъэм хыхьэ Сапанджа къалэм къыщалъхуащ. ДзэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэ къиухащ (1903). Албанием, Македонием къулыкъу щищIащ, Япэрей дунейпсо зауэм хэтащ. Дзэм къыхэкIыжа нэужь, Тырку Республикэм и Лъэпкъ Хасэшхуэм и депутату зыбжанэрэ хахащ.

Хэхэс адыгэхэм зэпымыууэ ядэIэпыкъуу щытащ. Илъэс 26-кIэ дэкъузауэ щыта Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и лэжьыгъэр зэтезыублэжахэм (1950 гъэм) яхэтащ. «Кавказ» журналыр къызэзыгъэпэщари (Истамбыл, 1950) къыдэзыгъэкIыу щытари аращ. Адыгэхэр тыркухэм яхэмышыпсыхьыжу къызэтенэнымкIэ куэд илэжьащ.

Истамбыл щылIащ.

ФАВЗИ (ХЬЭХЪУ) МЭХЬМУД
*(1900 – 1981)*

Шапсыгъщ. Мысыр Ищхъэрэм къыщалъхуащ. Каир (Мысыр), Рим (Италие), Ливерпуль (Инджылыз), Колумбие (США) университетхэм щеджащ. Юриспруденцэм и докторщ.

Дипломат лэжьыгъэм щыхыхьар 1922 гъэрщ, консул къулыкъу щигъэзэщIащ Италием, Америкэм, Японием, Алыджым. 1946 гъэм щыщIэдзауэ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм щылэжьащ Мысырым и лIыкIуэу.

1952 гъэм екIуэкIа бадзэуэгъуэ революцэм и ужькIэ Мысырым и лIыкIуэу Инджылызым щыIащ. 1953 – 1964 гъэхэм Мысырым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министрщ. Хьэрып социалист зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм ящыщ зыщ. 1964 – 1967 гъэхэм премьер-министрым и къуэдзэщ, президент Насер хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и дэIэпыкъуэгъущ.

1970 гъэм, Садат президент хъуа нэужь, премьер-министр къулыкъур къыхуагъэфэщащ. 1972 гъэм а IэнатIэм къыпэрыкIыжащ, президентым къыхигъэзыхьри.

Каир щылIащ.

## ИСМЭХЬИЛ (ГЪУТОКЪУЭ) АНУАР-МУХЬЭМЭД

*(1929 – 2003)*



Бжьэдыгъущ. Сэлмэней къуажэм (Сирием) къыщалъхуащ. И ныбжькIэ щIалэу Иорданием Iэпхъуащ. Инджылызымрэ Америкэмрэ дзэлI академиехэм я курс нэхъыщхьэхэр къыщиухащ. Иордан пащтыхь Хъусейн бен ТIэлал и щхьэхъумэу (1957), пащтыхьым и шэрджэс гвардием и Iэтащхьэу щытащ (1964 – 1969). Иордан пащтыхьым зауэ IуэхухэмкIэ и чэнджэщэгъущ (1970), къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрщ (1970 – 1973). 1971 гъэм генерал-майор цIэр къыфIащащ, 1975 гъэм генерал-лейтенант хъуащ.

Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу тIэунейрэ щытащ (1981 – 1983, 1986 – 1987). Къэбэрдей-Балъкъэрым зыбжанэрэ къэкIуащ.



Орден, медаль лъапIэ куэд къыхуагъэфэщащ – псори 52-рэ, хамэ къэралхэм къыщратахэри хэту.

## ДУХЪКЪАН (СЭБАНШЫ) АХЬМЭД

*(1930)*

Къэбэрдейщ. Александрие университетым (Мысыр) и инженер факультетыр къиухащ. Амман къалэм Социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым, Иорданием и къалэхэм я администрацэхэм я къызэгъэпэщакIуэ центрым, Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ къэрал комитетым я Iэтащхьэу щытащ. МэкъумэшымкIэ (1985), транспортымрэ связымкIэ (1986 – 1989), псы Iуэхумрэ псыщIэгъэлъадэмкIэ (1989) министр къулыкъухэр зэрихьащ.

Иорданием и орденхэмрэ медалхэмрэ кърататащ.

## ШУРДЫМ ТIЭХЬСИН

*(1942 – 2011)*

Къэбэрдейщ. Амман къыщалъхуащ. Иордан армэм къулыкъу щищIащ 1961 гъэ лъандэрэ, кадет корпусрэ академиерэ Заркъэ къалэм къыщиухащ, минёру, парашютисту щытащ. Лъэсыдзэм и курс нэхъыщ-



хьэхэр Америкэм къыщиухащ. Иорданием и армэм и штаб нэхъыщхьэм и академием щеджащ. Батальоным и пашэу Дофар (Оман султанатым) щызэуащ, абы щыгъуэ Шурдымым зэрихьа лIыгъэм и хъыбар итщ инджылыз генерал Перкинз Кен Лондон къыщыдигъэкIа тхылъым (1988).

Инджылызым команднэ курс нэхъыщхьэхэр къыщиуха нэужь (1966), Иорданием зыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм илъэситIкIэ щылэжьащ. 1989 – 1990 гъэхэм, бригаднэ генерал хъуауэ, зауэ IуэхухэмкIэ атташеуэ Вашингтон щыIащ. 1990 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ генерал-майорщ, бронетанк дивизэм и унафэщIщ, 1996 лъандэрэ генерал-лейтенантщ. Иорданием зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэщ, 2005 – 2010 илъэсхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрщ, генерал-полковникщ.

Иорданием, Америкэм, Австрием, Оманым я орденхэмрэ медалхэмрэ (щэщIым щIигъу) къратащ.

## УСМАН (IЭПЫЧ) ДИЯБ
*(1935 – 1999)*



Абэзэхэщ. Уадисир жылэм (Иордание) къыщалъхуащ. Заркъэ къалэм дзэлIхэр щрагъаджэ академие къыщиухащ (1964). Иорданием зыхъумэжынымкIэ и комитетыр IэщIэлъащ. Керак, Балкэ, Туфелэ къалэхэм я Iэтащхьэу щытащ. Иорданием къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр къулыкъур зэрихьащ (1984 – 1985 гъэхэм).

Иорданием, нэгъуэщI хьэрып къэрал куэдым я орденхэмрэ медалхэмрэ къратащ.

## АДХЬЭМ-ПЭЩЭ (ДИПЩЭУ) ЧЕРКЕС
*(1886 – 1948)*



Убыхщ. Балыкесир щIыналъэм хыхьэ Эмрикой шапсыгъ къуажэм къыщалъхуащ. Зэшитхум я нэхъыщIэщ. Зэшхэм ящыщу тIум, Решит-бейрэ Тевфик-бейрэ, дзэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэ къаухащ. Абыхэм ядэплъейри, Дипщэу Адхьэм шуудзэм офицерхэр щыхуагъэхьэзыр еджапIэ Истамбыл къыщиухащ.

Балкан зауэхэмрэ Япэрей дунейпсо зауэмрэ хэтащ, зыбжанэрэ уIэгъэ хъури, дзэ къулыкъум къыхэкIыжащ. Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ Адывар Хъалидэ мыпхуэдэу

дегъэцIыху ар: «Штабырщ абы япэ дыдэ сыщрихьэлIар. Зэгуэрым, зы пэшышхуэ сыщIыхьауэ, зауэлI гупым сакъыхэхутащ. Шэч хэлътэкъым ахэр Адхьэм и зауэлIхэр зэрыарам. Сэ Кемал тхылъымпIэ гуэрхэр хуэсхьауэ арат. Кемал и пащхьэ ист Адхьэм. Ар къыщылъэтри, си Iэр къиубыдащ. Адхьэм лIы лъагэт, гуащIэшхуэ зэрыхэлъыр фэуэ тетт. АдыгэлI екIут. ПлIабгъуэт, бгы псыгъуэт, щхьэцыгъуэт, нащхъуэт. Пэшым щIэс псоми къахэщырт ар».

Уэсмэн империер Антантэм хэт къэралхэм яубыда нэужь, тыркухэм зыкъаIэтри, зэрыпхъуакIуэхэм ебэнын щIадзащ. Анатолием и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щызауэ партизанхэм я пашэхэм ящыщ зы хъуащ Адхьэм, абы и шуудзэр пэщIэуващ алыдж зэрыпхъуакIуэхэмрэ хъалифат армэмрэ, абыхэм удын гуащIэ ирадзащ. Адхьэм и шуудзэм и нэхъыбапIэр адыгэт.

Кемал Мустэфа и гупыр зыхущIэкъур меджлисым и унафэм щIэту зэуэн дзэ къызэгъэпэщынырт. Партизанхэм ар ядэртэкъым, зым и жьауи щIэувэну хуейтэкъым. Меджлисым и унафэм щIэт дзэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур кIыхьлIыхь щыхъум, партизанхэр щхьэхуэу зэгухьэри, «Дзэ щхъуантIэкIэ» зэджэр къызэрагъэпэщащ, зэрыпхъуакIуэхэмрэ сулътIаным и дзэмрэ езэуэн папщIэ. «Дзэ щхъуантIэм» и Iэтащхьэр Дипщэу Адхьэмт, дзыхь хуащIырти, партизанхэр псори абы еувэлIащ, ар я пашэ хъуащ. Партизанхэр Адхьэм Черкес и бэракъым щыщIэувэм, кемалистхэр къэгузэващ икIи псынщIэу дзэ къызэгъэпэщыным и ужь ихьащ. Унафэ къыдагъэкIащ партизан гупхэм щыщи дзэм хагъэхьэн хуейуэ. Апхуэдэ унафэмкIэ арэзытэкъым езы партизанхэр, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, партизанхэмрэ кемалистхэмрэ зэщыIеящ. Жагъуэгъу зэхуэхъуащ Ататюркрэ Адхьэмри. Зэпсэлъащ. ЗэгурыIуакъым. Адхьэм къыщыхуэмыгъэдаIуэм, ар яукIыу, «Дзэ щхъуантIэр» зэбграутIыпщыкIыжыну унафэ ищIащ Кемал Мустэфа.

Алыджхэм я деж кIуэсэн хуей хъуащ Адхьэм-пэщэр. Абы и пэжыпIэр зэблэшауэщ тырку тхыдэм иджыри къэс къызэрыщагъэлъагъуэр.

Алыджым икIри, Германием кIуащ Адхьэм-пэщэ, итIанэ хэщIапIэ хуэхъуащ Иорданиер, дунейм щехыжари аращ. Амман дэт адыгэкхъэм щыщIалъхьащ.

Адхьэм-пэщэ лIыхъужь щхьэмыгъазэущ цIыхум я гум къызэринар. Тырку лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм и тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнащ абы и цIэр. Иужьрей илъэс тощIырыпщIым дунейм къытехьащ Адхьэм-пэщэ и гъащIэмрэ и бэнэныгъэмрэ теухуа тхылъ куэд, абыхэм ящыщщ «Адхьэм Черкес и щыхьэт» (зытхар Кутай Джэмалщ, тхылъитI хъуауэ, Истамбыл, 1973), Сарыхъан Зеки итха «Адхьэм Черкес» (Анкара, 1984), «Адхьэм Черкес зыхэта Iуэхухэр» (Шенер Джэмал, Истамбыл, 1994). Адыгэ щIалэм и образыр къыщыхощ КIыщокъуэ Алимрэ Къандур Мухьэдинрэ я романхэм. ИлъэситI хъуауэ Къандурым Тыркум щытрех художественнэ сериал, Ататюркрэ Адхьэм-пэщэмрэ ятеухуауэ.

## ЗЕКИ-ПЭЩЭ (БЭРЗЭДЖ) МУХЬЭМЭД
*(1843 – 1917)*



Убыхщ. Сочи и гъунэгъуу щыса къуажэм къыщалъхуащ. ДзэлIхэм я еджапIэ Истамбыл къыщиухащ (1864). Урыс-тырку зауэм (1877 – 1878) къыхэжаныкIащ.

Оттоман империем и маршалщ. Тыркудзэм зэуэкIэщIэ хилъхьащ. Анатолие КъуэкIыпIэм «Хьэмидие» шуудзэ къыщызэригъэпэщащ, адыгэ Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдауэ.

Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ зыщ.

Истамбыл щылIащ.

## АБЫКЪУ АХЪМЭТ-ПЭЩЭ
*(1857 – 1923)*



Узун-Яйла (Бгы КIыхьхэр) щIыналъэм (Къайсэр вилайетым) щыщ Абыкъухьэблэ къыщалъхуащ. ДзэлIхэм я еджапIэрэ (1879) академиерэ (1881) къиухащ. Зауэ IуэхухэмкIэ атташеуэ Белгради Москваи щыIащ (1884 – 1893).

«Зэкъуэтыныгъэрэ зыужьыныгъэрэ» партым, шэрджэс хасэхэм я лэжьыгъэм жыджэру хэтащ. Балкан зауэхэм я лъэхъэнэм – Уэсмэн империем и дзэпщ нэхъыщхьэ Назым-пэщэ (Бабыкъуэ) къызэригъэпэща КъуэкIыпIэ армэм и зы корпусым и Iэтащхьэу щытащ.

Генерал-полковник хъуауэ, Дзэм и Совет Нэхъыщхьэм хэтащ. Ферид-пэщэ Дамад и япэ правительствэм зауэ IуэхухэмкIэ и министру хэтащ, етIуанэ правительствэм – жылагъуэ лэжьыгъэхэмкIэ и министру. Истамбыл дэс правительствэмрэ Анкара щыIэ Комитетымрэ яку дэтащ, ахэр зэгурыIуэжыным хуэлажьэу.

Лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм и лъэхъэнэм адыгэхэм яку къаугъэрэ зэгурымыIуэныгъэрэ къыдэмыхъуэн папщIэ хузэфIэкI къигъэнакъым. Октябрь революцэм и ужькIэ Кавказым икIахэм къадэIэпыкъу зэпытурэ екIуэкIащ.

Истамбыл щылIащ.

## ХУЛУСИ-ПЭЩЭ (КЪАРЗЭДЖ) СЭЛИХЬ
*(1864 – 1939)*



Шапсыгъщ. Истамбыл къыщалъхуащ. И адэр, адмирал Къарзэдж Дилавер-пэщэ, урыс-тырку зауэм и зэманым (1877 – 1878) Дунай флотым и Іэтащхьэу щытащ.

ДзэлІхэр щагъасэ еджапІэрэ академиерэ Истамбылрэ Берлинрэ къыщиухащ. Дивизэм и генералщ, тырку армэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэщІхэм ящыщ зыуэ щытащ.

И щыкъур, маршал ФуІэд-пэщэ, хьэІупс ящІа нэужь, Къарзэдж Сэлихь нэмыплъ иратри, Дамаск ягъэкІуащ. Тырку щІалэхэм я революцэр текІуа нэужьщ Истамбыл къыщигъэзэжар. Штаб нэхъыщхьэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ, етІуанэ армэм и пашэ къулыкъухэр зэрихьащ, иужькІэ тырку флотыр ІэщІэлъащ. Меджлисым и депутататщ. Армэ зыбжанэм я инспектор нэхъыщхьэу щытащ. 1922 гъэм къулыкъум къыхэкІыжащ.

Истамбыл щылІащ.



## ТОЙДЕМИР (ТХЬЭРХЭТ) ДЖАМИЛ
*(1883 – 1953)*



Убыхщ. Истамбыл къыщалъхуащ. ДзэлІхэр щагъэхьэзыр еджапІэ къиухащ (1902).

Балкан зауэхэмрэ Япэрей дунейпсо зауэмрэ хэтащ. 1919 гъэм и накъыгъэ мазэм 5-нэ Кавказ дивизэм и унафэщІ хъуащ. Сивас конгрессыр (1919 гъэ, фокІадэ мазэ) къызэгъэпэщынми егъэкІуэкІынми хэлІыфІыхьащ. Конгрессым и ужькІэ зы мазэ дэкІри, Тойдемир и унэм сулътІаным и правительствэм и лІыкІуэхэмрэ Кемал Мустэфа, Орбай Рауф, Къундыхъу Бекир сымэрэ щызэхуэзауэ щытащ, зэпсэлъэн щхьэкІэ.

Алыдж зэрыпхъуакІуэхэм КъухьэпІэ фронтым щезэуа 10-нэ дивизэр ІэщІэлъащ. Тырку дивизэр зэфІэува нэужь – корпусым, армэм, жандармэ ІуэхущІапІэ нэхъыщхьэм я Іэтащхьэу щытащ. Армэм и генералщ.

Дзэ къулыкъум къыхэкІыжа нэужь, Меджлисым и депутату щытащ.

Истамбыл щылІащ.

## МУДАР (КЪАЛЭ) АУНИ
(1945 – 1994)

Къэбэрдейщ. Амман къыщалъхуащ. Кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэр Заркъэ къалэм къыщиухащ, а IэщIагъэм щыхуеджащ Инджылызми, Америкэми, Тайванми.

1966 – 1986 гъэхэм авиацэм къулыкъу щищIащ – эскадрильем и унафэщIу, кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэм я тхьэмадэу. Зауэ Iуэхухэмкlэ атташеуэ Франджым щыIащ (1986 – 1988). 1993 гъэм Иорданием и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я лIыщхьэ хъуащ.

Генерал-майорщ. Иорданием, Пакистаным, Сирием, Ливаным, Америкэм я орденхэмрэ медалхэмрэ къратащ.

Гу узым илIыкIащ. Сыуелыхь (Иордание) адыгэ жылагъуэм щыщIалъхьэжащ.

## ДЖЕБЕСОЙ АЛИЙ ФУIЭД-ПЭЩЭ
*(1882 – 1968)*



Хьэмэмозу къуажэм (Тырку, Маньяс вилайетым) къыщалъхуащ. Истамбыл дзэлIхэр щагъэхьэзыр академие къыщиухащ (1905). Маршалщ.

Антантэм хэт къэралхэм щезауэм щыгъуэ КъухьэпIэ фронтым и Iэтащхьэу щытащ. Ататюрк и правительствэм Москва игъэкIуа лIыкIуэщ, урыс-тырку зэпсэлъэныгъэхэм хэтащ (1921 гъэм гъатхэпэ мазэм).

Тырку президентым епцIыжауэ ягъэкъуаншэри, политикэ къулыкъум къыхагъэкIащ. Ататюрк лIа нэужь, министр (1939 – 1943), Тырку Меджлисым и тхьэмадэ (1948 – 1950) къулыкъухэр зэрихьащ.

Анкара щылIащ.

## «БЭНЭКIЭМ И ТХЬЭ» ДОГУ (ГЪУКIЭ) ЯШАР
*(1913 – 1961)*

Убыхщ. Самсун вилайетым щыщ Къара-Эмир къуажэм къыщалъхуащ. Дуней псом щыцIэрыIуэ бэнакIуэщ. «Бэнэным и тхьэ» цIэр теIукIауэ щытащ.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ, бэнэкIэ хуитымкIэ Тыркуми (1938 – 1954) Балкан джэгухэми (1940, 1942) текIуэныгъэр къыщихьащ.

Европэм и чемпионщ – бэнэкIэ хуитымкIэ щэнейрэ (Стокгольм, 1946; Прагэ, 1947; Истамбыл, 1949), алыдж-урым бэнэкIэмкIэ (Прагэ, 1947). Дуней псом и чемпионщ (Хельсинки, 1951).



Лондон щекIуэкIа XIV Олимп Джэгухэм (1948) чемпион щыхъуащ, къебэна псори хигъащIэри.

1955 гъэм щыщIэдзауэ Тыркум и бэнакIуэхэм я тренер нэхъыщхьэу лэжьащ. Дуней псом, Олимп Джэгухэм чемпион щыхъуа бэнакIуэ зыбжанэ игъэсащ, абыхэм ящыщщ Къаплъэн Хьэмидрэ Дагъыстанлы Мустэфарэ.

Адыгэ хабзэм ткIийуэ тет, лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ кууэ зыджа цIыхуу щытащ.

Дунейм ехыжа нэужь Самсун щыщIалъхьащ. А къалэм илъэс къэс дунейпсо зэхьэзэхуэхэр щокIуэкI Догу (ГъукIэ) Яшар и щIыхькIэ.

## ЕВРОПЭМ И ЧЕМПИОН, ОЛИМП ДЖЭГУХЭМ ДЫЖЬЫН МЕДАЛЫР КЪЫЩЫЗЫХЬА ЖАНДЕМЫР (ГУГЪЭЖЬ) АДЫЛ

*(1914 – 1979)*





Амасия вилайетым хыхьэ Хьэмэмозу щIыналъэм щыщ Гумушхьэжы къуажэм къыщалъхуащ.

Тыркум и командэ къыхэхам 1938 гъэм къыщыщIэдзауэ хэтащ. БэнэкIэ хуитымкIэ блэнейрэ (1946 – 1952) къэралым и чемпион хъуащ, Ираным, Болгарием, Швецием, Инджылызым, Франджым щекIуэкIа дунейпсо турнирхэм щытекIуащ.

1948 гъэм Лондон щекIуэкIа XIV Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщихьащ. Инджылызым и къалащхьэм щыIа зэпеуэныгъэм килограмм 79-рэ нэс зи хьэлъагъхэм я деж текIуэныгъэр къащыфIихьащ Японием къикIа Нанто, франджы Дюбуа, Австралием щыщ Кенон, Бельгием и лIыкIуэ Оливье, финн Пекколэ сымэ. АрщхьэкIэ кIэух зэIущIэм США-м къикIа Брэнд Генри зы очко закъуэкIэ къыщытекIуащ.

Европэм и чемпионщ (Истамбыл, 1949). Финал някъуэмрэ финалымрэ щытридзащ бэнакIуэ цIэрыIуэхэу Юханссонрэ (Швецие) Стойковымрэ (Болгарие). Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европэм и чемпионатым нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я деж ещанэ увыпIэр къыщихьащ (Стокгольм, 1950).

Тыркум бэнэкIэ хуитымкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщ-

хьэу илъэс куэдкIэ щытащ.

Анкара къалэм дунейм щехыжри, абы щыщIалъхьэжащ.

## ТЫРКУМ БЭНЭКIЭ ХУИТЫМКIЭ ТХУЭНЕЙРЭ И ЧЕМПИОН АНУК (ТIЭШУ) АКРАМ

*(1915 – 1988)*

Самсун къыщалъхуащ. Тырку Республикэм тхуэнейрэ (1944 – 1948) и чемпион хъуащ. Хьэлъагъ псынщIэ зиIэхэм я деж щыбэнащ. Дуней псом и чемпион Акар Нэсихь къабзэу текIуауэ щытащ.

Анкара щылIэри, абы щыщIалъхьэжащ.

## ЕВРОПЭМ И ЧЕМПИОН, ТЫРКУМ МЫЗЭ-МЫТIЭУ ЩЫТЕКIУА МЕРИЧ (МЭЛЫЩ) СЕРВЕТ

*(1918 – 1982)*

Шапсыгъщ. Адапазар щIыналъэм хыхьэ Экиане къуажэм къыщалъхуащ. 1935 гъэм къыщыщIэдзауэ тырку лъэпкъ бэнэкIэм (яглы-гураш) дихьэхащ. Зэрыбанэ Iэмалхэр фIы дыдэу зригъэщIат.

Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж Европэм и чемпион цIэр къыщихьащ (1949).

1962 – 1966 гъэхэм – Польшэм, 1968 гъэм – Финляндием, 1969 гъэм – Тыркум я командэ къыхэхахэм я тренер нэхъыщхьэу щытащ.



## ЕВРОПЭМРЭ ДУНЕЙ ПСОМРЭ Я ЧЕМПИОН ЗАФЕР (АДВЕЙБЭ) ХЕЙДАР

*(1927 – 1994)*

Абазэщ. Болу вилайетым хыхьэ Дюзджэ къалэм къыщалъхуащ. Илъэси 10 ныбжьым иту бэнэным дихьэхащ. Мызэ-мытIэу Тыркум и чемпион хъуащ.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европэм щытекIуащ (Стокгольм, 1952). БэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 79-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дуней псом и чемпион хъуащ (Хельсинки, 1951). БэнакIуэ цIэрыIуэхэу Ираным щыщ Тахтирэ швед Эдстремрэ ятекIуащ. Финляндием щекIуэкIа XV Олимп Джэгухэм етхуанэ увыпIэр къыщихьащ.

## ЕВРОПЭМ И ЧЕМПИОН ЗАФЕР (АДВЕЙБЭ) НУРЕТДИН

*(1918 – 1991)*

Абазэщ. Дюзджэ къалэм къыщалъхуащ. Илъэс 13-м иту алыдж-урым бэнэкIэм дихьэхащ.

Яглы-гураш тырку лъэпкъ бэнэкIэмрэ классикэ (алыдж-урым) бэнэкIэмкIэ Тыркум мызэ-мытIэу и чемпион хъуащ.

Килограмм 62-рэ зи хьэлъагъхэм я деж алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европэм и чемпионщ.

Истамбыл щылIащ икIи абы щыщIалъхьэжащ.

## ДУНЕЙ ПСОМ, ЕВРОПЭМ Я ЧЕМПИОН ЮДЖЕЛ (БИДЭНЫКЪУЭ) ТЕВФИК
*(1927 – 2005)*



Абэзэхэщ. Къарэ-Пынар къуажэм (Кавак щIыналъэ, Самсун вилайет) къыщалъхуащ. Зэрысабийрэ бэнэным дехьэх. И ныбжьыр илъэс 17 хъуа иужькIэ и анэмкIэ и Iыхьлы Анук Акрам и деж Анкара кIуэри, и гъащIэр спортым ирипхащ.

Тыркум IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм, къэралым алыдж-урым бэнэкIэмкIэ мызэ-мытIэу я чемпион хъуащ. Стокгольм 1950 гъэм щекIуэкIа Европэ чемпионатым ещанэ увыпIэр къыщихьащ, ЩIыкурытыхым (Средиземнэ тенджыз) Iус къэралыгъуэхэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ (Каир, 1951). 1951 гъэм бэнэкIэ хуитымкIэ екIуэкIа япэ дунейпсо чемпионатым нэхъ псынщIэ дыдэхэм я деж текIуэныгъэр къыщихьащ. XV Олимпиадэм (1952) жэз медаль щызыIэригъэхьащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым Италием щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэныгъэм етIуанэ щыхъуащ.

1956 – 1957 гъэхэр угъурлыт спортсмен щэджащэм и дежкIэ. А илъэсхэм Венгриемрэ Югославиемрэ щекIуэкIа Европэ чемпионатхэм дыщэ медалхэр къыщихьащ.



Тыркум и командэ къыхэхам хэту 46-рэ утыку ихьащ. 1958 гъэм къыщыщIэдзауэ Бурсэ къалэм и бэнакIуэхэр игъасэу щытащ.

## ДУНЕЙ ПСОМРЭ ОЛИМП ДЖЭГУХЭМРЭ Я ЧЕМПИОН КЪАПЛЪЭН (КIЭКIЫ) ХЬЭМИД
*(1935 – 1976)*



Убыхщ. Хьэмэмозу къуажэм (Амасия вилайет) къыщалъхуащ, «БэнэкIэм и тхьэ» жыхуаIэ Догу Яшар и гъэсэнщ. Тырку Республикэм бэнэкIэ хуитымкIэ пщIэнейрэ (1955 – 1964) и чемпионщ. Польшэмрэ Даниемрэ (1955) щекIуэкIа дунейпсо турнирхэм щытекIуащ.

«Жьэпкъ лъэщ зиIэ, щхьэгъум зыфIэт щIалэ къарууфIэ лъагэщ ар. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым и Iэ лъэщ кIыхьхэм, къапхъэным хуэдэу узэщIэзыубыдэу узэщIэзыкъузэфыну Iэпхъуамбэ къарууфIэхэм. Егъэлеяуэ къаруушхуэ хэлъщ Къаплъэн Хьэмид. И хьэрхуэрэгъухэм ящыщ зыри

лъэщагъкIэ абы зэи къытекIуакъым. Хуабжьу бэшэчт», – апхуэдэу итхащ Преображенский Сергей, тырку бэнакIуэм 1956 гъэм бэнэкIэ хуитымкIэ Дунейпсо кубокыр зыIэри-гъэхьа иужькIэ. Уеблэмэ хьэлъагъ ин зиIэ, Хельсинки щекIуэкIа Олимпиадэм и чемпион Мекокишвили Арсен илъэс 21-рэ фIэкIа ныбжь зимыIэ Къаплъэн Хьэмид хигъэщIауэ щытащ.

Мельбурн щекIуэкIа XVI Олимп Джэгухэм (1956) я чемпионщ. Абы щытридзащ болгар бэнакIуэ цIэрыIуэ Мехмедовымрэ финн абрагъуэ Кангасниемирэ. 1957 гъэм Истамбыл дуней псом и чемпион щыхъуащ. Тегеран (1959), Иокогамэ (1961), Софие (1963) щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэхэм дыжьын медалхэр къыщихьащ.

XVII Олимп Джэгухэм (Италие, Рим) етIуанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ, нэмыцэ бэнакIуэ Дитрих Вильфред финалым къыщыхигъащIэри. КъыкIэлъыкIуэу Токио щыIа Олимпиадэм ещанэ щыхъуащ, Иваницкий Александррэ (СССР) Ахмедов Лютвирэ (Болгарие) япэ иригъэщри.

Къаплъэн Хьэмид и цIэр дыщэ хьэрфхэмкIэ дунейпсо спортым и тхыдэм иратхащ. Щыбанэ алэрыбгъур щибгынар и ныбжьыр илъэс 33-рэ хъуауэщ.

Дюзджэ хьэрычэтыщIэу щылэжьащ. ЦIыхубэм ар къилъытэрт лъэпкъ лIыхъужьу. Автомобиль зэжьэхэуэм Чорум къалэм щыхэкIуэдащ.



## ЕВРОПЭМ, ДУНЕЙ ПСОМ, ОЛИМП ДЖЭГУХЭМ Я ЧЕМПИОН АТАЛАЙ (НАГЪУЭ) МЭХЬМУД

*(1935 – 2004)*



Шапсыгъщ. Джамилбей къуажэм къыщалъхуащ (Аладжэ щIыналъэ, Чорум вилайет). Дзэм къулыкъу щищIэну ираджауэ бэнэн щIидзащ.

Тыркум бэнэкIэ хуитымкIэ пщIэнейрэ (1959 – 1968) и чемпионщ, ЩIыкурытых Iуфэм Iус къэралыгъуэхэм я турнирым щытекIуащ (Бейрут, 1959), Балкан джэгухэм (Афины, 1961; Белград, 1962) килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж пашэныгъэр къыщихьащ.

Европэм и чемпионщ (Манчестер, 1965); ардыдэм тIэунейрэ дыжьын медалхэр къыщихьащ (Карлсруэ, 1966; Истамбыл, 1967).

Дунейпсо зэхьэзэхуэм килограмм 78-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щыбэнащ: Софие (1963) – еплIанэ, Манчестер (1965) – ещанэ, Толедо (США, 1966) – япэ увыпIэхэр къыщихьащ.

Токио щекIуэкIа XVIII Олимп Джэгухэм (1964) еплIанэ щыхъуащ. КъыкIэлъыкIуэу Мехикэ щыIа Олимпиадэм дыщэ медалыр къыщихьащ.

«Робен Даниэл дапхуэдизу псынщIэу банэурэ Аталай иригъэшыну хущIэмыкъуами, мыдрейм франджыр зэщIиубыдэурэ къамылым хуэдэу зэхиIуантIэрт икIи алэрыбгъум ар тридзэрт... Мэхьмуд и хьэрхуэрэгъур хигъащIэ зэпытт, текIуэныгъэр зыIэрыхьэнымкIэ судьяхэр куэдрэ игъэгупсысэу гугъу иримыгъэхьу. Аталай Мэхьмуд фIэкIыпIэншэу дыщэ медалыр къилэжьащ, Робен Даниэл етIуанэу къэнащ», – итхащ СССР-м щIыхь зиIэ и тренер Преображенский Сергей, XIX Олимп Джэгухэм (1968) я чемпионым теухуауэ.

Мехикэ щекIуэкIа Олимпиадэм и ужькIэ пелуан цIэрыIуэр утыку ихьэжакъым. Илъэс 15-кIэ ар тренеру щылэжьащ Анкара щыIэ спорт клубымрэ къэралым и командэ къыхэхамрэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, «Черкесское зарубежье» газетым и редатор нэхъыщхьэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

# Лъэпкъым и малъхъэдис



Хэти зэрищIэщи, акъылым и лъабжьэр бзэрщ. Абы ди гъащIэм щиIэ мыхьэнэр къэIуэтэгъуейщ. Петр Езанэм Урысей ЩIэныгъэ академиер къыщызэIуихым итха указым япэу зи цIэ къриIуар бзэрщ. Ар джынми, егъэджынми, тхылъхэр къыдэгъэкIынми, ахэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэдзэкIынми гулъытэ хэха щыхуищIащ а унафэм. Хэкум ис адыгэхэми хамэ къэрал щыпсэухэми нобэ нэхъ зыхащIэ хъуащ анэдэлъхубзэр зэраIэщIэкIыр. Абы иригузавэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Адыгэбзэр зэрыхуа щытыкIэм зэпымыууэ топсэлъыхь газетхэр, радиор, телевиденэр, парламентхэм, школхэм, университетхэм абы теухуа псалъэмакъ щIэхщIэхыурэ къыщаIэт. Утыкум къихьащ я IэщIагъэкIэ адыгэбзэм, литературэм пэжыжьэхэри. Абыхэми я жагъуэ тщIыну дыхуейкъым, фIы ягу илъщ, лъэпкъым и Iуэхум ирогузавэри, ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым хамэ псалъэжь «Жыхьэнмэм узышэ гъуэгур мурадыфIкIэ сеящ» жыхуиIэр. Абы къикIыр фIы пщIэ уигугъэурэ зэран узэрыхъуфынурщ. Адыгэбзэм пыщIа Iуэхухэмрэ абы хэлъ лъэпощхьэпохэмрэ я унафэ зыщIыфынур уэрамым щытепсэлъыхьхэрауэ къыщIэкIынкъым, атIэ къэрал къулыкъущIэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэщ. ЧэнджэщакIуэхэр куэдыIуэ мэхъу.

Илъэс щитI ипэкIэ псэуа си адэшхуэ БакIуу Алий (абы и цIэр зэрехьэ Хьэгъундыкъуей къуажэм и ижьырабгъумкIэ узыIуплъэ «БакIуулий» мэзым) и бынхэм яжриIауэ яIуэтэж: «Зыми фи чэнджэщ евмыхьэлIэ, Iейуэ къывэмылъэIуауэ». А псалъэхэм сэ мызэмытIэу себэкъуэну къысхуихуащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нобэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щытыкIэ гугъум ихуащи. Сэ езыр адыгэбзэм сыхуеджащ, илъэс куэдкIэ ар щезгъэджащ щIэныгъэ ищхьэ щрагъэгъуэт еджапIэм. Университетым нэхъыбэу лекцэ сакъызыхуеджар урыс литературэм, абы и теорием, хамэ къэрал литературэхэм ятеухуауэ Iэщlагъэ зэзыгъэгъуэтхэращ. Абыхэм гугъу садехьащ, ауэ псом нэхърэ нэхъ сызэлIэлIар адыгэбзэр егъэджынырагщ. Абы и щхьэусыгъуэр куэд мэхъу: адыгэбзэр зэраджа, къызэрахута, ар зэрегъэджын хуей лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зэрытхар урысыбзэщ, абыхэм я нэхъыбэм зыкIи зэтемыхуэ урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ я принципхэр щызэхагъэзэрыхьащ (псом хуэмыдэу синтаксисым), терминологием и нэхъыбапIэри, «точкэм» деж къыщыщIэдзауэ «приложенэ», «определенэ» жыхуиIэм щыщIитIыкIыжу къызэрагъэщIар хамэбзэщ. Пэжщ, термин псори адыгэ псалъэ пхуэщIынукъым, ауэ адыгэ тхыбзэр яухуэу ар джын щыщIадзам абы елэжьахэм зыкъомкIэ я ягъэщ терминологием адыгэбзэ мащIэ фIэкIа зэрыхэмыхьар. Бзэм щIэуэ термин

къыщыхыхьэкIэ ар зыфIэмыкъабылхэр къахэкIынущ. Къапщтэмэ, Карамзин «промышленность» псалъэр япэу къыщигъэсэбэпам щыдыхьэшхащ. Нобэ абы и къуэпсхэр урысыбзэм щиукъуэдиящ. Егупсысауэ икIи тегушхуауэ къэщтэн хуейщ псалъэщIэхэр, хьэрэм пщIы хъунукъым бзэм хэзэгъа хамэ псалъэхэри.

Бзэм и лэжьэкIэм, и зыужьыкIэм, ар егъэджыным къыдэкIуэ Iуэху зэIумыбзхэм ищIыIужкIэ шынагъуэ нэхъ иныжхэри къыкъуэкIащ иужьрей илъэсхэм. Дунейпсо экономикэмрэ ди псэукIэмрэ кIуэ пэтми тепщэ щохъу «глобализацэ»-р. Мыр нобэ къежьа Iуэхукъым. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ къэралхэр зэпоуэ, зоныкъуэкъу я экономикэр, я Iуэху зехьэкIэр зым ейм нэхърэ адрейм япэ ирагъэщыну. Бзэри, литературэри, культурэ псори экономикэм и жьауэм щIэтщ. Нобэ Америкэм и жыхафэгум къыщоудж ахъшэ зиIэ псори. Дунейм тепщэ щохъу инджылызыбзэри. 1918 гъэм нэсыху «дунейпсо бзэуэ» къалъытэу щытар франджыбзэрт (Париж культурэм, модэм я хьэмтетыгъуэти), ауэ Инджылыз Империем, итIанэ Америкэм я экономикэм я фIыщIэкIэ инджылызыбзэр тепщэ хъууэ щIидзащ. Апхуэдэу я пщIэр нэхъ ин хъуащ испаныбзэм (къэрал 23-м щыпсэу цIыху мелуан 500-м нэс абы иропсалъэ), нэмыцэбзэм, урысыбзэм, китаибзэм, ауэ дунейм тет адрей бзэ минихым нэсым я къэкIуэнур щIагъуэкъым. Нэхъыбэр кIуэдыжынущ. Абыхэм яхэтщ адыгэбзэри.

Сыт Iэмалу диIэр а къытхуэкIуэ Iуэху шынагъуэм дыпэщIэтын папщIэ? Пщэдейрей гъащIэм сыткIэ дыхуэхьэзыр? А Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ ди къэралми (Налшык, Грознэм, Назрань, Мейкъуапэ, Теберда, Владикавказ) ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу Тыркуми (Анкара, 2003), Иорданиеми (Амман, 2008) щекIуэкIа щIэныгъэ конференц зыбжанэм сыкъыщыпсэлъащ, бзэм теухуа комиссэхэми сыхэтащ. Абы къиша гупсысэ гуэрхэр утыкум къислъхьэну сфIэигъуэщ. Акъыл зэхэдзэм сэбэп къишэ хабзэщ. Iуэху еплъыкIэ пэжыр занщIэу уафэм къехуэхыркъым, атIэ ар убзыхуа щыхъур апхуэдэ конференцхэм щIэныгъэлIхэр щызэдауэ-щызэчэнджэщурэщ. IэщIыб щIын хуейкъым бзэм хуемыджахэм жаIэри — адыгэбзэр лъэпкъым и зэхуэдэ мылъкущ. Апхуэдэу щытми, жаIэ псоми Iуэхур тепщIыхьмэ, лъэпкъым сэбэп къыхуихьыну фIэщщIыгъуейщ. Абы и щапхъэу къэтхынщ ди алфавитым илъэс Iэджэ хъуауэ иращIылIа псалъэмакъыр. Ар зэм мэужьыхыж, зэми къызэщIэроуэж. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм къащохъу хьэрф зэгуэтхэр ди бий нэхъыщхьэу, ахэр димыIэжмэ, псори «насыпыфIэ» дыхъуну.

Тхыбзэр цIыхум къигупсыса ди хъугъуэфIыгъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Ар адыгэм щызригъэгъуэтар гувауэщ, аращ ди тхыдэр нэсу, пэжу джа щIэмыхъуари, къэрал щIэдмыухуэфари. Адыгэхэр куэд дыдэ щIауэ щIэхъуэпсырт тхыбзэ къызэрагъэпэщыну икIи абы хуэхьэзырт, ауэ сыт щыгъуи зэран хъурт кIэ зимыIэж зауэхэр. ЦIыхухэр зэхэзехуэн ящIырт, я псэукIэр, щыпсэу щIыпIэхэр щIэхщIэхыурэ яхъуэжын хуей хъурт. Аращ ди псэуалъэхэри «тырлыку» (чий) архитектурэм хуэзыгъэкIуари (а зэманым адыгэ ухуакIуэхэм унэ гъуэзэджэхэр щащIырт Египетым, Украинэм, Урысейм). Адыгэхэм тхыбзэ ямыIами, хамэбзэхэр къагъэсэбэпырт. Доминиканым щыщ Юлиан 1340 гъэм адыгэхэм я деж щыIа нэужь итхыжащ: «Князь и народ называют себя христианами, имея греческое пи-

сание и греческих священников» (Адыгэ энциклопедие. М., 2006, 687 н.). Иужьрей лъэхъэнэхэм къагъэсэбэпащ тэтэрхэм, хьэрыпхэм, урысхэм я тхыбзэр, адыгэбзэм ейр яухуэу щыщIадзар епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэрщ. Ауэ ар цIыхубэм ящIэ, ядж, иритхэ щыхъуар Совет лъэхъэнэрщ. Псоми зэращIэщи, тхыбзэм къежьапIэ хуэхъур алфавитырщ. Адыгэхэм нэхъри нэхъ алфавит куэд зэхэзылъхьа щыIэу къыщIэкIынкъым. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм Грацилевский И. урым зэрыбым (1829 гъэм), Нэгумэ Шорэ хьэрып зэрыбым тету адыгэбзэм и алфавит зэхалъхьауэ щытащ. Урыс графикэм тещIыхьа алфавитым елэжьащ Услар Пётр, Бырсей Умар сымэ. 1891 гъэм Лопатинский Лев зэхилъхьэгъащ «Урыс-Къэбэрдей псалъалъэмрэ», «Къэбэрдей грамматикэмрэ». Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэми къахэкIащ адыгэ тхыбзэ къызэрагъэпэщыну яужь итахэри. 1909-1910 гъэхэм Тыркум щыпсэуа Пчыхьэлыкъуэ Мухьэмэд алфавиту тIу, хьэрфылъэ я гъусэу, зэхилъхьауэ щытащ.

Езыхэм я алфавит зэхалъхьат Хъан-Джэрий, ПащIэ Бэчмырзэ сыми, нэгъуэщI Iэджэми. Ахэр лъэужьыншэу къэнакъым, ауэ я лэжьыгъэр нэсу цIыхубэм хапщэфакъым тхыдэм и къэгъэшыпIэ быркъуэшыркъуэ гущIэгъуншэхэм я зэранкIэ.

Коммунистхэм, сыт хуэдиз хужамыIами, абыхэм фIыуэ ялэжьар зыщыгъэгъупщэн хуейкъым. Къапщтэмэ, Урысейм лъэпкъыу исым я бзэхэм зрагъэужьри цIыхухэм, инми цIыкIуми, еджэкIэрэ тхэкIэрэ ирагъэщIащ. Адыгэ тхыбзэр япэщIыкIэ траухуащ хьэрыпыбзэм и алфавитым, Iуэхур хьэрыпыбзэ зыщIэ ефэндыхэм тращIыхьри къурIэн еджэ дэтхэнэми сэбэп хуэхъуну къалъытащ. Псори хъарзынэу екIуэкIырт, ауэ 1925 гъэм тхыбзэр зытет хьэрып хьэрфхэм къытрашри латиным хуагъэкIуащ. Абы зыкъомрэ тетри, 1936 гъэм СССР-м ис лъэпкъхэм я тхыбзэр урысхэр зэрытхэ кириллицэм и графикэм трагъэуващ. Зэман кIэщIым ерагъыу зэрагъэпэща адыгэ тхыбзэр щэнейрэ яхъуэжащ. Абы, зэрыгурыIуэгъуэщи, фIы лъэпкъ къишакъым. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр адыгей тхакIуэ Iэзэ Еутых Аскэр и романхэм ящыщ зым и персонаж гуэрым мыпхуэдэу гушыIэу жригъэIащ: «Ди къуажэм дэсхэр пщыхьэщхьэкIэ тхэкIэрэ еджэкIэрэ ящIэу гъуэлъыжхэрт, ауэ пщэдджыжькIэ зы хьэрф ямыщIэу къэушыжхэрт».

Иужьрей урыс графикэр, шэч хэмылъу, политикэм епхат, ауэ, дапхуэдэу мыхъуами, кириллицэр адыгэбзэм нэхъ тегъэпсыхьауэ къыщIэкIащ. Кириллицэм иIэ дамыгъэхэр, хьэрфхэр, хьэрып, латин тхэкIэхэм нэхърэ нэхъыбэщ. Апхуэдэу щытми, кириллицэм и хьэрфхэр адыгэ макъхэм я бжыгъэм хурикъуакъым. Ахэр нэхъ зэпэгъунэгъу зыщIар хьэрф зэгуэтхэрщ. Ари тхъэжу къагъуэтакъым. Алфавит системэм и хьэрфхэм уикIмэ Iуэху мыщхьэмыпэ Iэджи къыкъуэкIынут, ахэр зэрытрадзэ машинкэхэм, иджы компьютерхэм къыщыщIэдзауэ газет, журнал, тхылъ къыдэгъэкIыным я деж щиухыжу. Ди тхыбзэм зиужьын папщIэ абы къарурэ зэфIэкIыу иIэр езыхьэлIа Яковлев Н. Ф. щхьэкIэ Къумахуэ Мухьэдин жиIащ: (Ар зэдмыдзэкIыу, зэритха дыдэм хуэдэу къыдохь) «Ныне действующие адыгские алфавитные системы не такие уж примитивные изобретения. Яковлев был признанным в мире высококлассным специалистом по общей и адыгской фонетике. Может показаться парадоксальным, но адыгские системы письма выгодно отличаются своей

системностью от архаичных и трудных систем изображения живой речи письменными знаками во многих старописьменных языках, в том числе английском и французском, в которых один звук может передаваться разными буквами».

Псом япэ къыжыIэпхъэщ адыгэ-абхъаз бзэ гупым макъ дэкIуашэу къагъэсэбэпыр егъэлеяуэ зэрыкуэдыр. Ар зэ еплъыгъуэкIэ бзэм и къулеягъэщ, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, лъэпощхьэпо куэд къэзышэ Iуэхущ. Убыхыбзэм фонемэ дэкIуашэу 80 иIэщ, ар дуней бзэуэ тетым яIэм нэхърэ нэхъыбэщ. Абы куэдкIэ къыкIэрыхуркъым абхъазыбзэмрэ абазэбзэмрэ, бжьэдыгъу диалектым фонемэ дэкIуашэу 65-рэ хэтщ, адыгей литературэбзэри (кIэмыргуей диалектым тетщ) къэбэрдей-шэрджэсыбзэри макъкIэ пэрытхэм хабжэ. Аращ дамыгъэ мащIэ зиIэ хьэрып графикэри, латиныбзэм и хьэрфхэри адыгэбзэм щIефэгъуэкIыр.

Адыгэхэм ягъэунэхуа алфавитхэм ящыщу ди макъхэм нэхъ хуэкIуэр кириллицэращ. Абы хузэфIэкIащ дамыгъэ лей хэмыхьэу адыгэ тхыбзэр шэрыуэу игъэлэжьэн. Зы хьэрф щIэгъэкъуэн закъуэщ лейуэ къыигъэсэбэпар, ар «апостроф» жыхуэтIэ дамыгъэрщ. Кириллицэр нэхъ зэрыпэгъунэгъур къалъытэри, абы техьауэ ди къэралым ис адыгэ мин 800-м нэс абы иротхэ илъэс 90-м щIигъуауэ. Ар лъэ быдэкIэ хыхьащ ди гъащIэм. А алфавитыр лъабжьэ зыхуэхъуа адыгэбзэр щадж курыт еджапIэхэм, университетым. Бзэм елэжь щIэныгъэлIхэр, докторхэр, профессорхэр ди куэдщ, университету щым къыщIагъэкI адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр. АдыгэбзэкIэ театру щы мэлажьэ (Черкесск, Мейкъуапэ, Налшык). ЩыIэщ методикэм елэжь институтуи щы, адыгэ кафедрэхэр, тхылъ тедзапIэхэр, адыгэбзэкIэ къэрал газету щы къыдокI, зиужьащ ди литературэми. А псори IэщIыб пщIыуэ иджы нэгъуэщI алфавит къапщтэмэ, лъэпкъыр зытекIуэдэну гъуэгуанэ тепшэу аращ. Мы Iуэхум теухуа псалъэмакъыр совет зэманым, 90 гъэхэм, къежьауэ щытащ. Ар къызыхэкIар хьэрф зэгуэт къызэрыдгъэсэбэпырщ. Хэкурыс гуэрхэм 2003 гъэм ирахьэжьа псалъэмакъым дежьууэ хуежьащ Тыркум ис адыгэхэри. Псоми зэращIэщи, Тыркум адыгэ нэхъыбэ щыIэщ, ахэр мелуан зыбжанэ мэхъу, ауэ илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ хъуауэ хуитыныгъэ ямыIэу дэкъузауэ яIыгъа, хамэ хэгъуэгум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм иджыри къэс яIакъым езыхэм я тхыбзэ. Дэри, иджы дыдэ щIэуэ къащта хабзэм — адыгэбзэр школхэм Iэмал имыIэу щегъэджыным и пIэкIэ хуэмейхэр хагъэзыхьыну хуимыту ягъэувам — ди бзэм и пщIэр хуабжьу ириудыхынущ. Ириудыхыу къигъэнэжтэмэ ди насыпт — хигъэкIуэдэжыпэнущ! Иужьрей илъэсхэм Тыркур Европэм гъунэгъу зыхуищIу абы и структурэхэм хыхьэну хэтщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм наIуэ ищIащ Европэмрэ Тыркумрэ лъэпкъ политикэм, демократием, хуитыныгъэм зэреплъыр зэрызэтемыхуэр. Тырку къэралыгъуэжьым и унафэщIхэм адыгэхэм «хуитыныгъэ Iыхьэ» тIэкIу къратыну мурад ящIащ, телевиденэм зэман тIэкIу щыхухахащ, бзэм и Iуэхури утыку кърахьащи, щIамылъэфыжыну Тхьэм къыщIигъэкI.

Адыгэхэм я бзэм и къэкIуэнум теухуауэ 2003 гъэм Анкара щIэныгъэ конференц ин щрагъэкIуэкIати, абы къыщаIэтауэ щытащ тхыбзэм и Iуэхури. Урысейм щыщу абы дагъэкIуат: Благъуэжь Зулкъарней (Адыгей республикэ), БищIо Борис (Къэбэрдей-

Балъкъэр), сэ Къэрэшей-Шэрджэсым срилIыкIуэу. Апхуэдэу абы хэтащ Сирием, Иорданием, Голландием къикIа еджагъэшхуэхэри. Тыркум ис адыгэхэр къэуващ латин графикэм фIэкIа нэгъуэщIым я тхыбзэр трамыгъэувэну. Мыр тыркум щыпсэу адыгэхэм я закъуэ ятепщIыхьмэ, хъунущ. Хьэрып къэралхэм исхэм — хьэрып графикэм, Урысейм исхэм — кириллицэм. Къэрал куэдым щикъухьа адыгэ псоми ятепщIыхьмэ, ахэр зы бзэкIэ псалъэу икIи тхэуэ къызэбгъэпэщыну уи мурадмэ, сэ сызэреплъымкIэ, алфавитыр кириллицэм къытенэн хуейщ. Си гъусахэми, Сириемрэ Иорданиемрэ къикIахэми ар къыздаIыгъащ.

Тыркум и лIыкIуэхэмрэ дэрэ махуищкIэ дызэдэуащ, ахэр латиницэм, дэ кириллицэм дрателъхьэу. Ди ныкъуэкъуэгъухэм я Iуэхур политикэм епхауэ зэрыщытыр наIуэт, абыхэм я нэхъыбэм адыгэбзэ ящIэми, щIэныгъэлI яхэттэкъым, я лэжьыгъэкIэ бзэ Iуэхуми пэжыжьэт.

Хамэ къэралхэм щыпсэухэм къафIэIуэхутэкъым илъэс 90-кIэ зэдгъэпэща литературэр, лъэпкъ театрым игъэува спектаклхэр, бзэр зэрадж методикэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ Iэджи зэрытфIэкIуэдынур. «ЩоджэнцIыкIу Алий и усэхэр, поэмэхэр зэрывджынур сыт хуэдэ тхыбзэ?» — жысIэри захуэзгъэзати, жэуап тэмэм къасхупыхакъым. Иджыри къэс адыгэбзэкIэ тхылъу къыдэкIар щIэрыщIэу къыдэбгъэкIыжынур Iуэху джэгукъым. Ар тхузэфIэмыкIыу утыкум дыкъинэнущ.

Ди зэманым латин тхэкIэр «модэ» хъуащ. Къэзан тэтэрхэри хэтащ я тхыбзэр абы трагъэхьэну, куэдри зэдэуащ, лъэныкъуитI зэрыгъэхъури. ИкIэм-икIэжым тэтэр тхыбзэм и Iуэхур Къэрал Думэм нэсри, хабзэкIэ кириллицэм къытранащ. Къытезгъэзэжынщи, Тыркум щыпсэу адыгэхэм псом хуэмыдэу ди алфавитым нэхъыщхьэу дагъуэ хуащIыр хьэрф зэгуэтхэр къызэрыдгъэсэбэпыращ. Пэжщ, ар ныкъусаныгъэ цIыкIукъым, ауэ нэгъуэщI лъэпкъышхуэ зыбжанэм я алфавитхэми хэлъщ мымащIэу апхуэдэ мыарэзыныгъэхэр къэзышэхэр. Хьэрф зэгуэтхэр къагъэсэбэп франджыхэм (Renaue — Рено), нэмыцэхэр я къэралым зэреджэ псалъэм хэт «ч»-р хьэрфиплIу зэхэтщ. Инджылызхэр зэрытхэмрэ къызэреджэмрэ апхуэдизу зэщхьэщокIри, езыхэм ауан защIыжу псалъэжь яIэщ: «Манчестер жиIэу тхамэ, Ливерпулу укъоджэ». Ныкъусаныгъэ ин дыдэ иIэщ илъэс минитху хъуауэ китайхэр зэрытхэ алфавитым (Абы я иероглифыр дамыгъэрэ сурэту зэхэгъэшыпсыхьащ), ауэ ахэр зэи иужь ихьакъым ар яхъуэжыну, сыту жыпIэмэ, адрей зыгуэрхэм хуэдэу, я блэкIам елъэпауэркъым. Гугъу дехьу бзэр зрагъащIэми, тхыбзэм зегъэужьыныр зэи зэпагъэуакъым, курыт еджапIэхэм щIэсхэм зрагъэщIащ иероглиф минрэ ныкъуэрэ. Алфавитыр гъэмахуэщIымахуэ щыгъынкъым, и чэзур икIыу пхъуэжыну. Иджырей техникэми къищтэркъым зы системэм имызагъэ графикэр, дамыгъэлейхэр, алфавит зэхуэмыдэхэм къыхахыурэ, зэхэгъэувэныр.

Тыркум щекIуэкIа конференцымкIэ дгъэзэжынщи, дыщызэгурымыIуэм (30 гъэхэм ди деж латиныр лъабжьэ зыхуэхъуауэ щытам зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьащ) дызэбгрыкIыжащ, ауэ ди лъэпкъэгъухэм делъэIуащ Iуэхур политикэм трамыщIыхьу адыгэ псоми нэхъ къахуэщхьэпэн кириллицэр къыхахыну. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди еплъыкIэр пхагъэкIащ.

Хэхэс адыгэхэм я бзэр щIыхэкIуэдэжыр алфавитым и закъуэкъым, атIэ адыгэбзэр егъэджыныр къэрал Iуэхуу зэрыщымытырщ. Хасэхэм я къарукIэ мыр тэмэму зэфIэха хъунукъым. Тыркум щыIэ къуажэхэм дэс адыгэхэм я анэдэлъхубзэр нэхъ яхъумати, ари хокIуэдэж. Иужьрей илъэс тIощIым къалэм куэд Iэпхъуащ. А къэралым щыпсэухэр куэдкIэ нэхъыбэщ хэкум къинам нэхърэ, ауэ абыхэм ящыщу адыгэбзэр зыщIэжыр мащIэ дыдэщ. Иджы, икIэм-икIэжым, адыгэбзэр яджыну хуит ящIами, нобэ сабийуэ 10-12 хуэдиз нэхъ мыхъуми зыщIэхуэн класс къахузэгъэпэщыркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм икIахэу Тыркум егъэджакIуэ зыбжанэ щыIэщ, класс гуэрхэри зэхуашэсащ, ауэ ар иджыри нэсу зэтрагъэуваупэ пхужыIэнукъым. «Гугъэр адэжь щIэинщ», жи, дыпэплъэнщ ди лъэпкъэгъухэм Iуэхур тэмэму зэтраублэну. Дэри, Хэкужьым исхэр, абыхэм защIэдгъэкъуэфынущ, ауэ Iуэхур зэIузэпэщ зыщIыфынур ахэр зыщыпсэу къэралхэрщ. ЕджапIэ, программэ яIэу, кадрхэр ягъэхьэзыру, а Iуэхум къэралым ахъшэ тригъэкIуадэу щымытмэ — адрей псори, зэрыжаIэщи, «нэфгъэжейщ». А къэралхэм ис лъэпкъ псори езыхэм я бзэм зэрыхуэсакъым хуэдэу адыгэбзэми хуэсакъын хуейщ. Дэнэ къэрал щымыпсэуми, адыгэхэм ар къалэжьащ. ТелевиденэмкIэ къафэ къэбгъэлъагъуэкIэ адыгэм я бзэри, культурэри хъума хъунукъым икIи зиужьынукъым. Адыгэхэм зыхэс лъэпкъхэм куэд хуащIащ, генерал, къэрал лIыщхьэ хъуахэщ, тхакIуэу, еджагъэшхуэу къахэкIари мащIэкъым. Ахэр псори а къэралхэм хьэлэлу яхуэлэжьащ, ноби яхуолажьэ.



Хэхэсхэм ящыщ куэд Къэбэрдей-Балъкъэрым къокIуэ щеджэну, къаухри дохутыр, экономист, юрист хъуауэ ягъэзэж. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуеджэн къакIуэркъым. Апхуэдэу щIыщытми щхьэусыгъуэ иIэщ. Ар хэхэсхэм я деж курыт еджапIэм адыгэбзэр зэрыщрамыгъэджырщ. Щрагъэджатэмэ, ди университетым абыкIи щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтынти, ягъэзэжмэ, я деж адыгэбзэр щрагъэджыжынт.

Иджыри зы Iуэхугъуэ, узыфIэкI мыхъуну. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм сыт хуэдэ адыгэбзэ къыхахынур? Адыгеибзэра хьэмэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэра? Сыт хуэдэ диалектыр нэхъ тынш? Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, зи бзэр зымыщIэжыххэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэр нэхъ тыншу яджыфынущ. Абы хэкужьым исхэм я нэхъыбэр иропсалъэ (къэбэрдейхэр, шэрджэсхэр), абы и диалектыр гурыIуэгъуейкъым. Нэхъ зэфIэува, нэхъ дагъуэншэхэм ящыщщ беслъэней диалектри. Ари къэбэрдеибзэм щIагъуэкIэ къыщхьэщыкIыркъым. Къэбэрдеибзэм и макъхэр нэхъ мащIэщ. ИтIанэ, Налшык къалэм адыгэ нэхъыбэ дэсщ, адыгэбзэри нэхъ хъума щыхъуащ. А псоми егупсысауэ нэхъ хэкIыпIэфI хъунур къыхэхамэ, мынэхъыфIу пIэрэт, жызоIэ.

Хэхэсымрэ зи хэку исыж адыгэ щIалэгъуалэмрэ нэхъ зэпыщIащ, телефонкIэ зопсалъэ, смс-хэр зэхуагъэхь, зэхуотхэ интернеткIэ. Этносыр зэрыгъуэтыжыну хуеймэ, кириллицэр къигъэсэбэпыпхъэщ. ЗэпэIэщIэ дыхъуху, глобализацэм нэхъ псынщIэу игъэкIуэдынущ ди бзэри, ди хабзэри, тхыдэри, литературэри.

Бзэм щIэх-щIэхыурэ ихъуэжыр и макъхэракъым, грамматикэракъым, атIэ лексикэращ, псалъэхэращ. ПсалъэщIэхэр, терминкIэ дызэджэхэр, адыгэбзэм къыщыхыхьэм деж егупсысын хуейщ: а

псалъэр дауэ щылэжьэну адыгэ псоми я деж? Зы гупсысэр псалъэ зэхуэмыдэкIэ Тыркум, Сирием, Иорданием щыпсэу адыгэхэм къагъэсэбэпмэ, абы лъэпкъыр нэхъри зэпэIэщIэ ищIынущ. Щапхъэу къэтхьынщ мазэцIэхэм зэреджэр. Мы фIэщыгъэхэр махуэ къэс зыбжанэрэ къагъэсэбэп. Тыркубзэмрэ хьэрыпыбзэмрэ мазихым я цIэхэр щызэтохуэ. Абыхэм ящыщу «май»-р бзэуэ дунейм тетым я нэхъыбэм хэтщ: инджылызми, франджми, нэмыцэми, урысми, тыркуми, хьэрыпми, адыгэм я бзэми. Адыгэхэр мазэ псоми зэреджэр урысым хуэдэ дыдэу къащтэри иджыри къэс лэжьащ, зыкIи зэран хъуакъым: январь, февраль, март, апрель, май, июнь, июль, август, сентябрь, октябрь, ноябрь, декабрь. Ахэр Урысейм щыпсэу адыгэ псоми гукIэ ящIэ, ахэр хыхьащ бзэм, литературэм, щIэныгъэм. А фIэщыгъэхэр хэтщ дунейм щытепщэ бзэхэми. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым дэ Урысей къэралыгъуэшхуэм и зы Iыхьэу дызэрыщытыр, ди щIэблэр курыт еджапIэхэми университетхэми зэрыщеджэр. Радиор, телевиденэр, газетхэр, тхылъхэр къызэрыдэкIри а урысыбзэ дунейм щынэхъ инхэм хабжэрщ. Адыгэ газет закъуэмрэ зы журналымрэ «бадзэуэгъуэ, шыщхьэуIу, мэкъуауэгъуэ» жиIэу тебдзэкIэ сабийхэм махуэ къэс зэхах, урысыбзэкIэ къагъэсэбэп мазэцIэхэр хыфIадзэу цIыхубэ календарым хуэкIуэжыну фIэщщIыгъуейщ, сыту жыпIэмэ «интернациональнэ» псалъэ хъуа, илъэс 80-кIэ къэдгъэсэбэпа терминхэр гъэкIуэдыгъуейщ. Пасэм адыгэхэр мазэцIэхэм зэреджэу щытар бзэм хэгъэхьэжын щIэзыдзахэм, дауи, мурадыфI яIэщ, ахэр адыгэбзэм и къабзагъэм ирогузавэ, ауэ бзэм хэзэгъа терминхэр псори Iумпэм щIыныр Iуэхум къезэгъыркъым. ЗэхъуэкIын хуейр «нэм къыщIэуэхэрщ», псалъэм папщIэ, «Малэ Зеленчук» (КъШР-м щыщ Ботэщей къуажэм зэреджэрщ), «Верхнэ Акъбаш», «Нижнэ Акъбаш», «Старэ Черек»), н.къ. хьэдэгъуэдахэхэрщ. Мыхэр зэхэзыхым къыфIэщIынущ ди бзэм «Ипщэ», «Ищхъэрэ» жыхуиIэхэр хужымыIэу, къыхуэмыгъэлъагъуэу.

Дэ псалъэ куэд диIэщ, зы макъ зэпхъуэкIмэ зэхуэдэ хъууэ. Псалъэм папщIэ, адрей диалектхэми шэрджэсхэми «гупщысэ» жыдоIэ, ауэ а псалъэр къэбэрдейхэм зэрахъуэкIащ «гупсысэкIэ», щызэрахъуэкIари совет лъэхъэнэрщ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэми жаIэр «гупщысэщ». Адыгэ псалъэжьми зэрыхэтыр апхуэдэущ: «Гупщыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс». Щапхъэхэр гъунэжщ.

50 гъэхэм елъытауэ нобэ адыгэбзэм фIыуэ зиужьащ. А зэманым къагъэсэбэпу щыта урыс псалъэхэу: народ, поэт, стиххэр, нэгъуэщI куэд адыгэ псалъэм хуэкIуащ. Лейуэ къэдгъэсэбэпу щыта суффиксхэри адыгэ псалъэхэм пыхужащ, псом хуэмыдэу «ский» жыхуиIэр. Советскэ Союзыр — Совет Союз, Коммунистическэ партыр — Коммунист парт хъуахэщ, я мыхьэнэри къызэтенащ.

Хамэбзэхэм къыхэкIа псалъэхэр иужьрей илъэсхэм жыджэру зэрахъуэкI хъуащ адыгэ псалъэхэмкIэ е адыгэу къащыхъухэмкIэ. Ар япэ игъэщын хуей Iуэхуу си гугъэкъым. Дэ дызытегузэвыхьыпхъэр нобэ дунейм къытехьэ гурыIуэгъуэщIэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я фIэщыгъэхэр бзэм хэдгъэзэгъа зэрыхъунырщ, армыхъумэ псалъэ къэдгъэIурыщIар хэддзыжынырkъым, зэхъуэкIынырkъым. Лейуэ къысщохъу «культурэ», «район», нэгъуэщI псалъэ зыбжани IэщIыб зэрытщIар. Тырку псалъэ «куейр» сыткIэ нэхъыфI дызэса «район»-м нэхърэ? А псор къыщIэхъур терминологием кIэлъыплъ

комиссэ е нэгъуэщI орган хэха зэрыдимыIэрщ. IэщIагъэлIхэм, бзэм елэжь щIэныгъэлIхэм я Iизыныншэу псалъэщIэхэр хэгъэхьэн хуейкъым IуэхущIапIэхэм, еджапIэхэм, прессэм щылажьэхэм я бзэм. Адыгэбзэм и лексикэм и зыужьыкIэр зыми и нэIэ щIэткъым, аращ «сэ фIэзмыгъэжар хьэрэмщ» жызыIэхэр нэхъыбэ щIэхъур. Адыгэбзэм и блэкIам, абы и зыужьыкIэм зэран хуэхъухэр сэтей къэщIауэ и къэкIуэнум дытемызашэу дытелэжьэн хуейщ.

Адыгэбзэм и дыгъуасэм уриплъэжмэ, Урысей Империем дыщыхэсам дэри, хэхэс адыгэу хамэ къэралхэм нобэ щыпсэухэм хуэдэу, дыщытащ, «ди гур пхъэуэ, ди лъэр пхъэм дэнауэ». Алфавит, тхыбзэ щIыпIэ гуэрхэм щызэхалъхьэрти, щIэблэр щрагъаджэрт, ар къызэзыгъэпэщхэр «меценат» жыхуаIэ цIыху жумарт закъуэтIакъуэхэрат е хасэхэрт. Зэпымыууэ ахэр, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу, Iуэхум яужь итыфыртэкъыми, а лэжьыгъэр зэпыурт. Адыгэбзэр, СССР-м хиубыда адрей лъэпкъхэм яйм хуэдэу, ядж щыхъуар совет лъэхъэнэрщ. Абы щыгъуэм сабийхэм я анэхэм зыри еупщIыртэкъым нобэ хуэдэу: «Уи сабийм адыгэбзэ ебгъэджыну ухуей?» — жаIэу. Революцэм и ужькIэ 20-30 гъэхэм ирагъэкIуэкIа «Культурэ революцэм» и фIыгъэкIэ школхэм щеджэм нэмыщI балигъхэри хагъэзыхьурэ тхэфу, еджэфу ягъэсащ. Совет лъэхъэнэм кърахьэжьа IуэхуфIхэм нобэрей капиталистхэм кIэрагъэхуурэ макIуэ.

Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкIэ адыгэхэр зэпэIэщIэ ящIри, — тхыбзэ ямыIэу, диалектхэр зэлъэмыIэсу, псалъэкIэ зэмыхъуажэу зэман куэд дэкIащ. Къэбэрдеймрэ КIахэмрэ (иджы Адыгей жыхуэтIэмрэ) пасэ дыдэу зэпэIэщIэ хъуащ, езы Къэбэрдейми 1804-1822 гъэхэм къуажэ 62-рэ хэкIри Инжыдж, Инжыджышхуэ, Лабэ и Iуфэхэм Iэпхъуащ. Ахэри а зэманым щыщIэдзауэ совет лъэхъэнэм къэсыху зэпэIэщIэу щытащ. Пащтыхь чиновникхэм я Iизыныншэу зэIыхьлыхэри зэкIэлъыкIуэну хуиттэкъым. Абдеж къыщожьэ адыгэ лIакъуэхэри, диалектхэри, бзэри зэкъуэуда хъуныр. КърикIуар псоми дощIэ — адыгэ диалектхэм къатехъукIащ бзитI: къэбэрдеибзэмрэ адыгеибзэмрэ. Абы ипэкIэ адыгэ псори, хэт сыт хуэдэ диалект иIэми, зэгурыIуэрт, ауэ нобэ жыIэгъуейщ къэбэрдейхэмрэ адыгейхэмрэ хуиту зэгурыIуэу. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр нэхъ зэхэпхъауэ зэрыпсэум къыхэкIыу адыгэбзэ зыщIэж псори зэгуроIуэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгейхэмрэ къэбэрдейхэмрэ зэпэIэщIэ, зэтемыхуэ зыщI Iуэхур ноби къэувыIакъым. Адыгэхэм иужьрей илъэсхэм къагурыIуащ зы бзэ, зы тхыбзэ диIэн зэрыхуеяри, зэрыхуейри, ауэ ар гъащIэм хэпщэныр кIасэ хъуащ. Совет зэманым къызэрагъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэм щыпсэухэм тхыбзэ щаухуэм адыгэ псоми зы бзэ яIэн зэрыхуейр къэзыгъэува щIэныгъэлIхэри щыIащ. Хэкум икIыжа щIэныгъэлI ТIрахъуэ Рэмэзан (1914 гъэм Адыгейм къыщалъхуащ, МГУ-м и филологие къудамэр къиухащ, Москва КъуэкIыпIэр джынымкIэ и институтым щылэжьащ Яковлев Н. Ф. и гъусэу. Мейкъуапэ дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтми щылэжьащ. Зауэм щыгъуэ гъэр хъури къигъэзэжакъым, Мюнхен 1964 гъэм щылIащ) итхыжащ: Латин графикэр къыщащтэм зэлъэпкъэгъухэр алфавиткIэ зэкIэщIачащ. Ар ягъэзэкIуэжыну, зы

тхыбзэм трагъэувэжыну щIэныгъэ конференцхэр щекIуэкIат Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэн-Ингушым, Дагъыстэным, ауэ къайхъулIакъым, а Iуэхур къезыхьэжьахэр ягъэкIуэдащ, «буржуазнэ националист» фIащри... ИужькIэ 1930 гъэм «АлфавитыщIэм теухуауэ ЦИК-м къищта и унафэм щIэту Москва комитет къыщызэрагъэпэщащ «адыгэ-шэрджэс-къэбэрдей» алфавитхэр (шэшэн-ингуш, дагъыстэн зэIыхьлыхэм яйхэри) зэпэгъунэгъу щIыным телэжьэну. Ауэ ар яIэщIэхужри псори кириллицэм техьэжащ, комитетым и унафэщI Коркмасов Джелали 1937 гъэм хьэкъ имыIэу яукIащ. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр 30 гъэхэм щымыIамэ, нобэ адыгэ псори зы бзэкIэ дытхэу щытынут. БлэкIар блэкIащ, абы къыпхуегъэгъэзэжынукъым, иджы Iэмал имыIэу Iуэхур дгъэзэкIуэжын хуейщ, хэмыкIасапэ щIыкIэ.

«АдыгитI зэзэгъмэ, дунейр къутэжынущ» — щIыжаIэм щхьэусыгъуэ иIэщ. Ди дежкIэ зы цIыхум и Iуэху еплъыкIэр нэхъыщхьэщ, куэдым жаIэм нэхъръэ. «Индивидуализм» жыхуаIэр ебэкIырт «коллективное мышление»-кIэ зэджэм. Латин Америкэм я культурэми и лъабжьэр индивидуализмырщ. ЛIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ зэригъэхуэнри абы зыгуэркIэ пыщIауэ къысщохъу. Ди лъэпкъ (сословие) гуэшыкIэу щытари щапхъэу къыщIэкIынущ. Псори хуитыныгъэм хущIэкъурт пасэм, псоми Iэщэ яIыгът. Пщы-уэркъ гупыр зэрыщытари апхуэдэут. Урысыр нэхъ къэгъэдэIуэгъуафIэщ, абыхэм «Соборное мышление», «акъыл зэхэдзэ» жыхуэтIэр нэхъ яхэлъщ. Нэхъыбэм жаIэр хабзэ ящIыф нэмыцэхэми.

Адыгейхэмрэ къэбэрдейхэмрэ тхыбзэ яIэн ипэ ахэр Урысей Империем зэман кIыхькIэ зэпэIэщIэ ищIат, Псыжь (Кубань) я гъунапкъэу. Урыс-Кавказ зауэм щыгъуи, ар иуха нэужьи Хэкум къинэжа адыгэхэм я кум, станицэ куэд яухуэри, къэзакъ къыдагъэтIысхьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ КIахэ адыгэхэмрэ Къэбэрдей адыгэхэмрэ я бзэр зэпэщхьэхуэ хъуащ. Адыгэхэм тхыбзэ къащыIэрыхьам абыхэм езым я область щхьэхуэ яIэт. Бзэм теухуа унафэхэр зэрагъэпсари къулыкъущIэхэр зэрыхуейм хуэдэущ. Ар литературэбзэр зыуэ ухуэным зэран хуэхъуащ. Иджы нобэ зы литературэбзэм ухуэкIуэжыныр нэхъ гугъуж хъуащ. Лъэпкъыр бзэкIи щIыпIэкIи гуэшауэ зэбгъэдокI кIуэ пэтми. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я Iуэхур нэхъыкIэжщ — я адыгэбзэр яфIокIуэдыжыпэ.

Адыгейхэмрэ къэбэрдейхэмрэ зы литературэбзэм хуэгъэкIуэныр Iуэху гугъущ икIи кIыхьщ. Ауэ абы епха языныкъуэ Iуэхугъуэхэр пхуэгъэзэщIэнущ зэман куэд темыкIуадэу. Ди макъ тхыкIэхэм зэтемыхуэ яхэтщ. Ахэр зэрыщIын хуейхэр «Орфографием и хабзэ зэтемыхуэхэр зэхуэдэ хъун папщIэ» Къумахуэ Мухьэдин итхауэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, сэ си унэцIэр «БакIуу» жиIэу ятх къэбэрдейхэми шэрджэсхэми. Зы статья гуэр адыгеибзэкIэ Мейкъуапэ къыщытрадзати, си унэцIэр къысхуэцIыхужакъым — «БакIо» жари ятхащ. Зы бзэм ухуэкIуэн ипэкIэ узэрытхэр, а тхам укъызэреджэр зэтехуэу гъэпсын хуейщ.

Иужьрей зэманым адыгэбзэр курыт еджапIэхэм Iэмал имыIэу предмет щхьэхуэу щрамыгъэджми хъуну унафэ къыдагъэкIащ. Абы къыхэкIкIэ бзэм хухаха сыхьэтхэри ягъэмэщIэну хэтщ. Абы арэзы утехъуэ хъунукъым.

Адыгэбзэр предмет щхьэхуэ закъуэу, нобэ зэраджым хуэдэу

къанэмэ зыфIэкъабылхэм жаIэ, адыгэбзэкIэ пэщIэдзэ классхэм предмет псори щрагъэджу щIадзэмэ, сабийхэм урысыбзэ ямыщIэу, курыт классхэм хуэмыхьэзыру къэнэну. А Iуэхур ХьэтIэхъущокъуэ Къазий 1860 гъэхэм къиIэтауэ щытащ. Абы жиIэрт къуажэм дэс, урысыбзэ зымыщIэ адыгэ сабийхэм адыгэбзэкIэ адрей предмет псори ирагъэджмэ нэхъыфIу. Илъэсищэм щIигъу дэкIауэ а Iуэхур аргуэру къаIэтри гъэунэхуныгъэ папщIэу еджапIэ гуэрхэм (Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми) пэщIэдзэ классхэм предмет псори адыгэбзэкIэ щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ, абыи адэанэхэр «хэлIыфIыхьри» нэгъуэщI щхьэусыгъуи къулыкъушхуэ зезыхьахэм дыщIагъужри, адыгэбзэр зы предметым хуагъэкIуэжащ. Илъэс щэ никъуэ дэкIри, а псалъэмакъыр аргуэру къаIэтыжащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм тетхэм жаIэми пэж хэлъщ. ПэщIэдзэ классым предмет псори адыгэбзэкIэ щумыгъэджу ебланэ классым къыщыщIэдзауэ абы тегъэувэныр щхьэгъэпцIэжщ, ар адыгэбзэми хуэгъэкъаруунукъым езы бзэми абы щхьэкIэ нэхъ лейуэ зиужьынукъым, къэралыбзэу щытми. Абы «унагъуэбзэ» эпитетыр нэхъ хуокIуэ. Абы Iуэхур тетщIыхьынумэ, япэщIыкIэ учебникхэр гъэхьэзырын, а предметхэр езыгъэджын къэгъуэтын хуейщ. Ари тыншкъым.

Ди къэралым урысыбзэм щIыпIэ ин дыдэ щеубыд — нобэрей дэтхэнэ сабийми балигъыми махуэр зи кIыхьагъым зэхихри зэджэри урысыбзэщ. АбыкIэ мэпсалъэ радиор, телевиденэр, интернетыр, газетхэр, рекламэхэмрэ мультфильмхэри къызэрагъэлъагъуэр аращ. Апхуэдэу щытми, ди сабийхэм я бзэр ящIэжу къэдгъэтэджын хуейщ. ЕджапIэхэм хухах дерсхэр бгъэмащIэ хъунукъым. Абы кIэлъыплъыну я къалэнщ адыгэ щыпсэу субъектхэм я парламентхэм. Бзэр хабзэм тету ткIийуэ школхэм щрамыгъэджмэ, ди Iуэхур зэIыхьэпэнущ. Дунейм тет бзэ минихым я нэхъыбэр дызыхыхьа лIэщIыгъуэм кIуэдыжыну жаIэ. Социологхэм апхуэдэ зи натIэ хъунухэм хагъэхьащ адыгэбзэри. Глобализацэм экономикэм теухуауэ Iуэху хъарзынэ куэд къыдокIуэ, ауэ щэхуу лъэпкъыбзэхэр, литературэхэр утыкум ireш, егъэкIуэд. Абы дыпэщIэтын папщIэ адыгэ псоми ди бзэр зэрызэтемыхуэхэр дгъэмащIэу зы литературэбзэ, зы псэлъэкIэ дызэрытехьэным дыхуэлэжьэн хуейщ. А гъуэгур кIэщIкъым, ауэ дыкъэувыIэ хъунукъым. Псом япэу адыгейхэмрэ къэбэрдейхэмрэ дызэгурыIуэу ди алфавитми, ди орфографиеми (тхэкIэми) къыхыхьа зэтемыхуэхэр дгъэмэщIэн е дгъэкIуэдын хуейщ.

Хэкужьым къина адыгэхэр бзэм нэхъ елэжьащ, зрагъэужьащ. Сэ зэзгъэпщат адыгэ газетым 1957 гъэм къытехуа зы текстышхуэрэ нобэ ятха гуэрымри, абыхэм шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Адыгэбзэр нэхъ къабзэ хъуащ, и псалъэхэри нэхъыбэ хъуащ. Япэхэм адыгэбзэм урыс псалъэ куэдыIуэ къыхыхьэурэ «итхьэлэу» хуежьати, нобэ апхуэдэ шынагъуэ щыIэжкъым. Сэбэпынагъышхуэ къахь «Адыгэ псалъэ» газетым кърихьэжьауэ екIуэкI «Си бзэ — си псэ, си дуней» зэпеуэныгъэм, щIэныгъэ конференцхэм, бзэм ехьэлIауэ къызэрагъэпэщ пшыхьхэм.

Демократием тетыну хуей дэтхэнэ къэралми и цIыхухэм, ахэр къызыхэкIа лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр хъумэныр езым и пщэ

дилъхьэжын хуейщ, ар Совет Союзым, иджы Урысейм зэрищIам хуэдэу. Адрей Iуэху зехьэкIэхэм, фIыщIэ хасэхэм я лэжьыгъэм бзэр хуэхъумэнукъым, зыхуегъэужьынукъым.

Адыгэхэм «кхъэм яхьри мэгугъэ», жаIэ, ауэ бзэр абы нэбгъэс хъунукъым, нобэ ар сымаджэ къудейуэ аращ. И хущхъуэгъуэ къэдмыгъуэтмэ, абы убыхыбзэм и махуэр къыхуэкIуэнущ, зы зэман лъэпкъышхуэу, дунейм къыщацIыхуу щытар «бзагуэ хъумэ» къэхъуну щIэблэм я гум дыкъинэжынукъым. «Гугъэр адэ щIэинщ», жи, ауэ ар мащIэщ лъэпкъым, щIэблэм къахуэдгъэнэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2001 гъэм щыщIэдзауэ бзэм и зыужьыкIэм, и мардэхэм, къыщагъэсэбэпын хуейхэм, зэрегъэджэн Iэмалхэм ятеухуауэ къэрал комиссэ, къалэн убзыхуа и пщэ дэлъу, къыщызэрагъэпэщыну хэтащ, ауэ филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщэ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, тэтэрхэм, башкирхэм а Iуэхум теухуауэ унафэхэр къащтащ, ахэр мэлажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иIэкъым икIи иIакъым бзэм теухуа политикэ убзыхуа. Унафэ зыIэщIэлъ, ар тэмэму зыунэтI комитет е комиссэ уимыIэу лъэпкъ цIыкIухэм я бзэр, хабзэр, културэр пхуэхъумэнукъым ди зэман хьэлъэм.

**P.S.** Мы си тхыгъэр илъэс зыщыплI ипэкIэ хьэзыр хъуат, ар Тыркум щыпсэу адыгэхэм ирагъэкIуэкIыну ещанэрей щIэныгъэ конференцым хэтынухэм я пащхьэ ислъхьэну си гугъащ (Адыгэббзэр хъумэным теухуа щ1эныгъэ зэхыхьэшхуэу 2003 гъэм Анкара щекIуэкIами, 2008 гъэм Амман щызэхэтами доклад щысщIат). Тыркум щекIуэкIынум срамыгъэблэгъэну сигу къэкIыххэртэкъым, ДАХ-ми ар къыздиIыгъат, ауэ конференцыр щэнейрэ ягъэIэпхъуащ, икIэм-икIэжым, 2014 гъэм зэхэтар, нэгъуэщIу къыщIидзыжащ. Абы аргуэру латин графикэм теухуа «пшыналъэжьыр» къыталъхьащ. Гъуджэ нашэ дизыгъэплъэну Iуэхухэм ятеухуауэ сигу къыдрихьеяр жысIа нэужь латин графикэм и щыщIэныгъэу къэслъытэхэм дыщIызгъунут къэзахъ щIэныгъэлI Махинбет Джусупов и (Казахская графика: вчера, сегодня, завтра. Кириллица или латиница, Москва, 2013) тхылъым сызыхуиша гупсысэ гуэрхэр. Мы еджагъэшхуэм къэхутэныгъэ зыбжанэ иригъэкIуэкIащ. Уи фIэщ зыщI щапхъэ куэд къихьурэ абы къегъэлъагъуэ къэзахъхэм я кириллицэр тыркухэм къагъэсэбэп латин алфавитым хуэгъэкIуэным зэрану къиишэнур. Абырэ сэрэ ди Iуэху еплъыкIэр зыкъомкIэ зэтохуэ.

Латин алфавитыр иужьрей зэманым «модэ» яхуэхъуащ тырку, тэтэр лъэпкъхэм. Алфавитыр хъуэжыныр уз зэрыцIалэу ялъэIэсащ тырку бзэ гупым хыхьэ лъэпкъ 23-м ящыщ зыкъомым. Ар нэсащ къэзахъхэм я дежи, ауэ зи гугъу тщIы щIэныгъэлIым и лъэпкъэгъухэм я пащхьэ ирилъхьащ абы зыдрагъэхьэхмэ, зыIууэну лъэпощхьэпохэр.

Сыт хуэдэ бзэм и дежкIи хабзэ нэхъ тыншу щыIэр зы макъ къэскIэ зы хьэрфкIэ, зы дамыгъэкIэ къэгъэлъэгъуэнырщ. Псалъэм папщIэ, инджылызыбзэм фонемэу 46-рэ иIэщ, ауэ латин алфавитым ейр зэрыхъур дамыгъэ 26-рэщ. Джусуповым зэрыжиIэмкIэ, абы дамыгъэ тIощI хурикъуркъым. Инджылыз тхыбзэм ар зэригъэзэхуэжын щхьэкIэ Iэмал куэд къигъэсэбэпын хуей мэхъу. Бзэ эн-

циклопедием (Москва, 2000, 118 н.), щIэныгъэлIым зэритхымкIэ, инджылызыбзэм графемэу 144-рэ хэтщ, аращ а бзэм и псалъэхэр зэрытхамрэ къызэрапсэлъымрэ куэд дыдэрэ щIызэтемыхуэр.

Кириллицэм и зэфIэкIыр нэхъыбэщ, абы урысыбзэм и фонемэ 41-р хьэрф 33-кIэ къегъэлъагъуэ. Хуримыкъу жыхуаIэр щызогъэтри, къыдэхуэжу иIэщ! «Йотированнэ» жыхуаIэ макъхэм (я, ю, е, ё) дамыгъэ тIурытIым и пIэкIэ зырызщ трагъэкIуадэр. Адыгэбзэми, абы хуэдэу макъ куэд дыдэ зиIэхэми, «я дзэр Iуиудкъым» кириллицэ алфавитым, нэгъуэщI алфавитхэм дыхэмыIэбэу е дамыгъэщIэ къэдмыгупсысу абыи дротхэф, хьэрф зэгуэт къызэрыдгъэсэбэпым нэхъ гукъеуэ димыIэу. ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, някъусаныгъэ гуэр зимыIэ алфавит щыIэкъым. Къапщтэмэ, корейхэр 1444 гъэм къагупсыса алфавит гугъу дыдэкIэ матхэ, ауэ ар абыхэм зэран къахуэхъуркъым нэгъуэщIыбзэ зрагъэщIэнымкIи, езым я бзэкIэ тхэнымкIи.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэм ящыщ гуэрхэм я щхьэ закъуэ гупсысэр лъэпкъпсо Iуэхум япэ ирагъэщ. Нобэ бзэ псори инджылызыбзэм хуэкIуэну жызыIэр мащIэкъым, ар зыми ищIэркъым. 2003 гъэм Ташкент щызэхэта «Британием и чэнджэщакIуэ форумым» щыжаIэгъащ 2035 гъэм ирихьэлIэу инджылызыбзэм ирипсалъэхэр процент 30-33-кIэ нэхъ мащIэ хъуну, а Iыхьэр китайхэм, хьэрыпхэм, индийцхэм (хинди), испанхэм я бзэхэм яубыдыну. Джусупов М. зэритхымкIэ, «алфавит зэхъуэкIыныр лъэпкъым и психологием удынышхуэ хуэхъунущ». АлфавитыщIэ къэзыщтэр тхыбзэ зэи зимыIа лъэпкъхэрщ. Адыгэм куэд щIауэ тхыбзи, литературэбзэ зыzыужьаи, литературэ хъарзыни диIэщ.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

## *Нарт Уэзырмэс и хъыбархэм щыщ*

# Уэзырмэс къехъулIар

Уэзырмэс, Хъымыщ, Шужьей сымэ щакIуэ дэкIащ. Мэзым бажапцIэ къыщыхэжым, щыри зэдеуащ. Зэдеуэри, бажапцIэр къаукIащ.

— Си шэращ техуар, — жиIащ Хъымыщ. — БажапцIэр сэ схьынщ — сэращ къэзыукIар.

— Хьэуэ, — идакъым Шужьей. — Техуар си шэращ — сэ схьынщ бажапцIэр.

Уэзырмэси жиIащ:

— БажапцIэм техуар си шэращ.

Бгъэдыхьэри еплъащ бажапцIэм: щыми я шэр техуат. КъызэдаукIати, бажапцIэр зым лъыс хъунутэкъым.

ЗэгурыIуащ:

— Щхьэж къехъулIа къреIуати, нэхъ щIагъуэ къызэхъулIам бажапцIэр лъысынщ, — жари.

Хъымыщ къехъулIар яхуиIуэтащ:

— ЩакIуэ сыкIуауэ къысIэрыхьаIатэкъыми, псы Iуфэм сыIухьэри зы бдзэжьей къыхэздзащ. «Мыр тхуэгъажьэ», — жысIэри бдзэжьейр си пщафIэм естащ. Бдзэжьейр дзасэм пиIури, пщафIэм мафIэ зэщIигъэстащ, сэ мэзым сыщIэтурэ сешати, сыщхьэукъуащ. Сыкъызэщыужмэ — щIалэр мафIэм пэрысщ, бдзэжьейр дзасэм пылъыжкъым. «Дэнэ пхьа?» — жысIэри сеупщIащ. «МафIэм щыпэрыслъхьэм, бдзэжьейр къэхъужри псым хэпкIэжащ», — жиIащ пщафIэм. «Апхуэдэпщ яупсрэ?» — жысIэри пщафIэм сыхуэгубжьащ, сыхузэгуэпати, сеуэри сукIащ. «Бдзэжьей щхьэкIэ щхьэ сукIа щIалэр», — жысIэри пщафIэр зэрызукIам сыхущIегъуэжащ, псым схьыуэ щыхэсщIэм, щIалэр къэхъужри къэтэджыжащ. Ар къызэхъулIащ.

— Сэри мыр къызэхъулIащ, — жиIащ Шужьей. — Зы щIалэ зыщIызгъури щакIуэ сыдэкIащ. Мэзым щыхь къыхэтхуащ, деуэри къэдукIащ. Щыхьыр зэIытхри, щIалэм мафIэ ищIащ. ЩIалэм щыхь блатхьэр мафIэм пэрилъхьауэ, сыщхьэукъуащ. «Блатхьэр жьа?» — сеупщIащ щIалэм сыкъызэщыужри. «Жьакъым, — жиIащ щIалэм, — блатхьэр сIэпыхури мафIэм пэрыхуащ, щыпэрыхуэм, щыхьыр къэхъужри мэзым сфIыщIыхьэжащ, и фэр зэтриубгъуэжри». «Хьэдагъэпщ ухъу ар!» — жысIэри щIалэр сукIащ. ИтIани: «Зы щыхь щхьэкIэ щIалэр сыт щIэзукIар?» — жысIэри сыщIегъуэжащ. «Блатхьэр мафIэм щыпэрыхуэм щыхьыр къэхъужауэ жиIащ, ар пэжмэ, мыри къэхъужынщ», — жысIэри мафIэм щыпэрыздзэм, щIалэр къащтэри къэтэджыжащ. Ар къызэхъулIащ сэ.

— Сэ къызэхъулIари вжесIэнщ, — жиIащ Уэзырмэс. — ЩакIуэ сежьэри къызэмыхъулIаIауэ мэзым сыщIэтурэ, гъэхъунэ сихьащ. Гъэхъунэм зы тэхъуанэ итт. Тэхъуанэм сыщIыхьащ. Жыхафэм хьэмыгъашхэ Iэнэ тетщ. Iэнэм сыбгъэдэтIысхьауэ, си щIыбкIэ зыгуэр къыдыхьащ.

— Хьэджафэ ухъу! — жери щIопщ уэгъуищ къызихащ си щIыб къыдыхьам.

ЩIопщ уэгъуищ къыщызихым, хьэджафэ сыхъури тэхъуанэм сыкъыщIихуащ:

— БжэIупэм Iулъ! — жери.

БжэIупэм сыIугъуэлъхьащи, къакIуэр къыдэзгъэхьэркъым, къыдыхьар дэзгъэкIыжыркъым. Тэхъуанэр зей щакIуэжьыр къызогугъури, жэщи махуи

си жьафэ къехыркъым. Езыр щакIуэ докI, къыдохьэж, къыдыхьэжыху лы цIынэ Iыхьэ къысхуедз.

ЩакIуэжьым и пщIантIэм сыдэлъурэ, си хъыбар Iури цIэрыIуэ сыхъуащ. Зы мэлыхъуэ къыдохьэ щакIуэжьым и пщIантIэм.

— Уи хьэджафэр зы жэщкIэ къызэт, — зэрыжиIэр зэхызох. — Си хъушэм дыгъужь къеуэсащи, сеух.

— Узот, ауэ и ныбэ умыгъэныкъуэ, и ныбэ бгъэныкъуэмэ, къыпхуищIэн щыIэкъым, — жриIащ мэлыхъуэм.

— Згъэныкъуэнкъым, — щыжиIэм, мэлыхъуэм сритащ.

Мэлыхъуэм сишэри мэл хъушэм сыпэригъэуващ, сигъэшхэн зэрыхуейр и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым, кIуэри пщыIэм щIэгъуэлъхьэжащ:

— Хьэджафэр бэлэрыгъынкъым, — жери.

Жэщыбг хъуауэ дыгъужьыр хъушэм къыхыхьащ, зы мэл ихьри мэзым щIыхьэжащ. Сэ сыныбаджэти, зызгъэхъеякъым. ЩакIуэжьым деж сишэжащ пщэдджыжьым:

— И цIэ Iуа щхьэкIэ, мыбы ищIэн щыIэкъым. Ныжэбэ кIуами зы мэл сфIихьащ дыгъужьым.

Зыбжанэ дэкIауэ, нэгъуэщI зы мэлыхъуи къыдыхьащ щакIуэжьым и пщIантIэм:

— Си мэл хъушэм дыгъужь къеуэсащи, жэщ къэс зы мэл сфIехь, уи хьэджафэр зы жэщкIэ къызэт, — жери.

— Узот, — жриIащ, — ауэ и ныбэ умыгъэныкъуэ. И ныбэ бгъэныкъуэмэ, къыпхуищIэн щыIэкъым.

— Згъэныкъуэнкъым, — щыжиIэм, сритащ.

Мэлыхъуэм и пщыIэм сишэри си ныбэ из хъуху сигъэшхащ, жэщ щыхъум мэл хъушэм сыпэригъэуващ. Дыгъужьыр жэщыбгым къэсащ. Си ныбэ изт, си лъэм сызэрихьэрти, дыгъужьым сыхуилъащ, щIэзгъэIэри и ужь сиуващ, и ужь сыкъимыкIыурэ мэзым хэсхуэри Iуащхьэм сфIыдэкIащ. Iуащхьэм къытетIысхьауэ къызжеIэ:

— Мэлкъым сыкъызылъежьар — уэращ. Бэлыхь узэрыхэхуар сощIэ, укъызэдаIуэмэ, бэлыхьыр птесхынущ.

— СынодэIуэнщ, — жесIащ.

— НтIэ мыращ, — жиIащ дыгъужьым. — Гъэзэжи, щакIуэжьым и пщIантIэ дыхьэж, бжэIупэм Iугъуалъхьи, гукъыдэмыж зыщI, хьэIус къуиткIэ, ухуэмышхэ, умышхэурэ гуащIэмащIэ ухъунщ, гуащIэмащIэ ухъумэ, пщIантIэм удилъэфынщи, куэншыбым ухидзэнщ. Езыр щакIуэ ежьауэ зрегъэхьэлIи, пщIантIэм дыхьэж. Къуэзэроуа щIопщыр и пIэщхьагъ щIэлъщ. ЩIопщыр къащти, уэгъуищ зэхыж: узэрыщыта ухъужынущ. АдэкIэ пщIэнур уэ пщIэжынщ.

Дыгъужьым седаIуэри, щакIуэжьым и пщIантIэм сыдыхьэжащ, си псэр пыт къудейуэ фэ зытезгъауэри щIэщIым сыщIэгъуэлъхьащ, щакIуэжьым Iус къызитакIэ, сыхуэшхакъым, къыдыхьэми и гугъу сщIыжакъым, дэкIыжми сеплъыжакъым — си жьэ зэщIэсхыжакъым. Лъэрымыхь сыхъупауэ гу къыщыслъитэм, пщIантIэм сыдилъэфри куэншыбым сыхидзащ щакIуэжьым:

— Мыбы къысхуищIэжын щыIэкъым, хьэ хейщ, сукIынкъым, куэншыбым езыр-езырурэ хэлIыхьыжынщ, — жери. Куэншыбым сыхидзэри, езыр щакIуэ ежьащ.

ЩакIуэжьыр гъуащхьэм зэрытекIыххэу, сыкъызэфIэувэжащ, пщIантIэм сыдыхьэжри тэхъуанэм сыщIыхьащ, щIопщыр пIэщхьагъым къыщIэсхри щIопщ уэгъуищ зэсхыжащ. ЩIопщ уэгъуищ щызэсхыжым, сызэрыщыта сыхъужащ.

ЩакIуэжьым и къэсыжыгъуэ хъуати, щIопщыр си Iэгъуапэ изгъэлъадэри бжэкъуагъым сыкъуэуващ: «Къызэпщ Iар уэсщIэжынщ», — жысIэри.

ЩакIуэжьыр къэсыжащ. Iэнэм етIысылIа къудейуэ, бжэкъуагъым сыкъыкъуэкIри, щакIуэжьым и щIыб сыкъыдыхьащ, щIопщ уэгъуищ есхри:

— Кхъуэ ухъу! — жысIащ.

ЩакIуэжьыр кхъуэ хъури мэзым щIыхьэжащ, и щIопщыр къэсхьауэ иджыри зызохьэ…

— Iэгъу! Iэгъу! — гужьеящ Хъымыщрэ Щужьейрэ: гужьейри, бажапцIэр Уэзырмэс лъагъэсащ.

# Уэзырмэсрэ и къуэмрэ

Уэзырмэс и унэ хьэщIэ къихьащ. Шууищ хъурти, ирагъэпсыхри хьэщIэщымкIэ ирагъэблэгъащ. Махуищ иса нэужь, я Iуэху кърахьэлIащ Уэзырмэс:

— ЗекIуэ дежьэнущ, гъусэ къытхуэхъу, — жари.

Шууищри Уэзырмэс и ныбжьт, зекIуэ зэдежьэрейуэ щытауэ.

— Си ныбжь нэсащ, зекIуэм сыхэтыжкъым, — жиIащ Уэзырмэс. — Ди жьыщхьэ зекIуэкIэ сыт къэтхьыжын? Ди унэ дисыжынщ.

— ДыкъыщежьакIэ, дгъэзэжынукъым, — жаIащ Уэзырмэс и хьэщIэхэм.

— Абы щыгъуэм си щIалэр гъусэ фхуэсщIынщ, — жери, Уэзырмэс зы къуэ иIэти, ар гъусэ яхуищIащ, гъуэмылэ яритри игъэшэсыжащ.

ЛIищым я пэ иувэри, щIалэм иришэжьащ. Махуэ гъуэгу якIуауэ, лIищым жаIэ:

— Дишри пщащ, дэри дыпщащ — девгъэпсых.

— КъэткIуа щыIэкъым, дыздежьам дынэсакъым, — жери, щIалэр яхуепсыхакъым, лIищыр иришэжьэжри махуэ гъуэгу якIуащ.

Махуэ гъуэгу якIуауэ:

— ТлъэкIыжIакъым, — зэщIэкIуащ лIищыр. — Девгъэпсых.

— Махуэ гъуэгу ткIужмэ, депсыхынщ, — жери, щIалэм лIищыр иришэжьэжащ, махуэ гъуэгу якIужри епсыхащ.

— Фэ мыбдеж фыкъыщыспэплъэ, — жери лIищым пщыIэ яхуищIащ щIалэм. — Сэ сыкъэгувэнкъым.

ЛIищыр пщыIэм къытринэри, щIалэр ежьащ. ЗэрыжиIауэ, къэгувакъым: лIищым я шы дэгъуэ зырыз къихури пщыIэм къытехьэжащ, лIищыр къигъэшэсыжри я унэ къришэжащ, хьэщIэщым иришэри и адэм хъыбар иригъэщIащ.

Уэзырмэс хьэщIэщым ихьэри лIищым ябгъэдэтIысхьащ, щIалэри къащхьэщыуващ. Iэнэ къыщрахьэм:

— Хъуэхъубжьэ къигъахъуэ, — жриIащ Уэзырмэс и къуэм.

Хъуэхъубжьэр къыщритым, щIалэм фалъэр фIэбгъунлъэри тIэкIу икIутащ.

— Хуэмыху! — жери Уэзырмэс щIалэм хуилъащ.

ХьэщIэхэм зыри жаIакъым, Уэзырмэс щIалэм зэрыхуилъар я жагъуэ хъуами.

ЛIищым я хьэщIэн зэфIэкIри, Iэнэр ирахыжащ, Уэзырмэси икIыжащ, гъуэлъыжыгъуэ хъуати.

— ЩIалэм щIыхуилъар шым щIэфыгъуэжащи, ращ, — жаIащ лIищым, Уэзырмэс хьэщIэщым икIыжа нэужь. — Шыр здэтхунукъым, жэщ ныкъуэм

дежьэжынщ, зыкъедмыгъащIэу.

Унэр зэгъэжа нэужь, лIищыр хьэщIэщым икIыжри ежьэжащ, щIалэм къарита шищыр шэщым къыщIанэри.

Нэху щыри, щIалэр хьэщIэщым ихьащ — лIищыр исыжкъым. Шэщым щIыхьащ — шищыр щIэтщ. Уэзырмэс Iуэхур зытетыр къыгурыIуащ.

— Ялъежьи, къегъэгъазэ, — жери, и къуэр лIищым якIэлъигъэкIуащ.

Къаригъэгъазэри, лIищыр хьэщIэщым иришэжащ щIалэм, Уэзырмэси якIэлъихьащ.

— Шым сыщIэфыгъужауэ аркъым щIалэм сыщIыхуилъар — ар сфIэмащIэщ, фэ нэхъыби фхуэфащэщ. ЩIалэм сыщIыхуилъар нэгъуэщIщ. Мыбы уIэгъэ телъщ, уIэгъэм къигъэдзыхэри хъуэхъубжьэр ирикIуташ — аращ хуэзмыдар: и анэмрэ сэрэ тлъэгъуа фэбжьыр сощIэжри, мыр уIэгъэ мащIэм зэригъэдзыхар сигу техуакъым. Си щIалэгъуэм, къэшэн сигу къихьауэ, ди адэр къысхуэгубжьыгъащ: «Абы унэсакъым уэ, лIы ухъуакъым», — жери. Ар си щхьэм иризгъажэри, унэм сикIащ: «ЛIы сыхъуху, къэзгъэзэнкъым», — жысIэри. Ар сигу ислъхьэри сежьэжауэ сыхэтурэ, махуэ гуэрым сепсыхащ, шыр слъахъэри сутIыпщащ, жэщыр абдеж щисхын мурад сщIауэ. Сыздэщысым, шу пхъашэ гуэр къызэрыкIуэр солъагъу. Къызбгъэдыхьэри фIэхъус къызихащ, фIэхъус нэужьым:

— Ди лъахэ цIыху къидгъэхьэ ди хабзэкъым, — къызжиIащ. — Шыри плъэхъауэ ди лъахэ уитщ — дызэзэуэнущ.

— Дэгъуэщ, дызэзэуэнумэ, — жысIащ. — Зы жэщ щисхын си гугъа къудейщ. Дызэзауэмэ, зэрыхъури тлъагъунщ.

ДызэпикIуэтри, шабзэшэр зэдэдухыху зэтеткIутащ. Шабзэшэр щызэдэдухым, шур IукIыжащ:

— Пщэдей зэхудипIалъэщ, — жери.

Нэху щыри, шур къэсащ.

— ХьэщIэ гунэщI сезауэркъым, — жиIащ шум, гъуэмылэ къыздихьати, сигъашхэри, дызэпэувыжащ, джатэкIэ дызэзауэри дызэрытегъэкIуакъым.

Пшапэр щызэхэуэм, шур ежьэжащ:

— Пщэдей къытезгъэзэнщ, — жери.

«Мыр къыздикIымрэ здэкIуэжымрэ зэзгъэщIэнщ», — жысIэри шум и ужь сиуващ. И ужь ситу сыкIэлъыкIуэурэ, шур банапцIэ чом дыхьэжауэ слъэгъуащ. Шыр сутIыпщри, жэщыбгым чом сыдыхьащ, сакIэщIэдэIухьмэ — зэхызох:

— Сызэзауэр лIы хъунущ, си щхьэцыр и Iэм иришэкIрэ щIопщкIэ къызэрызэуэнур ищIэркъым армыхъу.

Сыкъэшэсыжри, банапцIэ чом сыкъыбгъэдэкIыжащ. Нэху щыри, шур къэсащ.

— ХьэщIэ гунэщI сезауэркъым, — жери шум гъуэмылэр къигъэтIылъащ, зыкъыщригъэзыхым сыпхъуэри уанэгум къисчащ, и пыIэр щхьэщызудри и щхьэц ухуэнар субыдащ, щIопщыр щысIэтым:

— Укъызэмыуэ, — жиIащ, — узыхуейр къызжеIэ.

— Усхьынущ — аращ сызыхуейр, — жесIэри, пщащэр къэсхьащ. Мы щIалэм и анэращ къэсхьар. Шабзэм и уIэгъэри джатэм и уIэгъэри и фэм дигъэхуащ и анэм, езым уIэгъэ мащIэр хуэшэчакъым — аращ сыщIыхуэгубжьар.

— Абы нэхъ лажьэ щымыIэмэ, ар Iуэхукъым, — жари лIищыр шэсыжащ, Уэзырмэс и къуэм тыгъэ яхуищIа шы зырызыр я Iэдэжу.

# Тыгъэ гуапэ

Ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм, публицистхэм я Iэдакъэ къыщIэкIхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къызэрытехьэр лъэпкъыр зэрыщыIэм, бзэм, культурэм, литературэм зэрызаужьым я нэщэнэщ. 2014 гъэм адыгэбзэкIэ къыдэкIащ усэхэр, прозэ тхыгъэхэр, щIэныгъэ, публицистикэ лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ.

МафIэдз Сэрэбий и **«Уэрэд макъамэ»** (Налшык: Эльбрус, 2014) тхылъым ихуащ «ЩIалэгъуэ гъуэгу», «Уэрэд макъамэ» повестхэмрэ «ЛIыгъэ», «Шыбжий фIыуэ зылъагъу лIыжь», «Бзу бгъэгуплъым и уэрэд», «Псалъэмакъ гущIыхьэ» рассказхэмрэ. Тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуар цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэрщ, и гурыгъу-гурыщIэхэрщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ гъащIэм и философиерщ. «Бзу бгъэгуплъым и уэрэд» рассказым и лIыхъужь нэхъыщхьэр лъэхъуэщым исщ, укIкIэ и хьэкумыр ящIауэ, ауэ прокурорым и фIыгъэкIэ ар ямыукIыу къызэтонэ. Илъэситху дэкIауэ, 1945 гъэм, прокурорым и деж офицер гуэр къокIуэ фIыщIэ къыхуищIыжыну. Ар къэзыщIыхужа прокурор лIыжьыр ирогуфIэ зауэм лIыхъужьу къикIыжам сэбэп хуэхъуауэ зэрыщытам. ТхакIуэм тхыгъэм щIилъхьэ гупсысэ нэхъыщхьэр трегъащIэ тобэ къэзыхьыжа цIыхум гущIэгъу зэрыхуэщIыпхъэм, «уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, узэрыхуэзэжым».

2014 гъэм дунейм къытехьа тхылъ нэхъыфIхэм ящыщщ КъэбэрдейБалъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Ацкъан Руслан и **«Уэшх нэужьым»** сборникыр (Налшык: Эльбрус, 2014). Абы щызэхуэхьэса усэхэмрэ сонетхэмрэ усакIуэм и нэкIэ гъэщIэгъуэну икIи кууэ гъащIэм ухагъаплъэ. Ацкъаным и усыгъэм гулъытэ щегъуэт дыкъэзыухъуреихь дунейм и дэтхэнэ къэхъугъэми, абы и плъыфэ псоми – удзыпэ цIыкIум, мывэм, зи лъабжьэ фIэкIа къэмынэу якъутэжа унэм, абы и блын къэскIэ, н. «Уэшх нэужьым» тхылъым ихуа тхыгъэхэми Ацкъаным и усыгъэр зэрыщыту къапщтэми, лирикэ лIыхъужьым и псэм гущIэгъумрэ гумащIагъэмрэ, зыр зым къыпхухэмыгъэщхьэхукIыну, щызэхэшыпсыхьащ. Абы игу щIогъу икIи хуэгумащIэщ зы жыг тхьэмпэ цIыкIум, акъужь къабзэм, «щхьэхуэпсалъэ толъкъунхэм», «иужэгъуа лъагъуэм», «щалъхуа пщIантIэжьым», «къыкIэлъыплъыжу тетIысхьэпIэм тес лIыжьым»… УсакIуэм къигъэщI образхэри ахэр къызэриIуатэ бзэри шэрыуэщ, щIэщыгъуэщ.

*Сыхъуащи лей, утыку жьэражьэм ситщ,*
*дэп лъэгукIэ дыгъэр къытеувэу си щхьэм.*

**(«Акъужьым къызжиIэну зыхэтар…»)**

Ацкъаным и IэдакъэщIэкIхэм щIагъыбзэ куукIэ хэухуэнащ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ нэщэнэхэр. 215-нэ сонетым къыхощ гъуджэр къутэныр зэрымынэщэнэфIыр:

*Къутащи гъуджэр, си гур къошынык I,*
*зы бэлыхьлажьэ къэмыхъуарэт жысIэу.*
*Зы псалъэ гуэрхэр уэ къыщIыбоуIукI,*
*нэщэнэу щыIэр къысщыбгъэхъуу шыпсэу.*



11 Заказ № 20

<…>

*КъысхуумыщIа щымыIэ. ГъащIэ кIыхь*
*къыздэдгъэщIащ, къехъуапсэ хъуну хэти.*
*Иджы мы гъуджэм дыхидзащ бэлыхь,*
*къутащ, апхуэдэщ гъащIэр жиIэ хуэдэ.*

**(«Къутащи гъуджэр, си гур къошыныкI...»)**

УсакIуэм и тхылъыщIэм и фIэщыгъэри – «Уэшх нэужьым» жыхуиIэр – езыр нэщэнэщ. Уэшх нэужьым дыгъэр къыщIэкIыж, абы и бзийхэм уафэм лэгъупыкъу кIэращIыхьыж хабзэщ. Ацкъан Руслан и тхылъыщIэр фIым, лъэпкъым и къэкIуэну дахэм я нэщэнэу зэрыщытым шэч хэлъкъым.

2014 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, **«Школ библиотекэ»** серием хэту, къыщыдэкIащ Бещтокъуэ Хьэбас, Тхьэгъэзит Зубер, IутIыж Борис сымэ я IэдакъэщIэкIхэр зэрыт тхылъхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас и тхылъым пэублэ псалъэ хуитхащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ. «Псынэ лъащIэншэ» зыфIища псалъэпэм ар щытопсэлъыхь усакIуэм и зэфIэкIхэм, абы лъэпкъ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэм.

Илъэс плIыщIым щIигъуауэ лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуэлажьэ Бещтокъуэ Хьэбас, усыгъэм нэмыщI, и зэфIэкI щеплъыжащ литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм: лиро-эпикэм (усэу тха «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр), прозэм («УIэзэмэ – куэдрэ!» рассказыр), драматургием («Имыс», «Нэсрэн ЖьакIэ», «КхъуафэжьейкIэ хым зэпрысыкIхэр», «Истамбыл къикIа джэду», «Сэроробот»), апхуэдэуи и гуащIэ хилъхьащ литературэ критикэмрэ публицистикэмрэ. КъищынэмыщIауэ, абы зэридзэкIащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм (инджылызхэм, шотландхэм, португалхэм, хорватхэм) я таурыхъхэр («Джек насыплъыхъуэ зэрыкIуар», «Дреглин Хогни иныжьыр», «Жьындур ишхащ», «ШейтIанымрэ зауэлIымрэ», нэгъуэщIхэри), Шекспир и «Лир пащтыхьыр» («Король Лир») тхыгъэ цIэрыIуэр.

Бещтокъуэм и творчествэм цIыхубэр нэхъыбэу зэрыщыгъуазэр усакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэмкIэщ: «Си дахэкIей», «Сыт пхуэсщIэнур, сигу?», «Си лъагъуэ», «Изолъхьэ сигу сынэмыкIуэну…», нэгъуэщIхэри. Мы уэрэдхэр и щыхьэт наIуэщ Бещтокъуэм и усыгъэр зэрыкуум къыдэкIуэуи, ар бзэ шэрыуэкIэ зэрыгъэпсам, макъ зэщIэжьыуэхэм макъамэм пэджэж ритмикэ шэщIа къызэрагъэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер и усэхэмрэ «КъуийцIыкIурэ иныжьиблымрэ» поэмэмрэ зэрыт тхылъым и пэублэ псалъэри зи Iэдакъэ къыщIэкIар Хьэвжокъуэ Людмилэщ. «Лъэпкъым и гум къипсэлъыкI усакIуэ» зыфIища псалъэпэм абы къыщыхегъэщ, дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, Тхьэгъэзит Зубер и усыгъэр зы пIэмрэ зы хьэлымрэ зэримытыр – абы сыт щыгъуи зэрызиужьыр, усэхэм ящIилъхьэ гупсысэ и лъэныкъуэкIи, я гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIи заубгъузаукъэбзурэ къызэрыгъуэгурыкIуэр. Тхьэгъэзитым и усыгъэр лъэ быдэкIэ щIылъэм тетщ. УсакIуэм и бзэр къулейщ, шэрыуэщ, щIагъыбзэ лейхэмкIи гъэфэрыщIакъым. Зи гур гъащIэм хузэIуха усакIуэм цIыху нэжэс дунейм тету е мыхъумыщIагъэ щIым щалэжьу и гупсысэ къудеи къыхигъахуэркъым:

*ЦIыху Iей дунейм щыкуэду жаIэ, –*
*КъызжаIэ пэтми – мыхъу си фIэщ.*
*ЦIыхуфI дунейм щымащIэу жаIэ, –*
*КъызжаIэ пэтми – мыхъу си фIэщ.*

*ПцIыр лъакъуэ кIыхьу сэ къызжаIэ, –*
*Къыстежу къэхъуми – мыхъу си фIэщ.*
*ПэжыIэр кIэщIу сэ къызжаIэ, –*
*Ар згъэунэху пэтми – мыхъу си фIэщ.*

Тхьэгъэзитыр лъэпкъ усыгъэм и жанр зэхуэмыдэхэм щолажьэ. Абы хэлъхьэныгъэ хуищIащ лиро-эпикэми – и Iэдакъэ къыщIэкIащ балладэхэр, «КъуийцIыкIурэ иныжьиблымрэ», «Жьуджалэ», «ПщIыхьэпIэ» поэмэхэр. Ар зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэми хуэIэкIуэлъакIуэщ – адыгэбзэм къригъэтIэсащ урыс усыгъэми, дунейпсо усыгъэми щыщ тхыгъэ цIэрыIуэхэр – Пушкиным и «Евгений Онегин» романыр, Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэр.

2014 гъэм школ библиотекэм папщIэ къыдэкIащ IутIыж Борис и усэхэр, сонетхэр, прозэу тха усэхэр, усэу тха трагедие зэрыт тхылъыр. Филологие щIэныгъэхэм я доктор БакIуу Хъанджэрий абы хуитха «ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ тхакIуэ» пэублэ псалъэм щыжеIэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург гъуэзэджэ IутIыж Борис адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар. Адыгэбзэм и къарур абы щигъэнэIуащ и усэхэм, сонетхэм, тхыдэр зи лъабжьэ «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Кушыкупщ» драмэхэм, «Дыгъэм кIэрыщIа абгъуэ», «Нэхугъэ», «Гупыжхэр», «Дауэ?», «Хэт ар?» прозэу тха усэхэм, «Уэрэд уахътыншэ» балладэм, нэгъуэщIхэми.



«Школ библиотекэ» серием хэту къыдэкIа мы зи гугъу тщIа тхылъищри адыгэ литературэр нэхъ кууэ джынымкIэ егъэджакIуэхэми еджакIуэ цIыкIухэми яхуэщхьэпэнущ. Нэхъ ипэIуэкIэ а серием хэту дунейм къытехьащ «КIуащ БетIал. Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (2011), «КIыщокъуэ Алим. Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (2013) тхылъхэр.

БлэкIа илъэсым «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа тхылъыщIэхэм ящыщщ Щомахуэ Залинэ и **«Мадоннэр»** (Налшык: Эльбрус, 2014). ТхылъыщIэм и мызакъуэуи, ар тхакIуэ пщащэм и лъэбакъуэщIэщ. Абы итщ «Псэм ипэ – напэ» повестыр, рассказ зыбжанэ, прозэу тха усэхэр. Щомахуэм и тхыгъэхэм пщащэ зи щIалэгъуэм и дуней еплъыкIи, гъащIэм и лъэпощхьэпо зэхуэмыдэхэм япсыхьа акъыл зэпIэзэрыти, зэхэщIыкI-гупсысэ кууи, адыгэ бзылъхугъэм и нэмыс, щабагъ-Iэдэбагъи, хьэл-щэн дахи хыболъагъуэ. Абы и лIыхъужьхэр гъащIэм щыщщ, образхэм фIэщщIыгъуей, егъэлеиныгъэ ядэплъагъуркъым, ауэ я нэхъыбэр гъащIэм къиудыныхьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тхакIуэ ныбжьыщIэм дунейм и хабзэхэр, гъащIэм и философиер зэрыщыт дыдэм хуэдэу, ифIри и Iейри зэпигъэшачэу, ди нэгу къыщIегъэувэ. Дэхуэхахэм, тхьэмыщкIэхэм, ибэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр къигъэлъагъуэкIэрэ, Щомахуэм и тхыгъэхэм я психологие лъабжьэр нэхъри щIегъэхуабжьэ икIи щIегъэбыдэ.

Щомахуэм и тхыгъэхэм я фIэщыгъэхэри абыхэм я сюжетымрэ ухуэкIэмрэ хуэкIуэу къахуегъуэт. «Нэхунэ» рассказым хэт пщащэр нэфщ, абы къыхэкIыу фIыуэ илъагъу, езыри къэзылъагъу щIалэм и насып хэхуэркъым. Алим и анэм идэркъым и къуэм пщащэ нэф къишэу – зиукIыжыну жеIэри щIалэм залымыгъэкIэ нэгъуэщI кърегъашэ, пIалъэ

докIри, анэм къихьа гуэныхьыр сабий хейм – нэфу дунейм къытехьэ и къуэрылъху цIыкIум – тохуэ. Ар игу худэмыгъахуэу, Алим зеукIыж. Зэман гуэр дэкIа нэужь, Нэхунэ и нэхэр къоплъэж, хущхъуэ гуэр къегъэунэхури цIыхухэм йоIэзэ, егъэхъуж, Алим и анэри, абы и къуэ цIыкIури хэту. Зэрынэрылъагъущи, Щомахуэм и рассказым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхышар «Iей пщIауэ, фIы ущымыгугъ» псалъэжьым и мыхьэнэраращ – Алим и анэм къыхуэгъуакъым и къуэмрэ Нэхунэрэ я лъагъуныгъэр зэрызэпиудар, ауэ захуагъэ зэрыщыIэм, гъащIэм щхьэж и пIэ зэрыригъэувэжым, фIыр ем, нэхугъэр кIыфIыгъэм зэрытекIуэм я щыхьэту Нэхуни, Алим и къуэ цIыкIуми я нэхэр къэплъэжащ.

Шэрджэс Алий зэхуихьэсыжри, хэлэжьыхьыжауэ 2014 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс республикэм къыщыдэкIащ **«Адэжь хъыбархэр»** тхылъыр. Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и Тхьэмадэ, ЩЩДАА-м и академик Уэхъутэ Александр тхылъым и пэщIэдзэ псалъэм къызэрыхигъэщщи, абы хъыбарыжьу 60-м нэс итщ, дэтхэнэ зыри адыгэбзэ дахэкIэ тхауэ. Хъыбархэм гъэщIэгъуэну къаIуэтэж лъэпкъым и тхыдэр, ижь лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэхэр, Iуэху зехьэкIэр, дуней еплъыкIэр. Апхуэдэхэщ «Хьэтхыкъуэ Мыхьэмэт-гъуазэ», «Къэсейхэ я гуащэ Хъаний», «Ефэндым и дерс», «Пщащэм и псэлъыхъукIэ», «Къанщауэ фIыцIэ», «НатIэм кърситхар» хъыбархэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ культурэм, литературэм, IуэрыIуатэм я мызакъуэу, адыгэ щIэныгъэм и дежкIи хэлъхьэныгъэшхуэщ Шэрджэс Алий и тхылъыр.



2014 гъэр художественнэ тхыгъэхэм нэмыщI, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмкIи, культурэм ехьэлIа лэжьыгъэхэмкIи къулейуэ щытащ. Апхуэдэу, блэкIа илъэсым филологие щIэныгъэхэм я доктор Гъут Iэдэм и щIэныгъэ тхыгъэ щхьэхуэхэр щызэхуэхьэса **«Псалъэм и зэфIэкIыр»** тхылъыр (Налшык: Эльбрус, 2014) дунейм къытехьащ. Авторым и пэублэ псалъэм къыкIэлъыкIуэу тхылъым итщ адыгэ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къэзытIэщI къэхутэныгъэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, лъэпкъ джэгуакIуэхэм, ПащIэ Бэчмырзэ, Тамбий Пагуэ, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, IутIыж Борис, МафIэдз Сэрэбий сымэ, нэгъуэщIхэми я творчествэм тегъэпсыхьа, ахэр Iэзагъ ин хэлъу зэпкърызых тхыгъэхэр. «Псалъэр бгъэувмэ…» зыфIища тхыгъэм Гъутым и гугъу щещI Бицу Анатолэ и Iэдакъэ къыщIэкIауэ илъэс зыбжанэ ипэкIэ дунейм къытехьа «КIуэцIрыкIыбжэ» усэ тхылъым. Бицум и тхыгъэхэм хэлъ фIагъхэм ящыщу абы къыхегъэщ «мышынэу, укIытэ нэпцIым зыдимыщIу, абы гурылъ къабзэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу къызэриIуатэр».

Гъутым и тхылъыр зэхуещIыж сонет жанрым адыгэ литературэм щигъуэта зыужьыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ «Лъэпкъ поэзием и зы лъагапIэ» тхыгъэмкIэ. Мыбдежым щIэныгъэлIыр а жанрым хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIа Ацкъан Руслан и усыгъэм щхьэхуэу къытоувыIэ. Адыгэ литературэр критикэ нэс, щIэныгъэр зи лъабжьэ къэхутэныгъэ щыхуэныкъуэ иджырей зэманым Гъут Iэдэм и «Псалъэм и зэфIэкIыр» тхылъыр игъуэ дыдэу дунейм къытехьауэ къэлъытапхъэщ.

БлэкIа илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыщыдэкIащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, а республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къандур Иззэт и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтыр зыхуагъэфэща Бемырзэ Мухьэдин и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ

теухуа **«Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэ дунейр»** монографиер. Бемырзэр адыгэ литературэми культурэми лъэужь дахэ къыхэзына усакIуэ зэчиифIэщ. Ухыгъэм къыхуигъэфэща пIалъэм къриубыдэу ар зыхуэпсэуари зыхуэусари и лъэпкъырщ, адыгэм и дунейрщ. Бемырзэм и гъащIэ гъуэгуанэм ущриплъэжкIэ, нэрылъагъу мэхъу зы лIы ныбжь ирикъуи къэзымыгъэщIа усакIуэм гъащIитI я уасэ Iэужь къызэрызэринэкIар: абы и къалэмыпэм къыпыкIащ усэ куэд, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа «Уадыгэным къикIыр» уэрэдыр, поэмэ зыбжанэ, япэ адыгэ сонет Iэрамэр.

Бемырзэ Мухьэдин и творчествэр къызэщIэзыкъуэж тхылъыр къыдэкIыным хуигъэхьэзыращ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Хьэвжокъуэ Людмилэ. Абы хыхьащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIыу нэхъапэкIэ трамыдзахэри, тхылъ щхьэхуэхэм ихуахэри, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуахэри. Бемырзэ Мухьэдин и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр яхуэщхьэпэнущ литературэр куууэ зыдж щIэныгъэлIхэми, егъэджакIуэхэми, еджакIуэхэми, адыгэ усыгъэр зи псэм хэлъ щIэджыкIакIуэхэми.

2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу екIуэкIащ. Абы къриубыдэу щэнхабзэми гъуазджэми я лэжьакIуэ пажэхэм хуэфащэ гулъытэ ягъуэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ цIэрыIуэ Къуэдз Iэбубэчыр и ныбжьыр илъэс 70, абы къызэригъэпэща «Пшыналъэ» сабий пшынауэ ансамблыр илъэс 20 зэрырикъум ирихьэлIэу гъэ блэкIам дунейм къытехьащ **«Къуэдз Iэбубэчыр. Джатэ зыгъабзэ нэхърэ, пшынэ зыгъэбзэрабзэ»** тхылъыр (Налшык: «Типография «Принт Центр», 2014). Къуэдз Iэбубэчыр (Михаил, Мишэ) цIыхубэм я фIылъагъуныгъэр, пщIэр, щIыхьыр къэзыхьэхуфа цIыху зэчиифIэщ, пшынауэ Iэзэщ. Лъэпкъ культурэм зэрыхуэлажьэ илъэс 50-м къриубыдэу Къуэдзым и Iэдакъэ къыщIэкIащ пшыналъэ дахэхэр, уэрэдхэр, илъэс 22-кIэ ар хэтащ «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ академическэ ансамблым. «Пшыналъэ» сабий ансамблым къыфIащащ «КъБР-м и цIыхубэ ансамбль», «Щапхъэгъэлъагъуэ ансамбль» цIэ лъапIэхэр.

Къуэдз Iэбубэчыр и гъащIэмрэ и творческэ гъуэгуанэмрэ теухуа тхылъыр къыдэкIыным хуагъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэхэу Хьэвжокъуэ Людмилэрэ Гуанэ-Махъсидэ Аидэрэ. Абы щызэхуэхьэсащ пшынауэ цIэрыIуэм и зэфIэкIыр зыгъэнахуэ тхыгъэхэр; и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, гъэсэнхэм, апхуэдэуи и творчествэм дихьэх цIыху щхьэхуэхэм я фIыщIэ псалъэхэр.

Зи гугъу тщIа тхылъхэри ахэр зи IэдакъэщIэкIхэм я цIэхэри лъэпкъ тхыдэм къызэрыхэнэнум шэч хэлъкъым.

**ТЕМБОТ Санитэ**

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



*ЕкIуэкIыу:* **2.** Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфIэфI. **3.** Дунейр … **5.** Пасэрей зауэлI джанэ. **6.** Китайм щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм я чемпион, ди республикэм спортымкIэ и министр. **8.** ИлъэсыщIэм зи уахътыр къагъэс хабзэ джэдкъаз. **10.** … и щIагъ нанэ щыIэкъым *(псалъэжь)*. **12.** А унэцIэр зэрахьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщIу щытам, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэр зезыхьэ джэгуакIуэм, уэрэдусым. **14.** Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **16.** Мейкъуапэ зи къалащхьэ республикэ. **18.** Яшин Лев, Ещтрэч Владимир сымэ щыджэгуа футбол командэ. **20.** БгитI зэхуаку. **22.** Адыгэ таурыхъхэм

узыщрихьэлIэ шы лъэрызехьэ. **23.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ. **24.** Зеиншэ. **28.** Шортэн Аскэрбий и пьесэ « … къэзышэхэмрэ». **29.** ЦIыхубз … хущанэ *(псалъэжь)*. **33.** «Iуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэу щыта адыгэ усакIуэ. **34.** Адыгэш къабзэ. **35.** Ажалыр … нэхърэ нэхъ благъэщ *(псалъэжь)*. **36.** Дэлъхум и щхьэгъусэ. **39.** «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **41.** Ефэндыхэм зэрахьэу щыта щыгъын щIыIутелъ. **43.** Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхэгуауэ Михаил, культурэм, литературэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Сонэ Мухьэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, Акъсырэ Залымхъан, Болэ Мурат, Мысостышхуэ Пщызэбий, Мысачэ Пётр сымэ къыщалъхуа къуажэ. **45.** Хьэпщхупщ шынагъуэ.

*Къехыу:* **1.** « … хуэфащэт» — МафIэдз Сэрэбий и роман. **3.** Фадэм ебгъэлейуэ уефэмэ, апхуэдэу уохъу. **4.** Шым и … макъ шэщым къыщIэIукIащ. **5.** КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **7.** Къэрал псом къыщацIыху адыгэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **9.** КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу *(къуажэхь)*. **11.** … цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **13.** Адыгэ лъэпкъ кIуэдыжа. **15.** Пщэ гъум. **17.** «И анэ … ипхъу къашэ, адыгэ псалъэжь, фыз къыщытшэм утщогъупщэж» — Пщынокъуэ БетIалрэ Журт Бибердрэ яуса, Къуныжь Хьэждал игъэзащIэ уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **19.** Адыгэ щIыналъэр къэралыгъуэ лъэщ щIыным ерыщу и ужь ита адыгэ пщышхуэ. **21.** Пщым и лъапсэм щыIуэхутхьэбзащIэ. **25.** Уэшх, уэс зыщIэт жьапщэ ин. **26.** Налохэ Ахьмэдхъанрэ Заурэ зи Iуфэ къыщыхъуа псыежэх. **27.** «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр … пхылъэту щытыгъакъым» — ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и пэщIэдзэ. **28.** Дзэлыкъуэ куейм хиубыдэ къуажэ. **30.** А цIэр зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гимныр зытха композитор цIэрыIуэм, ди республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта усакIуэм, Шумахуэ ХьэзрэIил игъэзащIэ «Уэрэ сэрэ» уэрэд цIэрыIуэм и псалъэхэр зытхам. **31.** Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **32.** Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **37.** Аргъуей зэзрэ … кхъуейрэ. **38.** Адыгэ художник щэджащэ, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа … Мухьэмэд. **40.** Бжьыхьэсэ къэкIыгъэ. **42.** Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **44.** … гъущэрылърэ фыз игъэплъа лIырэ *(псалъэжь)*.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

---

## Нэгъабэрей ехэнэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **2.** Ажэ. **3.** Ашэплъ. **6.** ПхъэIэщэ. **7.** Шыпс. **9.** Хуарэ. **12.** Вакъэ. **14.** Псей. **16.** Ету. **17.** Бжьиз. **19.** Къамэ. **21.** КIагуэ. **23.** Заур. **25.** Темыркъан. **27.** ЩоджэнцIыкIу. **30.** Ехъуэхъун. **32.** Гуартэ. **34.** «Лъапсэ» **35.** Блэгъу. **37.** Гуэгуш. **38.** Сэхъу. **39.** Бзэгу. **41.** Хъуэжэ. **43.** Къэрэгъэш. **44.** Тут.

*Къехыу:* **1.** Пэжмэ. **4.** Шхэпс. **5.** Псэуху. **8.** Псэ. **10.** Алъп. **11.** Хьэту. **13.** Къаз. **15.** Сакъ. **18.** Игъуэ. **20.** Ауз. **22.** Гурыхуэ. **24.** Азнор. **26.** Къан. **28.** Джэгу. **29.** Маплъэ. **31.** Хъушэ. **33.** Анэ. **36.** ГъукIэ. **37.** Гугъэ. **40.** Гущэ. **41.** ХъупIэ. **42.** Шэру.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Essential Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 18.02.15. Формат 70x108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 3300 экз. Заказ № 20
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов